(Г2Ф)
096



Х. ОШАЕВ

ЗАМАНАН НЕКЪАШ

(Ошаев)
О

Х. ОШАЕВ

ЗАМАНАН НЕКЪАШ

ХАБАРШ, ПОВИСТАШ, ПЬЕСАШ

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН
КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
ГРОЗНЫЙ—1972

ФИЛИАЛ

ЧУЛАЦАМ

Цхьана колхозехь. *(Повесть)* 5
Новеллаш 61
Некъ жIараболуш. *(Драма)* 89
Ахьмархьаьжа. *(Комеди)* 155

Ошаев Халид Дудаевич

ТРОПЫ ВРЕМЕНИ

(на чеченском языке)

Редактор М. Мусаев
Художник В. Красюк
Художественный редактор М. Магомаев
Технический редактор Х. Юпаев
Корректоры И. Абзаилов, З. Аткедиева

*

Сдано в набор 22.IX 1971 г.
Подписано к печати 21.II 1972 г.
Бумага
Формат 84x108 1/32. Объем 6,25(10,5) п. л. Уч.-изд. л. 11
Тираж 3000 экз. СФ02090

*

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по печати при Совете Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, 21, улица Ленина, 14

*

Заказ № 129
Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по печати при Совете Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 45 коп.



ЦХЬАНА КОЛХОЗЕХЬ...

(Повесть)

I

БIаьстенан довха де суъйренга лестинера. Янсун бердан йистаца хьала-охьа яхъеллачу юьртана гуобаькхина тIе гIертара, басаршца яздича санна, къегана схьагуш долу лаьмнаш. БIаьрган негIаро йилча санна, цIена яра ламанаш тIехула яьржина сийна стигал. ТогIи чухула лаккхара охьа, дог тадеш, ховха мох хьоькхура.

Иштта деношкахь сарралц ламанашка хьежарх тоам ца хуьлу. Лекха-лоха малх леларца, сахьт мосазза дели, хийцало ламанийн сурт а, беснаш а. МаьI-маьIанехь басошца бIаьрго лоцу таьIна-баьццара хьоькхнаш. Колхозийн боча-бIарийн бошмаш ю уьш. Царел сирло-баьццара пепан хьаннаш го.

Янсун бердаш боьранаший, Iаннаший цистина ду. Цу йистаца Iуьллу юрт шуьйра яьржина. Шен ницкъ кхаьчча, готтехь ваха ца лаьа нохчочунна.

Гунаш тIехь а, шувнаш кIел а гуш ду хаза кираш тоьхна, еттинчу кибарчийн, шиферан тхевнаш долу цIеношн. Бошмаша хьулдина царех дукхахдерш.

Беша гуонах йинчу аннийн керта хьалха, дехачу гIантахь хиъна Iаш, шозза ткъе иттара ваьлла стаг вара.

Ширачу кепехь тукарца лергина, туодина къоьжа маж-мекх дара цуьнан, корта цIена баьшнера.

Прачу уьрсаца чайн-боллан генах, сих ца луш, Iаса еш воллура иза. Новкъа вогIуш воккха стаг а гина, хьалагIаьттира.

— Солом Iалийкум, Бексолта! Сакъоьруш Iа хьо? — хаьттира тIевогIучо.

— Ва Iалийкум солом, Салауди! Сагатделла араваьллера со-м. Ахь хIун леладо?

Жимма куйн хьала а теттина, сецира тIевеанарг, кхузза ткъара ваьлла, Iаьржачу аматахь, воккхастаг.

— Лакхъхьа воьдура со-м, Бексолта, йиша-ваша гаи. Башха гІуллакх дацара сан-м цигахь.

— Делахь, охьалахло жимма. Цхьаьний юур вайна хІара тІехІутту суьйре жимма.

Салауди охьахиира Бексолтина улло.

— Районе ваханера хьо? ХІун дара Нажин-Юьртахь?

— Ма хетталахь! Йоккха чалх яра цигахь вовшахъеттарг. Партин уггар лакхара хьаькамаш охьахевшинера бах январь бутт дІаболуш. Дерриг цигахь дийцинарг, цхьана дашца аьлча, ялтийн эвсаралла айар ду. Соьга а кхайкхинера районе, сайна гинарг, хезнарг нахе дІадийцийта.

Бексолта велавелира.

— Ой, хьо партехь ма вац! Хьоьга хІунда кхайкхина уьш? Кхин жимахой бацара царна?

Мекар бІаьргашца вела а велла, элира Салаудис:

— Ва Бексолта, со ма кІезиг хета хьуна! Со юккъе а воцуш, гІуллакхаш дІа муха нисдийр ду районехь? Хьуна-м дера моьтту сан гІуллакх гуттар тишделла. Со-м хІинци-хІинци сайга Москох хьошалгІа кхойкху бохуш Іа...

— ХІети-хІети...

— Болх дика-вон бу хьожуш инспектор вац со, наха хІотта а вина? — хаьттира Салаудис, коьртара куйн голаш тІе а биллина.

— Ва-м ма вара хьо инспектор, — элира Бексолтас, — цхьа тІехула тесна сискалгІийн топ санна хетало-кх хьо.

И дош, забарна аьллишехь, ца тайра Салаудина. Велар дайра юьхьа тІера. Жимма Іийна хаьттира:

— И бохург хІун ду хьан, Бексолта?

— Дегабаам ма бе ахь, Салауди. И ду сан, ахь беш болу хьехамаш цхьаммо ца лору бохург. Ла-м дугІу, хьо воккхастаг хиларна, амма ахь букъ берзошшехь, шайна хетарг бен-м ца до колхозхоша.

Салаудина ца тайначу хабаран хоршара валархьама, хаьттира Бексолтас:

— Вайн юьртах лаьцна хІумма а дийцарий цигахь?

Жимма вист ца хуьлуш Іийна, жоп делира Салаудис:

— Дийцира жимма-м. Дукха хан йоцуш ваийтина агроном Руслан вара Макина Іуькаш етташ.

— Ой, кхуьнан да валла хьакхица! И хІун ду? Пхиялх бутт бац и вайн колхозе ваийтана-х. Макин

коча хIара хIунда гIерта? Вон мIаьчиг яний и Руслан!

Амма Салауди реза ца хилира Бексолтас аьллачунна:

— Бексолта. Ас эр дацара ишта. Цуо Макина тIетеIош болу бехкаш харц бац.

Кечйина ялаза йолу шен керара Iаса лаьттах а Iоьттина, элира Бексолтас:

— Эшша! Ма дош дацара, Салауди, ахь дуьйцург. ХIокху ерриг районехь цIе яхана председатель вац вайн колхозан председатель Мака? ХIун дара меракIел чоа балазчу агрономан Макина ала?

Голаш тIера схьаэцца куйн коьрта а тиллина, Бексолтехьа вирзира воккхастаг:

— Цхьа долчу хIуманаш тIехь бакъ лоь хьо, Бексолта. Пачхьалкхо бохург кхочушдеш ву Мака. Вайн юрт Iедална дикачу бIаьрла гайта а хаьа цунна. Амма, цуьнан цхьа долчу хIуманашна реза со а вац...

— Масала, стенна?

— И ас дуьйцур ду. Вайний хьуна, Бексолта, ловзаргахь цхьа стаг, лаьттачохь, шена хало а ца еш, бухь буьйгIуш? Цу бола юккъехь шаххехь хьийзаш йоI хуьлу. Хелхарчо, пацкъарволий, тIамарш туьйсу. Хелха йийла кIорда а дой, йоI дIайолу. Вайн колхозо туьйсу иштта гуо. Макас юьстахваьлла, бухь буьйгIу. Цу гIуллакхах кхетта Руслан, ша веанчу дийнахь дуьйна.

— Цу тIехь, Салауди, бакъ ца луь хьо. Маситта шарахь зеделла, Iемана, карадирзина Макина председателан гIуллакх. Руслан хIун ю? Цунна хIун хаьа? ХIара пас-пас... Дуьххьал, Макина кIело ахка гIерта иза. Суна дукхазза хаавелла и цунна луьйш. Цуьнан метте гIерта иза,.. •

— ВаллахI, ца гIерта. Макин метта гIерта иза?

— Ткъа, хIунда ву иза цуьнца сел юьхьаза?

— Мака, ша цу балхахь витичхьана, тоам бийр болуш ву. Кхечу хIуманийн гIайгIа ца бо. Бакъ дац иза?

Ша Салауди сацаварна а, цуьнца къовсам баккхарна дохковаьллера Бексолта. Цхьана тайпана дIадерзо дезара дешнийн дов.

— ЭхI, дIавала, Салауди. Дов ца дер вайшимма. Дика ца вевзу хьуна Мака.

— Вайн делор вевзу ботт а тIехь-м, — жоп делира Салаудис. — Iедало вайга боху, хIинццалц цхьа буьртиг кхиочу меттехь хIинца ши буьртиг кхиабе. Адам чIогIа деба. Ялта са ца даьлча йиш яц вайн. Макина цуьнан ба-

ла бац, схьагарехь. Ялкхан тIе яьлла нIаьна санна, шех тоам хилла ву иза. Амма вайн кица ду: «Хьалха ца гIертарг цIоганехьа теIа» бохуш. Макица и хуьлу.

Хаъал оьгIазвахара Бексолта.

— Эр дацара ахь, Салауди, и дош Макина хьалха-м. Руслана цхьацца дийцина, тилийна хир ву хьо.

— ВаллахI, эр дара. И хьайн нуц хила гIерта стаI ма ца везаш хилла хьуна!

Цецваьлла, гIантара хьалаайавелира Бексолта.

— ХIун нуц? Ахь мила вуьйцу, ва Салауди?

— Ца хаьа хьуна? Руслан вуьйцу-кх.

Ирахьлаьттачохь дIасатохавелира Бексолта, цу дашо вагийна.

— ХIара дуьне, гомаш хаьхкина доьдуш, тIекIел даьлча, хир дацара, Салауди, и захалу. РусланагIеран дайшца тхан юкъаметтиг муха хилла ца хаа хьуна, Салауди?

Велавелира Салауди.

— Шун юкъаметтиг дIанисъелла хIун хан ю? Хьо вина дагадогIу суна, Бексолта. Хьо ван а вале дIадирзина шун дов. ХIинца тIе къух а даьлла, корсумо дIахьулдина дов меттах хIунда хьедо ахь? Кега ма де, Бексолта, цхьана уьнан шарахь хилла гIуллакхаш. Шун йоIана Руслан тIехьийзийла хIокху юьртана хууш ду.

— Ма дийцал, Салауди. Ахь и дуьйцуш а са ца къерало сан. Дехий, доций хIунда дуьйцу, цуьнга ца йохуьйтуш, и йоI йолуьйтур ю-кх ас.

— Зуда яхар-ялор бахи ахь, Бексолта. Нохчочун йоI маре яхар, Iожалла санна хIума ду. Лапъолий маре йоьду йоI, хьуна ца моьттучуьнга. Хи чохь бIаьргаш билича санна хоьтуьйту. Вай а ца хиттина дайшка, ваьш зударш балош дукха. Вайга а хоьттур дац вайчара.

— ВаллахI, гIур яц сан йоI цу хIумане, со дийна а волуш-м! Тхан юкъаметтиг евзий хьуна?..

Даша юккъе ккхира Салауди.

— КъорIанор хаьа суна шун юкъаметтиг хьуначул дика. Цкъа охьахаал хьо. Ас дуьйцур ду хьуна Русланан дайшний, шуний юккъе доьжнарг. Дукха зама яьлла хIетахь дуьйна: дуйх ала а кхузза ткъа шо. Цу тIехь шун машар бар нуьцкъаш дагадогIу суна. ХIетахь со хьаьдда-ведда лелаш гал-гIажмех ловзуш, кIант вара. Хьо дуьненахь а вацара. ХIинца, оццул юкъ йоьллашехь, дIадаьлла дов хьехадар мича маьIне ду хьан, ва Бексолта?

— МаьIна дан а дац, Салауди. Ца оьшу суна и гергарло, дашо делахь а. Руслан ваьсса стаг ву, хьалакхоьссича охьа а вогIур воцуш.

— Ма ца вевзу хьуна иза, — элира Салаудис хьала а гIоттуш. — ХIан, Бексолта. Со кхин ца Iа. Хиндерг — гун дерг ду. Схьада куьг...

— Чу ца вогIу хьо, Салауди? ХIума кхоллур яра вайшимма.

— ГIоза йоийла...

Куьг а делла, новкъа велира воккхастаг.

Хиъна Iаччохь, лаьттах гIортийна гIаж шина а буйна дIалоцуш, тIе а вазвелла, веха Iийра Бексолта, цхьана меттe ши бIаьрг боьгIна, ойланашка ваьлла.

Бексолтин деншича хилла ИбраьхIим цIе йолуш. Дукха хан хьалха дов иккхина Бексолтин цIийнан Русланан денден вешица. ЧIир-мостагIалла юкъадола кIезиг бахьанаш оьшуш хилла хIетахь.

Цхьана дийнахь ИбраьхIиман кетIахула волуш хилла бах Русланан денден ваша Межа. Мичара дели ца хууш, схьаккхийчу ИбраьхIиман жIало, Межин настаран пхьидах ка а тоьхна, йоккха чов йина. Баттара яькхина дIаластийна шаьлта тоьхна, оцу меттe дийна Межас и жIала. Ткъа ИбраьхIим дукха харцахьара стаг хилла бах.

— Пхьу а, пхьа а цхьа дош ду. Стагах богIу мах охьабилла суна, — аьлла цо Межега.

«Iалалай, вададай, стагах боьху пхьа, жIалех муха боьхур бу?» — баьхна Межас. Ша, тешна бехкаца жIало лацар а дийцина. Берта вогIуш ца хилла ИбраьхIим.

Керт-ков лардеш долу пхьу, доьзалхочун новккъа ду дайн Iадатехь. Говр йигча я етт чуьрабаькхича, церан мах а токхий, дуьту Iадато. ЖIала дер стаге нисса ду.

ЖIало йинчу чевнах догIург сацадай, пхьа такха суна», — олуьйтуш хилла ИбраьхIима нахехула Межега.

Ша дийначу жIалина дуьхьал ИбраьхIимна етт бала резахилла Межа.

Бартхила ца тигна. Кхэле диллина дов. Къаноша стеган ах мах тIебожийна Межина: 315 сом. Межа кхелана реза ца хилла.

Иштта, дов дIадерзаза лаьтташ хилла. Цхьана базара дийнахь вовшашна тIеттIа Iоттавелла ИбраьхIим, Межий. Шаьлтанаш тоьхна вовшашна, базарара нах юкъа-

бола кхиале. Цу меттехь, базарахь, ша охьавоьжначохь, велла дІаваьлла Межа.

Шо а далале, ИбраьхІимана тІаьхьа бевллачу Межин вашас, шичоший шайн декхар схьаиэцна. ИбраьхІим вийначул тІаьхьа кІезиг бахьаница иккхина зуламе дов дІадерзийна наха.

Шен дас дийцарх хаара Бексолтийна Русланан цІийнаца шайн лаьттина дов. Цуьнан ойланаш яра Салауди дІаваханачул тІаьхьа Бексолтас йийраш.

Эххар, доккха са а даьккхина, элира ша шега:

— ЭхІ-хІай. ХІара ду хаза. Руслан боху мІаьчиг ю тов, сан нуц хила гІерташ. Тамара... Хьий, хІара иэккха йоккха топ хилла! Хьажахьа цу шайтІанан коге! Вехиш воллурий хІинца, да а ца хилла, цуьнан настарш ца кагйича. Чохь йолчу цІийнненан бехк бу шаберг.

ГІанта тІера шалхаш, сирхаташ лаьтта охьа а хьаькхна, хьалагІаьттина чувахара Бексолта.

Керт-ков дара цуьнан Янсун йистаца шу тІехь Декъа юккъе буьйдачу кибарчигех доьттина «планан» цІенош дара, шифер а тиллина. ЦІеноша керт шина декъе йоькъура. Хин йистехьа тоьъарг йоккха беш яра. Котам а, эса а беша ца гІертийта, цІийнан хьалхех дІакъастийнера иза аннийн лекхачу керто. ЦІийнан хьалхе дІалаьцна божалш, рагІуш, котамийн баннаш яра. Бешара, ринжехула Янсу хи тІе буссура некъ. Бешахь цхьана стеган мара хоьар доцуш, стомма бІар лаьттара. доккха ІиндагІ деш.

Бексолтин дай баьхна беш бара и керт. ЦІеношКазахстанера ша цІа веъча дайтинера цо. Малхбузехьа ерзийнера цІенойн шуьйра ангалин учи. Іаса учахь а йитина, чувелира Бексолта, ша Іачу. ХІусамнана Медина яра дечиган маьнги тІехь, цхьана хІуманна маха боккхуш.

Майра чувеъча гІаьттира иза, тоьгуна керара охьа а ца дуьллуш.

Бексолте дІа ма хьаьжжинехь хиира цунна, цхьана хІуманна иза реза вацар: хантІ-хинтІ деш мерах хІуо чуийзадора майрачо.

— Стенга яхана и йоІ? — хаьттира Бексолтас, стоьл тІехь лаьттачу радиога а, книгашка а, фотосурташка а хьаьжина, цкъа а ца гича санна, лерана.

— Араяьлла-кх. Хи да... — элира зудчо.

Чухула волавелла а лелла, мерах шок а лекхна, тІехьара а вистхилира майра.

— И дерриг лелориг хьо ю!

— Хlун лелориг?

— Руслан боху и чхьоч, оцу вайн шайтlанна тlехьийзийла ца хаьа хьуна?

— Мила Руслан?

Молха санна, иккхира Бексолта:

— Мила бохург хlун ду?! Дела къорlанор хаьа хьуна ас мила вуьйцу! Хьо ю-кх и захалу йоlана хаздинарг! Агроном хилар ду хьуна гуш дерг. Амма цхьана а хlуманан кхин ойла ца йо ахь. Сайн мостагlийн цlийнах волчу стаге ас йоl маре лур йоцийла ца хаьа хьуна? Лур яц!

— Ой, ой! Хьо стенна карзахваьлла? Со гlерта ткъа и агрономе яла? Вайна тlедаьндолчу лаьттор и Руслан, вуьйцуш хазар бен, мила ву ма ца хаьа суна.

Зудчунна мера кlел вахара Бексолта:

— Оцу цlарор хаьа! Мила ву а, хьенан ву а-м хьуна иза. Амма и хир дац! Дlахаалахь! Таймасхане луо боху соьга наха и йоl. И тар а лур ду, и дийр а ду ас...

И дешнаш хезиш чувелира Хьамзат, ткъе кхаара ваьлла Бексолтин кlант. Дегий, неней хьаьжжинчохь висира иза.

— Еллаяла со делаl! — элира нанас. — Таймасхане тов! Ткъа агроном Руслан оьшу цул?

Гажа а гежна, дlахьаьжира Бексолта Медине:

— Сацийта! Хlинца гучуелин хьо. Гlур яц вайн йоl Русланс! Цу пас-пасе! Селхана вайн тlехьарчу бешахь цуьнца лаьтташ яйна суна Тамара. Хьуна ца хууш дара иза? Малхор хаара хьуна и шал шера!

— Валалай! Къера дуй бинн-кх ахь, стаг, — элира зудчо. — Эхартор ца хиъна и суна, хlинцца, ахь аьлчий бен!

Цкъа цхьаьнга хьожуш, тlаккха вукхуьнгахьа воьрзуш, ладоьгlуш лаьттира Хьамзат.

— Ца хиънехь, ас хlинца хоуьйту-кх. Диц ма делахь. Кхин цкъа и цуьнца лаьттий, ас оцу кlанте, гlаж еттийтина, букъ lарж бойтур бу шен йишин.

Дена ца моьттург элира кlанта.

— Дера, дада, lарж бийр бац ас гlаж хьала а айана-м. Хьо да ву. Воккха стаг а ву. Хьан хlун гlуллакх ду, йоlана мила тlехьийза тергал дан а, цу юкъа гlерта а? Вайнехан lедалехь дена там бац и лело. Йоl шена везачу кlанте маре яхан паргlат ю, вайн гlилла-

кхехь а, Советан Iедалехь а. ГIур а ю дада, хьоьгий, соьгий ца хоьттуш! Нана а ма хьийзае ахь цу тIехула.

— Ой... Хьажахьа цуьнга. Хьуна хила делан наьIалт! ХIун юьйцу цо дега... ГIур яц йоI! Суна лиъинчу беи гIур яц!

ЧIогIа тамхиллера нанна, кIанта шен гIо лаьцча. Юхаверза а ца воллура Хьамзат.

— Дада, гIур ю йоI, шена луъучу. Хьоь хоьттур а дац! Буса тIаьхьа а дисина, Iуьйренна цIа догIу эса санна, заманна тIаьхьа бисина, дада, хьан кхетам... Заманан некъаш ца девзу хьуна...

КхидIа ца дуьйцуьйтуш тIекхохкавелира да кIантана, зудчаца даьлла дов диц а дина.

— Хьай дуй гIуо хьох! Иммансиз! Дех шинара деш воллийца хьо-м. Стаг йоцу хIума! Руслан мила ву хаьий хьуна? Хьайн цIийнах стаг вийначу нахах вуйла мукъане а хаьий хьуна иза?

Иза хууш хиллера Хьамзатана. Вела а велла, элира дега:

— ДIавалахьа, дада! Дийца а дуьйций ахь? Мацах бода беанчу шарал а хьалха хилла бохуш дуьйцу и гIуллакх. ХIеттахьехь машар а бина дIадаьлларг, хIинца ахь стенна кегадо? Суна хьовх, хьуна а дагаван йиш яц хьан денден ваша...

Ала хIума ца карош, вехха лаьттира Бексолта:

— Хьай, наьIалит хьо тIаьхьенна!

ХIумма а оьгIазалла йоцуш, элира кIанта дега:

— Дада, и сан йиша Тамара йита ахь, хье а ца еш, хьайна доьзал дуьхьал хуьлийла ца лаахь. Гой хьуна, зIакардаьхий кхобучу фермехь Тамарин яхана цIе! И хIинца йожо ма гIерта, дада. Кхетий хьо?

Эсала вистхиллехь а, бегаш бойтур боцуш даракIентан хабар.

— ХIан!.. кхета со, сов дика... КIентий кхиъча, да невцалара волу бах вайнехан кицано. КIант воккха хилча, доьзална доладар дайло дена. ЦIийннана, борз санна, майра йолу. Шайна луъург де! Саьмгалан молханах нэккхахьара хIара цIа! Iаьржа поппар хилахьара кхунах!

Араволавеллачу дена дуьхьал велира Хьамзат:

— Дада, хьоьца цIийнан бакъо а, дешан хьалхей, воккхалли а ца къуьйсий аса-м.

— ДIаваьл дуьхьалара. Кхин ма дийца суна... Сацийта...

Тоьъарг чIогIа неI тухуш, аравелира Бексолта. Хьаьжира нана кIанте.

— Дукха кIоршаме эларий-техьа ахь, кIант, хьайн дега и дош? Дегабаам бин-кх цуо...

— Нана! ІадІе хьо! ЙогІучохь дадин маж а лаца еза! Васталур ву, шена кIордийча...

Керахь цхьа тептар а долуш, чуелира Тамара, тулум санна, туоелла, кIорул-Іаьржа бІаьрг-цкъоцкъам долу, берхIиттара яьлла йоІстаг. Керара тептар стол тІе а тесна, нене а хьаьжина, йистхилира иза:

— Мама, дадина хIун хилла?

— ХIун хилла цунна?

— Кху чуьра араваьлла вогІуш тІеІоттавели и суна. «ІШайтІанах даьлла шайтІа», — олуш тІехвели. Кхин хIума хатта со ца яьхьира. Юьхь, хох санна, кхоккийна яра цуьнан...

— Кхохкийнехь, хьо шайтІанан кога тІехула кхохкийна-кх, — элира Хьамзата, оьгІазе ши бІаьрг йишина тІе а боьгІна.

— Ой, соьгара хIун даьлла?

ЊеІарехьа дІа а волавелла, жоп делира Хьамзата:

— ХIумма а ца даьлла. ХIокху нанас дуьйцур ду хьуна...

— Хьамзат. Собар. ХIума кхалла, — нанас аьлларг тергал а ца деш, аравелира кIант. — Вай, ма хала нах бу-кх божарий! ХIинца хIоккхо а бин дегабаам.

— ХIун хилла, нана?

— Цхьа а маьIиг маьрша яц шун дегахьара. Хьо Таймасхане маре лур ю ша боху. Кхин Руслане хьо йистхилар ца могуьйту.

ГІадъяхана елаелира Тамара. ТІаккха, нана къевллина мара а йоьллина, элира:

— Эш-шай! Ма хIума ца хиллера иза, нана. Со маре яхаран закон хIотториг хьо яц, ткъа дада муххале а вац. Суна етта, шена лаахь. Амма сайна везачуьнги бен маре со гІур яц, цІен ло дагІахь а. Понятно, мамаша? Баккъал ала лаьий хьуна ,нана? Руслане йоьдуш ю хьуна со. Башха хьо а ца луш.

Юьйхира Медина.

— Вай, сан дела! Кечам бина ма яц со. Ма гІолахь, Тамара. Хьайн денсара ма гІолахь. Кичча юьхьІаьржо ма ю и суна...

— Нана! Хьо муха ю? ХIуманийн дуьхьа-х ца юьгий цо со... Йитахьа и бехчалгаш...

II

Сарахь, маьркIажа хан туьлуш, цIа веара Руслан. Iаш вара иза, цхьана хенахь шен дас дайтинчу кегийчу цIеношчохь. БархI шо хьалха, дай баьхначу махка юхавоьрзуш, уьш лаьттиш хир ду ца моьттинера цунна.

Оцу цIеношкахь, берахь ша Iийна хилар дага ца дагIара цунна. Дай, наний делла Руслан цIавеана дейишица Бесиртаца. ЦIенош вуно тишделлера. Амма колхозехь агрономан гIуллакхаш дукха хиларна, уьш цIиндан куьг тIе ца кхочура.

Дукхазза аьллера Бесирта вешин кIанте, жимма шен бахаме а хьожуш хилахьара. Кхуьур ду вай керла цIенош дан, олура жимчу стага.

Руслан чуволлушехь элира Бесирта:

— Хьо ма хьевелира тахана...

— ХIун дийр ду, деца. БIаьсте йолуш лаьтта. Эзар карадо дан дезаш гIуллакх.

— Дерриг юьртара гIуллакхаш кхочушдина вер вацийхьо-м. Цу тIе, колхозана юкъайогIуш лулара кхин ши юрт а хилча. Хьайна хIума а яа, са а даIа цIа вола, нах санна, — реза йоцуш йистхилира Бесирт. Денна олура цуо вешин кIанте иза. Мосаззе а цхьа жоп лора кIанта:

— Ой, ва деца, нехан гIуллакхе со ца хьаьжча, мила хьожур ву. Сан декхар дай и-м. Сан болх бу иштта...

— Дера хир бац, вукхар санна, ахь хецна битахь-м. Дела ма яла со, ахь и Тамара боху сай хIокху цIен тIе балоза. Цуо Iад дулур дара хьан. Меца вуй хьо?

— Борз санна-м ву, — элира Руслана, вела а къежина.

Дейишас Тамара хьахийча, Iаьржанна а, кIайнна а вист ца хуьлура Руслан. ХIетте а, Бесирта и юьйцуш, дагахь чIогIа хазахетара.

— Ас. хьуна дукха безаш болу, бIараш бина. Йохъян а ца езаш кичча лаьтта юург, — аьлла, кхача хьалха хIотто йолаелира йоккха стаг.

Дукха хан яра цIийнда а велла, Бесирт ша Iаш йолу. Русланан дай-наний дийна долуш цаьрца яра хIара. Шен доьзалхо хилла ящара. Русланах шен кIант тарвеллера йоккхачу стагана. Шен безам, амал тIеерзо кхин стаг а воцуш. Берахь дех-ненах ваьлла Руслан кхаьбнера цо. Сара санна вуткъа, поп санна лекха, Iаьржачу цкъоцкъамаш кIелхьара схьахьуьйсу хье-

къале бІаьргаш, безаме юьхь — иштта вара Бесирта дозалле вуьйцу, ша ца вина кІант.

БІараш баа хиира Руслан. Цунна хьалхха, гІанта, охьалахъелира дейиша.

— Дера хаац-кх, Руслан. Йоккха хилла со. Кхузза ткъа шо дуьзна. Тамара ялийна хьо валахьара, мукъа ер яра со, — бохуш, дуьйцура Бесирта. И ялийча ша юьстах тосурий-те бохуш, кхерам а бара йоккхачу стеган дагахь.

ХІетте а, ша кхиийначу кІантана зуда а ялийна, парІатъяларх хьоьгура.

Ден йишица гІиллакх лаьцна, Тамара хьахош а, шен дагахь дерг дуьйцуш а вацара Руслан. Арахьара хезира йоккхачу стагана вешин кІентан, йоьІан юкъаметтигаш юьйцуш хабарш.

— Оцу йоьІан нанна Меднина-м ала хІума дацара цхьаннан а. Амма и да, Бексолта, хало стаг ву бах-кх. Тахана хезна суна... Тамара Таймасхане яла дагахь ву иза, бохуш. Хьуна хезний и, Руслан?

Керара бІар хедари чу охьа а биллина, дейнашега хьаьжира кІант.

— И хьан дийцина хьоьга, деца?

— Масане дуьйцу юьртахь зударша. Цхьацца нахьа зударийн меттан газета ма хуьлу арахула лелаш.

Шен дашах Русланна хаъал цатам балар гучуделира Бесиртана. Дагахьбаллам ца хилийтархьама, элира цуо тІаккха:

— Уьш-м цІена пуьчаш бара. Делахь а, Руслан, довха доллушехь дууш хуьлу худар. Сих дан деза ахь Тамара ялор...

Вист ца хуьлуш хІума яа волавелира Руслан. Нана санна хетара цунна шен дейиша, хІетте а, Тамара а хьахийна эвхьаза вала ца хІуттура иза цуьнца. ХІума йиъна волуш, цхьа доша делира цуьнан багах:

— Хьовсур вай, деца...

ХьалагІаьттина, ангалин уча а ваьлла, электрически лампа латийра. И ерриг учи дІалаьцна яьшканаш, ангалин банканаш, кхийра кхабанаш, маситта тайпа пхьегІаш яра. Хьалайилланий, хьерчаш яьржаний, зІийдигаш хецний цхьацца бецаш, синтарш, зезагаш дара, кор билла меттиг йоцуш. Дийнахь цаьрга хьежа а, уьш Іалашъя а ца кхуьуру иза.

— Деца хиш диттарпй ахь кхарна? — хаьттира кІанта дейишега.

— Диттира, къорІанор. Ледара ца юьту ас кху чохь ерш, бешарниш-м.

— ХІа, деца, хьо дІайижа. Со кхаьрга а хьаьжина, цхьацца хІуманаш язъя охьахуур ву. Ма Іе...

Чуяхара Бесирт. Шен оранжерейга хьежа велира агроном.

* * *

Кху шен дай баьхначу юьрта агрономан гІуллакхе Руслан ваийтина шо а дацара. Цул хьалха арарчу юьртахь болх беш лийлира иза цхьана шарахь сов, БуритІара Юьртбахаман институтехь дешна ваьллачул тІаьхьа. Орам хецна, лаьттах хьалайолу хІума зер, Іаламан-законех кхиа гІертар, лаьттах дІайийначу хІуманах болу пайда совбаккхар, тІедаьлла хелиг Іалашдар, лаьттах хьаламелйолучу хІуманан Іилма Іамо гІертар дара Руслана юьхьаралаьцна гІуллакх.

Ораматаш зуьйш, церан законийн тидамаш гулбеш чІогІа сакъералора цуьнан. Ша институтехь волуш цо данма ойла еш цаІ дара: лаьтто ялта далар дебадар, лаг а, буьртиг а адамашна пайда совбоккхуш, кхиор.

ХІинца а дешарх хаьдда вацара иза. Оццул хала болх шена тІехь боллушехь, Іилманца таллан шен тема лаьцнера цо. Адам дІатийначул тІаьхьа, дикка хан яьлча а йогуш хуьлура цуьнан стоьл тІера лампа. Лам чохь бошмаш кхиор — и проблема яра цо шен кандидатски диссертаци тІехь юьйцуш.

Агрономан су берахь дуьйна а шех боллуш вара Руслан. Масала, цуьнан вархІ шо долуш, да-нанний деллачул тІаьхьа, цхьана узбекан мехах лаьцначу цІа чохь Бесиртаца Іаш а вара хІара хІуманийн тидам бан гІерташ.

ГІоз-хьовла хиллачу аьчган гІутакха дъ боча-бІар дийнера Руслана цкъа.

Амма и гІутакх хІоттадойла яйнера кІантана. Бераша дуур дара бІараш шаьш тІекхачахь.

Цхьанне ша ца гойтуш, тхов тІе а ваьлла, текхна шифер кхачалучу а вахана, хетарехь, берашна ца гундолчу писдеш, охьахІоттинера Руслана гІутакх.

ДІайийначу хІуманна малх, хий оьшийла дика хаара ворхІ шо кхаьчначу Русланна. Цундела тІулг тоьхна, цхьа шифер кагйина, «бешана» малх кхетийта. Денна бохург санна, хих дуьзина шиша а кисанахь, тхов тІе волуш хилла иза. Йоккха хан ялале деа бІар хьаладаьлла... ГІа даьккхина синтарша.

Воккхавеш хилла Руслан: синтарш, кхиахь, узбекан беша дIадугIур ду ша бохуш.

Амма веха ца вийна Руслан воккха. Чехка догIа деана гIалахь. Шифер кагйинчухула охьаихина догIа, Русланан гIутакх дуьзча, тIех а ихина, тховх чекх а даьлла, цIа чу кхаьчча.

Узбек тхов тIе ваьлла. Русланан «беш» карийна.

Шен тхов тIера шифер йохаярна догдаьттIачу узбеко бIарийн «беш», гIутакхца, тхов тIера чукхоьссина. КIант вон лела хьан, аьлла, тIе Бесиртана дов а дина.

Цкъа а, ша агроном хила деша воьдуш а, цигара ваьлла цIа веъча а, цу гIутакх чохь шен хаза хьаладаьлла бIарийн диъ синтар диц ца лора Русланна.

Дай баьхначу юьрта ша веъча, колхозана беллачу мехкан план дика талла а теллина, еха ойланаш а йина, колхозо дехха шерашна хIотто езачу белхан планан ойла а йина, шена зеделларг дийца вуьйлира Руслан. Уггар хьалха шена хетарг Макега дийцира цо.

ГIиллакхана, дуьхьал башха хIума ца олуш, дайн дитира Макас, Руслана шена хьалха диллина къинхьегаман планан сурт.

— Ойла ер вай...

Колхозан правленин членашка а даькхира.

— Макега алахьа. Цунна хаьа вайн колхозан гIуллакх дика. ХIара йилличхьана ву ма олура иза председатель.

ХIун дара керахь долчу мехкийн ойла йича, агрономана хIутту сурт?

Пхеа декъе берриг мохк бекъча, цхьа дакъа бен дацара шера мохк. Важаберг шувнаш, гунаш, боьранаш, тIулгийн тархаш, Iаннаш, лаьмнийн асанаш...

Вайн нехан кица ду: «маьлхочо санна, нийса топ кхуссур яц, аькхочо санна, гаттехь дин хьовзор бац». Дукхахболу юьртан мохк бара аькхочуьнга говр хьовзалур йоцуш.

Лаьттан тIера кховр — я сацкъар, я жагIа.

Мичхьа кхуьур ду кхузахь ялташ? Мичхьа хьовзалур ю кхузахь трактор, комбайн, аькхочуьнга говр ца хьовзалучохь?

Ша юьрта веанчу дийнахь дуьйна араваьлла, шен дай баьхначу махкахула, Iуьрг-бIаьрг толлуш, чекхвелира Руслан.

Оханаш а деш, Iаьнера довла шайна тоъал ялташ а гулдеш, бежанаш а кхобуш баьхна дай.

8 ФИЛИАЛ с. Дзыбенко

Амма дукха пайда оьцуш хилла боча-бIарийн бошмаш йолчара а. Нохч-Мохк дайшкахь дуьйна схьабеана боча-бIарийн, пакхаран мазан, ветанан мохк бу олуш.

Цкъа а ша ца лелачу шен махкахь гира Русланна, къаьсттана дика стом кхуьуш хилар. Боча-бIараш эвсаралла-м юьйцийла а дацара. Стаг ца лелалучу Iункар басошкахь, Iаннашкахь, коьллин бурсанашкахь — массо а меттехь акха, шашахдевлла бIараш а, синтарш а карадора. Эвсара а, аьхна а бара бIарашна дайн мохк.

БIар доцург масане стом карабора хьаннашкахь, хотешкахь: Iаж, хьач, кхор, хьаьмц, куока, хьайба, бIаьллингабIар.

Ши-кхо шо хьалха томка лело долийнера колхозо. Боккха пайдаоьцура цунах. Амма, ойла йинча, тIаьхьало йолуш ца хийтира агрономана томка лелор. Лело дукха куьйгаш иэшахь а, талхар сахьт дацара томкин.

Адам шалха садаьллера. Мохк ша ма-барра буьсура. И дебаш догIу халкъ кхаба керла некъаш лаха дезара. Кест-кеста ойла йора Руслана цу гIуллакхан. Доллу хIума а тидда, хьесап а дина, план хIоттийра Русланна: иттех шарахь берриг колхозан мохк бошмашлелоре берзор.

Цхьа буьртиг ялта даккха йиш йоцчохь, бIараш дуогIалур дара. Талха ца телха бIар, кхечу стоьмашна санна, хаддаза тIехь болх бан ца беза. Ткъа бIараш гуттара а жижган меха ду. Кхиинчу бIара тIера цхьаъ-шиъ галий бIарийн гулло.

Хьекъалечу бIаьргашна хьалха сурт хIуьттура Русланна: берриг а колхозан мохк, бIарийн хьун хилла дIахIоьттина.

Шайн юьртан а, гуонахарчу яртийн а бахам бевзина ваьлча, экономикан план язйира цо.

Планан бухе диллина дара итт шарахь берриг бахам керлачу новкъа берзор.

Цу планаца цхьа а лам, басе, гу, барз, тогIе, Iин, цхьа а меттиг стоьмаш богIаза ца юьсура. Ткъа коьрта дитт-боча-бIар дара. ТIехь хIума йийна мохк доьазза совболура, хIинца болчул, бошмаш кхиъина яьлча.

И план шена дIаешча, йоккха гIовгIа иэккхийтира Макас:

— ХIара агроном вац, я сийсара ша хIун йиъна а ца хаьа кхунна. И план итт шарахь кхочушйина ялале массо колхозхо мацалла лийр ву. Колхозана далатухур ду, пхийтта шо даьлча бен бIар латор дац.

Правленино йийца йиллича, массара а цхьабосса йохийнера и план, тIе ца юьтуш. Русланна ца дуьйцуш хIума дацара.

Делахь дика ду, кхин план кечъер ша, синтарш кхио. питомник йиллийта шега, аьлла, дехна агрономо правленига. Цхьа гектар латта дехнера дикачуьра. Иза а дохийнера Макас.

Амма Руслан юхавала дагахь вацара шена хетачунна тIера. Шен цIеношна тIе догIучу декъа тIехь йиллира агрономо синтарийн питомник. Шен куьйга бора цо цу тIехь болх. Иэшначу хенахь цунна гIо дан колхозан тракторист Iайнди а вогIура. Цхьана хенара а, жимма гергара а хиларна, доттагIалла тасаделира Руслананий, Iайндиний юккъехь. Ткъа шена дезаш долчу гIуллакха тIехь Iайнди гIоьнча хиларо, гуттар чIагIйинера цаьршинна юкъаметтиг.

ЦIенна юххерачу питомникехь вайн кхузахь цкъа а ца хилла, къилбан мехкашкара даийтина синтарш дара: нараш, инжир, Iаьржа хурманаш, миндаль, иштта кхин а.

Цу питомникехь дIадогIа кхиош дара Русланан, ангалин учахь, яьшканаш чохь тайп-тайпана ораматаш. Дуьххьал цхьа ша дIагIертарх дош хирдоцийла хиира цунна, йоккха хан ялале.

Мака дош лелаш председатель вара. Селхана студент хиллачу Руслане, ша бохучунна тIе ца верзалора Мака.

Дукха хIума гина а, девзина а, зийна а вара Мака. И иштта хиларна, Руслана лорура иза. Макина моьттура керла веана агроном, кхин хIуманаш хьалха а лаьцца, шена дуьхьал ву. Нах бовзар а, зер а доккха хиллехь а, цу тIехь председатель гIалат хилар гора Русланна.

III

Де дохлуш лаьттара. Лилул-сийначу стиглахь, бамбийн оьланаш санна, наггахь гуш яра мархаш. Янсу — тогIи чуьра дастадала кечделлачу хьаьрса-хьечийн зазан мерза хIуо тIедахьара байчу мохо. МаьI-маьIнехь гуш розин бос болу хьоькхнаш яра бошмашкахь гуш. Заздаькхина туьркаш яра уьш. Гена йоццу хьуьнан хотехь, вовшашка кхойкхуш, шоршалаш екара. БIаьстано шен бакъонаш кера лаьцнера.

Араелира Тамара. Сих ца луш, дIаса а хьаьжна, цIенойх хоттаеллачу кертан кэх а яьлла, лулахойн беша

елира. Дитташ юккъехула халла гуш долчу цIеношна тIе яхара.

— Раиса, — мохь туьйхира Тамарас, керта юххе а хIоьттина.

ЦIийнан неI еллаелира. Араиккхира Тамарин хенара, стигалан басахь бIаьргаш а долуш, тайниг санна, нисъелла, дешин хьесах йича санна, еха ши кIажар йолу йоI.

— Тамара!..

Вовшийн мара кхийтира ши йоI.

— Хьо тахана цIахь ю, Раиса?

— Ю.

— Со а ю. Янсу йисте гIуо вайша? Шун бешахула. Тхан бешахь дадас чIогIа ларйо со.

— ХIара, хIунда? — хаьттира Раисас.

— Русланца со латтарна кхоьруш.

ГIадъяхана елаелира Раиса, цунна тIаьххье Тамара а.

— Эшша! Ма дош дацара и. Гуттара хьо ларйина вер вуй Бексолта...

Пхьаьрсаш чуччухула а даьхна, бешахула Янсун шуйистехьа йолаелира ши йоI. БерхIиттара йолучу шина йоьIан мел хир ду вовшашка дийца дезаш хабарш!

Луьш-олуш бай баьллачу берда йисте кхечира ши йоI.

ДIа а, схьа а яхъелла Iуьллуш Янсу шуьйра тогIий яра, жагIой, тIулгаший дIалаьцна.

Iеначу хиэ еш гIовгIа хезара, цхьана эшшарехь шуш деш.

Малхо къагийначу лаьмнашка а хьоьжуш, йиш йолийра Тамарас:

Сан деган безам хьо беца, кIорни,
БIаьстенан хьоза хьо деца, кIорни,
Тахана вайша вовшахдаларх,
Хир ду, кIорни, вайша вовшийн.

ТIаьхьара элира Раисас. ГIоргIочу Тамарин азна дика тIаьхьа догIура цуьнан, дашо тай санна, дуткъа аз.

Генахь цIерпошт екаш хезча,
Машинан новкъа хьо воьдуш гича,
Хьан ойлано кийра бузу сан,
Со кхойкху хьоьга, гIийла йоьлхуш...

Дечиг-пондаран зов хезна, цIеххьана юхайирзира ши йоI. Юьхьа тIехь велар а даьржина лаьтташ Iайнди вара.

Юкъахдисина эшаран дешнаш дIадолийра цуо:

Хьан дог доьхча, ойла юхуш,
Сагатделча, бIаьргаш боьлхуш,
Хьо лийрина хьан мерза езар
Ахь лериехь ца мегар-те?

Дечиг-пондарх, зов доккхуш, пIелгаш а тесна, бIаьргаш а, юьхь а, бага а йоьлуш, долийра Iайндис:

— Вай, шуьша яха дукха! Вай, шуьша хила ирсе! ХIокху дуьненан ельсаманин ши олхазар! Я рабби дела! Сел хаза муха кхоьллина-те шу шиъ? ЭхI-хIай, зудаберашш! Iаьржа бала бу-кх сан кийрахь. Хьа... Гой шуна? ХIокху меттехь...

Нана-пIелг, дог долччу, некха тIе а Iоьттина, гайтира жимчу стага шегахь бала болу меттиг.

Ела а йоьлуш, хаьттира Тамарас:

— ХIун хилла хьуна, ва Iайнди?

— ХIун хилла бохург хIун ду? Шу шиннах муьлхарниг хаза ю ца хууш, Iаьржа дохк ду-кх сан кийрахь.

— Эшша! ДIаваьл, дIа! Ма бала ца хиллера хьан кийрахь берг, — элира Раисас. — ХIокху юьртахь цхьа йоI я жеро а яц-кх, Iайнди, хьо тIехьовзаза! Оццул дукха беза хьуна и мехкарий?

IЦхьа бIаьрг а хьаббина, мекарлонца ши балда дIа а дахдина, жоп делира Iайндис.

— ЭхI! Мичара дукха! Ши бIе йоI бен хир юй вайн кху юьртахь?

Цецяьллачуха ела а йоьлуш, хаьттира Тамарас:

— Ткъа массаьрга а цаьрга безам хаийтина ваьлла хьо?

— Дера ваьлла. Мехкарий-м беза кхоьлланий.

Пондарах пIелг а тоьхна, юха а мекарлонца цхьа бIаьрг а таIийна, Раисе хьаьжира. Йоьлура Раиса, саца ца луш.

— Iайнди... Безам буьйцуш, цхьа хаза шира йиш лакхахьа тхойшинна, — элира Тамарас.

— ЛадугIур дуй ашшимма?

— Дера, дугIур ду, чIогIа реза хилла-м.

— Дика ду. Илли эр ду ас шуна, безамах лаьцна. Догмайрачу Чамзаркъин илли.

— Хьенан? Мила, мила ву иза? — хаьттира шина йоІа цхьаьний.

— Догмайра Чамзаркъа. Цуьнан илли.

ГІадъоьхуш йоьлура ши йоІ.

— Кхин цІе ца хилла-те цунна тилла? Дешнаш къастош алалахь, — дийхира Тамарас, Іайндис долийра шен илли:

КІиж тилла месал куйн
БІаьштиг тІе таІийна,
Ча-магар бос болу
Шен куьйса и мекхаш
ЦаІ хьалий, важ охьий,
Ша кура хьовзийна.
Кан чоьхьа шен долу,
И кхекхийн цхьа шарбал
Цу турпал гІогІашна
Ша хала тІеоьзна,
Кердагийн цхьа кетар
Шен белшех кхоьллина,
Тум буьххье ва йолу,
Тешаме и шаьлта
Шен юкъах йихкина,
И далар и мошу
БІаьрга ган сатесна,
Ша вахан велир тов
Догмайра Чамзаркъа.
Делах дуй бинр тов
Догмайрчу Чамзаркъас
И далар и мошу
Ша ганза цІа вагІахь,
И дийнна худар-яй
Шен кира чубилла.
Морзин бога тІемелла
Дуьненах къаьстина,
Лахьтичу дІавижа...

ТІеттІа кІажъоьхуш, йоьлура ши йоІ. Пондар сацийча, элира Тамарас:

— ДІавала, Іайнди, хьайн забарш а йитий! Иштта хуьлу безам буьйцу илли? Къацахетарийн хиларг! Худар-яй а биъна ца велча, кхин валаран кеп ца карош хилла-те цу Чамзаркъина? ЦІе а ма ю!

Цхьана буйнахь пондар а болуш, ши куьг дІастесира Іайндис.

— ХІун дер ду, Тамара? Иштта ду-кх и илли. Сайгара цхьа хьаьрк тІетоха а, дІадаккха а йиш ма яц сан!

Кхин цхьа йиш а яра сан Руслан, Тамарий дуьйцуш...

Вовшашка а хьаьжина, юха а елаелира шн йоІ. Іа ца елира Тамара:

— И хІун йиш ю, Іайнди? Лаккахьа...

— Э, дІаяьллахь, — элира Іайндис. — Мух-муха а меттиг нисъелча локхуш яц сан иза.

— Руслан, Тамарий цІе йолуш ши жима стаг хилла... Церан безам буьйцу цу эшаро...

— Хаза юй иза? — хаьттира Тамарас.

— Йиш бах ахь, я Тамара бах ахь?

— Йиш, дера, бах, — элира йоІа.

— Дера, ю дукха хаза-м. Ас и лекхча, ладугІуш берш, дегнаш а кІадлой, «гап-гиппехь» охьаоьгу. Хенаш ехканарш а, ца ехканарш а, и хезна зудабераш цу буссехь маре уьду.

Шух чу тІулг а кхоьссина, и охьабожжалц собар а дина, хаьттира Тамарас, елар а доцуш:

— Иштта дукха езаш хилла-те цу Русланна и Тамара?

— Дера, хилла, шен сил дукха-м, — элира Іайндис. — Сан эшар тІехь Руслан воьлху, Тамарин дагара, ма-дарра, ца хууш.

Шу йисте Іаш йолчуьра ира хІоьттира Тамара. Юха а йирзина, элира:

— Іайнди. Со а яра-кх цхьа пекъар Тамара. Ас сайн дагахь дерг алий хьоьга?

— Алал...

— Эшарца эр ду ас.

— Ала, хьайна лаахь, шакарца а.

Суьйренна хитІа ца йохуьйту,
Іуьйренна ара ца йолуьйту,
Руслан цига вогІу бохуш,
Лулахошка ца йохуьйту.

Суьйренна хитІа ма яхийта,
Іуьйренна ара ма ялийта,
ІІэхь хилийла, мама, хьуна,
ГІоІ йижинчохь ца карийча.

Пеша хьалха охьахуьйшуш,
ЦІеран бІаьра гІийла хьоьжуш,
Ас еш йолу ойланаш,
Хьо хьуо йита еш ю, нана.

Дог ца даьттІа хІун дан деза,
Хала ца хетта хІун дан деза,
ХитІахь лаьтташ Руслан хилча,
Ма гІуо хитІа дадас баьхча...

Тамарин эшаран мукъам дIаберзош, бехха пондар лийкхира Iайндис. ТIаккха пондар тIерачу уьн тIе, «гIарраст» деш, пIелгаш а тоьхна, кхин йиш йолийра.

БIаьсте хазъеш дашо малх беца.
Дуьне хаздеш деган безам беца.
БIаьсте къагош зезаг хилча,
Кийра багош безам хилча,
Дегий, неней ла ца доьгIуш,
Ядий яла хIай, Тамара...

ХIурда-этмаьIиган жовхIарш санначу, кIайчу цергашца багахь Iуьйшу бецан хелиг охьа а тесна, дешеха лепа кIажар белша тIехьа а кхоьссина, элира Раисас:

— ХIан, Тамара. Хьан гIуллакх-м эшарца дIанисдин хIокху Iайндис. Ас хIун дийр ду техьа? РегIахь догIа доцуш дисина петIамат-зезаг санна, везачу кIентан безам боцуш, суо йисин те со?

БIаьргаш чу хIоьттина хи лачкъа а ца деш, дуткъачу озаца йиш йолийра йоIа:

Ас Iуьйренаш дукха ларйо,
Ас суьйренаш дукха ларйо,
Сайн дагара хьоьга дийца,
Хьо гуш воцуш, денош оьху.

Хьан дог-ойла хиъна яьлча,
Безам-барт а хилла баьлча,
Дерриг дуьне сан дарийца
Дуьнен да со ярица, Iайнди.

Со хьан хила йитац, кIорни,
Хьо сан хила витац, кIорни,
Берахь хьоьга бахана безам
Сан дагах къастац, Iайнди.

Эшаре ла а доьгIна, жимма ойла йира Iайндис. ТIаккха пондаран уьн тIехь «дакка-дакара, дакка-дакара» деш, вота а тоьхна, йиш йолийра:

— ЛадогIалахь, Раиса. Хьуна олуш ду сан хIара:

Дог далхийча, курал ер-те?
Бала бийцича йоьлур юй-те?
Готтучу кийрахь гIайгIа хьийзаш,
Лелаш вай со-м, хьомсар Рая.

Хьан дог-ойла хиъна яьлча,
Безам-барт а хилли хиъча,
Дерриг дуьне сайн ма хета,
Дашо лаьмнаш сан ма деца.

Йоккха еш, тIараш туьйхира Тамарас. Iайндига хьаьжжинчохь йисинера Раиса.

— Ва Iайнди, хIокху юьртахь мел йолчу йоIе айхьа дагара хаийтина бахара ахь. ХIинца хIокху Раисина ма чIогIа ойла тIейирзинчух дуьйцу ахь. Теша мегар дуй-те хьох? — хаьттира Тамарас.

— Ва-а-а, дукха яхарг! Ас муьлххачу а йоIаца бегаш бича, цунна ас, забарш а йина, там бича, суна и къилахь хIунда лору ахь? ХIокху дуьненахь суна-м массо а адам цхьабосса дезий. Суна адамаш дукха дезаш хилча, со иштта пайда боцу стаг лору аш шимма?

— Ца лору, дера-кх. Ткъа иштта дукха еза хьуна хIара Раиса? — юха а хаьттира Тамарас, шен нийсарахо къевллина мара а хьарчийна.

— Ай! Хьан со лолдахьа! Иштта олу, Тамара, наха? Хьуна везий Руслан? Гуш дерг ма дицийтахьа соьга!.. ХIа, со дIавоьду... Тховса клубе ца йогIуш ма Iелаш ший а. Руслан а хир ву цигахь...

— Ма дийцалахь, Iайнди. Дадас ца могуьйту суна. Ур-атталла заочни техникумехь чомахь деша а ца юьту со. Клубе иэха мича могуьйту цо...

— Делахь, хьо йола, Раиса.

— Хьожур ю со ян.

— «До свиданья», сан хьоме алкханчаш!

Пондарца марш а лекхна, дIавахара Iайнди.

Цкъа вовшашка хьаьжира Раисий, Тамарий. ТIаккха ший а вовшех хьаьрчира. Элира Тамарас:

— Деллахьа, Раиса, дукха веза-кх хьуна иза!

— ХIара хIунда ца веза?

— Ирча ма ву иза. Гомаш а къаьхкарйолуш.

— ХIунда ву иза сел ирча?

— Iоржгуллий... Боккха корта а. Иштта боккха мара а. Цу тIе гуттар бегашка а вахана, пайда боцчу ма ваьлла иза. Стенна хазвелла и хьуна?

Жимма дегабаам боьссира Раисин бIаьргаш чу.

— Ма алалахь, Тамара, иштта. Забарш яхь а, дика ву хьуна Iайнди. Хаттал нахе. Цул дика белхало вац бах. ГIараваьлла тракторист. Эсала ву. Сан мамина ма дукха веза моьттахь иза... Цуьнан хазалла ма ца-оьшу суна. Да а, ваша а воцуш кхиъначу суна да а, ваша а ма хир ву цунах. Цо суо йигахь, сайл ирс долуш адам хетар дац суна. Хьо кхана а юй мукъа?

— Ю... — элира Тамарас.

— Йоьллахь, хIета. Со дIайоьду.

Ранса дIаяханчул тIаьхьа цхьа хан яллалц бацалахь Iийна, гIаьттина дIайолаелира Тамара. Шайн бешара хин йисте боьдучу некъацарчу гIанта охьахиира. Еха Iийра иза Янсу тогIий чу а, ламанашка а хьоьжуш, Iаламах марзо оьцуш, шен ойланех дагаюьйлуш. БIаьргашна хьалха гуш долу Iаламан сурт, шен кераюкъ санна, девзаш дара цунна. Дукха хан йоцуш, Русланца дехха къамелаш дойла хилира Тамарин. БIаьргаш беллабелча санна хийтира цунна къамел диначул тIаьхьа.

Дуьйцура Руслана вайн махкахь исс-итт шо далале хиндерг. Хьала кхуьу йолу, хьаннаш санна, якхий бошмаш юьйцура, массанхьа а некъаш дохкур ду бахара, хотто мачин айра бехдийр доцуш. Санатореш, школаш, больницеш, клубаш йохкур ю бохуш, дуьйцура.

Тамара школехь доьшуш йолуш а хезнера цунна, тIейогIучу хенахь, зама туолур ю бохуш.

Амма хьехархоша дуьйцург, дагах ца летара. Дерриг и хир ду бохург, цхьана заманчохь, цхьана наха дийр долуш хетара.

Руслана а изза дуьйцура, амма цуо дийцинчо даг чу дижадора, и мохк туобан декхарийлахь-м хьо хьуо яй, олий.

Оцу лакхарчу дарже нах кхачор, вайшиннан а декхар ду бохург, даг чу дижийнера Руслана Тамарина.

Наха бахара, ша дешначух тоам ца беш, кхидIа а доьшуш ву агроном. ХIинца, Русланца дуккха а къамелаш диначул тIаьхьа, кхеттера и ша дешначух цкъа а тоам бан мегар дацарх. Юьртбахаман техникумехь заочница язъелира Тамара, наха а доьший аьлла.

ТIаьхьарчу хенахь, Русланца къамелаш дичхьана, дешарна, бегашена доцуш, тIетаьIнера иза. Нанас, бIаьргаш талхор бу ахь бохуш, деш долу дов хала дацара. Ден дов дара хала. Цхьамма а дов ца дора Рансина. Дешан аьтто цуьнан хиларна, наггахь хьагара Тамара шен доттагIчух.

Хьалха, Руслан вовзале, исбаьхьаллин литература еша тIера яцара Тамара. Школехь доьшуш ша йолуш, оьрсийн а, дозанал арахьара а яздархойн произведенеш йоьшура Тамарас, ца яьллачу денна. Школера яьлча гуттар дIатеснера литература.

Руслан вевзичхьана, цуо бехкаш дохуш, ца юьтуш книжкаш еша йолаелира йоI. Дукха мел йийшин марзлора уьш. Сел синкъераме книжкаш ша хIиццалц ца

ешарх тамаша бина ца йолучу Тамарас Раисина а марзйира уьш.

Божарийн цIен тIехь цахиларна, хало кхийнера Раиса нанас. Хазчу бедарний, чуьрчу йийбарний тIехь соьцура Раисин ойла.

Иштта ойланашка яьлла Iачу йоIана ца хааделира Руслан тIевогIуш.

— Тамара!..

— Вай... Руслан! Хьо... хьо...

ХьалагIаьттира Тамара гIантара.

— Сан санна, сагатлорий хьан? — хаьттира кIанта.

— Валалай. Дийца хIунда дуьйцу ахь? Са хьалададала доллура. Ма веха Iийра хьо районехь...

— Ши де бен ма ца даькхира ас... Хьо ца гуш, суна а шарал дахделлера и ши-кхо де.

БIаьргаш тIе яьхкина месаш юха а хьаькхина, йогучу бесни тIе куьг а диллина, элира йоIа:

— Вайн председатель Мака ахь гуттар кIелвитина бохуш ма дуьйцу наха. Бакъдуй иза? Вон стаг ма вац Мака.

— Хьан боху и вон стаг ву? Стаг вон вацахь а, председателан гIуллакх дика ца леладо цо.

— ХIетте а, ма хьийзавехьа иза, Руслан. Тхан дадас вон вуьйцу хьо, Макина тIехь доцурш кхуллу, бохуш.

Юьхьа тIера велар дайра Русланан.

— Ас бакъдерг алий хьоьга, Тамара? Хьан да Бексолта цу тIехь нийса ца луьш хета суна. Макас дIахьош болу некъ ца го цунна. Вайн колхоз тоеш вац Мака.

— И дIаваккха гIерта хьо?

Велавелира Руслан. Коьртара куй схьа а баькхина, хьаж тIехула хьала куьг а хьаькхина, элира:

— ХIунда воккху и дIа. И санна колхозан болх а бевзаш стаг кхио, маситтий шо ма деза. Цунна санна, и гIуллакх лело суна а хуур ма дацара.

— Ой, и муха ду хьан? Колхоз таеш и вац а бах ахь, хьайга и гIуллакх лелалург ца хиларна къера а ву хьо.

— Бакъ ду иза, Тамара. Амма Мака нийсачу новкъа верзо гIерта со, суо партехь вацахь а.

— Парте хIунда ца волу хьо?

— Собарде ахь. Шо а даций со веана-м. Дерриг — шен хенахь хуьлу...

Ринжехьа дIахьаьдира Тамара.

— Вай... Руслан. ДІа вогІург дада ву-кх! Же! Чехка дІагІуолахь!.. — Иза а аьлла, бешахь къайла елира Тамара.

IV

Шен кабинета чохь, стол тІехь папканаш а гулйина, наггахь берстинчу пІелгаца жІаккеш дІаса а етташ, къоламца цхьаъ-м яздеш Іаш вара Мака, шозза ткъе иттара ваьлла хьийкъина, ногІечун сибтахь, ерстина юьхь йолу стаг. Ойла а еш, къоьжачу можах куьг хьокхура цо цкъацкъа.

НеІ еллаелира. Чувелира Бексолта.

— Чохь вуй хьо? Де дика дойла хьан, Мака!

— Диканца вехийла. Схьавола чу.

— И ерриг кехатийн чалх а гулйина, хІун чот ю ахь еттарг?

Пена юххе долчу гІанта охьалахвелира Бексолта.

— Оханаш мел дина а, хІу мичхьа, мел тесна а къастош воллура со-м. ХІун ду керла, Бексолта?

— Керла а, ца керла а дац. Буса яьлла топ санна, гІарадаьлла-кх вайн юьртахь, районехь Руслана хьуна кхийсарш яр.

— ХІун боху наха? — Бексолтас аьлларг шена бен ца хетачуха, хаьттира Макас.

— Дера боху вайн агроном хьуна чІогІа дуьхьалваьлла. ХІун дара, Мака, цо цигахь дийцинарг?

— Цхьа «рахь» боьттира-кх, гІаличуьра баьхкинчарна хьалха вазвала.

Жимма Іийна, доккха са а даьккхина, элира Бексолтас:

— Ой, дела валла кхуьнан да нелца! Массо а колхозхо хьуна дуьхьалваькхина волуш воллу-кх и къонаха. ГІара а, тата а ма дацара вайн юьртахь, и вале. Даима баркаллаш дара районера а, гІаличуьра а хьуна кхайкхош. Хьо дуьхьал ву аьлла ца бах ас, Мака. Хьоьга кхочуш председатель ма вац вайн районехь.

Там хилира Макина цу дашах. ХІетте а, и лачкъо гІоьртира.

— Мичара! Уьш дІадевлла, Бексолта.

ГІантара гІаьттина тІе вахара Бексолта Макина. Аз лах а дина, элира:

— И къонаха хьуна кIел хуьйшуш ву. Шен балха тIехь ледарлонаш йоцуш хир вац иза. Яцахь а, караяйта еза...

Дуьйцучух кхеташ дIахьаьжира Мака Бексолтега.

— Дера хаац. Ледарлонаш йоцуш мила ву? Ша лелош йолу харцонаш, тIаьххьара а шех гIур ю. ХIинццалц тидам ца бинехь а, хIинца тергалда деза вай цуьнан гIуллакхаш.

— ХIети. Дера, деза. ТIом ма бу, Мака, цо хьоьга хьебийраг. Ткъа иза тIамой бен буха ца туху.

ВоггIушехь чувелира Салауди.

— Де дика хуьлда хьан, Мака!

— Диканца вехийла. Ахь хIун леладо, Салауди?

— Дера со-м оцу вайн керлачу «коканан аре» куьпахь динчу оханна реза воцуш ма веана.

— ХIун хилла цигахь хIинца? — реза воцуш хаьттира председателo.

— Массарна а хууш ду цигахь шолгIа чкъор жагIа хилар. Йокъа сиха хIутту цига цундела. Цу куьпахь охана кIорго дан дезара. Iадсаламгiара гомха аьхна. ХIу тIе тасале и меттиг юха ахийта еза цаьрга.

Хьалха лаьттачу чота тIера ши-кхо жIакке дIаса а тоьхна, элира Макас.

— Шалха харж ма хуьлу иза. ХIан... Агроном хIун деш хилла? Аха йолош хIунда ца хьаьжна иза цу меттиге?

— Мака, агрономо шен хеннахь аьлла Iадсаламе цигара меттигаш кIорга аха. Руслан бехке вац цу гIуллакхана.

— ХIара хIунда вац? Массанхьа а хьажа кхуьур вуй со?

— Ас тIаккха а бах, Мака, Русланна тIе ма теIаде и гIуллакх. Велахь, Iадсалам ву цу тIехь бехке.

— Жоп луш верг агроном ву. ШозлагIа ахаран харж агрономах хьарчор ю ас. — аьлла, хадош санна, куьг ластийра Макас. Агрономе шен боцу безам Iора баькхира.

— Хьоьца и къийса ца веана со-м, Мака. Диканиг, воних къастош инспектор со велахь, ас бах и охана вон дина. Буьртиг хьала бер бац цигахь, гомха ахарна. И «Коканан аре» юха ахийта ала веана со. Дан хьайна луъург дер ахь.

Кхин вист ца хуьлуш, аравелира Салауди председателан кабинета чуьра. Цхьа хан яллалц вист ца хуьлуш Iийра Макий, Бексолтий.

— Хетарехь, хIара а ву Русланехьа.

— Цуьнан шеко яц, — элира Бексолтас. — «Коканан аре» шозлагIа ахийта дезар — цхьа бехк бу агрономан. ТIаккха цхьаьнгге а ца хоттуш, керла хIу кхио гектар хьаьжкIийн куп къастийна цо. И шолгIа бехк бу.

— Э... И диц ма деллера суна... И гектар плана юккъе а йоцуш ма йийна цо, элеваторехь ден хIу, хи санна, шорта доллушехь.

— Говзанчаша зийна ца хилча, хьаьжкIийн хIу ден йиш юй техьа? — хаьттира Бексолтас.

— Яц, дера-кх.

— ГIали чуьра ревизи ехча хIун дара техьа, цуьнан гIуллакхаш талла?

Реза ца хилира Мака.

— ДIаваьллахь. Ма ехалахь ревизи! Агрономах санна, вайх а тасаяла сахьт дац иза. Генара хаза ду зурманан аз. Ревизи а генахь хилча хаза ю. Цул а ахь хIун дей?.. Агрономо баькх-баькхкхина ког талла ахь.

— Лартоллу жIала санна, тIаьхьа вер ву со цунна... Мака, хIинца хьоьга дан цхьа дехар дара сан. И хьастаха вайшимма дийцина гIуллакх дан тарлур дарий техьа? Стохка Сибрех ас ехьначу черешнех дика пайда белира колхозана. Цу тIехь къаьсттана чIогIа къахьегарна, суна а дика гIуллакх хилира. Меттигаш, адамаш, хьелаш девзина, кху шара кхин а пайде хир ду иза колхозана.

— Хила-м деза... — элира Макас. — Черешнеш а, баьллаш а йохьуьйтур ю, гурахь кхораш, бIараш, хьайбанаш йохьуьйтур ю вай цига.

— Хьуна там боций хаьа суна. Делахь а, сайггара цхьа совгIат...

Дош хадийра Макас:

— И ма дийцалахь. Иэгlар ву вайша.

— Дика ду, дика ду. Кхин ца хьахор ас, — олуш, сихвелира Бексолта, ша аьллачух юхавала. — Вукху гIуллакхана саготту ма хилалахь. Ас толлур ду хьуна цуьнан некъаш. Со дIагIуо?

— ГIуо...

ДIавахара Бексолта. Хьала а гIаьттина, кабинета чухула волавелира Мака, шен куьйгийн стамми пIелгаш чучча а даьхна. Ойланаш йора Макас: «Мел паргIат дара-кх юьртахь и Руслан боху «Хьатата» вале. Планаш

кхочушйора. Цхьа а сих ца лора. Цхьаммо а дІаса ца пйзавора.

Ворхіе а дас йийнера кху юьртан аренашкахь хьаьжкІаш. Мохк боккха бацахь а, шортта ялта хуьлура нахана. Цкъа а хи ца дуьллура я кхеллеш ца юьхкура. ХІинца агроном денна кхелли йохкий, супер тохий, хи диллий, сан ден букъ бей, бохуш, хьийза.

Кхул хьалха а бара колхозехь агрономаш. Амма и сов хІуманаш дацара церан. Пачхьалкхо схьакховдийнарг кхочушдора»...

И ойланаш еш Мака лелаш, чувелира Руслан.

— Со вара хІара-м, Мака. Оханаш дина девлла вай. ДІа лаккахь цхьа куп йисина. «Коканан аре» кІоргга юха ахийта еза. ХІинца...

Русланан даша юкъаиккхира Мака:

— И «Коканан аре» аьхна яллалц хІун деш вара хьо ткъа?

— Іадсаламе ма аьллера ас, варе-варе кІорга ахалахь. Цо ца дина-кх иза...

— Юха охуьйтур ю и аре, амма, хаалахь, хьан чоьтах, — гІоргІа элира Макас. Вуьшта а готта ши бІаьрг, гуттар дІакъовлабелира цуьнан.

— И хІун ду?

— И, дера, ду декхарийлахь волчу гІуллакхе хьо дика цахьажар. «Коканан аре» кхузткъа гектар ю. Мила ву и гомха ахарна бехке, хьо воцург?

— Мака! И, хьо ваха, ду чекх ца даьндерг. Іадсаламе хатта ахь, цо гомха хІунда аьхна. Стенна а со бехке ван кийча хуьлу хьо, районехь вайша хилчахьана мухкхале а.

— Шортта хІуманаш ду хьуна тІехь дийца.

— Масала, хІун ду?

Охьахиъна, юха а чот дІасаетта волавелира Мака.

— Уьш правленехь дуьйцур ду вай. Масала, бахий ахь? Шийтта гектар, куьпах дІа а къастийна, соьга а, правленийга а ца хоттуш, хьаьжкІаш хІунда йийна ахь цу тІе?

ОьгІазвахана юьхь кхохкийра Русланан.

— Мака! Хьуна соьца болх бан лаьа я ца лаьа?

— Лаьа. Цундела хьоьца болх беш ву со-м. Амма ншттa дІадодахь, беха-м бийр бац! — элира Макас, тІаьхьарчу дешнийн аз а ойуш.

— Дера, вац хьо бан безачу тайпана болх беш-м. Сегалий лоьцуш санна, сан гІалаташ лехьо гІерташ, тІаь-

хьаваьлла-кх хьо суна. ХІокху колхозе со ваийтинчу дийнахь ма элира ас хьоьга, вай дуьйш долу хьаьжкІийн хІу мегар дац, ас айса кхиор ду кхузахь махкалла ца хиндолу хІу.

— Аьллехь, вайн бакъо яц лабораторехь калибр хІоттоза хьаьжкІаш ен. И ца хаьа хьуна?

— Мака. ХІокху колхозехь агроном со ву. Ас жоп ло ялта кхиорах, нийса лелорах! Калибр хІоттор бэа болх бац. Хьуна моьтту хир ду, и цхьа доккха бозбуанчалла ду? Хаалахь, ас, вайн махкахь евллачу хьаьжкІийн дика хІу деба а дина, тІедогІучу шарахь ерриг хьаьжкІийн каппашка вешан хІу дуьйриг хилар.

— И бала хьоьгучул ца тоьлу хьуна, цхьа кехатцуьрг а язйина, элеваторера хІу даийтича?

— Ца тоьлу, Мака. Ца тоьлу. Ас стохккехь хаьржина хьаьжкІаш: гІодам лекханиг, кан кхоъ латийнарг. Царех юккъерачу кенан хІу даькккхина ас, тамаран бух, бухь дІа а хадош. Шийтта гектар йийна ас и хьаьжкІаш. Вайн вешан сорт хир ду иза.

— И вайшиннан десара ду генара тебийла! Правленино жоп доьхур ду хьоьга оцу хьаьжкІех. Хаалахь.

— Дика ду, — элира Руслана. — Амма ахьа а дала дезар ду цигахь цхьадолчу хІуманех жоп.

— ХІинца со кхеро гІерта хьо? — оьгІазе хаьттира Макас.

— Ца гІерта. Хьо воллий со кхеро, Мака?.. Бакъдерг алий ас хьоьга? Вайша ваьшша ву кху чохь. Хьо вон председатель ца лору хьуна ас. КІел ког туьйсуш а вац хьуна со. Ас долийна бошмийн питомникан гІуллакх эрна дохийра ахь. Итт шеран экономически план а йохийра ахь. ХІетте а хьуна дуьхьал вац со. Теший хьо — бертахь болх бийр бу вайшимма. Ца лаьий хьуна соьца болх бан — хама беш вац со хьан. Хьоьца къовсавала кийча ву со, вайн гІуллакхийн дуьхьа. Амма сайна советски институто деллачу ІилманахЬам юьртабахам лелорехь цхьа ког юха а, я агІор а вер вац со. Кхин дан а дац хьуна... Со ялташ тІе воьду, хьуна со ца иэшахь, — олуш, аравелира Руслан.

Юха а гІантара гІаьттина, кабинета чухула некъ бан велира Мака. Гуш дара цунна, жима Руслан ца догІучу тІехь шена къарвала цаваллар.

Казахстанехь волуш а, цигара цІа веанчул тІаьхьа а даима колхозан председатель лелла вара Мака.

Амма цхьа а, хIара агроном санна, белхало дуьхьал ца ваьллера цунна. Дуьхьалвалар а дацара иза бакъал аьлча. Руслана шен гIуллакхан мукъ шен карахь латтабора. Цхьанна а корта ца беттара. И лалуш вацара шен керахьберш хьестабалар деза Iемана волу Мака.

«Фермашкара гIишлош а схьаеллачу планашца ца яйтина Руслана. Цу тIехь а цуьнан гIалаташ карор ду суна. Ватталхьани!

Таймасха ма ву Бексолтин йоIана тIехьийзаш. Руслан ву. Ас хьаха, веза и шиъ вовшийн коча вахийта».

Дехьачуьрчу счетоводе схьакхайкхира Мака.

— Таймасха мичхьа ву?

— Учет лелош арахь ву-кх.

— Бедарка юй арахь?..

— Кинча ю. Ваха волли хьо цхьанхьа, Мака?

— Хье ца луш юхавогIу со. Цкъа Таймасханах кхета деза сан, — олуш ара а ваьлла, правленин кертахь лаьттачу бедарки тIе а хиъна, эвлал арахьа ерзийра Макас говр.

Серлонан хIорд Iаьннера ламанан махка. Комаьрша богура бIаьстенан малх. Гуонаха Iохку ламанаш баьцарий, мокхий, сийний истангаш тIе тесча санна, бесбесара лепаш, къарзделла схьагуш дара. Ерриг шера аре аьхна яьллера. Диттийн гIа даьллий, патар дастаделлий баьццаралла тоьллера бошмашкахь, хьаннашкахь. TIаьхьо гIа хоьцучу бIараш юккъехула хIинца а стигал гуш яра. Гена-гена къилбехьа башлаьмнийн кортош дара къегаш.

Цхьана метте дагаршца, белашца, зIокбергашца, херхашца коьллаш хьокхуш яра колхозан бригада.

Бедарки тIехь юххевеана, салам а делла, хаьттира Макас:

— ГIуллакх хуьлий шун, кIентий?

— Дера, хуьлу моьттуш-м ду тхо. Цхьацца йолчу меттехь луьста хуьлу бIарийн синтарш. Уьш, схьа а дохуш, доцчу дугIу оха.

Йистехьара белхалоша, моггIара дIа а хIиттина, кол хьокхуш яра. МаьI-маьIIе цIераш а летийна, хьаькхна коьллаш ягайора. Акхадевлла бIарийн синтарш, юххе хьокха тухий, дIа а доьхкий, дуьтура.

Агроном Iен ца тигна беш болх бара иза. Коьллех колхозо эца цхьа а пайда бацара, ткъа къухалахь девлла бIарийн синтарш дара лекха а, лоха а. Цхьадерш хьалакхиъна, бIараш лато а долийна хуьлура.

Нилха дохуш дIаса дийгIинчу синтаршка а хьаьжна, корта а ластийна, элира Макас:

— ТIаьхьарчу тIаьхьениа-м дика беш хир яра кхунах, амма Янсу чохь хийла хи охьагIур ду-кх кхарна тIера вай бIараш гулдале.

Ца тайра и дош цхьаболчарна, делахь а, дуьхьал хIума ца элира председательна.

Ялтийн каппашка боьдучу новкъа ерзийра Макас бедарка. Дехьа а, сехьа а баьццара теш доьзча санна, квадраташца хьалаевллачу хьаьжкIийн могIанаш доьлхара дIа.

Балхахь буьйсанаш яха трактористашна ялийнчу вагонна дIанехьуо мекханаш дохуш хьийзара ши-кхо трактор. Кхузахь карийра председательна Таймасха а.

Трактористашка цхьацца хIуманаш а хиттина, элира Макас:

— Таймасха, хьоьца жимма гIуллакх ду сан. ДIо вагона чохь аддам дуй?

— Дера, дац схьа хаа-м, — элира Таймасхас, лохочу дегIахь жимчу стага. ТIома кIел, ша учетчик хиларе терра, дуьне дукха гина гатанан портфель яра цуьнан.

— Делахь, схьатIехаал. КIеззигчунна юьстах ваьр вайша.

Макина юххе хиъна, архаш шега а иэцца, вагоне ялийра Таймасхас бедарка. НеI хер а йина, цIа чу хьаьжира Мака. Аддам дацара чохь. Гуонах бIаьрг а тоьхна, элира цо:

— Арахь дер вайшимма къамел.

Вагонах букъ а тоьхна, охьахиира ший а.

— Таймасха. И вайн агроном Руслан дика вевзий хьуна?

— Муха ца вевзу. Дика вевзу.

— И ямарт стаг вуйла хаьий хьуна?

— Ямарттий? Ямарталла шен дегIах йоллуш ва ма ву иза, — элира Таймасхас, жимма ойла а йина.

— Вайн колхозе веана цхьа шо а дац иза. ХIетте а берриг кегарий бу цуо лелориг. Шений бен кхечарна хIумма а ца хаьа моттийта гIерта иза.

— И бакъ ду, — чIагIдира Таймасхас.

— Гой хьуна, Таймасха, ша болх бан волавелчхьана цIе йожийна сан цуо гуттар. Вайн колхоз а эшна йоьду. Хьуна-х хаьий районехь со мел лоруш вара. КIел ког туьйсу цо суна...

— Иза а со гуш ву.

Хазахийтира и дош Макина.

— Гуш вуй хьо? ЛадогIалахь хIинца. Тахана IуьйренНа шу шиннан лераш хиллила а хаьа суна Бексолтиний, Тамариний тIехула. Хьуна и езар а ду хууш. Сан, Бексолтин юкъаметтиг дика юйла хаьа-кх хьуна?

— Шера хаьа, — элира учетчико.

— И Тамара хьоьга яийта тIелоцу-кх ас, ахь суна цхьана хIуман тIехь гIо дахь.

Жимма цец а ваьлла, хаьттира Таймасхас:

— Асий? Сан хIун ницкъ кхочур бу хьуна гIо дан?

— Вайшинна юккъехь кхин стаг а вац, Таймасха. Сайн дагахь ма-дарра эр ду ас хьоьга: Русланан балха тIехь гIалаташ дуьйлу. Суьде и валлал даккхий хIуманаш дац уьш, амма хазза шена уьш дуьхьал ца даьхча соцур волуш вац иза. Вайн гIуллакхийн дика учетчик волчу хьуна царех хIуманаш хаьа. Цхьацца документаш деза суна...

— Кхета со. Ахь дийцарехь, факташ деза-кх хьуна?

— ХIай-хIай. Деза. Кху колхозехь я со вуьсуш, я иза вуьсуш бен дIадоьрзур моьттуш вац со гIуллакх. Тхойша цхьана тарлур аьлла ца хета суна.

— Карор ду суна факташ. Сан нахана цуьнца лераш хиллийла муха хиира хьуна, Мака?

— Хезна суна. И Бексолтин йоI Русланан мера кIелхула а яькккхина хьоьга яийта ницкъ кхочур бу сан. ХIинца кхин цхьаъ ду. Кху арахь буртехь лаьттина кхо тайпа картолаш яхкаелла яр хаьа-кх хьуна?

— ХIаа. Акт ма яздира царна.

— И ду-кхи ас дуьйцург, — элира Макас. — И картолаш хIуъу дина а цуьнан коча йохкалур яцара-техьа вайга? Акт ахь яздина-кх?

И дош хаъал ца тайра Таймасханна. Ла а доьгIна, хаьттира цо:

— Муха юхкур ю уьш цуьнан коча?

— Дукха атта... Я актина яздинчу куьйгашна лакха тIеяздийр ду и бехке веш, я дерриг акт, керла куьйгаш а таIадойтуш, юхаяздийр ду.

— ЦIена харцо ма хуьлу и, ва Мака?

— Хилча хIун ду? Делахь, дита хьайна и акт. Хьуна езаш йолу йоI цуьнга маре дIаяхийта. Тахана кхийсарш йина аш вовшашна. Кхана хьан коьшкала а хиъна лелар ву иза, хьуна езаш йолу йоI а ловзош!

БIаьрга цIий доьссира Таймасханна, и дош шена хезча.

— И ца хилийта ас хIуъу а дийр ду! Акт ахь бохху-чу тайпана кечдийр ду-кх ас, Мака. Реза ву со, ахь боххург дан.

— ХIай-хIай. Куьпа гIуо вайша?

— ГIуо дера...

Бедарки тIе волуш, элира Макас:

— Акти тIе шекъа Iанаде ахь. Юхаяздина аьлча, дуьхе кхиа а ца гIерташ, куьйгаш таIор ду хьоьца хиллачу комиссин членаша.

— Дика ду. Байттамал яI! Пхи-ялх де хьалха хиънехьара! ГIалара веана корреспондент вара кхузахь. Цуьнга йийца езара и картолаш. IЦуо Iад дулур дара Русланан.

ДIавахара Макий, Таймасхий.

И шиъ дIаваханчул тIаьхьа ши минот ца елира. Вагонан неI еллаелира. Чуьра арахьаьжира Салауди.

— ЭхIей, дела хила шу шинна делан наьIалт! Таймасха-м шича кIант вара сан. И-м гIаж йиттина сацо а хала дацара. Хьажахьа, къанвелла Мака! Ма ямарт стаг хилла хIара. Руслане тахханехь дийца деза ас...

Вехха лаьттира Салауди ойланаш еш.

— ХIан-хIа. Руслане дийцича гуттара духахьа долий а ца хаьа. Цул, цкъа ВахIиде дуьйцур ас... Хьай, жIалеш яI! КIад а велла, садаIа кху чу со ца веанехь, и ямарто лело бохкура-кх хIорш. Таймасханна цкъа, хазанеха санна, гIаж хьакхаеза. Ткъа...

V

Цу дийннахьехь Мака волчу чувелира Бексолта.

— Ахь кхайкханерий соьга, Мака?

— Кхайкханера дера. Доккха гIуллакх ду сан хьоьца. ГIуллакх аьлча а, дехар хуьлу иза...

Ши бIаьрг тIе боьгIнера Бексолтас: хIун дехар хир дара, доллучу хIуманна ницкъ кхочуш волчу Макин?

Бексолтина тIе хилийра Макас шен гIант, хиъна Iаччохь.

— Бексолта. Вайша дукха хенахь дуьйна вовшашна вевзуш, хьашт долуш, вовшашца гIуллакхаш лелла ши стаг ву. Вайна ма-хаъара, хьо сайн гергара стаг хиларна, сайн ницкъ кхочуучу хIуманаш тIехь хьан цхьацца аьттонаш беш ву со. Бакъ дуй?

— ЦIена бакъ ду, — элира Бексолтас.

— Со кху балхахь мел ву иштта лаьттар а ду. Амма гергарлонан юкъаметтиг вайшиннан хилча, ахьа а сан дехар къобалда деза.

— Дера дийр ду-кх, сайн пицкъ кхочург-м, — элира Бексолтас.

Ткъа дагахь дара: «ма дахди-кх ахь хIара, вашина вир хиларг; хIун дехар ду-те, хьо сел генара тIевогIург?

— Хьан йоIах, Тамарех, лаьцна ду хIара.

— ЙоIах? — дукха цецваьлла, хьалаайвелира Бексолта.

— Собар, собар. ЛадогIал ахь, Бексолта. Хьан йоIана, билггал и йига воллуш дагахь, тIехьийзаш ву вайн агроном...

— ХIан, — аьлла, паргIатволуш, садаькхкхира Бексолтас.

— И хьан йоI цуьнга яхча, наха хьайна хIун эр ду хаьий хьуна? Русланан дайшний, шуний юккъехь мостагIалла хилла мацах. И хууш ву-кх хьо?

— Ву.

— И хьайн йоI цуьнга ахь яхийтахь, хIокху юьртахь, хьо мел вевзарш боьлур бу хьох: мостагIашка йоI елина, бохуш. Дарехь схьа ца алахь а, дагахь кхаьрдар бу кхиберш. Кхетий хьо?

— Дера кхета.

— Хьоьга хIун хIоьттина и нах хьайх кхардо? Хьажал и корах схьагуш долу ламанаш. Чермина туху гIурчеш санна, хIара дуьне чIагIдеш, кхунна гуобоккхуш ду уьш. Хьо и лаьмнаш чIагIдеш, ламанан хьостам бу, сий дерг, доцург хIун ду а хууш.

Даша юккъе иккхира Бексолта:

— Ас цхьаъ алий хьоь, Мака. ХIара дуьне нисса Iункар хIоьттича а, и захало дийр долуш вац-кх со.

— ХIинца сайн дехар дIадалхор ду ас, элира Макас. — Хьуна и Руслан мел веза хууш ву со. Ткъа вайн Тамарин безам болуш Таймасха ву. Иза хьуна вийца ца оьшу, хетарехь. Оьздачу нехан а, вехир волуш а ву. Цо дехна соьга, и йоI шена хьоьга хьахаяр. Кхин цхьаъ хезна суна: хьо оцу Таймасхане и йоI ялан реза ву бохург. Цхьана нахаца хьуна дуьхьалвале, хIара дийца дагадеанера суна. ТIаккха доьху ас: хьо волчу ван сайн деззашехь, ас кхайкхана кхуза сайна тIе хьо валорна бехк ца биллар. Зударшка а, берашка а даьлча, «еха веанера» бохуш, дIай-схьай дуьйцу. Цунна дара сан хьо кхуза вехар.

— ХIумма а бехке дац и-м, — элира Бексолтас.

— Делахь хIокху сан дехарна хIун олу ахь?

Вехха Iийра Бексолта жоп ца луш. Куйн а баькхина, баьшначу коьртах куьг хьийкхира. ТIаьххьара а элира:

— Реза ву со-м и йоI Таймасхе яла. Ала хIума дац цунна. Амма тхан цIахь йоккха Iала-гIожа гIоттур ю. Нана и Руслане яхийта лууш ю, кIант а дуьхьал вац. ЙоI муххале а агрономана тIехь ойла сецца куц ду. Нана-м кхерийна а, човхийна а сацор яра. КIант сацо хала хир ду суна: комсомолец ву иза. Ткъа йоI-м, дуьйцийла яц, биъ коr гIорттийна дуьхьал хир ю.

— ГIовгIа а иэккхаш хуьлу, Бексолта, доьзалехь. ЙоI яхана яьлча, гена далале дIадоьрзу шадерг. Амма хьайн цIахь, дош-дош а долуш, хьуо да вуйла хаийта деза ахь. МостагIийн тIаьхьене айхьа йоI лур яц алий, хададе! Доьзал тIебоьрзур бу тIаккха.

— Дели ас, Мака, хьан дехар. Реза ву со и йоI Таймасхе яла. Ала хIума дац сан цу невцана.

— Амма, Бексолта, «Ла мел дийгIи, татанаш дукха хеза», олу. Сихда деза ахь хIара захалу. Ма кхуьъу. Кхетий хьо? Иштта гIуллакх сихонца ца дича, хабарийн, эладитанийн яраш а, къух а долий, духуш хуьлу.

— Сихда хьожур ву со, Мака. Кхин гIуллакх дарий хьан? ДIагIой со?

— Дацара, дера. ДIагIо хьо.

Аравелира Бексолта. Кабинета чухула дIай, схьай лела волавелира Мака.

* * *

— Дика мел дерш! Чохь дуй шу? — олуш чувелира Iайнди. Мединий, Тамарий яра чохь, цхьацца дезарш деш хьийзаш.

— Диканца вехийла! Ду къорIанор тхо-м чохь. Хьо ма дика вогIу, Iайнди? — аьлла, дуьхьалъелира хIусамнана.

— Медина! Шуна дика а, вон а хилча, дакъа кхочуш вац со?

— Ва дера-кх. Гуттара а-м. Схьанехьа вала.

Кисанара газета схьа а доккхуш, Тамаре боьлучу бIаьргашца дIа а хьоьжуш, элира Iайндис:

— Иштта дикачу хIуманан дакъалаца веана-кх со, хIара газета а дахьаш.

Даржийра Iайндис иза.

— Хьажал, Медина. Хьайн йоI гой хьуна газета тIе яьккхина? Сурт гой хьуна, хIокху метте дIатоьхна.

— Валалай! Ян а, жайнор, ю сайниг! Тамара! — элира Мединас, куьйгаш хьала а айана. — ХIара кхунна юххерниг мила ву?

— ХIэ! Медина! Кхоччуш къанъелла хьо-м. Куьзганаш ца иэцахь дер дац хьуна. Хьан нуц ма ву и Тамарина юххе верг! Руслан ца вевзу хьуна?

И ма гиннехь, дIанехьа елира Тамара. Сурте лерана хьежна, аз лах а дина, йистхилира Медина:

— Елла яла со делаI! Ван а, элчанор, ву. ХIара кхунна юххе хууш диллина техьа я ца хууш нисделла?

Велар сеца а деш, хаьттира Iайндис:

— Ткъа товш дац хIара шиъ?

— М-м... товш-м ду. ХIете а... муха ду-те хIара?

— Хуъушехь, дера, диллина. ХIокху метте тIеяздинарг деший ас?

— Дешал.

Iайнди цхьа забарш ян воллий хиъна, юьхьа тIе сиха йовлакх уьйзира Тамарас. Деша волавелира Iайнди, боьлуш бIаьргаш а болуш:

— Тамара Дукаева цу юьртарчу зIакар даьхнилелочу фермехь уггар тоьлаш йолу котамаш кхобург ю. Оцу юьртахь уггар тоьлла белхахо агроном Руслан Шамилев ву. Вовшашна чIогIа дезаш ду и шиъ. Дас, нанас, дуьхьало ца еш, дIаяхийта еза Тамара оцу Руслане.

И Iайндис «доьшуш», букъ а берзийна, елар хала сецош, лаьттара Тамара. Нана цецъяьллера.

— Ватта хIеллига! Дера хир дац цу тIе ишшта яздина-м? Иштаниг яздо газета тIе?

— ХIара хIунда ца яздо? — элира Iайндис. — Хьажал хьо! ХIара юх-юххе диллина ши сурт, дукха ца товш дуй?

— Ишта-м дара. Амма тхан чохь верг дукха карзах вер ву-кх и сурт шена гича.

— Ой, шун Хьамзат ма ву кху тIехь вуьйцуш, кегийрхойн бригадехь дика белхало ву бохуш, хестош. Оццул газето хесточу Руслане Тамара ца яхийтича там ма бац.

— Ткъа муха юьйцу йоI?

Къамел деш лаьттишехь, Тамарега забарна бIаьрг таIо кхиира Iайнди.

— Чот яц цуьнан дика йийцаран. Тамарас кхобуш йолчу котамаша денна шишша хIоа до боху. Iуьйранний, сараххьий цхьацца.

— Валалай, — цецъелира Медина. — Цхьана дийнахь, цхьана котамо ши хIоий?

Веларх хьаса ца гора Iайндин юьхьа тIехь. ДIайирзина, бага а къуьйлуш, йоьлура Тамара.

— До дера-кх. Иштта хIу ду-кх иза. ХIинца евлла и котамаш. Доллучул а тамаше ду: шеран коьртехь а ца лекъа и котамаш.

— Ма бехьа бегаш, Iайнди. Бакъ дуй и Тамара?

— Дера ду, мама, цIена бакъ-м, — чIагIдира Тамарас.

ТIейирзира нана йоIана.

— Ой, хIай еха ма яхарг! Хьо хIун деш Iа хIинццалц, оцу котамийн тевна дахка суна хIоаш ца дахьаш?

— КIорнеш дахьар ду ас хьуна, мама. Шортта кIорнеш...

— КIорнеш? — реза йоцуш чуяьржира нана. — Ма далахь суна къуьрдиган меттана лампанаш тевна хийшина, яьшкий чохь къотIалгIа даьхна кIорнеш! ХIоаш да ахь суна!

Лечкъа ца деш, доьлура Тамарий, Iайндий.

— Ой, и хIоаш-м, мама ас шортта дахьар ду хьуна.

— ХIан. Со дIагIуо, Медина? ХIара газета а ду хьуна. Бексолте гайта. Iодика йойла хьан!

— Марша гIойла, Iайнди.

Iайндина тIаьххье Тамара а араелира. Ойланашка елира Медина. Тамаше хIуманаш гучудуьйлура дуьненахь.. Кемана а хуьйшуш дуьненна гуобохуш бу бах цхьаболу оьрсий. Цул а тамаше ду, цкъа а ца лекъаш, дийнахь шишша хIоа деш йолу котамаш йовлар. Дала яккхий говзаллаш елла-кх оьрсашна! Сахьт дац-кх, денна пхиппа хIоа деш, зIакардаьхний цара дуоло. Ма дика хир дара. Ши котам кхаьбча, дела денна даа а, дохка а хIоаш хир дара. Иштта ойланаш еш Медина Iаш, чувеара Бексолта. БIаьрг ма тоьххинехь хиира зудчуьнна, цхьана хIуманна реза воцуш и вусавелла веанийла.

— Iайнди веанера вайга?

— Веанера.

— Цуо хIун леладора?

Стоьл тIера газета дIакховдийра Мединас.

— Хlара газет деанера цо. Хьажал. Вайн йоьlан сурт ду тlехь.

Бен а доцуш сурте хьаьжира Бексолта, газета кера а ца оьцуш. Цlеххьана Русланан суртах бlаьрг кхетта, катоьхна схьаийцира цо иза.

— Эхl! Хlара хlун ду?

Могlанаш тlехула бlаьрг а кхарстийна, чlогlа вистхилира:

— Эхlей, дела иэккха хlара яздинарг йоккха топ хилла! Суна хlуьттаренна диллина-кхи хlара ши сурт юх-юххе. Дела вала хlара пешахь къохка гуьйриг иккхина!

— И газета дешал ахь. Iайндис боху, дуьхьало ца еш Тамара Руслане дlало аьлла ду цу тlехь.

— Хlун!.. Хlун бахара ахь? Хьайтал! Мичхьа ду?

Газетан агlон тlе лакха а, лаха а хьоьжура Бексолта.

— Цу тlера дийшира-кх суна Iайндис.

— Дийшира, хьо ялан керчийла! Иштаниг яздо газета тlе? Хьо Iовдал-тlуз буй хууш, лейина-кх Iайндис. Iийр варий и шен забарш йитина.

— Вайн Хьамзат ву бохура цо-м кху тlехь.

— Хир вара и-м. Вуьшта, хlара гlуллакх... газета хьалаайира Бексолтас. — цхьамма шортта ахча-бохча а делла дайтина! Хьай делан мостагl! Газетера цхьаъ веана бохуш хезира суна а. Сурташ шаьш юх-юххе тоьхча, йоl агрономе лур ю моьтту! И хьаха ду ца хуьлу. Лур яцара, уьш массо валарх-м. Макина дош делла ас Тамара Таймасхе яла. Эзарза тоьла иза цуьнга елча. Дай оьзда нах бу, шена ала хlума дац...

Цlеххьана дуьхьал йирзира Медина майрачунна:

— I тоьла я ца тоьла хууш дац вай. Амма йоl шена луъучу бен маре-м лур яц!

— Зуда! — мохь туьйхира Бексолтас. — И хlун ду ахь дуьйцург? Наха ехна соьга йоl! Ас елла. Мостагlашка маре ялийта йоллура хьо соьга и йоl, хlара мохк бело? Делавазлор, кхин цу тайпана дош хьан багара долуш хазахь, ас, йоккха яра аьлла ца Iаш, и букъ Iаржбийр ма бу хьан, гlаж йиттина! Со ву кху цIийнан да я хьо ю?

Амма озаяла ца йоллура Медина. Дуккха а хlуманаш Iиткъина хир дара цунна цуьнца цхьана ехаш. Дуьхьал йирзира.

— Етта! Хlинцца етта. Хlай стаг, хlай. Шозткъе итт шо ду Совет хlоьттина. Хlетте а суна хуург ца хаьа-кх

хьуна! Зама хьуна моьттург яц. ЙоІ хьоьгий, соьгий ца хоьттуш, шена луъучу гІур ю маре. Я, хьуна лиъчи а, ас йохуьйтур яц иза, шена луъучу бен. Хьайга кІанта аьлларг дицделла хьуна? Тхойшингахьа хир вуйла ца хаьа хьуна иза?

— Тьфу, наьІалт шу доьзална! И-м гур ду вайна... КІира далале дІаюьгур ю ТаймасхагІар шаьш ехна йоІ.

— Делан вазлор юьгур яц, сан докъа тІехула а яькхиний бен-м, — элира Мединас майрчун бете а еана.

Оцу тайпана шена зуда дуьхьал ер ю ца моьттинера Бексолтина, Макина ша дош луш. ХІинццалц цкъа а дуьхьал йолуш йоцу Медина а ишта тІамца дуьхьал хІоьттича. Хьамзатций, йоІаций къийса гуттар хала хир дара. Ойла ян езара гІуллакхан.

— Хьай, наьІалит хьан зюретана! — аьлла, аравелира Бексолта. Чохь бечу тІамехь хІинца ша ца толан магаран шеко яра цуьнан дагахь. Макина дош делла хуьлуьйтур дацара цо, амма долийнарг чекхдаккха дезара.

VI

ТаймасхагІеран цІенош хьалха а сецца, ков туьйхира Салаудис.

— Ва-а Энисат!

Уча елира йоккха стаг. Хьаьж тІе куьг а лаьцна, дІахьаьжира кетІахь лаьттачуьнга.

— ХІай...

— Балха вахаза вуй Таймасха?

— Чохь ву и-м. Хьо вара хІара, Сади? — цІе кхобуш, йистхилира Энисат.

Учи тІера охьа а йоьссина, чехкка яхана даьстира зудчо ков.

— Хьо ма дика веана, Сади, хІинццалц вогІуш воцу?

— Дера, вогІу оцу хьан кІантана дов а дан, эшахь хІара гІаж а етта.

— Еттар ю-кх гІаж а, етта ягІахь, — ела а елла, элира йоккхачу стага. — ХІун даьлла цу кІантера?

— Чохь дуьйцур ду вай, — аьлла, цІа чу волавелира Салауди. — Керара гІаж сона а хІоттийна, баьрче ваьлла охьа а хиъна, хаьттира цо: — Дехьа чохь вуй иза? Кхайкхал цуьнга схьа.

Энисат араелира. КІеззиг хан яьлча чу а веана, неІаргехь сецира Таймасха. Нана а схьаеара.

— Хьо веана, ваший? — хаьттира Таймасхас. — Лаа лелий хьо?

— Хьай, дуй гIуо хьох! Йовссар!.. Селхана делкъал тIаьхьа, арахь, белхалошна йинчу буткех букъ а тоьхна, хьой, Макий хиана Iаш, хIун дийцира ашшимма?

Лапп аьлла бос байра Таймасхин.

— ХIун дийцира? ХIума, дера, ца дийцира.

— ХIинца суна пуьчуш ботта гIерта хьо?

— ХIун дара и? — хаьттира, ладоьгIуш лаьттачу Эпсата.

— Сайн гIел а велла, оцу бутки чохь агIор ваьлла вара со. Лахахь у дара херадаьлла. Шера хезара суна кхар шимма деш долу къамел. Мака боху и махьарх дуьзна кит ду, тешнабехкаца, ямарталлица, вайн агроном Руслан, кху колхозера иэккхо гIерташ, шена и новкъа хета дела.

— Дера, вац ваший, и-м цунна новкъа...

— Сацийта! Ма дийцалахь суна... ХIинца шен ямарт гIуллакхашна юккъе хIара кIант озо гIерта. ХIун ду хIара шиъ дан гIертарг? Кху шара Iай, Макин ледарлонна, арахь йисина итт тонна картолагаш. ГIора а йина, яхкаелла уьш. ХIара берта а валийна, оцу телханчу картолагашна дина акт хийца а хийцина, кху жIалега харц куьг а яздайтина, уьш талхаран бехк Русланан кочу бахийта воллу хIара шиъ.

— Вай, сан дела! ХIара хIунда?

— Хатта ахь хIокху хьайн кIанте. И Руслан бехке а вина, дIаваккха бахьанаш гулдо-кх.

Вист а ца хуьлуш, корта охьа а бахийтина, лаьттара Таймасха.

— Ой, дера, хир дац ишта-м. Кхунна хIун вон дина Руслана?

— И ду-кх ас дуьйцург а. Ша цавеза Бексолтин Тамара Макас шена ялориг нехан стагана ямартло ян бартхилла-кх кхуьнан.

— Вай-вай! Бакъдуй и, хьо веха ма вахарг?

— Ваший, пана а йолчохь, и эвхьаза хеттарш ца дича а мегар дара, — элира Таймасхас, корта хьала а ца ойуш.

— КIант! вайн мохк ларбеш, тIамехь вийна хьан да. Иза дийна велахьара, цуо хIун эр дара хаьий хьуна, ишта боьху гIуллакх хьоьгара дала доьлча? Ден метта волу, хьан ден шича вай со-м. Шаьш селхана бинчу бартаца, чекх-м ца даькхина ахь Макина и акт!

— ХIан-хIа. Яз а ца дина.

— Дика ду. Тахана я кхана, вайн парторг ВахIид волчохь, Макиний, Русланний хьалхха шадерг дIадуьйцур ду ахь, хьайна тIера оцу боьхачу гIуллакхан бехк дIабаккха лаахь.

— Ваший ма хIоттаве со юьхьIаьржа. ВогIур вац со и дийца.

— Дера вогIур ву. Дог цIан а деш, хьоьга дIадийцийта лаьа суна. ХIинца цу йоIах дуьйцур ду вай. Цхьа сахьт хьалха Макас хьуна ехна и йоI Бексолтега. Цуо лур ю ша а аьлла. Амма ша йийча а хьоьга йогIур яц и, шена Руслан везарна а, дукха хенахь дуьйна и тIехьийзаш хиларна а. Вайн оьздачу нехан Iедал муха ду хаьий хьуна, кIант? Шиъ тIехьаьвзаш хуьлу цхьана йоIана. Амма къастадо цара цунна шаьшшиннах муьлха веза. Царах цхьаъ хоржу йоIа. Вукхо, ша оьзда стаг велахь, йоI шена сил дукха езахь а, вукханна и ялош гIо до. Ахь лелориг хIун ду? Эхь ду ахь тIелаьцнарг.

Беснеш тIе ши куьг а диллина лаьттара нана, Салаудис дуьйцчуьнга ладоьгIуш.

— Хьо ма да адаме! Иэхь дин-кх ахь суна! Стаг йоцу хIума! И йоцург кхин йоI йоцуш висарна кхоьрура хьо? ХIара дуьне а дуьзна бац мехкарий? — бохуш, карзахъяьллера нана.

— Ваший, Макас сайга и дуьйцуш башха реза а вацара со. Делахь а, вохийра цо. Ахь боххург до ас. ХIинца дIавахийта со, — аьлла, кхоккийна юьхь а лечкъош, аравелира Таймасха.

— Тамара бакъахьара йоI, дера, яра. Амма оцу тайпана захало ца деш, и кIант, къематан шо далац, зуда йоцуш вуьсуьйтур вара ас, — элира Энисата.

— Делахь, Энисат, со дIагIор хIинца. ВахIид волчу хIотта деза сан, — олуш, хьалагIаьттира Салауди.

— Сади, кичча юург яра-кх сан.

— ХIан-хIа. ГIоза йоийла, — аравелира Салауди. КетIа кхаччалц тIаьхьа еара хIусамнана.

* * *

Шен ненаца, Бикатуца, Iаш яра Раиса. Да кхелхинера йоI когаяхана йогIуш. Хала кхиийнера Бикатус Раиса. Даа, мала колхозехь болх а беш, тоам балла доккхура. Делахь а, цIен тIехь боьрша стаг вацар гIоьртина дара, доьзалехь духа-туда а, кхидерг а оьшура. Дерриг ма хетта ца хуьлура.

Раиса балха иэха яьлчхьана, кочара мохь байбеллера Бикатуна. ДегIана заьIап хиларна, тIаьхьарчу шерашкахь къаьсттина дукха цамгарш лехьайора цо. Оьшурш дукха дара цIен тIехь. Цундела, нанас шена иэцначу, муьлхха а бехчалган хама беш хуьлура Раиса.

ЦIен тIехь цхьалха кхиарна, йоI елахь а, къонахалла долуш яра иза. Юьртарчу школехь бархI класс чекхъяьккхина яьлча, гIалитIарчу хьехархойн училище заочно деша хIоьттира йоI.

ГIалитIахь доьшур дара цо, амма нана цIахь ша йита ца лаьара. ЙоIа аьллачунна реза хила Iеминера нана. Аьлча а, Iамийнера-кх Раисас. Шена Iайнди тIехьийза воьллачу дийнахь дуьйна, нене, хIумма а лачкъа ца деш, дуьйцура йоIа:

— Мама! И Iайнди дага а воьхна, леш йоллу-кх со! Я цIеххьана хоттура.

— Мама! Вайн да, суна Iайнди санна, дукха везарий хьуна, хьо цуьнга яхале?

Цу тайпана хаттар дича, юхура нана.

— ДIаяла, дIа, Iовдал! Иштта хIуманаш хоьтту нене?

Делахь а, шех хIума лачкъа а ца деш, догцIена Раиса хиларна, йоккхаеш яра Бикату.

Iайндига йоI гIуриг хиларх, цо иза юьгург хиларх, шеко йоцуш, догтешна яра Бикату. Веза а везара цунна шен нуц хила гIерта кIант. ЙоI шегара дIа а яькхина, ша юьтур ю-кх цуо хIокху беа пена юккъе, аьлла, дагадеъча цабезам буссура кийра. Раиса йоцург, кхин амал долуш яцара нана.

Амма йоIа дог дикадора ненан:

— Мама. Хьуна моьтту хир ду, ас хьо, жоьра-баба а йина, дIатосур ю. Суо яхана яьлча, Iайндех дага а яьлла, хьо дIаюьгур яй ас-м. Шек ма яла хьо. Юьтур яц ас хьо хьуо.

— Вайнехан ма ца хуьлу стуннана невцан цIен тIе йоьдуш. Со муха Iийр яра шуьца?

— ДIаялахьа, нана. И цхьадолу шира Iадаташ-м питташ юккъе кхосса дезий. Iайнди нана йоцуш кхиъна. Хазахетар ма ду цунна, йоккха хьо шен тхов кIел хилча. Нана тарлур ю хьох. Вежаршна а хьо новкъа хир яц.

Иштта къамел йоIа дича, сапаргIат долура ненан.

— Дешарна хIун дийр ду ахь, яхана яьлча?

— ХIинца санна, доьшур ду-кх. Iайндис шен гIуллакх лелор ду, ас сайн некъ дIахьур бу. Вовшашца яхье а долуш, лелар ду-кх тхойша.

— Ма йийлалахь йоI майрачуьнца яхье. Вайнехан товш дац иза.

— Товш хIунда дац и, ва нана. ЦIийнан дукъ къийсар даций и-м. «Яхье даьлла шай, соьмал тоьлла» олу вайнаха.

Тахана а цу кепара шен ненаца къамелаш а дина, араелира Раиса.

Ши керт вовшахкхетачу а яхана, мохь туьйхира:

— Ва Тамара!..

— ХIай... — араелира йоI.

— ХIун деш ю хьо? Ялохьа тхан беша. — Аз лах а дина элира: — Бексолтас чомахь юьтур яц вайша шун бешахь.

Керта юххе еара Тамара.

— Дада цIахь вац. Балхахь ву. Схьаялуохьа кхуза. Охьахаий вайша дIо шу йистерачу гIанта.

Шайн-шайн бешахула Янсу гучу шуйисте а еана. гIанта охьахиира ши накъост.

— Тахана фермехь яц хьо?

— Выходной ю со. Амма делкъал тIаьхьа собране йола-м аьлла, — элира Тамарас.

— Со а еъча хIун дара-техьа хьоьца?

— Йола... ЭхI, Iайнди вуьйцуш, садаIа юьтур яц ахь со цигахь. Ма йоьллахь!

— Дера, вуьйцур вац, ахь Русланал дукха-м.

— Хьажахьа, Рая. Газета тIе тоьхница сан, Русланан сурт. Юх-юххе ду ший а. Дадас йоккха бунт иэккхийтина хилла тахана Iуьйранна, шена и сурташ гича. Мамас дIалачкъийра со, дадина ца гайта. Левсий санна, вуса а велла, чуваьлла и тахана. ХIун ду-м ца хаьа. Таймасхас ехийтина бах со. Цуьнга ца яха, оцу дIо гуш болчу бердах иэккхар яра со.

— ХIун аьлла Бексолтас еха баьхкинчаьрга?

— Ло ша. Амма суна ницкъ бан дада гIоьртий?.. До свиданья, дорогой папаша, эр долуш ю со.

— Кхин дан а дац хьуна, Тамара, — элира Раисас. — Руслан цул тIаьхьа гиний хьуна?

— Селханий, таханий ца гина, — элира Тамарас доккха са а даьккхина.

Стомма чIаба, хьалха а яьккхина, юьххьера юха а юьйцина, тIехьа тесира цуо.

— Сан Iайнди-м, керахь пондар а болуш, шайтIа санна, цкъа схьаэккхаза ца Iа дийнахь. Мама йолчу а хIутту, цхьацца бегаш а беш. Нуц хила гIертарг эвхьазаваьлла шеца, алан дага а ца догIу нанна. Тамаше ду иза.

— Тамаше дац иза Рая. Оцу тайпана кегийн гIиллакхаш эзар-эзар ду вайнехан. Уьш а ду хийцалуш.

Елаелира Раиса.

— Руслана хьехна хир ду хьуна и Iилма?

— Хьехна... Иэхь ду и ткъа?

— Дац, дера-кх.

Вовшийн мар-мара а яхана, гIийла йиш йолийра шина йоIа:

Схьаккхета малх схьаккхетале,
ДIабузу малх дIабузале,
Долу боху вайша вовшех,
Дийцал, кIорни, дагахь дериг.

Хьан дагара суна хаале,
Сан дагара хьуна хаале,
Долу боху вайша вовшех.
Дийцал, кIорни, хьайн дагара...

Йиш сацийна, елха а озийна, элира Тамарас:

— Жимма елхий вайша, Рая?

— Елха, дера, хьуна лаахь-м.

Ший, мара а иккхина, елха хиира. Цхьа минот а яькхина, бIаьргех кхохкийна хиш а долуш, вовшашка а хьаьжна, гIадъяхана елаелира.

— ДIорчу малхор яьлла вайша ший а хьера! — элира Тамарас.

— Яла-м дера ца яьллера вайша, оцу шина жIаьло яькхина-кх. ВаллахI, ца хаьа суна и сайна сел дукха хIунда веза! Ирча а ву, безам боцуш а ву, чам боцуш а ву, хIетте а веза-кх суна и Iайнди!

Юха а, мара-мара а яхана, багахь узам болийра шина йоIа. Церан эшаран мукъаме ла а доьгIуш, меллаша тIевогIура Iайнди. ТIекхоччушехь, керахь болчу пондарх пIелг а тесна, йиш йолийра:

Аш ма лохур бу шайн безамаш,
Шуна ма карор бу шайн безамаш,
Суна ма нана яларг карор яц,
Сийна стигал йоьлхила сан къина.
Суна ма Раиса карор яц,
Iаьржа латта доьлхийла сан къина.

— ДІаваьл дІа, Чамзаркъа! Латтий, стиглий-м, дера, доьлхур дацара хьан къина «чІишкъ» баькхина а. Карийна хьуна, ва кІант, хьайн безам! Карийна! Цициг санна, хІокха бешана гуонах а ца хьийзаш, дІайигий валахьа хІара, айхьа йигахь! — гІантара хьала а гІаьттина, элира Тамарас.

— Йиш яц, дукха яхарг, хІинцца йига йиш яц!

— Ой, ишта олу къонахчо? Йоі йогІуш хилча, йиш яц бохург хІун ду? Маца юьгу ахь хІара?

— И хьан бакъона тІехь ду?

— И бохург хІун ду?

— ЧІагІо йина асий, Русланий шу шиъ цхьана буса дІа а йига, вовшахтоьхна, цхьа ловзар а дан.

КІажъяхана елаелира ши йоІ.

— Адамашна хезний и? И хІун ду?

— ХІун дуй, мила дуй дан а дац, — элира Іайндис. — Шаьшшинна тхойша везахь, цхьана буса ян хан юьллур ю ашшимма. Йосса а цхьанхьа йийр ю, кирхьанаш а юх-юххе ухкур ду. Ловзар а цхьаъ дийр ду.

— Ой сан дадас... — олуш, йолаелира Тамара. Дашана юккъе иккхира Іайнди:

— Виталахь хьайн дада, ша волччу! Шена хьан нана дега хоьттуш ялиний цуо? Цул а дийцал ахь, Тамара... Газета дешний Бексолтас? Пунжа гІаттийний кхуо?

— Дера, гІаттийнера, чохь цІе яьлча санна-м. Таймасхина со ехна бах Макас дадега. Дадас со елла бохуш а дуьйцу.

— ХІинца иштта паргІат дуьйцу ахь иза?

— Эшша! дера, дуьйцу. Дадега хоьттуш гІур яц со маре. Таймасхий! Стерчашна гор-моза санна, ваьлла и суна тІаьхьа. Амма аьлла ас цуьнга: ма бетта эрна додеш. ЙогІур яц со хьоьга, дадиний дайна, хІара дуьне йоккха топ хилла иэккхарх. Макас аьлча, дадас со дІалуш, цунна лиъча со йоьдуш! ХІе!.. Цахиндерг дуьйцуш са ца къерало сан. Ас шортта оьрсийн литература ешна. Сайн бакъонех кхетта со. И бакъо соьгара дІаяккха ницкъ бац кху горгачу дуьненахь.

— Гуттар вуьйцуш дада ву хьан, Тамара, — элира Іайндис. — Цуо и захало дие аьлча, малхехь ло санна, ешна ІанагІорий техьа хьан чІагІо?

— Ма кхералахь, Іайнди.

Керта юххехула схьавеана гучувелира Руслан:

— Дика мел дерш, мехкарий!

— Диканца вехийла хьо, Руслан.

— Шу ма дика Iаш ду?

ГIантахь Iачуьра меттахъхьайра Iайнди:

— Дика муха ца Iа тхо? Хаза яьлла бIаьсте ю, декаш олхазарш, даьлла зезагаш ду, бIаьрго ма лоццу даьржана. Кийра буьззина хазчу йоIе бахана безам бу.

— Безам шортта бара вайн массеран а кийрахь. Амма шортта тIехIиттина белхаш а бу-кх вайн арахь. Зезагаш а хьехош, салтийн топ санна, керахь пондар а ловзош, хьо лелачохь дуй-те, Iайнди?

— ЭхI-хIай! ЦIе хала ахь дуьйцучун! Вайшинна цхьа хаза захалонан пхьола деш воллура со, схьа а иккхина болх бийца хьо ца хIоьттинехь. Ма кхера хьо, Руслан. Баппи доцуш вуьсур вац хьуна хьо а, хIара юрт а, сан «Михаил Ивановичан» кийрахь болатан дог мел деттало! — элира Iайндис.

— И мила Михаил Иванович ву? — хаьттира Раисас.

— Шен тракторна цIе тиллина кхуо «Михаил Иванович». ХIу тосургах «Танечка» аьлла.

— Ватта! — куьйгаш вовшах а тоьхна, елаелира Раиса. Цунна тIаьххье Тамара а.

Лулара мохь хезира Раисега кхойкхуш.

— ЭхI-хIай... мама кхойкху соьга... Хаза Iелаш, — аьлла, шайн беша дIахьаьдира Раиса. Тамарина ца гойтуш, бIаца йира Руслана Iайндига.

— Со хIун деш Iийр ву кхузахь? Руслан... Ара кхаш тIе воьду хьуна со, — олуш Iайнди а гIаьттира.

— Дика ду. Хье ца луш, со а дIавогIу.

Ший а дист ца хуьлуш жимма хан елира.

— Сагатдорий ахь? — хьастагIа санна, хаьттира Руслана, Iайнди къайла ваьлча.

— ДIаваьл дIа! Со жимма а хьайна езаш хиллехь, ши де даккхалур дацара хьоьга со ца гуш, — элира Тамарас, дегабаам бечу азца.

— Болх дукха ма бу, Тамара.

— Ферме веанехь ца магара хьо?

— ГIуллакх ма дацара сан цигахь.

— Езаш ерг ган эзар бахьана карадо, лиьча.

— Со хIунда веана хаьий хьуна? Ненаца дийцарий ахь?

— Нанас-м хIума ца бахара. Дада ву-кх чIогIа дуьхьалваьлла. Тхан Хьамзате Iаржъяллалц йоьттийтур ю ша боху суна, кхин хьоьца лаьтташ хаалахь. Доллачул хазаниг кхин ду. Тахана вайшиннан сурташ тIехь долу

газет дайна, гуттар хьераваьлла дада. И гина цунна, Таймасхе дIалуо, аьлла, Макас шега со ехча.

— Ахь баккъал бах? ТIаккха?

— Дадас со лур ю ша, аьлла.

ГIантара хьалаиккхира Руслан:

— ТIаккха? ХIун ду-те Бексолта сел чIогIа суна дуьхьалвалар? Ас цкъа а вон ма ца дина цунна.

— Макица хьан меттиг дика цахилар а, хьалха заманахь вайна юккъехь мостагIалла хилла хилар а ду бах нанас цо схьалоьцург.

— Ой. Хьан да дуьнена а валале, машар бина, дIа ма даьлла и дов!

— Руслан! Хьо стенах вогу? ХIара дуьне тIекIел даларх, хьоьгий бен со маре ца йоьду-кх!

— Ас аьллачу дийнахь соьга ян реза ю-кх хьо, хIета?

Елаелира Тамара. Коьртара косинка та а йина, элира цо:

— Хьонкан нIаьна хилахьара кхунах! Ахь хIа-хIан аьллачу сохьтехь кичча ю-кх со. Iайндис бах со а, Раиса а цхьана буса дIаюьгур йолуш барт бина. Забар йо цуо я иштта дийцина аш?

— Забар яц. Ваша санна, хьоме хеташ, сан мерза доттагI ву Iайнди. Цхьана дийнахь йига а, ловзар вовшахтоьхна дан а чIагIо йина оха шимма, шу шиъ реза елахь.

— Дийцира оха иза хIинцца. Реза ю тхойша.

— Делахь, шек ма яла хьо. Цкъа соьга хьо еана яьлча, дохко вер ву хьан да хIинца ша лелочунна. Суо цунна везавалийта хуур ду суна. Хьамзат дуьхьал хир вац. ХIинца дIасакъаста вайша?

— Дика ду, — элира Тамарас. — Дукха хан ю со араяьлла а.

— Делахь, кичча хилалаш, «хIа-хIан» аьлча араяла...

ДIасакъаьстира йоI, кIант.

VII

Малх чубузу хан яра. Керта гулбеллачу звеньевойшкара дийнахь бинчу белхан сведенеш иэцца, шен кабинета чу веара Мака.

ТIаьхьарчу хенашкахь дерриг тIехIуьтту гIуллакхаш дан ца кхуьура иза. БIаьрг тоха беза меттигаш хьалхачул дукха яра. Машинаш дукха гулъеллера колхозехь, белхалой сов бара.

ХIор сахьто цхьацца керланиг дахьара, иза а дан дезара, важа а дан дезара, маситтанхьа ша ваха везаш меттигаш нислора. Чолхе дара колхозехь кху тIаьхьарчу шерашкахь гIуллакхаш. Ша куьйгалла деш болу бригадираш, звеньевойш сов бохур бара, шена аьттона. Амма керара архаш дIахецар хуьлура иза. Дан дезаш гIуллакхаш, де-дийне мел дели, IаьIаш лаьттара.

Массо хIума айхьа дан а, массанхьа кхача а кхуьур вац хьо, лахарчех теша, бечу белхех цаьргара жоп а деха, тIаккха ерриг план кхочушъя кхуьур ву хьо, олура Руслана. Болх кхечу кепе берзо безийла хаара Макина. Цхьадолчунна бакълуьйш хетара агроном. Лара ца вора Мака, гIуллакхийн дукхалла.

ХIете а, Руслана и стенна боху хьанна хаьа?

Кхин цхьаъ дара. Воккхалле ластарна делахь а, дилха сов гулделлера Макехь. Хьалха санна тIахаьлла вацара, лела ца лора, сиха кIадлора.

Малх хьала а балале колхозан правленин керта вогIий, контора чохь Iай, собранешка воьдий, мастерскойхь я арахь лелий, буьйса юккъе йоьдуш цIа а вогIий, дIавуьжура. Iуьйранна хьалагIаьттича, юха а пондар санна хуьлура дегI.

ХIинца и дацара. Цаваьллачу денна лелара Мака аренашкахула.

Цу тIе, хIинца хIара агроном а вара, хIуманах тоам ца беш, иза де, важа де бохуш, хьийзаш.

Чухула волавелла а лелаш, иштта ойланаш йора Макас. НеI ца тухуш чувелира Таймасха.

— Ахь кхайкхарий соьга, Мака?

— Кхайкхара. Ши де хьалха вайша арахь дийцинчух хIумма а диний ахь?

— Ца дина, — элира Таймасхас.

— Вайшимма дийцина акт туо ца дина ахь?

— Туо а ца дина, дийр дац, — жоп делира Таймасхас Макин бIаьргаш чу ши бIаьрг а боьгIна.

— ХIун хилла хIинца? Со-х хьан гIуллакх Бексолтица дийца дийцина, Тамара хьоьга ялан реза ву ша цуо а аьлла, ваьлла.

— И дIадаьлла.

— ХIунда?

— Руслан цIена белхало ву, цхьаьннан а шена ала хIума доцуш. Тамарина веза иза. Со цунна ца везаш хилча, де-ненехула, йоIана ницкъ беш, сайна зуда яло реза вац со.

Оьгlазвахарна макхвелира Мака. Вуса а велла, бlаьргийн негlарш ваьшта а дахкийтина, Таймасхе дlахьаьжира:

— Ткъа хьайн дош кхочушда хьуо стаг ца хилча, пуьчаш буьттуш, сан корта хlунда хьийзийра ахь?

— Оьгlазвахча вон дош олуш хуьлу стага. Русланна аса а аьлла. Меттавеъча, аиса йийриг харцо юйла хиъна суна.

— Э, ишта стаг ваний хьо! ДIагlуо хьайна! Суна хьох моьттарг-м аьттехьа а ца хилла. Боьрша вац хьо...

Цкъа жимма тlеволавелира Таймасха Макина. Юха а сецира.

— Къематан шо дагlахьара хьуна со къонаха хетале! Хьо воккха хиларна, кхин хьоьга хlума ца олу ас. Цхьа де тlехlоьттича бен ца хаьа къонахчалла хьаьнгахь ду!

Аравелира Таймасха. Таханалера де кхоччуш доьхнера Макин. Оьгlазвахарна мерах шок а лоькхуш, волавелира иза кабинета чухула. Вехха лийлира ойланаш еш. Иштта и лелаш, чувелира парторг Вахlид, ткъе иттех шо хир долуш, лекхачу дегlахь, векъна, хьаьрсачу аматахь стаг. Дегl нийса латтадарехь а, тlеюьхинчу бедарехь а эскарехь леллачу стагах тера вара иза.

— Де дика хуьлда хьан, Мака.

— Диканца вехийла. Хьо вара хlара, Вахlид. Схьанехьа вала.

Гlант тlехилийра Макас, ша охьа а хууш.

— Мака, со-м и хьастаха вайшимма дийцинчу гlуллакхана ма веанера. Тахана къасто еза вайша хьан оцу Русланца йолу юкъаметтиг. Ишта меттиг, къаста ца еш хье мел ели, кlарглуш, зене йолу.

— Къасто еза. Кхин садетталур долуш вац со цу гlуллакхашна.

— Ас теллина шу шинна юккъе дерг, суна хетарехь, кlезиг хlума ду ахь цунна тlетеlориг.

— Баха а бохий ахь, Вахlид! Некъаш ма цоьсту сан оцу стага, — шогачу азца элира Макас. — ХIумма а воцург ма вина со цуо колхозхошна хьалха. Тхойшиннах цхьаъ дlавала веза кху колхозера. Витац со цуо.

— Хьо ваха лоь хьо, Мака, харц. Я хьуна цуо вон дош а ма ца олу. Схьакхайкха ас Руслане...

Аравелира Вахlид. Стол тlера кехаташ, папканаш дlанисъя хlоьттира Мака. Цхьа минот яьллачу хенахь чубаьхкира Вахlидца, Руслан, Бексолтий, Салаудий.

Уьш чубовллушехь, элира Макас:

— Хьо соьца гІуллакх долуш вуй, Салауди?

— Вита ахь Салауди. Ас валийна иза.

Берриш охьахевшира. Стоьла хьалха ирахІоьттира председатель.

— Делахь, ВахІид, дийца доладо-кх ас. Хьажал хьо, ВахІид. ХІокху бІаьста комплексни бригадаш а йина, болх болийра вай. Оханаш дина, ялташ дІадийна а девлла вай, жимма меттигаш ца йийцича. Районехь отчет а елла вай бинчу белхех. Даладелла гІуллакхаш дацахь а, бІаьстенан планаш кхочушйина вай. Лакхара бехкамаш тІелаьццера вай ваьшна, «Ламанан беркат» колхозца яхье довлуш. Цу тІехь а иэшна дац вай, цхьаболу белхахой вайн кампани йохо гІертташехь...

— Оцу «йохо гІертачийн» цІераш а йохуш, дийца ахь.

— ЦІераш а йохур ю ас. И гІуллакх дохо гІиртанарг, хІара Іаш волу агроном ву уггар хьалха. Правленино хІитто планаш шена луъ-луъучу агІор хьийзайо цо.

— Маца йохийна ас правлении план? — вагийнчу мукъамехь хаьттира Руслана.

— Собар. Дуьйцур ду ас. Плана юккъехь йоццушехь шийтта гектар къастиний ахь, цхьаьнгге ца хоттуш?

— Керла хІу даккха, ас цхьажима куп къастаярх, план лах ма ца ло вайн.

— Собар, Руслан, собар, — элира ВахІида.

— Хьажал хІинца. ДІа «Коканан арахь» аьхна керла меттиг. Оххушехь гомха ахийтина кхуо иза. Оцу Іачу инспекторо Салаудис, дика ца аьхна аьлла, юха ахийтина ас. Хьан дина колхозана и зен? Оцу Іачу Руслана дина.

Іа ца велира юха а Салауди.

— Иза а бакъ дац хьан, Мака. Ас дуьйцур ду шуна...

— Собарделахь, Салауди. Дийцийта Макега.

— Фермашкахь цхьацца гІишлош ю еш. Лакхара схьаелла типовой планаш йохош, шена хетачу тІехь яйтина кхуо уьш. Колхозана зенаш хиларх, лерган-дуьхьиг ухьуш вац вайн агроном. Амма дерриге а кхачош ду, Руслана яхкийна итт тонна кху шара хІуна йитина картолаш. БІаь туьма сов зен ду иза...

Хьалаиккхира Руслан.

— Со хІунда ву цунна бехке? Хьо ма ву уьш яхкийнарг!

— Хьо хIунда вай? — Стоьлан гIутакхара кехат схьадаьккхира Макас. — ХIара акт гой хьуна? Шен хеннахь хьо хьажа а ца хьаьжна, гIорийна и картолаш.

— Комиссино бехке веш со ма вац оцу акти тIехь.

— Ткъа мила ву? — дар а велла, мохь туьйхира Макас.

— Хьо ву-кх! Хьо!.. ХIара сан кехаташ гой хьуна? — Шен портфель чуьра бIаьрган негIар тохале ши кехат схьадаьккхира Руслана. — Соьгара ледарло а яьлла, яхкаелла бах-кх ахь и итт тонна? ХIара кехаташ Iа долале дикка хьалха яздина ас хьоьга, картолагаш арахь ваьлнаш кIел ма йита, гIорор ю уьш, аълла. Амбар чу йохкийта бехарий ас хьоьга? ХIара кехаташ дицделла хьуна? Шозза ас хьайга яздиннашехь, ца дира ахь кхара бохург. ХIунда ца дира? Мало еш. Мака! Хьо кхоччуш вон председатель ву ца бах ас. Цхьацца гIуллакхаш тIехь хьайний бен хIумма а ца хаьа моьтту хьуна. Цхьаммо бохучуьнга ла ца дугIу ахь. Иштта хила вогIу ткъа коммунист?

— Бакъдуй, Мака, Руслана бохург?

— Дац. Амбараш еса яцара хIетахь.

— Гой шуна? Сила йоккхучу юьртахь итт тонна картолагаш дIаIалашйойла ца карийна-кх хьуна! Партал ву хьо, Мака, жимма партал! Кхин хIумма а дац.

— Иштта атта ду моьтту кхунна уьш чохь латто меттиг лаха. Бага етта санна, атта дац гIуллакх дан.

ХьалагIаьттира Салауди.

— Оцу картолагех дерг аса дуьйцур ду шуна.

— Хьуна хIун хаьа? Хьо охьахаал, Салауди, — элира Бексолтас.

— Со хIунда хоу охьа? Вист ца хуьлуш, сонехь Iачу хьан а бу цхьа болу бехк. Хьан, Макин сан шичан кIант Таймасха вуьйцуш хиллачу къамелех а хаьа суна, шу шинна юккъехь, цхьа къайлах «нун» доллуш меттиг юйла.

Хьалаиккхира Бексолта.

— Дела къорIанор луьй хьо харц!

— Бексолта, собар... Охьахаал. Дийцал Салауди тахана айхьа соьга дийцинарг.

— Ши де хьалха арахь вара со. Дукха лелла кIад а велла, белхалойн бутки чу и вахана, агIор ваьллера со. Шуна ма хаъара, воккхалла хала мохь бу. Цу метте, буткех букъ а тоьхна, охьахии сан шичан кIант Таймаскхий, хIара Макий.

— ВаллахI бу, хи санна, аьшпаш!

— Собарде, Мака. ЛадогIа ахь...

— Далхи кхуо хIара Руслан шена новкъа хилар, колхозера хIара лалла шен безам хилар. Кхин хIума ца карийна Макина, схьагарехь, Русланна тIехь кхолла. Дийци кхуо Таймасха бохучу оцу жIаьлига, ша доккха гIуллакх дийр ду, цуо оцу картолагашна дина акт Руслан бехке веш хийцахь бохуш.

— Бакъдуй и, Мака? — хаьттира ВахIида.

— ЦIена аьшпаш бу уьш!

— Дика ду. Аьшпаш бу бах ахь? Делахь Таймасха чу а валавай, шега дийцийта ас цуьнга? Ахь Таймасхина дан тIелаьцна гIуллакх дийций ас, хIара Бексолта хьалха а волуш?

ГIар-тата яйнера Макин.

— Со хIунда вуьйцу ахь? — хаьттира Бексолтас.

Юха а вирзина, вехха Бексолтега хьоьжуш лаьттира Салауди.

— Бексолта. Дийца мегаш дерг а, доцург а хууш ву со. Хьо юьхьIаьржа хIотто ца лаьа. Хьоьга хьайгга дуьйцур ду ас. Кхузахь дийца ца оьшу иза.

Чувелира Iайнди. Чохь болчаьрга дIаса а хьаьжна, неIарехь сецира. ХьалагIаьттира ВахIид, къамел дан.

— ХIа-хIан, Мака. Хьо къеравелахь а, вацахь а, хIара Руслан бехк боццушехь бехван хьо гIертар гуш ду. И ца дуьйцур вай.

ВахIидан даша юккъе иккхира Мака:

— Собарделахь, ВахIид... Iайнди хьуна мила оьшура? ГIуллакх ду тхан кху чохь...

— Суна бахий ахь? Суна и Iаш волу Бексолта оьшу. ЦIахь чIогIа иза хьаштдолуш меттиг ю. Лаьррана Мединас, Хьамзатий ваийтина со цуьнга кхайкха.

— ХIун хилла хIинца? — реза воцуш, хаьттира Бексолтас.

— ХIун хилла-м хуур ду хьуна. Масса цIа гIуо хьо.

Аравелира Бексолта. Iа а ца велла, хаьттира Макас иза араваьлча:

— Баккъалла а хIун хилла цига?

— ИоI маре яха цуьнан сахьт хьалха.

— Ой. И хIун ду? Хьаьнга яха иза? — цецваьлла, хаьттира Макас.

— И, дера, яха оцу лаьттачу Руслане.

— Руслане? — баккъал тамаша беш хаьттира Макас. — Бакъдуй-техьа?

Велавелира Іайнди. ДІа а вирзина лаьттара Руслан.

— Дера ду, вай хІокху чохь Іар санна-м. Бакъ муха ца хуьлу иза, и йоІ дІайигинарг со суо хилча? Нуц волчохь Бексолта Іер там а ца хетта, цІа ма хьажин ас иза...

Чохь мел верг велавелира. Бийларш, дийцарш лагІделча, нус декъала еш, Руслане дош элира ВахІида. ТІаккха Іайндегахьа вирзира.

— ХІинца хьецалуш хьайн гІайгІа бан беза ахь. Ши доттагІ вац хьой, Руслан?

— Ву къорІанор. Ма кхералахь. Сайн гІайгІа а бина ас тховса.

— Муха? ХІун?..

— Раиса боху алкханчи суна дІатакхийна...

Юха а чохь мел верг велавелира.

— Даьдиса хьан, Іайнди, — элира Макас, воьлуш саца а ца луш, — нехан цаІ йига а ка ца йолуш, ахьа-м цхьана буса шиъ ма йигина...

— Мака, — элира Іайндис. — Шу кхуза хІокху сахьта хІунда гулделла хаьа суна. ХІара лаьтта Руслан, нанас вина вацахь а, сан ваша ву. Кхунна диканиг хилча а, вониг хилча а суна дакъа кхочу. Кхана Іуьйранна вайна схьакхета болчу дашочу малхор, хьуна вониг ма ца олу кхуо! Хьо лара а ма лору. ХІара хьайна дуьхьалваьлла аьлла, айхьа кхоьллина ахь. Цунах хьуо теша а тешна. Бакъ ма дац иза! Со шул массарел жима ву. Шуна хьеха а ца гІерта со. Амма, Мака, стаг асар деш йолчу метигах тера хила ца веза: дерриг «схьада, схьада», бохуш. Ткъа хьо, Мака, метигах тера ву. Айхьа аьлларг бен нийса ца хета хьуна. Нах ца лору ахь. Хьайн даг чохь хІумма а мекха ца юьтуш, куьйгах куьг а тоьхна, юкъаметтиг нисъяхьара ахь кху Русланца. ВахІид. Ас хьоьга а доьху.

Стоьла юххе Іаччьра хьалагІаьттира ВахІид.

— Нийса боху. Цкъа уггар хьалха эр ду ас: зударий декъала хуьлда шу шиннан, Іайнди! ХІинца, Мака, хьан, Русланан йолчу юкъаметтигах... Партийни организацехь дуьйцур ду. Амма кхузахь а юкъадаккха мегар ду иза. Руслан, Мака метигах тарво хьан доттагІчо. Суна хетарехь, хьо аьчган пешах тера ву. Лов аьлла цІе летча цІийлуш, ян ма яйннехь, дакъа санна, шеллуш, хила ца веза стаг. Хьо иштта ву. Оцу сохьта айхьа бохург ца дича, мегаш вац хьо. Цхьана эшшарехь гІуллакх дан а, айхьа бохучух кхетош, нах тІеберзо собар ца хуьлу хьоьгахь. И Іаш волу Мака хьан да хила мегар волуш

ву. Цуьнга шога дош ала кийча ву хьо, айхьа бохург цо ца дича. Мака нахах дага ца волу бах ахь. Хьо хьуо а ма ву пшта. Цундела моьтту суна, шу шиъ вовшашка ладугIуш хила веза.

— ЦIена бакъ ду иза, — элира Салаудис.

— Пачхьалкхан цхьа дакъа ду вайн юрт а, колхоз а. Берцан буьрттигал сурх йолу цхьанхьа дегIа тIе. Адамана хаъал цатам бо цу цуьрго. Оцу сурхал а яц, пачхьалкхана хьалха вайн юрт. ХIетте а, вайн колхозехь гIуллакх вон хилча, дийнна халкъана, вайн пачхьалкхана зен ду иза. кIезиг делахь а. Хьажал, Мака, хьайна хIара Руслан кIел хуьйшуш ву боху ахь.

— Бах-те, — элира Макас.

— Бакъ дац иза!

Стоьла тIехь Iуьллучу шен портфель чуьра ши кехат схьадаьккхира ВахIида. Басаршца дукха исбаьхьа яздина, дашо элпашца зорба тоьхна дара царех цхьаъ. И кехат дIауьйхьира ВахIида Макега.

— ХIара гой хьуна, Мака. Хьуна вайн Лакхарчу Совето баркалла олуш даийтина совгIат ду хIара. Грамота... ХIара цхьамма хьан болх дIа ца гайтича, шашах луш доцийла хаьий хьуна?

— Хаьа, — элира Макас.

— Ткъа хьан болх дIагайтанарг мила ву хаьий хьуна?

— И-м ца хаьа суна, — жоп делира Макас.

— И Iаш волу Руслан ву хьан болх базбинарг, тхох дага а ваьлла хьуна хIара совгIат даьккхинарг.

Важа кехат дIагайтира ВахIида.

— ХIара гой хьуна? ХIара ю цо хьан хьокъехь яздинчу кехатан копи. Вай районе а дахале яздина цо хIара. Ша хIара яздина аьлла, Iаьржанна а, кIайнна а хьоьга хьахиний кхуо?

— Дера ца хьахийна.

— Ткъа ма вац иза хьуна кIел хуьйшуш! Теший хьо хIинца?

— Теша...

— Собрани а гулйина, цигахь дIаяла дагахь вара со хьуна хIара грамота. ДIаэца хьайна, — аьлла, Макин куьг а лаьцна, дIаелира цо награда. — ХIара Руслана шен куьйга яздинарг а ду хьуна.

— Баркалла, ВахIид. Доккха баркалла хьуна а, Руслан. ГIалат хилла со. Бехке ву со шуна хьалха. ХIа,

схьада хьайн куьг. КъинтIера вала суна, — олуш, тIеveара Мака. Хаъал дегош дара цуьнан балдаш, Руслана хьалха дIахIоьттича.

Куьг а делла, къевллина маравоьллира Макас Руслан.

— ХIинца дуьйна дIа дика хир ву вайша вовшашца, — элира председателя.

— ХIай-хIай! — эккхийтира Iайндис гIадвахана. — ХIара ду хьуна гIуллакх! ХIинца цхьаъ ала мегар дуй ас, ВахIид?

— Алал.

— «ГIалди-булдий царна, кай-бож вайна», тхойшинна ши нускал, тхан цигахь доссийна. Цхьана деш ловзар а хир ду вайн. ХIинца, Мака, хьой, хIара ВахIид, Салаудий тхоьга дагIахьара ловзарга.

— Дера, догIур ду, — элира Макас. — Кхеран дерг хаац, со, тоьхна, хелха а вер ма ву.

— Лаббайк, — элира Iайндис тамхилла.





НОВЕЛЛIАШ

ХIокху декъа тIехь зорбатухуш долу хабарш тIеман заманал хьалха яздина ду. Царех цхьадерш, хIеттахьехь, периодика тIехь арадийлла. Дукхахдерш цкъа а зорба тохаза ду. Кхузахь далош ду кхо-диъ хабар тIаьххьарчу шерашкахь авторо яздина.

МАЛХ

Iаьнан чиллахь, иэккха доллуш шийлачу дийнахь, стерчий доьжна, хьуьнах, дечге вахана хилла къена Эска.

Дечиг хьокхуш а, цIандеш а, варда юттуш а башха шело хаалуш ца хиллера Эскина. Дерриг дина а ваьлла варданахь цIава новкъа ваьлча, гIел а, мац а веллачу Эскина шело Iаткъа йоьлла. Охьаэккхий варданца уьдуш, юха тIеволий, хьаьрччий охьахууш вогIучу Эскега цхьана а тайпана лалуш ца хилла тIетаьIна шело.

— ОстопуьрлахI — аьлла Эскас ша шега, — хIинца кхийти-кх со «цIа дагахь а цIе тоьла, кха дагахь а малх тоьла» бохучух. Хама бан безаш хилла цIеран, маьлхан!

— Нузарийца, яьIница тIелоцу ас цу маьлхан хама беш, таханлера де дага а лаьцна, Iаьнан духар а дуьйхина, сарралц сайн цанин дакъа хьокхуш, мангалахь валла!

ЙогIуш тIехIоьттина мангалан хан.

Догуш, хье кхехкош, довха денош хIиттира. Ша Iай йина чIагIо кхочушъян вахара къена Эска.

Шен цанин декъа тIе ма кхеччинехь, йовха кетар тIе а юьйхина, къевллина юкъ йихкина, коьрта, хола санна боккха, месала куй а тиллина, цу тIехула машин башлакх а хьарчийна, наьIаран мачаш юьззина чу лоьдгаш ехкина, куьйгех кердиган каранаш доьхкина, хьераваьлча санна, мангал хьакха хIоьттина Эска.

Хьацаран хIорд Iийдалуш и воллуш гина мангала баьхкинчу нахана.

— Же, же, къена Эска хьераваьлла! — аьлла, схьахьаьлхина адамаш.

— Ой, хьо хьераваьлла я иэгIийна? ХIун ду ахь лелориг? — хаьттина цара Эскега.

— Дера, ца ваьлла со-м хьера. ХIокху маьлхан хама беш воллу-кх, — жоп делла Эскас.

Iай ша шелвалар а, ша йина чIагIо а йийцина Эскас нахе. Бийла а бийлина, шай-шайн цанийн дакъош тIе дIасабекъабелла юьртахой.

Шена тIера гIирс дIа ца боккхуш, сарралц мангал хьекхна Эскас.

ДЕНДАЙ, КIАНТТИЙ

Мангалан хенахь, довхачу дийнахь дай, кIант, бархI шо кхаьчна кIентан кIант мангала бахана.

Тхи дожале, мангал хьоккхуш кайолура воккхачу стеган, шен кIантал тIаьхьа а ца вуьсура.

Делкъа хенахь, кхоамаза догIмаш доттуш, бохбеллера малх. ТIаьхьа виса велира къена дада. Кест-кеста соьцура. Коьртара бIегIаган куй дIа а боккхий, хьацар дIадоккхура хьаьжа тIера.

Ткъа цуьнан кIант, хи чу Iоьттича санна, хьацаро вашийнехь а, хьалха дIаоьхура, хьаькхначу цанин шуьйра кес тIаьхьа а дуьтуш. Хаза хьожа яра хьаькхначу алах гIуьттуш.

Жима кIант, моьлкъарчий лелхош, полларчий, цаьпцалгаш лоьцуш, лелара ловзуш.

Наг-наггахь воккхачу стаге, юха а воьрзуш, олура кIанта:

— Сихо е, дада, тIетаIалахь. Делкъале хIара аса чекхъяккха еза вайша.

Вист ца хуьлуш, оьгIазвоьдий балхана тIетаIара воккха стаг, кIантана тIаьхьакхиа гIерташ. Вехьаш даIара са. Хьоккхучу цанин аса тIеттIа гатлуш йоьдура.

— И хIун ду хьан, ва дада? Кес даьхьина аса яц иза-м. Бахтар ду-кх. Шуьйрра ластабе мангал, — мохь тоьхна юхавирзинчу кIанта.

Йоккхачу тоьпан хIоъ санна, иккхина дог этIаш вогIу воккха стаг:

— Мила Iамо гIерта хьо. Цул а айхьа хьакхаза юьтучу йистошка хьажа!

КІант тІевеара дена. Реза воцчу азца хаьттира:

— Мичхьа йитина ас хьакхаза меттиг?

— ДІо шув юххера гой хьуна? ХІара а. ДІо коьллашна юххехь ойуш хьаькхна ахь мангал. Нисса ах йол юьсу, хьо тІех ваьллачохь.

Къийсаме ваьлла дай, кІант.

Оцу хенахь ведда тІевеана дена жима кІант. Баьшначу коьрта тІера, хи санна, Іийдалуш хьацар а долуш.

— Хьажал, дада, ас лаьцна чхьаьвриг, — аьлла кІанта дега. Гой хьуна кхуьнан маІаш?

— Дика ду, дика ду, — вистхиллачу дас, шен коьртара схьа баькккхина бІегІаг куй кІентан коьрта тиллина. — Хьада, вало ловза хьайна. Новкъа ма гІерта тхуна...

ТІаккха воккхачу стагехьа а вирзина, юха а къовса хІоьттина:

— Боцу бехк суна тІе ма теІабел ахь, дада. Хьайна мангал хьакха ца лаахь, ма хьакха. Ахь гІо ца дича а хьокхур бу ас хІара-м...

— Ма хьакха бохург хІун ду? Дуьнен тІе ваьлчахьана а вац со мангал хьоккхуш? — бохуш хилла воккхачу стага, дарвелла. Кхин цхьана а хІуманан тидам боцуш, луьйш лаьттишехь шен коьртара бІегІаг куйн шен кІантана тиллина дендас.

Дас шена тиллина куйн схьа а баькккхина, лерана цуьнга хьажа а хьаьжна, аьлла кІанта:

— Дада, хІунда тиллин ахь суна хІара хьайн куй?

— Ой. Хьуна хьайн кІант санна вац суна сайн хьо а?

КІажвахана велавелла кІант. Озийна дегара схьабаькккхина, кхоьссина мангал юьстах а бахийтина, аьлла:

— Валол соьца, дада. ХІокху метте, варданан Іиндагіехь, Іийр ву хьо. Цанин дакъа айса хьокхур ду ас.

Сарле хьаькхна ваьллера кІант шайн цана.

Нохчийн кица ду:

— Нохчочунна цкъа а ца лаьа кхин стаг шел тулийла а, шел сий лекха даьлла хуьлийла а. Амма да воккхаве кІант шел тоьлча.

КЪОНАЛЛА ЮХКУРГ

Колхозан контора хьалха гулбеллера дукха белхалой. Механизатораш дІахьийсабора хьаьжкІашна асарш дан, шайн-шайн дакъош тІе.

Трактористаша шайна бегIийле меттигаш къуьйсура. Наггахь латаза бовлура.

— ХIай, нах, — аьлла, мохь туьйхира трактористашка, хено букур таIийначу цхьана стага. — Схьадуьйлал. Ас цхьа хIума алий шуьга.

Механизаторша гуобира воккхачу стагана.

— ХIа-хIан, кIентий! Сан къоналла хьан оьцу аш? Йорах юхкур ю шуна ас хIара.

Цхьаберш бийлабеллера. Вуьш оьгIазбаханера. Хаьттина:

— Стенна оьшу тхуна хьан къоналла а, хьо хьуо а? Цу тIе даьлча.

— Ца лаьийца шуна иэца? — велавелла воккха стаг. — ВаллахIил-Iазмор тIе а детталуш оьцур ма яра аш соьгара къоналла, и асар шайн саррац куьйгашца дан дезаш хилча... Эхь ца хета шуна? Дийнахь сарралц машин тIе а хоий, букъ а ца саттош, четаран IиндагIехь Iа шу, машино ша болх бо. Цуьнан хьурмат ца деш, кхуза а хIиттина, дакъош къуьйсуш лаьтта-кх шу! Алал, хьан оьцу аш сан къоналла?

Бист ца хуьлуш, дIаса а бекъабелла, тракторш юьйлаялийта сихбелира механизаторш.

ХОХАШ

Шен гIуллакхана ломара охьавеана хилла цхьа итонкхаьлло. Ша деанарг кхочушдина а ваьлла, цIа воьдуш, Дубин-Эвлахь, шен хьаша волчохь, буьйса яккха сецца иза.

Новкъахь кхалла дика хир ю хьешана аьлла, хIусамнанас йоккха сискал йиллина Iуьйранна дIавоьдучу итонкхаьллочун гали чу.

— Шун Итонкхаьллахь хох карош а бац, хIара хохаш а хьуо шайна, — аьлла, цхьа гирда хиллал хохаш а боьхкина хIусамдас хьешан гали чу.

Хьешашка маршалла а делла, волавелла итонкхаьлло лам чу. Оьхуш, оьхуш генна ваьлла иза. Делкъан хан а хила йоьлла. Цхьа хьоста долчу кхаьчча сецца иза садаIа.

Гали чуьрчу сискалх коржам а яьккхина, цхьа хох а эцца, бердах ши ког чу а хецца, хIума кхалла хиъна ламаро.

Кхаьллина итонкхаьллочо хох — цIаро санна, вагийна. КIуолла яйа йоккха сискал тIекхаьллина.

Кхоам бу-кх кхуьнан бохуш, и хох берриг биъна ца валалуш, хьеран тIулггал йоккха сискал дIатоьхна ваьлла нтонкхаьллохо, гали чу куьг а оьхуьйтуш. Баа ца луш керахь бисинчу хохе а хьоьжуш, ойла йинчу ламарочо аьлла:

— Деладуьхьа, хIара гирда хохийн биъна довллалц оха сискалш яахь, хьаьжкIан буьртиг боцуш юьсур ю-кх ЧIаьнтойн чоь!

И аьлла ваьллачу ламарочо галин бух а лаьцца, «журр» аьлла, бердах чу хецца хохийн гирда.

КУОМАР, ИРЕЗ

Куомар, Ирез цIераш йолуш, ши ваша хилла Хьала-Келахь вехаш.

Цхьана дийнахь Шуьйта базара вахана Куомар. Сарралц базарахь а лелла, шена йоккха шаьлта а эцца цIа веана Куомар.

— ХIумма а ийцин ахь базарара? — хаьттина Иреза шен вешега.

— Дера, ийци хIара шаьлта-м. Хьайнчул дика а ма ю, — аьлла Куомара.

И ла ца делла Ирезега. Куомаран шаьлтане а хьаьжна, аьлла Иреза:

— Делир яц хIара сайнчул дика!

Юй яц аьлла, къовса ваьлла ши ваша.

— Делахь, уьйтIа а валий, вовшашна цкъаццIа тохий вайшимма, хьенаниг дика лета хаа? — аьлла Куомара.

— Тоха, дера, — резахилла Ирез. Араваьлла ший а.

— Деладуьхьа, Ирез, ши ваша летта вовшех, аьлла, наха бехк буьллур бу вайшинна. Эвла юккъе а валий, хьалха тIекхаьчначу стагана тохий вайшимма хIорш?

— Тоха, дера, — аьлла Иреза.

Ураман новкъа а ваьлла, дIасахьаьжначу шина вешина, гена воцуш, керт еш воллуш къонаха вайна.

Волавелла, тIевахана ши ваша стагана. Юххе хьокханах дIаоьллина кхозуш шаьлтий-доьхкий хилла керт ечун.

— Ассалом Iалайкум. Болх ирс долуш хуьйла хьан, — олуш, ластийна белшах шаьлта тоьхна Куомара стагана.

— Ва Iаликум солом. Далла воьзийла, — аьлла,

жоп а луш, катоьхна шен шаьлта схьа а эцца. Куомаран белшах тоьхна, агIо охьабаькхина керт ечо.

— Э, Ирез, ма тохалахь кхунна хьайниг. Вайшинначел а дика лета кхуьнан шаьлта! — мохь баьлла Куомаран.

Оцу саррахьехь, бийла а бийлина, нах юкъа а боьлла, куьйге вахийтина керт еш хилла стаг шина вешица.

СОНТА ЛЕЧА

Гихчохь цхьа стаг хилла Сонта Леча цIе йолуш. ДегIана, поп санна, лекха, зоьртал хилла иза.

ДегIехь дукха боккха ницкъ хиларна, кайолуш, маситта вийна хилла Лечас. Атта дов а доккхий, и леташ хиларна, «Сонта» тоьхна наха цуьнан цIарна хьалха.

Новкъа ша воьдуш, цхьаьнгге а салам луш ца хилла Сонта Лечас, я шега делча и схьаоьцуш а. Шена геннахь некъ ца битинарг а, шега салам ца деллларг а, тухий вожош хилла цуо.

Цхьана дийнахь, малх бузза хенахь, МартантIа воьдуш хилла Сонта Леча.

Дуьхьал вогIуш гина цунна, буьччалггал лоха а волуш, пастанан бургат санна, горга цхьа къонаха.

Сонта Лечина некъ бита дагахь-м муххале а ца хилла оцу къонахчун, шена тIе Iоттаваллалц тIевеана Сонта Леча, агIо тоьхна, кхоьссина некъа тIера дIавахийтина цо. И кеп йина, Сонта Лечега юха а ца хьожуш, шен новкъа дIавоьдуш хилла стаг.

Шийлачу хи чуьра хьаладаьлла жIаьла санна, вегийна дукха оьгIазвахана Сонта Леча. Стагана тIаьхьа а хьаьжна, «ой!» аьлла цуо, шена диначух цецваьлла.

Стагана тIаьхьа ваьлла Сонта Леча, муха Iазап деш вуьйр вара техьа ша и бохуш, ойла а еш.

Кхин юха ца хьожуш воьду стаг, ГихтIа эвлах чу воьлла. ТIаьхьа вогIу Сонта Леча пхьоьханахь лаьттачу нахана тIе кхаьчча.

— И дIа воьдург мила ву хаьий шуна? — хаьттина цо нахе.

— Хаьа, дера, — аьлла цхьаммо. — МартантIара бено ву. ЦIе МаIас йолуш. Кхуза цхьана хьенехгIаьрга-м ирахьIен вогIуш ву иза.

Ойла йина Сонта Лечас, юьхьIаьржа а хIоттош, ирахьIаччохь вен веза и аьлла.

Сарахь ирахьойла йолчу чу ваьлла Сонта Леча. Бухарниш берриш хьалагIевттина.

Гоьл тIе ког а баькхкина Iаш волу МаIас меттах ца хьайна, вукхар Сонта Лечега маршалла-доьналла хоьттушехь.

Вахана хьешана юххе охьахиъна Сонта Леча. ТIаккха шен кисанара чIогIа томка чохь долу гIутакх схьа а эцца, озийна баттара яькхкина шен шаьлта гоьл тIе баькхкинчу МаIасин коган настаран пхьидах Iоьттина чекх а яькхкина, луьйдига томка а доьхкина, цигаьрка хьарчо ваьлла Сонта Леча.

Настаран пхьидах шаьлта йоллу ког меттах ца хьабеш, схьаяькхкина шен шаьлта Сонта Лечин когах, хьостам санна, дIатоьхна МаIасас.

Когах чекх а яьлла, юьхьиг цIенкъарчу уьнах яхана шаьлта, лесташ, йогIаелла. Чохь берш Iадийча санна Iаш хилла.

Шен гIутакх схьа а эцца, аьлла Сонта Лечега юххе Iачу хьешо:

— Къонаха! хIара сан томка хьайнчул чIогIа хила мега хьуна. Кхунах хьарчаехьа хьайна цигаьрка.

ГIадвахана велавелла Сонта Леча.

— ДIавала, дIа! Вовшехлетта вала хIунда ле вайша. Цулла а ши доттагI хир вайша!

Шайн шаьлтанаш батта а йоьхкина, цигаьркана оза хиъна Сонта Лечий, МаIас.

Оцу буссехь, МаIас ирахьIе веана йоI йигина бах цунна шина доттагIчо.

ЛАМАРО ЦIЕРАПОШТА ТIЕХЬ

ЦIерапоштахь дуьххьара воьдийла нисделла ламарочун. Корах аракъедаш хилла иза, цкъа а шена ца гинчу меттигашка хьоьжуш.

ЦIеххьана мохо коьртара месела куй бадийна.

Корах ара а гIоьртина, паровозехьа мохь тоьхна ламарочо:

— ХIей, эмчиг[1], хIей! Сацае «цIерам-пошта». Кхо сом цIена ахча делла куй боьжна сан!

---

[1] Эмчиг — ямщик.

ЗУДЧУННА ДАРБА ХИЛАР

Цхьана стеган хилла сий-пхенийн цамгаро меттахь лаьцна зуда. Шен ницкъ ма кхоччу дика тергоеш, Іалашъеш хилла цу стага и шен кІелйисина зуда.

Божарийн болх боцург яа хІума еш, бедар юьттуш, чохь цІано латтош, бежанаш Іалашдеш хьийзаш хилла майра.

Иштта меттахь кхойтта шо даькккхина зудчо.

Цхьана дийнахь и стаг волчу цуьнан стувежарий баьхкина.

— ХІа-хІан, — аьлла цара невце, — ахь тхан йишин хІокху кхойтта шара чохь терго а йина, нанас бер санна, Іалаш а йина иза. Оха массара а баркалла боху хьуна.

Амма ахь цуьнца мел бала хьоьгу го тхуна.

Тхо кхоьа зударш балийна ву: марйиша Іалашъяр несаршна бэа болх бац. ХІинца и тхан йиша ахь цІа яийта. Дика гІиллакх ду ахь тхоьца лелийнарг. Хьайна цхьа зуда а ялаяй охьахаа. Тхан бехк буьллийла яц хьуна. Валлалц и тхан йиша Іалашъеш къахьегна вер вуй хьо?

Невцо баркалла аьлла стувежаршна:

— ХІан-хІа, къонахий. Шун йиша цІа йоуьйтур яц ас. И сайн зуда, шун йиша, дийна мел ю, кхин зуда а ялор яц ас. Хьанна хаьа, туояла а мегий иза-м.

ДІабахана вежарий. Вовшех дагабевлла. Воккхачо аьлла:

— Вайн невцо гойтург деза гІиллакх, йоккха оьздангалла ю. Туолур йоцу йиша, ша оьзда стаг хиларна, кхобу цо. Вай цунна цхьа цаьрца тарлуйолу зуда яло еза, ваьш лаха а лехна.

Иштта дан а дина. Лехна цара дечу хІуманна тІера а, эсала а зуда. Ехна иза а юьгуш, бахана хІорш нуц волчу.

Лулахочун жима кІант иккхина цомгаш зуда Іуьллачу чу.

— Деци, ва деци! Хьан вежарий богІу хьуна эмгар ялош!..

Цомгашниг ша йолччохь тохаелла, тохаелла меттахъяьлла. Партъаьлла ирахІоьттина иза. НаьІаран гІуй а иэцца, чуьра ара а яьлла, кетІа дІахІоьттина. Гина цунна зуда ялош богІу вежарий. Мохь тоьхна:

— Делах биъна дуй бу сан, хІокху кэл чоьхьа шуьга ког ца баккхийта! Суна гуш юха дерзал, шайн зудча-бахтар а иэций!

Цомгаш зуда цу гIаттарх таелла. Мар, зудий ирсе даха хиъна цул тIаьхьа.

ШИ ИЧЧАРХО

— Ва-а Къоли! ЦIа вуй хьо? — кхайкхина чIебарло чIебарлочуьнга.

— Ву делира!

— Тахана ичча вахача хIун дара-те вайша?

— Дали къорIанир хир дара бакъахьа.

— Цхьа дуй баай вайшимма?

— ХIун дуй бу аза, Къоли?

— Далин къорIанир бу, цхьацца са долу хIума ца юьйш, хIокху цIе йогучу ков-керта юха ца верза.

— ДIа баал, Къоли, уггар къаьхьаха дуй.

— ДIо стигал тIе харцайла суна, цхьа акхи ца дуьйш хIокху юьртан-пхье юха вагIу велахь, — аьлла, дуй биъна цхьамма.

— Яра Iаьржа латта хьала тIе далийла суна сте еле а, борша еле а цхьа са долу хIума ца юьйш сайн ков вагIу велахь, — аьлла, вукхо а биъна дуй.

Вахана ши таллархо ичча. Лелла, лелла ши таллархо сарралц. Топ кхосса са долу хIума бIаьрга ца гина. Дуйнаш къарло-кх шайн, бохуш, гIелвелла, цIехьа оьхуш хилла ши къонаха. Вехачу пхье кхоччуш, садаIа охьахиъна. ЦIеххьана шен некха тIе хиъна моза байна цхьанна. Моза бада ца бадийта, меллаша цхьа куьг хьалха дIа а дахдина, зIок санна, пIелг гам а бина, шен некха тIехь Iаш болу моза а гойтуш, шок тоьхна чIебарлочо яй-й.

Гина моза вукхунна. Меллаша тоьпан зIок юлуш, хьала а гIаьттина, накъостан некхан уьн тIе топ а хьажош, аьлла:

— ТIаккхал вагIалахь! Ас хIинца болх дIаяккхур ю цуьнан.

— Далин духьа, Къоли, мIаьллиша озаделахь лаг. Мозанах чекх а яьлла, суна кхетарий вайн шокъалий.

— Ма кхералахь, Къоли, — аьлла, меллаша лаг а оьзна, «данг» аьлла топ а ялийтина, накъост ша волччохь дIахарцийна иччархочо.

— Ой! — аьлла, топ йожийнчо. — ЦIе йожа хьо белха! Оццул мIаьллиша лаг озайчи а, чекхъяли техьа хIара доккъана еттарг мозанах! Бегашна а доцуш, вали мотта суна яра-м!

Накъостана гонах хьаьвзина, ойла а йина, аьлла чIебарлочо:

— Далин язу хилла-кх. Цхьадика, дуй-м ца къарбалира вайшиннан. Ас биинчу дуйнна хьо вали, Къоли, ахь биинчунна моза а бали-кх.

ХУЬШТИГАН ДОIА

Генарчу махкахь веххa лелла, цхьа кIант цIа веана хилла. И цIа кхачарх воккхавеш, дас мовлад еша нах гулбина.

Цига Хуьштиг а нисвелла.

ЦIенкъа тесначу истангаш тIехь Iаш ткъех стаг хилла.

Мовлад а ешна, хIума йиъна бевллачул тIаьхьа, доIа дие вай, аьлла чуьрчех воккхачо.

Цхьаммо деш, вукхо деш, эххар рагI тIе кхаьчна Хуьштигана.

ХIара жима стаг велахь а, кхуьнан да Муса дешна стаг хиларна, Хуьштиге а аьлла доIа дие. Кхунна-м, ца хууш хилла доIа дан хьовх, мегарг бисмилла даккха а. ХIете а хозуьйтуш долийна цуо:

«Везин дела, массо а хIуманах цхьабосса къинхетам беш волчу ахь, массо а хIуманна рицкъа латточу ахь — гIо делахь тхуна»...

ЧIоггIа иза а аьлла, багахь шабарш дан ваьлла Хуьштиг. Кхин алан хIума а ца карийна, далийна:

«Везан дела, сан заемийн кхаж балийта ахь, сан заемийн кхаж балийта ахь»... Чохь а, арахь а — массар тIаьхьара «амин» бохуш хилла.

«ПатIихьа» а аьлла, шена ца хуун бисмилла доьшучуха, багахь шабарш дан волавелла Хуьштиг.

Оцу мовладехь, велавала догъоьхуш, хала садетташ Iаш Хуьштиган доттагI Бокъий хилла.

Шера хууш хилла кхунна, Хуьштига дийриг доIа доцийла.

Мовлад дIайоьхча, хаьттина Бокъис Хуьштиге, лере а вахана:

— Делхьа ала, Хуьштиг, бакъдерг: сел деха и доIа хIун бохуш дора ахь?

— Дера, дора, везан дела, сан заемийн кхаж балийта ахь, бохуш.

Шиъ а воьлуш хилла, оццул дукха наха «амин» баьхча, бала там бара и кхаж, бохуш.

Йоккха хан ялале цергаш туху лор Iабдул-Хьаьлим волчохь а мовладе нисвелла Хуьштиг, Бокъний.

ХIума йиъна бевлича, Iабдул-Хьаьлима аьлла Бокъе доIа дие. Бокъас Хуьштиге кховдийна иза.

Хьалха санна, хозуьйтуш доIин корта а бешна, шабарш дан ваьлла Хуьштиг.

ТIаьхьара Iабдул-Хьаьлимий, Бокъас, кхиболчар амин а бохуш.

Кхануо мовлад дIа а яьлла, шаьшшиъ цIа веъча, хаьттина Бокъис шен доттагIчуьнга, цигахь хIун бохуш дира ахь доIа.

— Дера, дора ас, «везин дела, хIокху цергийн пхьеран Iабдул-Хьаьлиман дерриг ахча а, дIадиллина долу деший а соьга дерзаде ахь», бохуш. «Амин» бохуш, нах хьовх, дохнан да Iабдул-Хьаьлим ша а хилча, баккъал сайга цуьнан хьал дерзаре дог чIогIа ма доху ас, аьлла, велавелла Хуьштиг.

Бокъис Iе а ца велла, Iабдул-Хьаьлиме дIадийцина Хуьштиган доIа.

Уьссузза «остопуьрла» аьллера Iабдул-Хьаьлима шен «амин» тIера юхаволуш.

МУНДАНАШ ЙОЬГIНА ДУБИЭВЛАХО

Лаьттан дакъа доцуш хилла цхьа дубиэвлахо. Хьуьнах вахана, меттиг а хаьржина, шена ирзу даккха волавелла иза. Дехачу Iай хьуьнах оьхуш, коьллаш хьокхуш, уьш ягош, юьхигаш йохуш, цхьа ирзу-бIаьрг яьккхина цо. БIаьста цу тIе хьаьжкIаш йийна.

Маьлхаш хьежна, кхиъна хьаьжкIаш. Асарш дан воьлла дубиэвлахо. Амма цу хьуьна чохь дукха хьакхарчий хилла. Ирзу тIера хьаьжкIаш кегъя марзъелла уьш.

Уьш къахко мунданаш йогIа, цIера цхьацца тиша хIуманаш а еана, ирзуна гуобаькхина мунданаш хIиттийна дубиэвлахочо.

IIIа и болх бича, гено а ваьлла, хьаьжна иза мунданашка. Цхьана а меттехула тIегIоьртийла ца хилла хьакхина, мунданна юххехула ца яьлча. IIIа бинчу балхах тоам а хилла, цIа вахана дубиэвлахо.

ШолгIачу дийнахь веана иза шен кха тIе.

Гина кхунна, эра даькхкича санна, хьакхарчаша хьешна ирзу. Массо хьаьжкIа йиъний, кагйиний, аьттий карийна. Мунданаш кхуо ма йоггIара лаьтташ хилла.

Вехха лаьттина дубиэвлахо шен ирзуга хьоьжуш, мунданаш тергалъеш. ТІаккха, гІадвахана вела а велла, аьлла:

— Кешши гуо хьо болх! Ойла муха ца йина ас цхьана хІуманан? Уггар Іовдал хьакха а тешар яцара, хІара ирзу-бІаьрг ларбеш хІоккхул эскар лаьтта аьлча!

Юха кхин дага а деана велавелла дубиэвлахо:

— ХІара ерриг вайн Нохчичоь, хІокху сан ирзубІаьрггал бен ма яц! Ткъа Нохчичохь шайхаш бу олу нах, хІокху сан мунданел дукха бу. Муха ца хаьа-те нохчашна, хІокху ирзол бен боцчу махкахь, оццул шайхашэвлаяаш хир боцийла? Мунданех ца кхоьруш, сан хьаьжкІаш хІаллакйина хьакхарчий юьтехьа Іовдал я оцу шайхаш бу бохучу нахах теша нохчий бу техьа цу хьакхарчел Іовдал?

ТУОДАКХАН СУРТАХЬ ИМАМ

Гуьйренан тІаьхьарчу деношкахь ГІордалара цхьа жима стаг вогІуш хилла Теза-Кхаьлла. Шелонна гІуорош а, дерза делхарна, новкъа ша хьахалуш а хилла.

Хьанна хаьа хІун хуьлу? Къонахчуьнгахь герз хила деза новкъа волуш: тІома кІел лаьцна, жима гІама хилла кІанта яхьаш.

Некъана гена йоцуш ши туодакх гина цунна. ХІара юххе гІоьртича, ши олхазар, дІаиккхина, юьстах даьлла, амма тІома даьлла, дада ца делла — тІемашна ша бина хилла. Шен гІоддах тІаьхьа веддачу кІанта цхьа туодакх схьалаьцна, важа гІаьттина яхана нуьцкъаш.

— О, деладуьхьа, ма писъелла туодакх ю-кх хьо. Москалал хир ю ' хІара-м, — бохуш дІаоьхуш хилла кІант. — Дика совгІат ду хІара сан хьешашна!

Иштта воккхавеш, шен туьран бахтарца олхазаран ши ког бихкина кІанта. Туодакх, тур тІома кІел а лаьцна, волавелла иза.

Теза-Кхаьлла дІакхачале паргІатвала лиъна жимчу сагана. Когех дихкина тур долу туодакх охьа а йиллина, хІара нацкъар воллушехь, тІемаш тоьхна, тоьхна новкъахула дІа а хьаьдда, туодакх тІома яьлла. Хьаваэ гІаьттина. Когех тур кхозуш, тезакхаьллойн юьрта тІехула ши-кхо гуо а тесна, нах цецбевллачохь а буьтуш, «тІоф» аьлла яьлла яхана туодакх.

И туодакх юьйцуш Тезакхаьлларчу забарш ечу наха беношка кехат дахьийтина:

«ПІераскан дийнахь, делкъал тІаьхьа тхан эвла тІехула ваьлла цхьа имам, кочахь тур а кхозуш. Гучуваьлла имам — туодакхан суртахь ву. Цуьнан цІе хІун ю ца хаьа тхуна. Тхайга хаам бар доьху оха: шуна юккъера стагга а вайний? Тхан нах берриш цІахь бу».

Беношлахь а хилла тезакхаьллойл оьшуш боцуш, забарш еш нах. Жоп дахьийтина цара тезакхаьллошка:

«Тхан нах а цІахь бу. Нагахь тхан эвлара и имам ваьлча иза я гомашан, я эмкалан суртахь хила там бара. Аш вуьйцу имам Эна-Кхаьллара ваьллий техьа? ЛадогІийша цигахула. Церан тилавеллий техьа цхьа а?

ИМАМ ШЕМИЛНА НОЖАХ ЙИНА ЙОККХА-ТОП

Цкъа имамана тІе веана цхьа стаг.

— Ахь бакъо лахь, ас ножах йоккха-топ йийръяра хьуна, имам. Паччахьа йоттийтинчу борзанан тоьпел цуьрриг оьшуш хир яц.

— Е, — омра дина имамо.

Стомма ножан дечиг херхаца йохалла хада а йина, ши дакъа дина пхьеро. ТІаккха шина декъана чухула, апаре санна, чхо яьккхина пхьеро станарца.

Иштта кечйина ши ах вовшахлатийна шелигана гІурчеш санна, гуонах стоммачу аьчган баьллаш а диттина, кечйина йоккха топ.

Шемиле бакъо ехна, стерчий тоьхна, лекхачу лам тІе яьккхина йоккха топ. Шортта молха а доьхкина, чуьйнан хІоьънийн меттана, горгачу тІулгех юьзна, лома кІел лаьттачу оьрсийн эскарна тІе ерзийна. Гуобина Шемилан тІемлоша йоккхачу тоьпана, мезан тІадамана накхар-мозаша санна.

Имаман пурбанца, тоьпан лергарчу молханах меллаша хаьштиг Іоьттина говзанчас.

«Горроу» аьлла, яьлла йоккха-топ. Берриг лам хьулбеш хІоьттина кІур дІасбаьржича я йоккха-топ а, я цуьна гуонах лаьттина нах а ца хилла буьххьехь.

Муха висина а ца хууш, и йоккха топ йина пхьар дийна висина. Вадийна тІе валийна иза имамана.

— Даьдиса хьан, ма йоккха топ яний ахь йинарг! И топ дика ярна, совгІатана ас дІо дечигах хьалауллуьйтур ву хьо, — аьлла, дарвеллачу имама.

— ХІай сийлахь, везин имам! ХІунда уллуьйту ахь со ирх? Ойла ца йо ахь, оцу йоккхачу тоьпо мостагІашна динчу къаьхьачу дийнан? Вайн кхузахь шийтта охьавил-

линчу цо цигахь, оьрсийн эскарх Іал-даьІахк йитина хир яц хьуна! Ма олла со ирх!

Вела а велла, ца вуьйш витина бах Шемила и пхьар, дукха говза цуо и далорна санна.

ИМАМ ШЕМИЛАН СОВГІАТ

Майратуьпана гена йоцчу цхьана арахь, Мичик хина дехьий, сехьий, лата гулделла оьрсийн паччахьан, Шемилан ши эскар.

Шена улло наибаш, эскаран дакъошна тІе хІиттийна хьаькамаш, мурдаш а болуш, ехачу турмала хьоьжуш лаьтташ хилла Шемил.

Имамана шера гина, паччахьан эскара юккъера кІайчу динахь, кІайн чоа а тІехь, шурул-кІайн месела-куй а коьртахь, схьаиккхина цхьа эпсар-берий.

Іода кхоьссича санна, говрахь Мичикал сехьа а ваьлла, бай тІехула дин хьийзо ваьлла иза.

ТІаьхьарчу когаш тІе дин а хІиттош, керара пиренг-тапча а лестош, латавала стаг вуй шеца бохуш, мохь бетташ хилла оцу оьрсийн эпсаро.

Шемилан бІаьхошна хьалха дуьйна вевзина хилла и оьрсийн эпсар-берий. Иштта лата шеца яхье а ваькккхина, хьалхенгахь цаІ-шиъ тІемло вийна цо Шемилан бІох.

Мосуьттазза тоьпаш кхиссина, цунна кхеташ ца хилла. Эрна молха дайар хетта, кхин топ ца кхуссуш севцца нах.

БІаьргана хьалхара турмал дІа а яькккхина, шена юхха говрашкахь лаьттачу тхьамданашка жІайн маттахь аьлла цо

— Дависарг яІ! Шена зен а ца хуьлуш, и эпсар вийначунна ма совгІат лур дара-кх ас.

Гена воцуш, цхьа тиша кетар-хархар а юьйхина, юкъах къевллина йихкина, кемана пийсик санна, йоккха шаьлта а йолуш коьртах, хола санна, месала куйн а боллуш, цхьа гІеметта хІоьттина нохчо-тІемло хилла говра тІехь.

— ХІун боху имамо? — хаьттина цо.

Дийцина цуьнга.

— Делахь, ала оцу имаме, ас боху, совгІат цуо суна дахь, хІокху делан сохьта цу эпсаран аьтту куьг имаман динна хьалха охьатосур ду ас.

ДІа аьлла Шемиле. Хьаьжна имам, юнаш санна, сий-на ши бІаьрг тІе а боьгІна лаьттачу нохчочуьнга. ТІехь дукха беркъа вайча, хаьттина Шемила:

— Хьоьга велур вара иза?

— Гур ду хьуна иза-м.

— Дика ду, — аьлла Шемила. — ТІехьаьжча цу эпсаран карах валарх кхоам боцуш стаг ву хьо. Ткъа ахь и вехь, ши доттагІ а хир ву вайша. ХІун совгІат ду ахь соьга доьхург?

— Имаман дош пайхамаран дош санна ду, — аьлла нохчочо. — Ас, и вен а вийна, цуьнан цІет деъча, бакъо ло суна, хьайна хьалха цигаьрка оза.

ГІовгІа яьлла гуонах. Цецваьлла имам.

Цигаьрка узург мерах луьлла а юллий, юханехьа вира а хаавой, юьртахула лелавойтуш хилла имама. Томка дуьйчуьнан корта боккхуш хилла. ХІетте а аьлла имама:

— Елин ас хьуна и бакъо.

Дин хьийзочу эпсар-берех бІаьрг а тоьхна, куйна йистера схьаяьккхина луьлла чу томка а диллина, сиха кІожам латийна таІІийна луьлли чу а боьллина, Шемилна хьалхха, боккха кІур а баьккхина, гихь йоллу мажартоп кера эцца нохчочо.

Чапхин цІе туху дІа а тесна, тоьпан-лергахь молха дуй а хьаьжна, багахь еха луьлла а йоллуш, нуьйр чохь та а велла, ма йоьдду эпсарна тІе хаьхкина нохчочо говр.

Буйнахь айана тапча а йолуш, чаболахь хьайина эпсаро шен говр, хаьхкина вогІучу нохчочунна дуьхьал. Тапча кхоссал бен юкъ ца йисина.

«Закъ» аьлла шен говр сацийна нохчочо. Эпсарниг сецца. Топ хьажийна нохчочо. Луьллех баьккхина боккха кІур ша лаьттачохь дІахецца.

Кхуьнан топ харцхили моьттуш, «хІинца-м, хьаха, вара ас хьо вуьйр», — дагадеанчу эпсаро, гуолаш а таІнйна, шен кІайн дин тІе хецна къонахчунна.

Шен «тоьпан лерга» молха дохка сихвеллачуха, кочахь кхозучу, молха чохь долчу гІурех[1], лерга-маІех кадетташ хьаьвзина нохчо воьхна моттийта. Гуттар улло а вайтина, некхан уьш тІе мажар тоьхна, куьлла санна, говрара чуваийтина цуо эпсар.

---

[1] ГІура — молха чохь лелориг.

Шайн берий динара вужуш а гина, Мичикал дехьарчу гIалагIазкхаша, маьхьарий а детташ, дой схьахаьхкина, нохчо шайгара ца валийта.

Говрара охьаиккхина, мегарг садалаза волчу эпсаран шаьлтанца куьг а даьккхина, цуьнан пиренг тапча шен доьхкарх йоьллина, баттара даьккхина эпсаран тур, долчун некха тIе а диллина, Iадда лаьттачу эпсара кIайчу дина а ваьлла, шен говр юххе а лаьцна, дIахаьхкина кетар-хархар йолчу стага имам лаьттачухьа. ТIаьхьа ца кхиъна гIалагIазкхий.

Имамана тIекхоччушехь, кIайн дин, биъ ког тоьхначохь, саца а бина, аьлла нохчочо:

— ХIан, имам! Кхин иэтIор дац хьан цу эпсаро дог!

Иза а аьлла, цIетана ша даьккхина эпсаран куьг Шемилна хьалха тосуш юха а вирзина, аьлла шен наибе:

— Наиб! ХIара сан говр дин боцчу тIемлочунна луо!

— Тур дацара оцу керистанехь? Иза хIунда ца деара ахь схьа? — олуш, мохь тоьхна цхьана бIаьхочо.

— Баттара а даьккхина, беречун некха тIехь дитира ас иза. Бусалба велахь а, кериста велахь а майраниг майра ву. Майрачун сий дан деза и милла велахь а!

Иза а аьлла, меллаша шен куйна йистера луьлла схьа а яькккхина, бIаьрган негIар тохале кIожам а латийна, «пакх» аьлла луьллех кIур а хецца, дIахIоьттина стаг имамана юххе.

КIеззиг вайнехан мотт хууш волу Шемиль кхетта нохчочо аьллачух. Вистхилла иза:

— И луьлла озар хьуна хьанал дин ас. Тахана дуьйна дIа уггар йоккха майралла гучуяькккхиначунна луш совгIат хир ду сан: «Цигаьрка озан бакъо». ХIара къонаха воцчунна сайна хьалха и озар цхьанна а могуьйтур дац ас.

ХIетахь дуьйна доккха совгIат хилла луьлла оза бакъо ялар.

ОБАРГАН ЗАБАР

Маситта шарахь лелаш хилла обарг Корти-Муса паччахьан Iедале лаца ца луш. Кхераман хуорша латтош хилла цо пурстоьпашкахь, хьоладайшкахь, юьртдайшкахь. Къахьоьгучу наха Корти-Мусин хьуьнарш хестош иллеш даьхна.

Цкъа цхьана дийнахь юьртда лаьцна Корти-Мусас. ТIе топ а хIоттийна, аьлла цо юьртдега:

— Хелха вала.

Вийлина юьртда хелха гIелваллац.

— ХIинца зударех вала, — аьлла Корти-Мусас.

— Муса, баккъал аьлча, волавелчхьана а ма ву со зударех вуьйлуш.

— И бохург хIун ду хьан?

— Ахь иштта къиза хьийзавар лан а ловш, хелхавийлича, зударех валар ца хуьлу иза?

ГIадвахана велавелла Корти-Муса. ЦIеххьана кхоссавелла, катоьхна Корти-Мусера топ схьа а яьккхина, цунна тIелаьцна юьртдас:

— Вала хIинца хьо а!

Хелхасеттина Корти-Муса. КIадвала воьлла.

— ХIинца зударех вала, — аьлла юьртдас.

Велавелла обарг.

— Ваькккхича Корти-Муса а волуш хилла зударех, — зударийн хелхар долийна обарго.

Юьртда кхоьруш хилла Муса вийча, цуьнан накъосташа ша верна. Цундела дIавахийтина цо Корти-Муса.

Амма обаргийн Iожалла цхьаъ ю. Цкъа паччахьан стражникашца тIаме нисвеллачохь цаца санна вина иза тоьпаш йиттина. Лаьцна вигна. Чевнаш йирзинчул тIаьхьа ирхъуллу суд йина.

Корти-Муса ирхъуллучу хьовса паччахьан дукха хьаькмаш баьхкина, махкахь цIе яхана обарг муха ле хьовса.

Набахтин кертахь йоьгIна тангIалкхаш хилла, кIел лаьтташ гIант долуш. ГIанта тIехь Iуьллуш, Мусина коьртах болла кечбина, гатанан тIоьрмиг а хилла.

Прокуроро суьдо йина кхэл ешна. Хаьттина обарге:

— Цхьа а дехар дуй хьан Iедале?

— Да, дера, — аьлла Корти-Мусас. — Со охьавуьжчу хенахь цкъа а коьрта тIе юргIа ца тосура ас. И дича хорам хуьлу суна. Цунна дехар ду сан: и дIо гIанта тIехь Iуьллу тIоьрмиг коьртах а ца буллуш, оллахьара аш со ирх...

И дехар деллера Корти-Мусина.

СИЙНА-БIАЬРГАН ГОВР

Дубин-Эвлахь вехаш хилла Сийна-БIаьрг цIе йолуш стаг. ХIор сарахь говрана нуьйр а туьллий, оцу ехачу юьртан цхьана маьIIера вукху маьIIе кхаччалц, пхьоьха нашкахь соьцуш, керла хабарш гулдеш, къамелаш деш

чекхволуш хилла Сийна-БІаьрг. Оцу пхьоьханашкахь сецарх йоьлла цуьнан говр.

Нисделла Сийна-БІаьргана цхьа де, чехкачу гІуллакхана ваха дезаш.

Говра а хиъна араваьлла иза. Амма, пхьоьханна тІекхоччушехь, «тап» олий соцуш хилла говр. Когийн кІажош хьадой, йолайолуьйтуш хилла Сийна-БІаьрга говр, юха а, пахана тІекхоччушехь, и соцу.

КІордийна Сийна-БІаьргана. Кхузза-доьазза иштта шен говр сецча, меллаша цунна тІера охьа а воьссина, дирста нуьйран хІоьах тесна, аьлла цо говре:

— ХІа-хІан, говр. Хьайн хІокха цахаца долу къамел хаьдчхьана, цІа гІор хьо. Сан хьоьца латта йиш яц.

Иза а аьлла, гІаш, чехкачу боларахь, дІаволавелларa Сийна-БІаьрг.

СИЙНА-БІАЬРГА БЕЗАМ БОЦУРШ БАГАРБАР

Колхозникашна дукха везара Сийна-БІаьрг, сов забаре а, самукъане а иза хиларна. Даима церан кетІахь пхьоьха гуллора Сийна-БІаьргаца сакъералуш.

Цхьана сарахь кетІа ваьлла иза ши куй карахь. Цхьана куйнахь хьаьаш хилла.

— ХІа-хІан, нах, — аьлла цо, — вайн юьртара безам боцу нах багарбе вай. Спекулянташ, курхалш дийраш, муьйларш. Аш церан цІераш яха, ас хІокха куйнара вукха куйна цхьацца хьаьжкІан буьртиг тосур бу.

Бийлабелла юьртахой, реза а хилла.

— Делахь, лакхъхьа юккъера охьаболабе аш уьш, — аьлла Сийна-БІаьрга.

— Курхалча ИбраьхІим. Дехьа чу баккха цхьа буьртиг, — аьлла сира маж йолчу цхьаммо.

— Цунна юххе Муса а ву. Зудчунна етта цо. Бераш тІехь, когахь доцуш, меца лела, — аьлла вукхо.

Ши буьртиг бесачу куйна биллира Сийна-БІаьрго.

— Царна гена воцуш Дауд ву. Къайлах мах беш ву иза. Цунна товар луш верг вайн туьканан заведующи Исраьил ву. Кхин ши буьртиг таса чу.

— Шовданан йистехь вехаш ву ши ваша: Ахьад, ВахІид. Деш-дуьтуш дац церан, синкъерамашкахула лелар доцург. Колхозехьа вац и шиъ.

— Нийса ду. Чутаса ахь шиъ, Сийна-БІаьрг.

— Царна кІел агІорхьара ЧІоьндарг даима вехна ву. Билла ахь кхин цхьа буьртиг.

— Лахъхьа юккъерчу ГІойсолтина хІун эр дара вай? Цхьа Іаьцциг безам боцуш ву-кх иза. Чутасал, Сийна-БІаьрг цаІ...

— Собарделаш, кІентий, — аьлла цхьаммо. — ГІойсолтин лулахо вайн молла ву. Цхьа жимо буьртиг биллача хІун дара техьа цунна а, нах?

— ЭхІе, — аьлла, Сийна-БІаьрго. — Собарделаш... — Йист а лаьцна, ерриг хьаьаш цхьана куйнара вукху куйна хеццера.

— ХІан-хІа, вежарий. Ерриг хьаьаш моллина яхана. Дуьстина а вер вац цуьнан чам боцуш хилар...

АМАЛЕ ВОЛУ МАЙРА МЕТТАВАЛАВАР

Вайн махкахь дуьххьара колхозаш йохкучу хенахь Ножи-Юьртан районехь юьртсоветаш яра хоржуш.

ХІетахь Советан Іедало ламанахойн къечу зударшна йоькъуш пальтош яра. Пхи эзар пальто йийкъира Іедало царна маьхза. Цу хенахь цхьаболчу зударша пальто тІехь лелаяр къилахь лорура.

И хан тІе хІоттале, вайнехан зударша пальтош лелош яцара. Мел шийла Іа корталица доккхура ламанан зудчо.

Зандакъахь цхьана къечу зудчунна пальто елира. Цул тІаьхьа ши де даьлча, эвларчу советан председатель хаьржира иза. Хаам бина майрачуьнга: юьртсовето хьан зуда председатель хаьржи, аьлла.

Совет гулъеллачу веана цІийнда, зудчунна елла пальто а юьйхина. Зударийн пальто хиларна, шуьйра кач а хилла цуьнан. Хьалха йоллуш хилла хьолтІамаш санна йоккха кхо нуьйда. ГІодаюкъах кхозуш гІалакх санна, йоккха шаьлта а хилла къонахчун. Чуваьлла заседани йолчу.

— И хІун ду, къонаха, ахь лелораг? — вела а велла, аьлла цхьана юьртахочо. — Хьан зуда председатель ю, кху меттиге баьрччехь Іаш, ткъа ахьа цунна елла пальто хьайна тІе юьйхина. И муха ду хьан?

— Хилча хІун ду, — аьлла, шех тоам бечу майрачо. — Кхузахь и шун ю председатель, цІахь со ву цуьнан председатель. Зудчан пальто а зуда йоллучун ю.

«ГІогІ» аьлла бийлабелла сельсоветан членаш. Догдаьттіа кхоккийна зудчун юьхь. Аьлла цо майрачуьнга:

— Иштта делахь, со ю кху чохь председатель! ХIокху минотехь охьайиллал сан пальто! И охьа а йилла, хьуо, суна гуш, кху чуьра ара а вала...

— Зуда! Хьаьнга бах ахь иза?

— Хьоьга бах! Схьаяккха пальто!..

— Суна хьо председатель яц. Сан зуда ю. Собарде ахь. ЦIа ян ца деза хьан? Ас болх бийр бу хьан...

— АхIа... ишта бах ахь? ХIа-хIан, милици! Оззаяй тIера сан пальто схьа а яккхий, кхаа буьйсанна кертарчу божала воллал иза, юьртдега там боцуш лерна. Схьаяккха цуьнгара шаьлта! — аьлла, омра дина ламанан зудчо районера баьхкинчу милиционерашна.

Дуьхьало ян воьлла майра. Милиционераша пальтох цхьалха а ваькккхина, лол хадош, шаьлта схьа а иэцна, башха гIиллакх ца лоьцуш, божли чу воьллина вон леларг.

— Везачу делор ю ас хьо юьтур, — бохуш мохь бетташ хилла къонахчо божалара ара.

— Йитахь, хьо воцуш Iалур ю со-м. Амма ахь шийлачу божли чохь кхо де-буьйса-м доккхур ду! — дош хадош, чу йистхилла зуда.

ГIад бахана советан членаш:

— ХIинца ву хьуна вайн хилан ма-веззара председатель. ХIун деш Iара вай хIара ца хоржуш хIинццалц?

Дехарш дина наха, дIахецахьара майра, бохуш. Ца делла зудчо дехар. Божли чохь кхо де-буьйсий даькккхина цIа веана майра, даьтта хьаькхча санна хиллера.

ЗУДА ЯДОР

— Баба, хIун де-те ас? — хаьттина йоI-стага шен дезткъа шо кхаьчначу денене. — Цхьа кIант ву-кх, бертахь со шега ца ягIахь, чуьра яькккхина а со юьгур ю ша, бохуш. Вайн божаршка даьлча, ма дов хиларна кхоьру-кх со.

— ХIумма а дац, йоI, — аьлла денанас. — Ас дийр ду цу кIантана дан дезарг. Хьуо кхерахь, цкъачунна со йолчу чохь йижа хьо.

Иштта цхьа кIира даьлла. Цхьана буса, шеца накъост а волуш, йоI йолчу чуваьлла тIехьийза кIант.

Гина цу шинна, ког хецца наб а еш, шен маьнги тIехь Iуьллу йоI.

Хьем ца беш, тIе верта а тесна, майдолаг санна, цу

юккъе хьарчийна, машина тIе а тоьхна, дIаядийна йоI. Доссийна нускал накъост вехачу хIусаме.

ДIадаьккхина верта... Дарин бедарш тIехь гина нускална.

Юьхь тIе уьйзуш хилла шифонан тIам.

— Э, — вела а велла, аьлла цхьаммо, — хьо ваха хилла хIара-м вайша варе хьоьжуш. Дарий коч гой хьуна кхунна тIера.

Нускало шен юьхьа тIера хIума дIатесна. ДIахьаьжна. ЙоьIан метта денана хилла кхара ялийнарг.

— ХIа-хIан, жима ши стаг. Дийцал соьга, шаьшшинех сан майра муьлха ву? И хаа лаьа суна...

Хьалаиккхина ши кIант. Гешдар доьхуш, йоккхачу стагана гуонах хьаьвзина. ХIокху минотехь цIа юьгу шаьш баьхна.

— ХIан-хIа, — олуш хилла йоккхачу стага. — Къена йоллушехь, аш ядийна со. Эхь дина аш суна доккха. Ас милице дIадийцахь, шуьшиъ набахтехь валлор ву. Цулла а дийца, муьлха ву шух сан майра хинверг?

Дуккха а совгIаташ а делла, нуьцкъаш цIа йигина шина доттагIчо йоккха стаг. Дош даьккхина бабера шайгара даьлларг дуьйцур ма дац цо, аьлла.

Нах бийларна кхоьруш, йоI ехилена а генахула волуш хилла жима ши стаг.

БIАЬРМЕЦИГ ХIУСАМДАЙ, МЕЦА ХЬАШИЙ

Цхьа миска ламаро нисвелла хьошалгIа охьарчу юьрта, шена вевзу стаг волчу. Барамаза сутар хилла хIусамда. Даоза, малоза шийлачу цIа чу дIавижийна хьаша. Мехкадаьтта кхоош, лампа а ца латийна цIа чохь. ЦIенкъа тесначу истанга тIехь керчаш буьйса такха дезна.

Шелонний, мацаллий истанга тIехь хебаш, дIакерчаш, схьакерчаш, набаран суй ца беш яьккхина хьешо буьйса. Сатоссуш хIусамда чувеана хьаша волчу.

— Буьйса муха яьккхи ахь, хьаша? — хаьттина хIусамдас.

— Сов паргIат яьккхи, — жоп делла хьешо.

— ПаргIат Iилла хьо, со цIа валац. Кхуза гена йоцуш хIоьттина тезет ю, суна вевзуш цхьа стаг кхелхина, хьо марша. Кадам а бина, хье ца луш, схьавогIу со.

Хьешана дагатесна:

«Деладуьхьа, стаг веллачохь яа хIума хир яцар-те?»

Аьлла цуо хIусамдега:

— Кхузахь дан сан а хIума дац. Со а вогIу хьоьца.

— Вало хIета, — хIусамдас аьлла, вахана хIара шиъ тезета.

ХIара шиъ стаг веллачу керта кхочуш, кешнашка дахьа дакъа арадоккхуш хилла цIа чуьра.

Коьртахара месаш ийзош, дег тIе куьйгаш детташ, маьхьарца тийжаш хилла веллачу стеган йоI:

— Вай, со яла хьан? Ас хIун дийр ду? Со хьанах тешийна йитина воьду хьо? Воьдийца хьо даа доцчу, мала доцчу, шийлачу хIусаме, Iаьржачу хIусаме! Воьдийца хьо готтачу хIусаме, ховха боцчу метта вижа!

— Деладуьхьа, — аьлла, хаьттина хьешо шен хIусамдега, — и велларг шун хIусаме хIунда хьо-те цара?

— Сан цIен тIей? И бохург хIун ду хьан?

— Дера, оцу тийжачу йоIа далхориг ас сийсара буьйса яькхина шун цIа-ма ду...

ИТОН КХАЬЛЛОШИЙ, ЧIИНАХОШИЙ ЛАЬМНАШ ДЕКЪАР

Итон кхаьллара ЧIинаха цхьа сахьт некъ бу Органца. Туьро хадийча санна хIуьтту ламанан бердаш, басеш Органна тIе. Оцу лаьмнаш тIехь хилла шина эвлан дежийлаш.

ХIор шарахь чIаьнтийн, чIинахойн и дежийлаш, цанаш къуьйсуш девнаш дийлла.

Цхьа болчара бохуш хилла и лаьмнаш вархIа а дехь дуьйна шайн хилла ду. Ткъа вукхар шайн дендайх дисина лоьру уьш.

И къийсамаш кIорда а бина, шиннахьарачар барт бина лаьмнаш гуттаренна декъа а декъна, доза хIотто. Ткъа муха доькъур ду Iаннаш, боьранаш, тархаш, Iункар басеш?

Дехха къийсина. Сацийна цара — шина а юьртара уггар дикачу дойш тIехь, шина беречуьнга дуьхь-дуьхьал говраш хахкийта.

И ши бере тIеттIа Iоттавеллачохь тIулгийн кIарлагIа а йоьгIна, иза доза лорур долуш.

Ткъа муха дийр ду, цхьана хенахь цаьрга дуьхь-дуьхьал говраш хахкийтар? Сахьт ма ца хилла оцу шина юьртахь цхьаннан а!

ТIаккха сацийна: Итон кхаьлланий, ЧIинахний юкъаневкъара меттиг хаьржина, цигара шина юьрта кхачалц, мокхаз — тапчанашца нах хIитто.

Ирх а ерзийна, юккъерачу шиммо тапчанаш кхоьссина. Царна тІаьххье шина а агІорчара, шайн ярташка хаам беш, тапчанаш йовлийтина. Тапчийн тата шайн лергана хеззишехь, шина беречо шайн говраш дуьхь-дуьхьал хецца.

И ши берий тІеттІа кхаьччачохь кІарлагІ йоьгІна. Итонкхаьллочун говр маса а хилла, мехкан доза чІинахошкахьа озаделла тоьхна.

ЧІинахоша юха а дов гІаттийна. Бохуш хилла цара, тхан хаам бечу цхьана стеган тапча харц хилла, цунделла ЧІинаха тІаьхьа кхаьчча хаам. Юха хахкийта говраш, бохуш хилла цара. Итонкхаьллошна и лууш ца хилла, шаьш мохк сов баккхарна.

Кхеле диллина и гІуллакх, кхечу эвлашкара кхелахой а балийна. Цара сацийна: дикачу къонахчун тапча харц хила ца йогІу, ткъа ишта герз вон дерг чІинахоша новкъа хаам бан хІоттийнехь, уьш шаьш бехке бу.

Мехкан доза магийна ши бере дуьхь-дуьхьал кхеттачохь.

КЪОВСАМ

Вадуд, Ахьмад цІераш йолуш, дуй биъна, ши доттагІ хилла, юккъехь керт бен йоцуш, вовшийн лулахь вехаш.

Цкъа цхьана дийнахь Ахьмада доттагІчуьнга аьлла:

— Сайниг суна санна муьтІахь а йолуш, зуда яц кху вайн юьртахь. Нагахь со велча, маре ца йоьдуш ша яллалц Іийр яра иза.

Іийр яцара аьлла Вадуда, Іийр яра аьлла, дуй биъна Ахьмада.

— ЭхІ, къера дуй бии-кх ахь. Цхьацца деши а диллий, къовсий вайшимма? — боху Вадуда.

— Ой, и муха къовсур ду? Со валийта-м ца воллу хьо?

— Хьо валийта-м ца воллу, хьан зудчунна хьо велла моттийта воллу-кх.

— Муха?

— И ас дуьйцур ду хьуна, хьо туьма дилла реза велахь.

— Реза ву со-м, — аьлла Ахьмада.

— Дика ду, хІета, — аьлла Вадуда, хІун ду хаан лууш, са ца тохалуш лаьттачу Ахьмаде. — Тховса малх чубуззучу хенахь тхан кертара хьо цІехьа волало. Со

аравер ву хьуна тІаьххье. Шайн неІаре кхоччушехь, багах чопаш а яй, хьо «гап» алий охьавожа, когаш а хьекха, хьуо валаволлучуха. ТІаккха асий, хьан зудчой хьо чухьур ву. Маьнги тІе охьавуьллур ву. Ахьа хьуо велин моттуьйтуш сурт хІоттаде. Хиндерг — гур вайшинна.

Резахилла Ахьмад.

Сарахь, шаьш барт ма-барра, шен зуда Кесира уча ялар тергал а дина, ВадудгІеран кертара цІехьа волавелла Ахьмад. Шайн учи хьалха кхоччушехь, «йо оллохІ» олуш, охьа а воьжна, когаш хьоькхуш, куьйгашца накха къуьйлуш, узарш деш, багах чопаш оьхуьйтуш, валан воьжна Ахьмад.

— Вай-вай! Нана-бусалбанаш! Орца дала!.. ХІара-м леш воллу, — бохуш, маьхьарца гуонах хьаьвзина зуда майрачунна.

— ХІун хили кхунна, хІара хІун ду? — бохуш, схьахьаьдда лулара Вадуд.

— Ва-а, нана яла кхуьнан! Ва-а, со яла хьан делаІ! ХІара-м леш воллу... — шийла мохь оьхуш хилла Кесирега.

— Же Кесира. Цкъа чувуьгур ву вайша хІара, тІаккха со лор вало гІур ву, — аьлла Вадуда. Когаш, куьйгаш а лаьцна, чувигина Ахьмад.

Маьнги тІе ша охьавуьллушехь, шен садаьлла моттийтина Ахьмада.

Юьхьа тІе ши куьг а диллина, ша воьлху сурт хІоттийна Вадуда а:

— Со вели велира-кх хьан меттана. Нанас ца винехь а, сан хьомсар ваша вара хІара.

Мохь бетташ, тийжа Кесира а хІоьттина. Метта юьллу кІайн шаршу тесна Вадуда вахвелла маьнги тІехь Іуьллучу Ахьмадана тІе.

Цхьа хан яллалц и белхаран кеп латтийна шиммо а. ТІаккха, шен бІаьргех ихна хиш дІадоху а моттийтина, аьлла Вадуда:

— ХІа-хІан, Кесира. Дала гечдойла кхунна. Дала вирзина меттиг декъала йойла. ХІара дІаваьлла, делан йоза а хилла. Вайшиъ мел делхарх деннлур воцуш. Кхана, йоккха тезет а хІоттийна, дІавуллур ву. Дийна виснарг вахаза ца волу. Адам схьаэха долале хьоьга цхьа къамел дан лаьара супа. Мел хІуъу дийцичи а, Кесира, хьо ханна жима ю. Хьайна цхьа бен лехна яха ца яьхча хьо ер яц. Велларг велла. Хьуна муха хетар ду ца хаьа суна. Хьо хІокху Ахьмаде яле а хьоьга чІогІа безам бо-

луш вара со, Ахьмад сайна дукха везарна, и сайн чIогIа доттагI хиларна, сайн дагара хаийтина дац ас хьоьга.

ГIар-тата яйна, цицаго санна, ши лерг доьгIна ладоьгIура Кесирас Вадуде:

— ХIинца эр ду ас сайн дагахь дерг ма-дарра. Сайна хьо чIогIа дукха езарна, сайга ерза бах ас хьоьга, хIара дакъа дIадерзийначул тIаьхьа, нахе бехк ца биллийта, ши-кхо бутт юкъа а болитий.

Эхь хетачуха беснеш тIе йовлакх уьйзира Кесирас.

— Дера хаац, Вадуд. Мареш лоьхуш, еддий, хьаьддий лела йиш яцара. Цавевзарг лоьхучул, хьал хуу хьо ма тоьла суна. Кхуьнга яхале, со а яра гIеххьа хьоьга безам болуш... Иштта хила язделла хилла-кх хIара. ХIун дийр ду, ахь бохучунна реза ю со-м... — бIаьргех даьлла хиш йовлакхца дакъа а деш, сах-пахе хилира Кесира.

— Делахь хIара дIаверзийначул тIаьхьа, соьга хьо йогIуш барт хили-кх вайшиннан?

— Хили-те, — олуш, жоп делира Кесирас.

ЦIеххьана Ахьмадана тIера шаршу дIатесира Вадуда.

— ХIей, веллаIуьллург! Хезин хьуна? ГIатта! Охьадиллал, сан туьма, довха доллушехь.

Вела а воьлуш, кIиегар хиира Ахьмад.

— Тьфу, наьIалт хьох «зуда» аьлла и дош дахдиначунна! Ма-ярра гучуели хьо, Кесира!

Кисана куьг а дахийтина, туьма схьадаьккхира Ахьмада.

— ХIан, Вадуд! ХIара туьма хьанал ду хьуна. Ахь хIара дукха говза дарна, кхин цхьа туьма а тIетуху ас...

Стунйижарша нуц хьавзор

(Бегаш)

БIоржамаш санна, доккха цIеста ши мекх долуш нуц веана хилла стунцахошна. Цу мекхашлахь бат гуш йоцу иза хьавзо марзделла стунйижаршна. И муха дийрдара техьа аьлла, ойла йинчу царна дагадеана....

Пешан бертехь цIийина сискалан ах, дукъачу мазах дуьззина кхийра богий хьалхахIоттийна стунйижарша йоьза мекхаш долчу невцана.

ДIасхьаьжна иза, Iайг лохуш: бац, ца белла Iайг а я чада а.

Шекваьлла нуц ша хьовзо уьш гIертий техьа, аьлла.

— Э-э, дукха даха шу делаI! Ма дезаш ву моьтташа со хIара моз, — буога шена тIе хилийна невцо меллаша.

Муха дуур ду техьа цо моз бохуш, дийладала кичча, гIаддахана Iаш хилла зудабераш.

«Уьхь-муьхь» дина, йиш а тайина, невцо шина куьйган цхьацца пIелг Iоьттина мазала бахийтина. Юха схьабаьккхинчу цу шинца, дика дIаса а хьаькхна, таIIош шина беснех дIалатийна йоьза ши мекх. ТIаккха меллаша мезан буогий, сискалан ах юьхьара дерзийра невцо...

Дукха хан ялале дассаделла буога хьалхара дIа а теттина, нуц шен йисина сискалан юьхк хьала а лоцуш, вистхилла, цецбевллачу стунйижаршка:

— Деллаша, зудабераш, кхоам бу хIокху юьхкан. Мел дика хьаьвзичи а, хIара дIакхачаялла моз карор дацара техьа вайна, шу дика а дарий.

Шаьш хьовзабеллачу стунйижарша кхин моз карадогIийла яц, аьлла.

— ХIун дийр ду тIаккха, доцург эшаза мила велла. Аш шайна цхьа амал бер, диканиш, суна-м хIара сайн ши мекх тоьар ду кху тIе цIубда!

Иза а аьлла, цхьацца мекх бага а хьарчош, сискалан юьхк дIакхаьллина бах невцо.





НЕКЪ ЖІАРАБОЛУШ

Деа актехь, итт суьртахь драма
Социализмехьа латтийнчу къийсаман исторех эпизод

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

Янарс Ахматов — 30 шо, ялта кечдан ваийтина белхахо.
ГІапура — 24 шо, комсомольски ячейкин секретарь.
Исраьил — 35 шо, партячейкин секретарь.
Султан Берсанов — 23 шо, комсомолец.
Илес — 35 шо, юккъерахо.
Хасмохьмад — 55 шо, къен стаг.
Іаьнга Джанхотов — 45 шо, юьртан советан председатель.
Моллин-Кад — 35 шо, къен стаг, дукха луьйш ву.
Сербинов — 30 шо, районан милицин начальник.
Осма Лечиев — 45 шо, молла.
Хасар Дукаев — 50 шо, кулак, зуламхойн тхьамда.
ТІерло Дукаев — 40 шо, Хасаран ваша.
Габис — 50 шо, кулак, хьархо.
Зайндин — 20 шо, Хасаран кІант.
Бексолта — 25 шо, Хасаран вешин кІант.
Товсолта — 24 шо, Хасаран вешин кІант.
Іаббаз — 25 шо, Хасаран вукху вешин кІант.
Хадижа — 18 шо, Осмин йоІ.
Заза — 18 шо, Іаьнгин йоІ.
Амхьад — 10 шо, ТІерлон кІант.
Тасу — 40 шо, юьртахо.
Сану — 45 шо, Хасаран зуда.

Белхалой, юртахой, комсомольцаш.
Ардам хуьлу Нохчичохь, 1929-чу шеран коьртехь.

I АКТ
ХЬАЛХАРА СУРТ.

Юьртан советан чоь. Аьтту агIорхьа стол, тIе цIен кIадий а тесна. Стол тIехь йогуш лампа. Стоьлана аьрру агIорхьа хIиттийна гIанташ ду Сценин кIоргехь кор. Араволу неI аьрру агIорхьа. Корана лакхо, пенан бохалла тоьхна ши плакат: «Берриг мохк коллективизацина юкъабохуьйтур бу вай!» «Пхеашеран план — деа шарахь!» Стоьла хьалха Iаш ву ялта кечда вайтина Янарс. Цунна юххе Iаьнга. ГIанташ тIехь: Исраьил, ГIапурий, Султан, Илес, Моллин-Кад, Хасмохьмад, Дукаев Зайндин, юьртахой. Къамел деш ву Янарс.

Янарс. Иштта ду-кх накъостий... Тхо кхуза Нохчийн обкомо дахкийтина, шуна гIо дан. Хьалха кхузахь хилла белхахой, гIуллакх кхочушдан ницкъ ца кхаьчна, дIабигина. Адам кхето ца хиъна царна. Цхьа сахьт ду тхо кхуза схьакхаьчча. Кхана Iуьйранна, вуьш схьакхаьчча, коммунисташ, комсомольцаш гулбина, кхел ян еза вай, болх дIа муха хьур бу къастош. Хаттарш дуй?

Моллин-Кад. Ду... ду. Сан ду... Хьан цIе хIун ю, накъост?

Янарс. Сан? Янарс.

Моллин-Кад. ХIай-хIай. Вайн делор, суна иштта мотта а ма моьттура. Янарс ю. ТIехьаьжча, хьан цIе Янарс хила тарлуш ду. ХIетенгийна... Суна дагадогIу цкъа...

Iаьнга. ХIа! Хахкаели хьуна гома ворда варша йистехула пурх! Моллин-Кад! ГIуллакхах дийца!

Моллин-Кад. ХIети-хIети!.. ГIуллакх дуьйцуш ма воллу со. ДагадогIу суна, цкъа, паччахь дIаваккхале, цхьа шо хьалха... ХIан-хIа... Пуьчаш бутту ас... Ши шо хьалха дара иза... Тхан эвлахь болх беш вара цхьа гIазкхи. Палотник... Дика дечиган пхьар вара иза. Ткъа хIокху Янарсех дукха тера вара иза...

Iаьнга. Моллин-Кад, гIуллакх дийца!

Моллин-Кад. Іаьнга! Деладуьхьа, дийцалахь бакъдерг... Цкъеллига-цкъа вирана тиллина цІенан нуьйракож яйний хьуна?

Іаьнга *(цІеххьана динчу хаттарна вела а велла).* Дера, ца яйна со дуьненчу ваьлчахьана-м.

Моллин-Кад. ГІуллакх доцург ас дуьйцу хазале, вира тІехь цІенан нуьйра-кож гур ю хьуна.

Іаьнга. Моллин-Кад, хаттарш де хьеше! Хаттарш дуй хьан?

Моллин-Кад. Да, дера, галеш дуьззина-м. Дерриге а гІуллакхийн хьокъехь а долуш.

ГІапурас белш а лоций, охьахааво иза шен метте.

ГІапура. Охьахаал, Моллин-Кад! Кхануо дуьйцур ахь...

Илес. Сан дара цхьа хаттар.

Іаьнга. Хаттал, Илес.

Илес. Со, шуна ма-хаъара, юккъера бахам болуш стаг ву. Хьал долуш а вац, амма мичча хена хьаша-да реза вина дІа-м вохуьйтур ву. Нагахь оцу колхоз бохучу ца язлахь, со набахте вуллур вуй?

Янарса. Ой! Вац, дера-кх.

Илес. Бакъду, со-м теша партин баккхий хьаькамаш нахана диканиг дезаш а, и диканиг уьш дан гІерташ а хиларх. Иштта ду иза. Амма цхьана меттехь духдуьйлуш шовда хуьлу. Цигахь, седа санна, цІена а, хьаьъна а хуьлу иза. Цул тІаьхьа наха тоттий чу кхеллеш туьйсу. Лаха схьа кхочу хи бехлой, даьржий. Хьайбано а ца молуш. Иштта хирий техьа вайн оцу колхоза-ца? Цхьана тхов кІел Іаш волу ши ваша а, вовшашца ца тарлуш хуьлу. Ткъа кхо ваша гуттар вухъхьа волу. Зударш балийна белахь-м — дийца а ца оьшу. ХІун машар хир бу оцу колхозехь? Кхоьру-кх со... Кхаа-деа шарахь собарда мегар дацара техьа? Хьожур вара со кхечеран хІун хуьлу... Ойла а ца еш, чу муха хохкур ю цу колхозе? Беккъа цхьа борша нах цигахь белахьара-м цхьаъ хила а магара. Амма зударш цига баьхча, йоккха Іалагіожа хиларна кхоьру-кх со цу колхозехь. Оцу сохьта вовшийн коча гІур бу. Ялта бахий ахь? И-м дІа ца делча девр дац. Иза махкана, пачхьалкхана, халкъана оьшу? Амма колхозе ца язлуш жимма Іен дагахь ву со. Наха хІун до а хаьаьжна...

Исраьил. Делахь, Іийр ду-кх шу, вовшашка а хьуьйсуш, мацах коьжалг туьйсуш, уьшалара бутт баккха гІиртина ламарой санна.

Моллин-Кад *(хьала а иккхина)*. ХIети-хIети!.. Вайн делор, аса-ам бах изза...

ГIапура *(охьа а хаош)*. Охьахаа!

Хасмохьмад. Сан ма дара цхьа хаттар.

Iаьнга. Хаттал, Хасмохьмад

Хасмохьмад. Со, шуна ма-хаъара, миска стаг ву. Суна бен а дац колхозе язвелча а, ца язвелча а. ХIунда аьлча, со къен волу дела. Амма тхан эвлахь цхьацца хабарш дуьйцу. Массо а адам цхьана доккхачу юргIана кIел дуьжур ду, ерриг колхоз цхьана яй чуьра хIума юуш хир ю, боху. Ткъа зударийн хьокъехь дуьйцурш-м ирча эхь ду. Бакъдуй техьа уьш?

Янарс *(сиха)*. Бакъ дац! ХIора стаг вехар ву ша хIинца ма-ваххара. Болх юкъахь бийр бу. Лаьттах баьлла пайда, бинчу балхе хьаьжжина, боькъур бу. Кулакийн эладитанаш ду уьш. Ла ма дегIа цаьрга. Вайн уггар хьалхара Iалашо, кулакийн дуьхьало каг а еш, ялта гулдар ю.

Султан. Муха кагбийр бу уьш, юьртасоветан председатель Iаьнга церан гIо деш хилча?

Iаьнга *(дарлой хьалаиэккха)*. НаьIалт оцу хьан бетан чкъоьргана! Харцдерг хIунда дуьйцу ахь?

Султан. Дац и харц! Селхана бакъо кера а елла ккуза ваийтина уполномоченни волчу цIийнан корах чу топ туьйхарий? МаьIаргона вера иза. Топ хьан тоьхна хьуна шера хаьа. Лаца хIунда ца лаьцна ахь и зуламхо?

Iаьнга. Суна хIун хаьа и мила ву? Хабарех нах леца йиш юй сан?

Султан. Сайн дех ма ккхетийла со, хьуна и мила ву ца хаахь! Милицига кхайкха! Оха, комсомольцаша, гIо дийр ду хьуна. Кулакийн гIоьнча ву-кх хьо!

Iаьнга. Иэхьан тIадам ца хета хьуна! Харц ма ду иза, Узум-Хьаьжин ахча санна. ГIапура! хIокху сохьта комсомольцийн собране хIотто деза оцу питанхочо дуьйцург.

Султан. Хьайна луъучу хIоттаде! Вайн советан кертахь «вак-вак» бохуш, кулакийн буьнчохь хIоаш деш ву хьо.

Iаьнга. ЖIалин кIеза! И хабарш юьйцур яра ахьа? *(Ши буй а бой, чукхоссало Султанна. Янарсас, Илесий, Исраьилий сецаво.)*

Янарс. Iаьнга! ХIун до ахь? Хьо-х юьртан советан председатель ву! Кеп яций хьуна-м лета!

Исраьил. Хьераваьлла хьо? Иэхь дац ахь лелориг? Комсомольцах партин член латар!

Іаьнга. ХІокху сахьта дийцаре а диллий, къастаде бах ас яра гІуллакх! ХІокху хІумано... Цхьа стаг а хилла, со шира партизан, аьшнаш а веш... Ахь йийр яра сона кхийсарш? Хьо шарбал а йоцуш лелаш, хІара Іедал доккхуш, тІамехь лаьттанний со-м. Хьайга хьажал! Моллин йоІ яло гІерташ цунна гуотуьйсуш лелачу.

Исраьил. Къастор ду вай иза а. Хьо, Султан, даьсса дешнаш ца кхуьйсуш, ІадІе.

Султан. Даьсса дешнаш хІунда ду уьш? Хьо а ву-кх Іаьнга саннарг. Кулакаша «дарккхехь» корах чу тоьпаш етта, амбар чуьра пачхьалкхан ялташ лечкъадо, хьуна юьртахь «тапар-тип, эсан кит» аьлла, дІатийна хила лаьа. Эвлахь яьлла цІе ца го хьуна?

Іаьнга. Хьуна дезарг юьртахь дов хилар ду-кх. Хьуна тІехула хІара ерриге юрт вовшийн коча яхана яьлла. Цхьа а вац, хьо воцург, ялта кечдар юьртахь дохийнарг.

Султан. Дера, къорІанор ду и харц! Тоххара кечдина даьлла хир дара и ялта, хьой Исраьил кулакех кхоьруш вацахьара!

Янарс. Ткъа хІун ду хьуна луург?

Султан. Суна луург Іаьнгас, Исраьилий майрра, юха а ца хьоьжуш, шайн болх дІабахьар ду-кх. Цхьана заманчохь Іаьнга партизан хилар тоьий? Хабарш а ца дуьйцуш, ялта гулдан деза цо. Исраьил партячейкин секретарь вуй? Ву. Кулакийн списка цо йиний? Йина. Кулакашна, Іедало ма-баххара, заданеш а елла. Шедалойн куьпахь бу уьш дуккхах берш. Ткъа хІун хилла? Бисмилла аьлла, цхаьллига цхьана кулако шен задани кхочуш ца йина. Стенга хьоьжу Іаьнга? Стенга хьоьжу Исраьил?

Исраьил. Ванах хьо Іовдал ву? Массарна гуш ду хаза дийцарх цара ялта схьалур цахилар. Со гІерта стаг а ца лоцуш, цІий а ца Іанош, ялта кечда.

Султан. Ахь цаьрца хаза хабар дуьйцу, цара уполномоченнешна чу тоьпаш етта. ГІол шедалойн куьпа. ХІор керта тІехьа герз карахь хехо ву. ТІех вер-вериг билгалво: «ХІей мила ву хьо?» бохуш.

Янарс. Баккъал бах ахь? Цу тІе даьлла?

Султан. Хьажал, хьо ца тешахь.

Исраьил. Ас, Іаьнгас машаре дуьйцу. Герзаца цара дуьхьало яхь, ерриг вайн юьртана кІайдарг хир ю. Ас берта балор бу уьш.

Султан. ХІа-ахІ! Балор бу, дера. Берта ялае ахь борз, Іахар ца кхалла! ХІара гой хьуна? Дукаев Хасаран кІант Зайндин ву кхузахь Іаш. Кулакан цІога. ХІунда ву иза кху чохь? Ладогіа ваийтина-кх. Яхийтал хьайн, алаша! Араваьл кху чуьра!

Зайндин. Ой! ХІун юьйцу цуо? Хьо мила ву?

Султан. Со милла велахь а, хьо кху чохь-м Інйр вац. ГІатта!..

Зайндин. Хьайн ненах сте йойла ахь, со кху чуьра аравакхаза Іен велахь!

Султан. Зуьдах даьлла зуд!..

Султан, Зайндий чуччу гІоьрта. Вуьш хьалалелха и шиъ къасто.

Зайндин. Со зуд ду хьуна, ас хьуна хІара дитахь!

Султан. Ас бийр бу хьан болх! ДІахеца со!

Іаьнга. Зайндин! Зайндин! Гой хьуна н-х хьерваьлла ву. Хьуо кхоьллинчу делан дуьхьа гІуо кху чуьра дІа! *(Ши белш а лаьцна аратуьтту Зайндин.)*

Илес *(Султан а сецош)*. Ма хьеелахь шаьлта!

Янарс. Султан! Иэхь дац ахь лелориг? Собранехь летар...

Моллин-Кад. ХІети-хІети... Ас бах... цу Султана дукха хан ялале цхьа нана елхор ю. Амма лета марзъелла пІаьна уггар хьалха яй чу йоьду.

Зайндин *(Султане)*. Собарде ахь. Карор ю вайшинна цхьа меттиг.

Султан. Я-те. Хье а ца луш карор ю.

Исраьил. Зайндин. Оха массара а доьху хьоьга. ДІагІуохьа хІокху чуьра. ХІара хьаша ву... Тхо советан белхалой ду.

Зайндин. ХІара совет юй советан пачхьалкхан? Суна дац кхуьнан дакъа? Дера, гІур вац, коr дІабаькхина-м!

Хасмохьмад. Зайндин. Хьо тхо массарел жима ву. Мел адамо доьху хьоьга. ДІагІохьа. Къа хир ду-кх хьуна!

Султан. ХІара хьаша вацахьара, неІ каро ца кхиош, корах араоькхуьйтур вара ас хьо.

Зайндин. ХІаа! Вара, дера. Вир-чІимаш бинча.

Моллин-Кад. Зайндин! Ма хилахьа сел вухъхьара, хьайн да санна. Цкъа тхов тІе латта таса вигинера со хьан дас. Шина соьмах...

Зайндин охьахуу.

Іаьнга. ХІа-хІан... Йолаели хьуна гома варда. Моллин-Кад, ма ел гІовгІа!

Моллин-Кад. Цхьа дош алийтахьа. ХІетенге... Цуьнан дас, Хасара, лецира со мехах. Шина соьмах. Туьссу ас латта тхов тІе, туьссу. ДІахьаьжи со — дукъош ситтина ду. Эли ас Хасаре: тоьар ду, дукъош ситтина, кхин тІе латта тесча, кеглур ду уьш. Ткъа сутара ву Хасар. «Таса ахь», — боху соьга. Туьйсу ас латта, вист ца хуьлуш. ТІаьххьара а къа-къакъ» аьлла, дукъош кег а делла, чубеара тхов. ТІаккха, тІе а вахана, эли ас Хасаре: «ХІа. вели со. Схьада ши сом». Лерга юххе мІараш хьекхна, халла схьаделира Хасара ши сом. Иштта хьо а ву, Зайндин.

ЦІеххьана хьала а гІоттий араволу Зайндин.

Хьа, гой шуна! Аш массара а дехча дІа ца вахара иза. Ас оцу сохьта берта вали.

ГІапура. ДІавахана-м дика дара иза. ХІинца хІун сацадо вай?

Янарс. Хьуна хетарг хІун ду?

ГІапура. Суна хетарггий? Атта ду. Сайн комсомольцаш гулбийр бу ас, Іаьнгас миска нах вовшахтухур бу. ТІаккха кулакийн керташкахула дуьйлалур ду тхо. Цуьрриг хала а ца гулдеш, цІийнах а хьаьвсина, ялта схьагулдийр ду. Адамаш юккъе тоьпаш еттар ма яц кулакаша.

Янарс. ЦІийнах хьийса цхьана а кепехь бакъо ма яц вайн. И хаьий шуна?

ГІапура. Иза эрна, хазахета цІийнах хьийсар ма дац. Тхуна хууш ма ду, церан ялташ мичхьа-мичхьа ду.

Султан. Ас кхин а атта гулдийр дара. Я...

Янарс. Муха?

Султан. Милици ялийна, заданеш кхочуш ца йина кулакаш таІІийна чубухкур бара. Иттех стаг бен ма вац уьш списки тІехь. Кхана ялташ схьатоттур дара гергарчара а, юьртахоша а.

Исраьил. Оцу тайпана къамел ахь дича, «данг» аьлла топ йожор ю хьуна цара.

Султан. Йожор яц. Оцу тоьпах царна шурий, вайна цІий догІург дац. Цаьргахь ницкъ бу моьтту цхьаболчарна. Шина кепеккал хІума дац.

Моллин-Кад. ХIети-хIети... Ас бах иза. Султана дуьйцучух хIун хир ду?

ГIапура. Моллин-Кад, охьахаал!

Моллин-Кад. Деладуьхьа, къонаха, витахьа со! Веччалг санна, тIелетта-кх хьо суна. Дош ала витахьа. Со вист а ца хуьлуш Iийча, бага якъалуш, айпе хуьлуш вай со-м.

Янарс. Алийтахьа цуьнга.

Iаьнга. Ала хьайна. Доцца а олуш.

Моллин-Кад. Пхьидан цIоганал доца эр ду. Султан воллу кулакаш хIаллакба. Вайниш цара лазаба магар дагахь а дац цунна...

Хасмохьмад. Бакъ луьй хьо, Моллин-Кад... И Зайндин кIело ян вахана моьтту суна.

Моллин-Кад. ХIаа. КIелош ян Iемина иза. Лулахойн котамо вак-вак оллушехь, буьнара довхха хIоа дадо кIело йора цо.

Илес. Йитал, Моллин-Кад, хьайн забарш.

Исраьил. Хан йов вайн. Кхана Iуьйранна дерриш каппашка декъадала деза. ХIинца дIадоьхча бакъахьа ду.

Шаберш гIовттий, арабуьйлу.

ГIапура. Султан, хьо чохь сацалахь.

Султан. ХIун ду?

ГIапура. Нийса вагарвира ахь Iаьнга а, Исраьил а. Амма Дукин некъий Iийр бац. Хьайца накъост воцуш ара ма вийла, герз а леладе. Оцу шаьлтанан мIарица хIун далур ду?

Султан. Шина кепекан мах ца хета суна Дукаевгlар.

ГIапура. ХIай кIант, хIай! Со ву ячейкин секретарь! ЛадогIа хьайга бохучуьнга. Кхерар, ца кхерар ша ду.Ас бохург дан декхарийлахь ву хьо. Ларло. Хадижица хIун ду хьан?

Султан. Кхиболу кегий нах санна, сайна езаелла дела, цунна тIехьийза-кх со.

ГIапура. Цуьнан да молла ма ву.

Султан. Хӏлча хIун ду? Суна везарг молла-х ваций!

ГIапура. Дика ца догIу иза. Гой хьуна, Iаьнгас дош кхоьсси хьуна.

Султан. Сан, Хадижин безаман хIун бехк бу? Цуьнан дена тIехьийзаш-х ваций со, ва ГIапура.

Гlапура. Бала бу, Султан. Бала бу. Хьо кегийр-хойн жигархо ву. Хьо воха ца лаьа суна.

Султан. Со хlунда вуху?

Гlапура. Шедалойн тайпанна а куьйгалла дийриг Дукаев Хасар вуй хаьий хьуна?

Султан. Хаьа.

Гlапура. Дукаевна куьйгалла дийриг Хадижин да, Осма ву. И хаьий хьуна ткъа?

Султан. Иза а хаьа.

Гlапура. Хадижа ялийча, Советан Iедалан уггар вочу мостагlчуьнца гергарло тосу ахь, къонаха.

Султан*(ойла йо ехха)*. Ткъа хlун дан деза ас?

Гlапура. Ой оццул еза хьуна иза, Султан?

Султан. Дера, еза сайн сил дукха-м.

Гlапура. Ахь хlун дей, кlант. Хьайн дагара и безам оззабай дlабаккхал. Масане хаза йоI ю Нохчичохь?

Султан. Ой! Гlапура. Кийрара безам, хохан корта санна, схьа а баькхина, дlа муха кхоссалур бу?

Чуволу Моллин-Кад.

Гlапура. Комсомол, моллица гергарлой — ши «можна» хир дац, кlант. Алал ахь, Моллин-Кад, йоIе бахана безам байалур буй?

Моллин-Кад. Байалур бу.

Гlапура. Муха?

Моллин-Кад. Ахь цул хазаниг лехча, шашах бовр бу.

Гlапура *(вела а лой)*. Хезий хьуна, Султан!

Моллин-Кад. Хlете... хlинца цхьа кхин дуьйцур ду ас шу шинна. Вара сан цхьа доттагI...

Гlапура. Дах ма делахь хабар.

Моллин-Кад. Дахдийр дац. Муш беха тов, хабар доца тоьла. Вара сан, бах ас, цхьа доттагI. Зуда ялийра цо. Ялийначу муьрехь моьттура цунна, хlокху дуьненахь цул хаза хlума дац. Дукха диъча, моз къахьло. Тlаккха яйра цунна кхин йоI. Дlай, схьай диттина, ялийра цо иза. Шариlатехь ма-доггlу, Iен вуьйлира. Цхьа буьйса цхьаьнца йоккхура, важа вукхуьнца. Чlогlа рагI лелайора. Наггахь бен ца йохош. Хlор зудчан кийрахь, гоьжи чохь саллар санна, лечкъина Iаш шайтlа ду. Цхьана дийнахь аьлла шина зудчо сан доттагlчуьнга: цкъа мукъана а кхоьа цхьаьна дижа вай? Вилина цу шимма сан доттагI юккъе. Шиннийн баккъаш кlел ши куьг дахийтина, аркъал Iуьллуш хилла майра.

Цу балхах воккхавеш ца хилла, делахь а Iиллина-кх иза. Iаьхкина Iаьвдина цара сан доттагI юккъе. ТIаккха хаьттина: «тхойшиннах муьлха дукха еза хьуна?» ДIакерчина, схьакерчина къонаха, — вуьтуш ца хилла. ТIаккха ший а, къовлуш, мара а оьзна, аьлла: «Хьо еза-кх. И шегий шегий аьлла моьттуш, хазахетта гIар-тата яйна зударийн. Иштта хила веза къонаха зударшца.

ГIапурий, Султан гIадвоьдий велало.

Г I а п у р а. Хьо юха хIунда вирзира, Моллин-Кад?

М о л л и н-К а д. Султан цIа кхето. Сахьт дац Дукиннекъаша кхунна кIело тасаран.

С у л т а н *(вела а лой)*. Хьо вара суна орцах валаза висина! Дуьло, хIета...

Арабовлу.

ШОЗЛАГІА СУРТ

Лечиев Осмин цІа, дукха кузаш чохь. Аьрру агІор — неІ. Аьтту агІор — кор. Пенаца дечиган маьнга, тІе кузаш а тесана. Стол тІехь самар, куьзгий, пхьегІийн кІалкІовсарш. Богуш боккха стогар. Пенах тоьхначу аннаш тІехь жейнеш. Осма ву паднара тІехь суьлхьапаш хьийзош. ГІеметтара зоьртал стаг.

Осма. Вала ца леш, бІаьстенга валахьара. Дела харц вечийн Іедал духур дара тІаккха. Наухудона сарпарІун, дела ша ву бохуш, кхайкхош хилла. ЦІеста стигал яйтина цо. Аьчган хІоьънаш керчош хилла, стигал къоькъуьйту ша бохуш. Доккхачу Іазапе лаьцна и дала. ХІокхарна лиъна массо адам цхьа доьзал бина дІахІотто... Іовдалаш! Тентагаш! Дала хІара дуьне кхоьллич-хьана, шайн-шайн доьзалца дехаш ду адамаш. Даима хьалдерш баьхна, къенаш хилла. Элий Іийна, леш баьцна. Наха пайдаоьцу дала шайга кховдийначух. Рицкъа дерриг делера ду. Баланаш биссийна хІинца дуьнена. Адам зуьйш ву ницкъкхочург. Хала таІзар дийр ду цо, ша вицвиначарна.

Чуволу Хасар. Керахь топ ю.

Хасар. Оссолом Іалайкум! Буьйса дика хилда хьан, Осма!

Осма. Ва Іалайкум салам. Далла везийла хьо, Хасар! ХІун ду керла?

Хасар *(охьа а хууш)*. Тахана Іура, сатоссуш, гІалитІара дела харц вийраш баьхкина. Иттех стаг.

Осма. Хаьа суна...

Хасар. Собрани хилла. Каппашка бекъна нах. Вайн куьпа Янарс Ахматов хІоттийна. Лам чуьра ву бах иза. Тайпана хилдехьаро. ГІапурий, Султанний хилла бах собранехь мохь бетташ, нах леца беза, бохуш. Керташка а хІуьттуш, ялташ лехар сацийна.

Осма. БІаьстенга валахьара. Дела вац бохурш шайн декъе кхочур бара. Теркаца хьала-охьа вехаш мел

волу гIалагIазкхий гIоттур ву. ЦаI санна. Цхьана баттахь латталой, ялташ гулдар духур ду. Нах оханашка боьрзур бу.

Хасар. ХIинца гой хьуна, Осма. Со бакълуьйш ма хилла. Корах чу цхьа топ тоьхча, массо ялта гулда вайтанарг ведда.

Осма. Уьш бевдда, керланаш тIебаьхкина. ХIун башхо ю цуьнан?

Хасар. ХIокхарна а кхерам латтор бу-кх.

Осма. И латтон беза. ЧIогIа. Амма тIехвийла мегар дац. Эскарш тIетоттур ду. Цундела ларлуш дан деза гIуллакх. Хьажал, Iаьнга гой хьуна. Юьртда ву иза, коммунист. Арахьара гуш дацахь а, вайша лоькхучу зурманца хелхавуьйлу. Исраьил ячейкин секретарь ву. Амма цуо а кIезиг зен до вайна.

Хасар. Ой! КIезиг зен муха до? Цо ца йина спискаш?

Осма. Йина. Цуьнан метта кхин хилча, и гIолехь хир вара? Я цо спискаш йийр яцара моьтту хьуна? Бакъду, вайна вон ву иза. Амма царна а вац и пайдехь. Иштаниг тоьла. Цул вонаш дукха бевр бу. Ма хьеве ахь Исраьил. *(Пенах буй туху.)* Хьо, бугIа санна, чугIерта. Багахь цхьаъ хила деза, деш — кхин.

Чуйолу Хадижа.

Хадижа чай дал тхойшинна.

Хадижа. ХIокху сахьта. *(Арайолу.)*

Хасар. Вешица барт боьхна сан.

Осма. ТIерлоций?.. ХIунда?

Хасар. Айп долу багара кхел санна, гуттар лозуш, хьегIаш, сагатдеш тIаьхьаваьлла и суна. ДIалуо вайшимма ялта, бах. Ор чохь хIунда дахкадо адаман рицкъа. Жимах волчу вешин кIант Iаббаз гуттар дIаваьлла сан аьллар тIера. Денна, ргIу кIел хиъна, стоьлаш еш Iа. Аьлчи а, ца аьлчи а лерган дуьхьиг ца ухьу.

Осма. ТIерло вуй, ткъа, списки тIехь?

Хасар. Ву. Амма кулак ца язвина. Таро йолчех тоьхна иза.

Осма. Ткъа ца хаьа кхунна? Цо шена тоьхна ялта дIа ма делланехь, «гIараст» аьлла, юха а керла задани тIеюстур ма ю цунна?

Хасар. И вуно дика хаьа цунна. Iедало тIедиллича, дIадала деза, бах. ХIара Iедал даккха гIерташ летте-

ра хьо, бах соьга. Ца кхета-кх иза. Сайн лаьтта тIехь, сайна хеттачу кепара ваха витац-кх со. Пачхьалкхан хIун бала бу сан гIуллакхаш юккъе гIерта?

Чуйолу Хадижа, подноса чохь чайник а, стаканаш а, юург а яхьаш. Шаршо яржайо дечиган маьнги тIе. Юург хьалха юьллу.

Хадижа. TIехилахьа, Хасар. Ерг яахьа.

Хасар. Баркалла, Хадижа. Меца вац со. Цхьа чайнан стака мер ду ас. *(ГIант оьций, Осмица тIехуьлу.)* И Берсанов Султан тоьхна вожо веза. Ша ма-барра дIаьвше лаьхьа бу иза.

Iадийча санна хьоьжу Хадижа Хасаре. TIаккха ла а доьгIуш, дIайоьрзу.

Осма. Мегар дац!

Хасар. ХIара хIунда ца мега? ХIокху юьртахь цхьа дегI садаIа ца дуьту цо. Цунна дера церг хьекхайо дукхаммо. Цхьана Iаьржача а ваьккхина, салоцце цкъа тоьхча, новкъара дIавер вара иза. Цхьана ханна...

Осма. Мегар дац. Массарна а хуур ду и вай диниила. Тайпа ду цуьнан онда.

Хадижа лаьтта стоьла хьалха пхьегIаш дIай-схьай йохкуш, ладуьйгIуш.

Амма гуш еттийта еза гIиба валлалц. Цхьа бахьана а лехна.

Хасар. Ишта а ца тарло.

Осма. ХIунда?

Хасар. Сийсара тхан Зайндица лераш хилла цуьнан совета чохь. И цу тIе а тидда, кегарий гIатта тарло. Цхьаъ нис а дина, тхайн Бексолтей, Товсолтей жимма буй-тIара яйтича оза ца лур техьа.

Осма. Ларлуш хила веза. Ха лаьтташ дуй?

Хасар. ХIора буса.

Осма. Вере! Вайх стаг лаца баьхкича, ца ваьллачу денний бен, герз ма хьадайталахь.

Хадижа арайолу.

Хасар. И массаьрга а хаийтина. Вайн стаг дIавуьгуьйтур вац.

Чуволу TIерло.

TIерло. Буьйса дика хуьлда хьан, Осма!

Осма. Далла воьзийла, TIерло. Охьахаа. Керла хIума дуй?

TIерло. Шорта. TIе хирдолуш а ду. Хьоьца къамел

дан веана со, Осма. Қlорггера къамел... Маццалц латтор бу ашшимма нахана юккъехь хlара кегарий?

Осма *(кхоьлина)*. Хlун кегарий?

Тlерло. Вайн хьаьжкlаш, жlаьлеша уьш яарш, тхевнаш тlехь, ргlош кlел, кlотаршкахь, оьрнаш чохь яхкалуш лаьтта. Дlалойша уьш! Шаьшшимма а луо, соьга а ялийта. Мацалла валарна кхоьру шу шиъ? Нохчо мацалла велла олу ца хезна! Вайн бага хьоьжу юрт, Дукин-некъаша хlун до-те, бохуш. Iедало шениг юкъах дуьсуьйтур дац. Адамаша къобала дийриг-м муххале а.

Хасар. Iедале хlума далур дац, вайн барт чlогlа хилахь.

Тlерло. Далур ду. Бертахь ца лой вай хьаьжкlаш, бертаза йохур ю. Вайга чкъургаш а карчайойтуш. Дlало вай и докъна тlехь яарш?

Хасар. Ваша вац, хьуо ма-дарра вир ду хьо! Қхета! Задани дlаяларх, кlелхьара довлац вай. Дlа ма еллинехь, кхин а сов тlетухур ю.

Тlерло. Хlан-хlа, яц! Тохахь дlалур ю-кх, кхачаяллалц!

Хасар. Мосазза?

Тlерло. Вай довлу-кх вешан Iедало бохург дичахьана. Оцу цхар йоьллачу шедагца, *(пlелг хьежабо топ лаьттачу соне)* хьайн итт патармица, баккхийчу паччахьашна хетарг дохийна Iедал эшо воллу хьо?

Осмас вист а ца хуьлуш ладоьгlу.

Хасар. Лур яц ас! Цхьа буьртиг!.. Лаххьийна ялта дlа а даькккхина, вай, жа санна, оцу колхоза чу лахка бохку. Массо хьайбанах хадош. Тlаккха зударш, зудабераш, вайн сий дlадала дезар ду. Тlаккха жиргlан тlе хевшина мозий санна Iен деза. И эхь тlелоцучул валар тоьла.

Тlерло. Хасар, сан воккхахволу ваша ву хьо. Хьо лечохь вала, хьуна юххе охьавуьжур ву со. Хlара Iедал даккха гlерташ летта, партизан ца лелла хьо?

Хасар. Сайн Iовдалалла лелла. Хlара Iедал дацара ас къийсинарг.

Тlерло. Ткъа хlун Iедал дара?

Хасар. Вахан паргlато лург дара.

Тlерло. Ткъа хlун ду хьуна оьшург? Тlехь бедар, когахь мачий ю, меца вац, хьаша-да кхабало. Бахам бу. Қхин хlун оьшу нохчочунна? Бераш школе дохуьйту.

Хасар. Берашка дешийтар. И дара соьга даза! Бе-раш цаьрга талхадайтар!

Тlерло. Хьажал ткъа вайшиннан вешин кlанте lаббазе. Школа чекхяькхина цо. Дечиган пхьар lемина. Вуй кху юьртахь цул говзаниг? Мел пайда бо цо? Талхор ду иза?

Хасар. Да-те. Пхьола lамийна цо, баккхичийн сий дан дицдина. Ас бохург лерах ца хьокху lаббаза. И ю-кх церан ишкол!

Тlерло. Лаа ца аьлла вайнаха «Заманца ваханарг ирсе хир ву, зама юха ийзийнарг дакъаза вер ву». Заманца вола.

Осма. Тlерло! Ладуьйгlира ас шу шинге. Бакъ вац хьо. Хьажал и дlадоху ялташ. Товараш дац. Дош аьлча — ца могуьйту. Нах шайна ма хетта бахийтац. Дин доцуш адамаш ду вайна юккъе даьржина, хьаькамалла деш. Паччахь волуш толара вайна.

Тlерло. Толара хьуний... иштанехьа диъначу шуна. ВаллаIазмор ца толара валахIоьттина сискал яккха гlерташ воллучунна-м. ХIун дика дина паччахьо заманийн йохаллехь адамашна? Цхьа мисхал ца дина. ХIинца карадел юьртахь шекарца чайн ца молуш цIа. Неха-м туьха а дацара хIетахь. Дерзана бераш карадел. Дац уьш. Со lай коггашIуьйра лелла хьуна ша тlехула, гlулгех ловзуш. ХьошалгIа водара хIетахь долчуьнга коч—хечий доьхий. Юьрта кхочуш бен уьш тIе а ца духуш. Дацара иштта? Дара. ХIинца тIе хIун юхур ю ца хууш лела нах. Цомгаш хилларг больницан кIайчу меттахь вузош, дарбанаш лелош таво. До Iедало нахана диканиг. Колхозан гlуллакхех вай ца кхета хир ду...

Осма. Хьо гlур вуй ткъа колхозе?

Тlерло. Гlур вац, цунах хирг сайна хаъалц-м. Амма Хасарна тIаьхьа хIуттур вац.

Осма. Хьайн воккхах волчу вешиний?

Тlерло. Цо лаьцна некъ, тхойша хIаллаквеш бу.

Хасар *(хьалаиэккха)*. Делин наьIалт хила хьуна! Ца оьшу суна хьо ваша а. Со дlаволла ма хуьлда хьо.

Осма. Собар, собар. Сих ма ло, Хасар. *(Тlерлога.)* Ткъа Хасар цхьамма вийча, я цуьнан сий дайича, цуьнан цIий лохур дарий ахь?

Тlерло. И хIунда дуьйца. Дара-те!

Осма. Шуьша цхьана кийрахь Іиллина. Вайн юьртара цхьа нах бу хьан ваша хІаллакван гІерташ. Цуьнан бала бац хьуна?

ТІерло. Муха бац вешин бала.

Осма. Делахь вешигахьа я цуьнан мостагІашкахьа хила веза, ТІерло. Керта тІехь ма Іе.

ТІерло. Хьайн задани кхочуш ца йо-кх ахьа а?

Осма. Ас дІалур ю задани.

ТІерло. ЭхІ! Айхьа дІа а луш, тхо Іедална дуьхьал доху ахь?

Осма. ХІан-хІа, ТІерло. Хьо ца кхета. Ас ялта дІа ца делча, нах хьийзор бу Іедало, моллина тІаьхьа хІуьттурш беш. Со шера го Іедална. Шен йолу-юьхьиг суна хьажор ю цо.

ТІерло *(оьгІазе)*. Дика ду. Дика ду. Бож хилла. Аьлла цо: «чулелха деций бердах, шуна тІаьххье со а эккхар ю». Вон Іалашо ю, Осма, ахь лоьцург. КъорІано магор дац иза.

Осма *(реза воцуш)*. КъорІа дита. Цо дуьйцург суна дика хаьа. Ши некъ бу хьуна: я вешица, я дела вац бохучаьрца.

ТІерло *(корта охьа а бохуьйти)*. Оф-вай! ХІун де техьа? Ма хьаштдоцург ду-кх аш суна тІетеІориг. Вешица ца хилча вер вац.

Хасар. Кхин дан а дац.

Чуволу Бексолта.

Бексолта. Буьйса дика хуьлда шун!

Осма. Далла воьзийла хьо, Бексолта.

Бексолта *(воьлуш)*. ХІинцца цхьа керла хІума хезир ду шуна.

Осма. ХІун хІума?

Хасар. ХІун ду и?

Бексолта. Шайн лергашна хезир ду шуна.

Хасар. Дах ма де! Вала!

Бексолта. Сой, Товсолтий вара юьртан совета хьалха. Оцу къотІалгІа бинчу комсомольцийн собрани яра лулахойн чохь. Церан пенах, герка молха а чохь, чуьйнан гІуммагІ йоьллин оха шимма. Товсолтас хІинцца оьккхуьйту иза.

ТІерло *(хьалаиэккха)*. Э-хІей, дела эккха шуьша йоккхачу тоьпах! ХІара хІун ду ашшимма динарг?

НаьІарге хьоду. Хасара тІекхоссалой сацаво.

Хасар. Мича воьду хьо? Охьахаа. Ара ког боккхур

бац! *(ТІерло карара волу Хасаран. Бексолта тасало цуьнан коча.)*

ТІерло. ДІахеца! Адамаш дац, экханаш ду шу, шаьш ма-дарра.

Осма. ТІерло! Охьахаал! Іовдал. Ког боккхур бац!

ТІерло. Ой! Цигахь-м адамаш дай! Адамаш!

Бексолта. ДІахеца ахь, Хасар. ГІуллакх чекхдаьлла.

ЧІогІа тата хеза.

Хезий шуна?

Хасар. ГІуо хІинца! ДІа айкхвала. Хьайн вешина! ЖІала!

ГІеллой охьахуу ТІерло, хьуьхьа а вулий, чуйэккха Тавсолта.

Товсолта. Хезарий шуна?

Хасар. Хезира.

ТІерло. Іедало ца дахь, дала дийр ду вайна таІзар. Цигахь-м вайн юьртахой бай!

Товсолта. Шек ма ваьллахь, ТІерло. Нах чуьра арабовлуш бара, ас чхиш эриг латош.

Осма *(шина кІанте)*. Вон дина аш иза, сох дага ца волуш.

Бексолта. Хасарна ма хаара иза.

Осма *(Хасаре)*. Соь ма ца хьахийра ахь иза.

Хасар. Де билгал дацара тхан. Шайггара дина кхар иза.

Осма. Вон дина, Іаламат вон.

ТІерло. И атта дІадоьрзур дац. Шера хуур ду вай динийла. Ма-кхуьъу сиха лам чу ваха веза шу шиъ.

Осма. И нийса ду. Кхин хьанна хаьа хІара, шу шиъ воцчунна?

Товсолта. Вайл тІех цхьана дегІана ца хаьа.

Осма. ЦІахь?

Бексолта. Цхьана а сина...

Осма. Дика ду. Мотт багахь кхаба беза.

Чуволу Габис.

Габис. Буьйса декъала хуьлда шун, Осма!

Осма. Далла везийла, Габис!

Габис. Бомба иэккхаш хезарий шуна?

Осма. ХІун бомба?

Габис. ХІинцца, хІокху сахьта, чуьйнан гІуммагІ иэккхийтина юьртан совета чохь.

Осма. Ахь баккъал бах?

Хасар. Хир дац иза!

Габис. ЦIена бакъ ду. Ов-вай... Дехьа чохь комсомольцийн собрани яра...

ТIерло. Ткъа адамаш? Царех хIун хилла?

Габис. Шиина кIезиг-мезиг чов хилла. Собрани дIа а яьлла, кегий пах арабевллачул тIаьхьа иккхина. Шиъ чохь сецца хилла. Пен хаьрцина. Цу кIел бисинехь — галнаш санна, Iохкуш хир бара.

ТIерло *(са а доккхий)*. Далла бу хастам!

Хасар. Хьан дина техьа иза?

Габис. Дукха адам гулделла цига. Цхьаболчара шун Зайндин хьехавора. Вукхара хIара Тавсолтий, Бексолтий вуьйцу.

Товсолта. Тхойший?

Габис. ХIаа.

Бексолта. Ой! Тхойша-х маьркIажехь дуьйна кху чохь ву! Иккхина дукха хан юй?

Габис. Итт минот хир яц. Шу шиъ цига цахилар гуш ву со.

Хасар. Вон дина и, хьаъа динехь а. Комиссеш милицеш схьататталур ю. Наха тхо бехке дийр ду.

Габис. Бакъду. Дуки-некъаша дина эр ду. ХIинцале а дуьйцу.

Осма. Дика дац. Дукха бусалбанаш хьийзор бу цу балхо.

Габис. Цунах вогуш хьох дагавала веана со, Осма, кхуза.

Осма. ХIун ду хьан?

Габис. СхьайогIур ю милици. Уггар хьалха со хьур ву, кулак ву аьлла. Пхи тIулг бара сан хьерахь. ХIинца шиъ битанера ас. Эзар пунт хьаьжкIийн тIетоьхна суна. Дуьйцу хезний — эзар пунт! Уьш дIаелча, да мел волчух волу со. Хьераш-м ишта а, вуьшта а, дIайохур ю. ХIун дича бакъахьа дара те? ДIало ас ялта я ма ло.

Осма. Ца луш, собар дича бакъахьа хета суна. ДIаелча, тIетуху. Хьераш-м дIаевллачу новкъа яра хьан.

Габис. Исраьила бах, дIаелча кхин тухур яц.

Осма. Пуьчаш бу! Дуьхьал верза. БIаьста дужур ду хIара Iедал. Теркал дехьара станицаш гIовтта кечъелла. Хьайна топ-патармаш кечде.

Габис. Ой, ас хIун дийр ду тоьпан чIижаргIех?

Осма. Наха дийриг. ХIара Iедал ца дезаш гIалагIазкхий бу ца бах ас. Царех дIакхетар ву-кх.

Г а б и с. Дуьненахь гома яра суна и топ. Дика ду. Эцаза ериг хир яц и давелла йисарг...

Чуволу Зайндин.

З а й н д и н. Іаьнгий, вайн коьрта хьаькам, Янарсий вогІу шуна.

О с м а *(паднара тІехь ирахІутту)*. Же! арадевллаш. Вай цхьаьна гайта мегар дац.

Цхьабосса массо аралелха.

Мича докъе богІу хІорш кхуза! *(Пенах буй туху. Чуйогіу Хадижа.)* Чехка дІаяха хІара пхьегІаш. Хийра нах богІу. Вайнчех стаг вагІахь, дІавахийталахь.

Х а д и ж а. Дика ду, дада. *(Пхьегіаш оьций чехкка дІайоьду.)*

О с м а. ЯаллахІ! Дерриг хьан карахь ду-кх! *(Когийн татанаш а хезий, ламаз дечу кепе а воьрзий, охьахоу. Чуволу Янарсий, Іаьнгий. ХьалагІотту.)*

Я н а р с. Оссалам Іалайкум, Осма!

О с м а. Ва Іалайкум салам, хьаша!

Я н а р с. Массо а могуш дуй?

О с м а. Баркалла. Дика дохку тхо-м. Шу а деца могаш? Охьаховша.

Я н а р с. ПаргІат ду тхо а.

Охьаховшу.

І а ь н г а. ХІара вайн хьаша Ахматов Янарса ву. Хьалара ву хІара ша. Вайн юьртахь ялта кечдар тІедиллина кхунна гІаличуьрчу хьаькамаша.

О с м а. Дукха бакъахьа ду. Дукха бакъахьа...

І а ь н г а. Шен болх дІаболабале хьоьца къамел дан лиъна кхунна. Хьоьгара гІо а оьшу.

О с м а. Бакъахьа ду, дала мукъалахь. Суна гуттар хазахетар дара хІара вайн хьаша соьца динан гІуллакхаш дийца веана хилча. Дуьненан хІуманашна гена ву со. Дешна молла велахь а, юьртан къеда вац со. Иштта, наха ламаз деш, хьалха валар бен, хІума дац соьгахь. Сан гІийлачу хьекъало хІун гІо дийр дара кхунна?

Я н а р с. Хьуна хезна хир ду юьртан совета чохь гІуммагІ иэккхийтар?

О с м а *(цецволий, айало)*. ХІун гІуммагІ?

Я н а р с. Комсомольцийн собрани йолчу цІенна дехьа чохь, пенах а йоьллина, молха чохь, чуьйнан гІуммагІ иэккхийтина. Хаьрцинчу пено шиъ лазийна.

О с м а. Я аллахІ! И доккха зулам! Динах хаьддачу

мунепакъаша бен дайр дац ишттаниг! ПIераскан дийнахь ас маьждига чохь наьIалт кхайкхор ду и динчунна.

Янарс. Тхуна бевза шун куьпара бу и зуламхой.

Осма. Бакъдуй хьовх? Муьлш бу и зуламан дай?

Янарс. Дукаевгlар: Бексолтий, Товсолтий.

Осма. Хьай, сий доцу нажжазаш! Хьанна гина хIорш? Барам боцуш хьаьгIаш лела вайнахалахь, Янарс. Шайн хьагIний, жахьталлиний даькхина эладита ма хуьлда иза. Iадда шайн аьчган пхьола деш ши миска ву и шиъ.

Янарс. Юьртсовета чохь бомба иэккхийтар — берийн ловзар дац, Осма! Къайлах далур дац иза. Вайша ши нохчо ву. ХIокху шедалойн куьпахь хирг хьуна сов дика хаьа. Бомба муха иэккхийтана а, хьан иэккхийтана а. Со ваийтина кхуза ялта гулда. ГIуммагIнаш лелхийтарх, корех чу тоьпаш еттарх Iедал кхералур дац. Сихха ялта гулдахь, и зулам динчун коьртах бен гIур дац. Ялта ца гулдой — хьан юьртахой лазор бу, Осма. Ас буьйцу и гIуммагI иэккхийтар цу шина кIантана тIедиллинарш. Кхетий хьо? Карабел. Схьалол уьш.

Осма *(аз хийцалой)*. Делахь, хьаша, со кхеро гIерта-кх хьо?

Янарс. Цхьа а кхеро ца гIерта. Ас бах ялта гулдар сих ца дахь, юьртана вон хьовзам бер бу.

Осма. Нахана диканиг доьхуш доIанаш до ас денна. Юьртахь лелхачаьрца сайн хIун догIу хаац.

Янарс. Ас юха а бах, Осма. Вай нохчий ду. Ахь дуьйцург со кхечу къомах хилча дийца тарлора. Юьртан, хьан юкъаметтигаш чIогIа ю, вайна ма-хаъара.

Осма. Сайн задани, и нийса ца тоьхнехь а, ас кхана дIалур ю. Со наха тесна вуьтур вац. ПIераскан дийнахь хьехам бийр бу-кх вай маьждигехь.

Iаьнга. ПIераскан де гена ду, Осма. Ялта хIокху цхьана-шина дийнахь гулдан деза.

Осма. Ас хIун дийр ду? Керташкахула лела-м ца бах аш соьга?

Янарс. Эшахь керташкахула а волало. Шедалойн куьпе ялта дIадалийта. Цунна тIаьхьа важа каппаш хIуьттур.

Осма. Сайн гIорсизалла ларориг дийр ду, дала-мукъалахь. Дуьйцур ду. Кху шара йокъа хилла. Дац не-

хан ялташ. Шайн дега а ла кIезиг дугIу хIинца наха. Хьовсар ду-кх вай сан хуьлучуьнга.

Янарс. Делахь, ялта гулда дош ца ло-кх ахь суна?

Осма. Ишта ма ала, жима къонаха. Сайн ницкъ кхочург кхоор дац ас.

Янарс. Вайшиннан къамелехь, Осма, хьо шедалошка ялта дIадалийта воллуш хеталац суна. И хIунда, ас дуьйцур ду хьуна. Юьртахь даьржина цхьа хабар — бIаьста Iедал духу бохуш. Оцунна тIетевжина Iахь, гIалат ву хьо! Кхин дан хIума дац, Iаьн га, вайшиннан кхузахь. Вало ДIагIор вай...

Осма. Собар, собар. ХIума кхаллалц.

Янарс. Баркалла. ГIоза йоийла!

ДIавоьду ший а.

Осма. Я аллахI... Уггар вон делан мостагI ваний... Хьекъале а волуш. *(Пен бетта.)*

ЧуйогIу Хадижа.

Хадижа. Хьо кхайкхари, дада?

Осма. Кхайкхара. Хадижа, юьртахь дика дац. ВоI вац сан. Хьо цхьа йоI бен, синкъерам бац сан кху дуьненахь. Кхана лам чу яхан еза хьо. Деца йолчу...

Хадижа. Иштта кхераме ду, дада, вайн юьртахь?

Осма. ХIан-хIа... Амма хьо дIаяхча бакъахьа ду.

Хадижа. ХIан-хIа, дада. Хьо а витина, со цхьаннахьа гIур яц.

Осма. Ва Хадижа...

Хадижа. Дийца а ма дийцалахь, дада.

Осма. ХIун дийр ду. Болх далла тIехь бу. Iе, хIета.

КХОЗЛАГІА СУРТ.

Іуьйре. Хий йистехь. Аьрру агІор дерзанчу дитта кІел гІант. Цунна дІанехьуо хи иэца дехкина аннаш. Генахь гуш аьрцнаш, башлаьмнийн кортош. ГІантахь Іаш Султан. КІеззиг йис йиллина.

Султан. ЧІогІа тамаша бу... Цкъа а соьга хи тІе кхайкхана яцара иза. Сел хьалхе стенна кхойкхур вара? В-вай... Шийла-м ю... Забар-м хир яц хІара. *(Гучуйолу Хадижа, пхьаьрсах тесна кІудал йолуш.)* АхІа... йогІуш ю... Марша я хьо, Хадижа!

Хадижа. Маршалла хийла, Султан!

Султан. Сел хьалхе хи дан дага хІунда деана хьуна?

Хадижа. Сийсара гуттара хьо дагаоьхура. Коьрте ало етташ. Дог шелдеш мийлина, хи кхачийна ас. ТІаккха, хьо ган а лаара. Делккъалц са тохалур дацара хьо соьга...

Султан. Ма бехьа бегаш. ХІунда кхайкхитира ахь соьга, са а тасале?

Хадижа. Кегийчу нахана малх схьакхетачу хенахь гун гІенаш кхераме ду. Цундела кхайкхийтира ас.

Султан. Хьуо-м хьоьжу хир ю хьо цаьрга Іаббалц.

Хадижа. Тамаша! Тхуна, зудаберашна, ког ара баккхар дихкина ду. Дуьне ца гойту. ГІенех ца Іехаделча, къа ма ду тхан.

Султан. Сихха соьга йола хьо.

Хадижа. Еъча дуьне гайта воллий хьо?

Султан. Воллу. Комсомолец ву со.

Хадижа. Эшша! Зуда ялаяле иштта дуьйцу аш. ТІаккха и тІорказа а юьллий, догІа кисанахь леладо.

Султан. Ой, со декхарийлахь ма ву, зудче дешийта а, цунна советан Іедал довзийта а.

Хадижа. Аш муха доьшуьйту-м хаар суна!

Султан. Дийцал. хІета, айхьа хІунда кхайкхара.

Хадижа *(ойла йой)*. Баккъал аьлча, дийца догIуш дацара хIара хьоь. Доккха къа латадо, дайн Iадат дохадо ас.

Султан. ТIаккха?

Хадижа. Цхьа нах бу хьуна етта кечлуш. Буса... Кхин хIумма а ма хатта. Суна веза хьо, Султан... Ца олуш Iен ницкъ бац.

Султан. Везий хьуна со, Хадижа?

Хадижа. Сайн са санна... Къа латадо ас. Хьо везарна дуьйцу....

Султан. Суна етта барт шун наха бина? Муьлш бу уьш?

Хадижа. Султан! ХIунда хоьтту ахь? Цхьаннан а цIе йоккхур яц ас. ХIокху сахьта шн са ду сан. Цхьаммо боху: «Ма дийца. Хьайн дена а, цIенна а дуьхьал ма яла». Вукхо. «Тайпа а, да а дош дац, кIант везаш хилча». Сахиллац снйсара вовшех леташ яра и ши ойла. ШолгIа ойла а тоьлла луьй со хьоьга, ларлолахь.

Султан *(велало)*. ЭхI-хIай! Кхин хIума дацара, Хадижа? Ма дош доцург хилла ахь сагатдийриг! Алахьа. Зайндин вуй иза?

Хадижа. Ма хеттахьа. Тоьар дац, тхайн тайпана со ямарт хилча?

Султан. Зайндин шун цIийнах а, тайпанах а вац! Шедалошца, доттагIаллий бен, гергарло дуй шун?

Хадижа. Ма хеттахьа, Султан. Ас доьху хьоь.

Султан. Дика ду. Со везарна вайн дайн Iедална тIехула яларна, сайн сил дукха еза хьо.

Хадижас чамица кIудал юзу.

Соьга бакъдерг дийци ахь. Ас хьоь а дуьйцур ду. Накъосташа бах соьга: ма хьийза моллин йоIана тIе. Цо цкъа а йоуьйтур яц иза хьоьга. Я гергарло хир дац цунах. Селхана собранехь Iаьнгас нахана хьалхха бехк баькккхир сох, хьуна тIехьийза, аьлла.

Хадижа. Иштта ваний иза! Собарде ахь. Ас чахчор ву иза.

Султан. Ас сих ца йо хьо, Хадижа. Ойла а яй, хан йилла суна. Цхьанхьашха дIагIур ду вайша.

Хадижа. Ойла йийр ю ас...

Заза йогIу хитIа.

Султан. А! Заза яц иза? Марша я хьо, делаI!

Заза. Маршалла хуьлда, Султан, хьуна а! Мича мохо веана хьо ккуза сел хьалхе?

Султан. Іуьйранна хьалхе гІитта Іеминарг бІе шарахь веха.

Заза. Фи! Оццул ваха дагахь ву хьо? Хьо-х хІокху ткъа шарахь а кІордийна хьех чекхваьлла массарна а.

Султан. Хьанна? Хьуний?

Заза. Суна а, дера, ваьлла. Сингаттаме ву хьо, эмкал санна.

Султан. Со-м сингаттаме ву. Амма вайн везачунна ма гойла-кх хьан ГІапурица хин долу синкъераме дахар. ГІапурас цхьана хІуманан дехьа чохь ойла еш хилча, сехьа чохь хеза цуьнан хье хьийзаш, ламаройн хьеран тІулгаша санна, гІар-гІар деш.

Заза. Ткъа хьан коьрто аьхьинчу ойланийн буьртигех жарж хуьлу.

Султан. Делахь, Заза, ГІапурин, хьеран тІулгаш санна, коьрта чохь тІамарш елахь, хьан мотт-ам бу, цхьогалниг санна, ира.

Заза. Хьажал цуьнга! НІаьвл санна, олла а велла. Шелоно сенвина... *(Хадижега.)* Іаббалц диний ашшимма къамел?

Хадижа *(логах пІелг хьоккуш)*. Иштте!

Заза. Хаан лаьара-кх суна, хІун дийцина-те аш? ХІун дуьйцур ду кху чхьоччица?

Султан. ГІапура а вийцира оха.

Заза. ХІун бохуш?

Султан. И воккха Іовдал ву бохуш.

Заза. ХІунда ву и Іовдал?

Султан. Хьо йилбазах тасавелла дела.

Заза. Со шайтІа а, йилбаз а хилийта. Амма йилбаз ирсан декъах алх йоцуш ца дуьсу. Хадижа, суна а иэцахьа хи. Хабаршца вох ца вахь, милла гІорор ву хІара.

Молли-Кад вогІу.

Моллин-Кад. ЭхІ-хІай! Сан мэаш! Сан лекъаш! Сан цІен когаш болу бедан кІорнеш! ЯаллахІ! Мичхьа бу техьа ахь хІорш оцу стиглара охьабиссийна лами. Ельсманан бешара хІуьрлІанаш! Маршалла хила хьуна, Хадижа. Хьуна а Заза!

Хадижа. Маршалла хьуна а, Моллин-Кад!

Моллин-Кад. ДІахьаьжча, ши деши ду-кх. ХІан! муьлхарг ю шу шиннах соьга ян кечъеллург? Ший а йогІур яц шу шиъ?

Султан. Цхьаъ харжахьа, Моллин-Кад. Хьуна санна, нахана а безий хІорш-м.

З а з а. Шина сагIе хьаьддарг, цхьа а доцуш висина олу. Ишта вуьсурий-те хьо?

М о л л и н-К а д. Делахь, цхьанна а реза ву со-м. Дийцал, муьлхарг ю шуьшиннех соьга йогIуш?

З а з а. Кхаж тосур бу оха. Моллин-Кад хIунда аьлла дийцахьа хьайх?

М о л л и н-К а д. Дуьйцур ду. Со жима волуш, нанас базарара моз нэцца хилла. Цунах цхьа дакъа кедахь дIакъастийна цо. Суна делла цхьана жимчу кедахь. Тхоьга, берашка, аьлла нанас: «вере-вере, хIара кад моллин-кад бу, хьа ма белаш». Сайниг дIына а ваьлла, кхин а моз дехна ас «моллин-кад ба-а», бохуш. Воьлхучуьра соцург ца хилла, белла суна нанас моллина битина мезан кад. Цунах цIе а тиллина «Моллин-Кад», аьлла. Мазах моллин-кад олу моьттуш хилла суна.

Х а д и ж а. Ва Моллин-Кад, зуда хIунда ца ялайо ахь?

М о л л и н-К а д. Иштта дера ца ялайо. Хьо санна, хазаниг соьга йогIур яц. Ирчаниг яло суна ца лаьа.

С у л т а н. ХIун бен ю? ДIайигахьа ирчаниг.

М о л л и н-К а д. Ирчаниг юьгур яц.

З а з а. Ой, хазаниг яло хIунда лаьа хьуна?

М о л л и н-К а д. Нагахь зуда хаза а, хьекъале а елахь гуттур дика ду. Ткъа иза хаза елахь, Iовдал хиларх, бехк ца буьллу. Эр ду, хьенехан зуда Iовдал елахь а, хаза ю. Амма зуда ирча а, Iовдал а елахь — дIадевллаш. Дала ма дохьийла!

З а з а. Наха ма бах, хьо зуда ялийна хилла. Бакъдуй иза?

М о л л и н-К а д. Бакъду. ДIаяхийтина ас.

З а з а. ХIунда?

М о л л и н-К а д. Дуьйцур ду ас. Десте яра сан, лаьхьа санна, дера. Цкъа го суна десте кIеда-кIадъелла, меда-мадъелла дIахIоьттина. ХIун ду теша бохуш, ойла йора ас. Кестта кхийтира со. ЦIеххьана бах соьга: «Хьуна дало нускал ду сан». Цуьнан йишин йоI хилла иза. Иллехь юьйцу Маьлха-Аьзни еш хастин. Малик ду бах, хIокху сахьта ельсаманара арадаьлла. Тхан да тавин, со а берта валин. Схьатакхи нускал. Суна ган а гале. Там хилиг. Ловзар дIин. Тхов тIера со а хьоьжуш. Еана тIекхечи мар чу воьду буьйса. ЯаллахI! Леш воллура со. Дог детталуш. Кортли юккъехь баний нускалан корта. «Миска яI, иэхь хета-кх кхунна» бах сан даго. ДIахьаьжи со. АллахI дела! Сту бу-те суна балийнарг?

ХIоккхал йоккха цхьа чалх ю-кх. Когашка хьаьжин со. Бергаш яц. Куьйгаш а вайчех ду. Амма цхьацца пунт хир ду пхьаьрсаш.

Хадижий, Зазий елало.

З а з а. Кхеравелин ткъа хьо?

М о л л и н-К а д. Башха кхера а ца велира. Безаман хорша еана, вегавора со. ДIа тIе кхетта марайоьллина ас. Букъа тIехьа кхин цхьаммо марайоллал йисина, сан ши куьг ваьшта ца кхочуш. ТIаккха, маракъевлин со нускало, шен дукъош санначу пхьаьрсашца. ЯаллахI! «ТIох» аьлла, букъа тIера цхьа даьIахк чуьраелн сан. Безаман ало, шийла хи тоьхча санна, яйн сан. Теший шу, зудабераш, маситта шо даьлла цун тIаьхьа. ХIинца а букъаца ан долуш ву со.

Султан, Зазий, Хадижий гIадъоьхуш боьлу.

С у л т а н. ТIаккха, Моллин-Кад?

М о л л и н-К а д. ХIетенгина... Хьажа веза-кх со нускале, аьлла, дIатесин ас кортлн. Вай-й, нана-бусалбанаш! Юьхь котамаша зIакарш етташ, борц лехьийча санна! Елан къежин хIара суна. Субхьоналлах! ГIуьнжар. Цхьа бIаьрг регIа хьоьжу, важа кIай дерг, лома къеданий. Воьхна, юхакхоссавели со. Биъ тоьхна схьатеIа пускал. Iалелай, дIадевллаш! И ма да адаме! Цу юккъехула, хазанеха санна, астагIа а хилла.

Х а д и ж а *(йоьлуш са а хаьдда)*. ТIаккха?..

М о л л и н-К а д. Гучуволу буьйса-м дIаели сан хала а, атта а. Вахан со десте йолчу, ча санна, дар а велла. «Ваша ма дека ахь суна далийна нускал», бах ас. Цо боху: «БIагIар яций и-м, шен кочалла бIаьрг агIор боху-кх». «Ткъа астагIалла?» — хоьтту ас. «Мичара хьуна астагIа. Шен куралла сетта» — боху кхуо. «Ой, цхьа бIаьрг баьлла ма ю иза», — ас аьлча. «Цуьнан цхьа бIаьрг, хьан шиннал бу», — боху дестечо. Ткъа уьш дерриш нисдинчу цо морзгал-моьнаш-м вуно атта шардийр дара! И дара шуна нускал!

З а з а. Ваха хиин хьо тIаккха?

М о л л и н-К а д. Дас дели суна, ваха хаош, цхьа цIай, оза газий, маIаш йолу бож.

С у л т а н. Гезарий йоло?

М о л л и н-К а д. ХIаъа. Iуьйренна яхийти ас зуда: «Хьада, газа оза. Чайнах тоха шура еза. Яхан... Хеза суна, чож даьтIча санна, газа Iоьхуш. Чуеа зуда, беса кад а бохьуш. «ХIун хилла?» — хоьтту ас. «Оцу газанна хIун хилла теша, Iоьхуш, цхьана метта ца соцуш, озий-

тац-кх цо». Аравели со. МаІаш кэх йоьхкина лаьтта бож. «ХІай, Іовдал, хьо оза гІертарг бож ма ю», боху ас. — «Вададай, — боху кхуо, — ян а дера ю бож. Хьажахьа, аса маж тергал ца йинера хьуна цуьнан».

Султан, Зазий, Хадижий синош хаьдда буьйлу.

Султан. ТІаккха дІаиэккхи ахь?

Моллин-Кад. ХІан-хІа. Кхозлагічу дийнахь хьаша веа вайн цига. Яхийти ас зуда базара, котам иэца, къенаниг ма эцалахь, аьлла. Еана юхакхечи хІара, церг, кхел багахь цхьа котам яц, таг, тахана базарахь, аьлла. Хьаша дІа а верзийна, лаьлли ас, шу марша, и суо кхайкхаза деана нускал. Десте яла-ян гІертташехь.

Заза. Шек ма вала хьо, Моллин-Кад. Ас лохур ду хьуна нускал-м.

Моллин-Кад. О-о, дала ма дохьийла! Айса лехча караяхьара мегаерг.

Хадижа. Яло, Заза. Ма хьедели-кх вай.

Зудабераш дІадоьлху.

Моллин-Кад. ГІуо шу, лекъаш. *(Султане.)* Хьо вогІий, Султан. ГІали чуьра хьаькамаш баьхкина вайна. Райкоман секретарь волуш. Илесаьргахь бу уьш.

Султан. Вало, хІета.

Кирхьа.

II АКТ
ДОЬАЗЛАГІА СУРТ

Илесан цІа. Аьрру агІорхьа пенаца паднар ю, тІе къорза истанг а тесна. ГІайбеш, юргІанаш, истангаш ду соне доьттина. Паднарна юххехь стол. ХІусам таро йолчу стеган яцахь а, чохь цІена ю. Стоьл тІехь яздеш ву Янарс.

Янарс. Иштта дика хила мега. *(Доьшу, ша яздинарг.)*

Чуволу ТІерло.

ТІерло. Чува мегар дуй?

Янарс. Мегар ду.

ТІерло. Оссолом Іалайкум!

Янарс *(хьала а гІоттий)*. Ва Іалайкум салам!

ТІерло. Со веана, Янарс, хьо волчу, хІокху тхан юьртахь долчу гІуллакхех лаьцна жимма къамел дан. Со Дукаев ТІерло ву. Хасаран ваша. Хьан да Ахьмад дика вевзара суна. Дика къонаха вара иза. КІант цул оьшуш ца хир моьтту.

Янарс *(шого)*. ХІун ду ас хьуна дан?

ТІерло. Хьуна ма мотта... Кулак вац со. Ялхой ца бацийна цкъа а. Юкъанаккъара веха. ХІете а, задани елла суна, дика вехаш ву, аьлла. Кхо бІе пунт.

Янарс. Задани хьуна юьртсовето тоьхна. Цу тІехь хьуна гІодойла яц сан.

ТІерло. Хаьа суна. Оцунна ца веана со. Сайна мел хала делахь а, кхочушйийр ю ас иза. КІотаршкара, ламарошкара яхьар ю ас и хьаьжкІаш. Задани дІаелча паргІат вуьтур вуй со?

Янарс. Вуьтур ву. Цхьайолчу меттигашкахь нийса ца дина гІуллакх, шозза задани луш. Амма хьайн вешега а, цІийнан нахе а дІадалийта ялта.

ТІерло. И дан сан ницкъ кхочур бац.

Янарс. ХІунда?

ТІерло. Хасар сан воккхахволу ваша ву. Муха долуьйтур ду ас цуьнга? Цуьна-м дан а дац оццул ялта.

Янарс. ХIилла дита, ТIерло! Тхуна дерриг хаьа. Хьан вешин ши задани яллал ду ялта. Ша а ца ло, вукхаьрга а ца долуьйту. Шуна моьтту хир ду, селханалера гIуллакх дайта Бексолтий, Товсолтий хьан вахийтина тхуна ца хаьа? Хаьа. Хьо, советан Iедал хIоттош, партизан лелла. Хьан ваша а хилла партизан. ХIунда ву шуьшиъ советан Iедалний, партиний дуьхьал?

ТIерло. Бакъ дац иза! Дуьхьал дац тхо Iедална.

Янарс. Ду. Амма хаалаш. Доккхур ду оха шуьгара ялта! Зулам хIунда до аш? Шайн бераш, зударий дакъазадаха гIерта хьой, хьан ваший.

ТIерло. Вашас ла ца дугIу соьга. Со жима ву. Ас хIун дийр ду цунна?

Янарс. Ткъа со волчу хIунда веана хьо?

ТIерло. Некъ лаха.

Янарс *(хьалагIотту)*. Некъ лаха веана хьо?

ТIерло. ХIаъа.

Янарс. Дика ду. Амма хаалаш доккхур ду оха шуьгара ялта. Некъ цхьаъ бу. Советски Iедало бохург дар. Хьайн вешин бераша тIелаьцна боьха гIуллакх хууш варий хьо?

ТIерло. Вацара. ХIинца а ца хаьа, Янарс.

Янарс. Харц дуьйцу ахь, ТIерло. Хьуна суд ян ца воллу со, оцу боьхачу гIуллакхана. Товсолтиний, Бексолтиний йогIу суд йийр ю Советски Iедало. ХIокху метте, шун юьртахь. Стигала ца бовлахь, суьдах ловчкъалур бац уьш. Хьуний, вешиний моьтту хир ду уьш цхьанна а ца гина. Моьтту хир ду, суьдехь дуьхьал хIоьттина, уьш бехке бан тешаш бац! Ма-барра бехк дIагойтур бу суьдо. Советски Iедална хьуо дуьхьал вац бах ахьа. Дика ду. Ткъа хIун некъ бу хьуна бакъахьа хеташ?

ТIерло. Суна лаьара, ахь айххьа Хасарца къамел дойла.

Янарс. Хасарций? Мегар ду. Бакъду, молла Осмас аьллачу тIера ког юхабоккхур болуш ваш хьан ваша. Селхана Осмас сурт хIиттин суна, дIахьийзош, схьахьийзош. Тхо кхетам боцуш бераш долуш санна...

ТIерло. И-м шен ламазаш деш вара.

Янарс. ТIерло! Ма гIерта со Iехо! Цо хIун доIанаш до хаьа суна. Шуьга ялта дIа ма ло бах, ткъа ша юьстах а ваьлла Iан воллу. ТIерло, суна-м кхин цхьаъ хаьий. Хьо, ойла екъа а елла, дагахь хьайца къуьйсуш ву. Iедална дуьхьал вала ца лаьа хьуна, вашас бохучунна

тІера вала а ца хІутту. Хаалахь, ТІерло! Шина хи юккъехь латталур вац хьо. Я вешица, я Советски Іедалца хила веза. Кхин некъ бац. ХІара зама жІарболучу некъа тІехь ю.

* Корта охьа а бахана, ладоьгІу ТІерлос.

Кхетал хьо, ТІерло! *(Хьала а гІоттий, аз айана дуьйцу.)* Доккха гІуллакх ду партис ярташкахь хьалха лаьцнарг. Цхьанна а гина дац иза. Партина лаьа, нахера къоьлла дІаяккха. Массо а хьолаца, ирсаца ваха хао. Цунна лаьа нехан къих бекхаш берш вайн ца хилийта. Юкъарчу лаьтта тІехь юкъахь болх бойла. Хьажал хьайн куьйгашка. Ножа орамаш санна ду уьш, балхо чІагІдина. Советски Іедална лаьа хьан хала болх аттачу баккха. Хала болх машине байта. Ткъа, машинашка болх балур бац, бахтарш санна, готтачу ардаш тІехь. Царна шуьйра аренаш еза. Цундела латтанаш цхьаьна туху. Тхох хІунда ца теша хьо, ТІерло! Тохара партизан волуш тешарий хьо?

Т І е р л о. Со-м хІинца а теша.

Я н а р с. Теша, юха а хьоьжуш. Ткъа хьан бераш ишта хир дац. Уьш юхахьуьйсур дац. Кхета, ТІерло. Вашас юхайизавахь, цунах схьахада веза. Ахь и дахь, вукхар а дІатосур ву иза.

Т І е р л о *(веха Іаь вист ца хуьлуш)*. ХІаа, бакъ бах ахь, кхетта со.

Я н а р с. Тхуна цхьанна а вониг хуьлийла ца лаьа. Хьан вешина хуьлийла а ца лаьа. Амма Советан Іедална дуьхьал айаделла куьг оха харс олий хададо. Кхеттехь, герз охьа а диллий, ялта амбаре хьуо.

Т І е р л о. Дика ду. Хасарца къамел делахь, Янарс.

Я н а р с. ГІур ву со и волчу. *(ТІерло дІавоьду.)* ХІаа, дІай-схьай телхаш ницкъ бу юккъера ахархо! Хаьа-кх цунна ша а, шен ваша а, цІийнан нах а нийса ца лелийла. Вашас ша ор чу уьйзийла. ХІетте а къасталац цунах. *(Язда хоу.)* ЭхІ, ма хала бу-кх хьо, социализме боьду некъ! Дерза а доьлхуш, дохк а лаьтташ, гуьйренан Іуьйре хуьлу. Иштта оцу хенахь, аьхначу арахула воьдуш, когех поппарш лиета. Цхьа пунт хиллал Іадатийн поппар бу когаш тІехь, хьо юхайизош. Амма, мало ца еш, хьалха дІагІерта веза.

Чуволу Сербинов, милицин начальникан хорма а тІехь.

С е р б и н о в. Маршалла хийла хьуна, накъост Янарс!

Я н а р с. Маршалла, маршалла, накъост Сербинов! Маца кхечи хьо?

Сербинов. ХIинцца. Тамаше декабрь бу хIара. Iуьйранна гIорийна яра, хIинца ястаелла. Хьаьхьмач санна бу хатт.

Янарс. Районера вогIу хьо я гIалара?

Сербинов. Районера. Ялта кечдар муха ду?

Янарс. Кхехьа долийна, амма гIийла ду. Шедалойн куьпе хьуьйсу, цар хIун до-те, бохуш.

Сербинов. Собранеш йой?

Янарс. Собранеш йина. Еш ю. ХIокху деношкахь кхочушйийр ю шаьш заготовкаш, бах наха. Шедалойн куьпара шина дийнахь «шн буьртиг беана».

Сербинов. Церан куьпахь ца йина аш собрани?

Янарс. Царна юххерачу куьпахь йина. Амма церан куьпара кIезиг нах гулбелира. Хилла хьо кхузахь?

Сербинов. Сан районехь ма ю хIара юрт. Хилла дера-кх.

Янарс. Ячейка дукха гIийла ю шун кхузахь. ХIоккхул йоккхачу юьртахь ялх бен вац коммунист. Царех веанна куьг таIо хаьа. Дешна нах бац. Хала ду цаьрца социализм хIотто. Сан сводка кхечирий райкоме?

Сербинов. Кхечира. Ерриг тхан милици ю соьца. Пхийтта стаг. Амма тхан сведенешца оцу шедалойн куьпахь пхийтта стаг ву герз долуш. Нагахь гIара-гIовгIа хилахь, областера милици ца ехча девр дац вай.

Янарс. Обкомера хIумма а дуй?

Сербинов. Обкомо а, исполкомо а бах куьпана тIедилла: пхийтта топ охьайилла, кхо де далале ялта кечдар чекхдаккха, сельсовета чохь бомба иэккхийтинарш схьало, эвлахь суд яйта.

Янарс. Ялтий, тоьпаш нийса йоьху. Амма ши стаг схьало бахаран ойла дика йина ца хета суна.

Сербинов. ХIунда бах ахь?

Янарс. Ца кхета хьо? Масийтта шарахь милицин начальник ву хьо. Дац нохчийн шайн куьйга стаг дIалуш. Ойла ел ахь. Мила гIоьртар ву шедалойн куьпара зуламхой, схьа а лаьцна, Iедале дIабала. Лаца гIоьртича, тоьпашка кхевдир бу уьш. ТIегIортал тIаккха! Юьртахь баха ма деза айкхийн цул тIаьхьа.

Сербинов. Ткъа хIун дича бакъахьа ду? Приказ приказ ма ду.

Янарс. Суна хетарехь, хенаш тоьхна бита вай тIелаьцча, наха тIебало магара уьш. Дехарш а дина.

Сербинов. И дан тарлур ду. Областаца дуьйцур ду ас

ГІапура. Маршалла, накъост Сербинов!

Сербинов. Маршалла, ГІапура!

Янарс. ХІун дин аш?

ГІапура. Собрани йира оха лакхарчу куьпахь. Кхаа дийнахь ялта дІадала тІелеци.

Сербинов. Колхозах хІун боху?

ГІапура. Дош ца хета. Чекх а ца даьлла, дуьсур ду моьтту нахана иза.

Сербинов. Хьажжал!..

ГІапура. Хеттарш до колхозах, тхуна жоп дала ца хаьа.

Янарс. Масала, хІун хоьтту?

ГІапура. Масала, бригадаша болх муха бийр бу? Ардаш бригадийн керахь хир ду я цхьана кха тІера, вукху тІе юьйлуш лелар ю уьш? Сих цІарах доькъур ду ялта я болх бинчарна лур ду? Белхан де маса сахьт лору? Амма дика доцуш цхьа гІуллакх даьлла юьртахь гучу.

Сербинов. ХІун?

ГІапура. Яьлла цІе санна, чехка хьайбанаш дойу, колхозе дІа ца дӀала.

Сербинов. Ой, и массанхьа ма ду.

Янарс. Іаьнгега совцадайта деза. Бакъо йоцуш бежанаш дайнйта мегар дац.

Сербинов. Ахь яйтинчу донесеница, райкомана гІуллакх Лечиев Осмех доллу моьтту. Бакъдуй иза?

Янарса. Бакъду. Ша Осма-м кхераме ваццара. Дукаев Хасар ву хІума деш а, дан ницкъ кхочуш а. Вайга Осмех и дІакъаставелча дика дара. ХІинцца Дукаев Хасаран ваша ТІерло, вара со волчохь.

Сербинов. ХІун дахьаш веанера хІара?

Янарса. ДукаевгІарна юккъехь барт боьхна. ТІерлона шера хаьа, хІаллакьхуьлчу новкъа вашас ша ийзавойла. Хасарца къамел аса дойла лаьа цунна.

Сербинов. Кхайкха веза-кх Хасаре.

Янарс. ВогІур вац. Кхайкханера со. Жоп даийти, шена, эшахь Янарс карор ву, аьлла. ХІинца ахь милици ялинийла хиъча, ванне вогІур вац.

Сербинов. ХІун дан дагахь ву хьо?

Янарс. Буса суо гІур ву со и волчу.

Сербинов. Кхоьрийла юй-те?

Янарс. Кхерам хилча а, вахаза вер вац.

Сербинов. Шаьлта йоцург кхин герз дуй хьоьгахь? ХІара ши граната ю хьуна.

Янарс *(вела а луш)*. Стенна оьшу суна уьш?

Сербинов. Хьанна хаьа? ДІа кисана яхка ахь.

Янарса кисана юхку гранаташ. Чуволу Илес, Іаьнгий.

Илес. Марша вогІийла хьо, Сербинов.

Сербинов. Маршалла хьуна а, Илес.

Янарс. Гулбеллий?

Илес. Гулбелла. Амма Дукин-некъех дегІ-м дац.

Янарс. Делахь, гІой вайша. *(Араволу ГІапурица.)*

Сербинов. И хІун ду, Іаьнга? Даьхни дайа ма долийна хьан.

Іаьнга. Хьанна моьттура и? Шина-кхаа дийнахь дайина-кх.

Сербинов. ХІинца дойий?

Іаьнга. ГІуда кхайкхийна ас. Амма къайлах дойуш меттигаш-м хир ю.

Илес. Цхьа хІума ду дика: хІор цІийнахь зударий бу, даьхний ца дойуьйтуш, божаршца девнаш деш.

Сербинов. И дика ду. Зударийн собранехь дийца деза иза, Іаьнга! Шедалойн куьпа а гІой, дІакхайкхаде: тоьхна ялта, кхо де далале амбарашка дІахьо; пхийтта топ списки ца охьайилла; Товсолтий, Бексолтий бертахь тІеван веза, алий. Іедал юкъара ду, законехь йогІу хан тоьхна, уьш буьтург хиларна. Кхетий хьо?

Іаьнга. Кхета. *(Араволу.)*

ПХОЬАЗЛАГІА СУРТ

Шедалойн куьпахь урам. Сцени тІехьа — аннийн керт. ГІантахь Хасмохьмад, Илес, шин воккха стаг. Улло лаьтташ юьртахой.

Хасмохьмад. ХІун ду вайга Іедало де бохург? КІезиг хІума ду. ШариІато боху вайга ялтин уьттулгІа дакъа закъана даккха. Ткъа Іедало вайга доьхург цул кІезиг ду. ДІа хІунда ца ло шун куьпо ялта? Шуна тІехула ерриг юрт хьийзайо. Далла дуьхьал ду шу!

Воккха стаг. Хасмохьмад. Хьан дуьйцийла ю. Хьоьгара даккха хІумма а дац.

Хасмохьмад. Суна халахуо ма ду. ХІетте а, сайгара догІург тоххара дІаделла ас. Илеса а делла, дукха гІийла хьал шегахь доллушехь. Закон Іехо гІерта шу, гатесса. Дала тІехІоттийнчу Іедало бохург ца дича, доккха къа ду.

ТІевогІу Исраьиль. Хевшина Іийраш хьалагІовтту.

Исраьил. Ма гІовтталаш, ма гІовтталаш... Со жима ву шуна хьалха. Ма кІезиг гулделла шу?

Тасу *(оьгІазе)*. Хьан деш хІумма а дац. Нехан шортта гІуллакхаш ду цІахь.

Исраьил. ХІун гІуллакхаш ду хІинца? Бежанашна хи а малийна, гІодмийн цІов билличахьана ваьлла-кх. ДІадиттина, схьадиттина юьрта милиции ялий-кх аш.

Тасу. Ахь ялийна иза.

Исраьил. Дера, ца ялийна. Шун куьпо ялийна-кх. Ялта дІа ца луш.

Тасу. Дац тхан. БІаьстенга довла а йиш яц.

Исраьил. Харц дерг хІунда дуьйцу ахь, Тасу? Тоьпаш стенах оьцу аш?

ГІовгІа йолу.

Собардейша! Герз хьаьнгахь ду хаьа тхуна. Хьанна кечдо аш и герз?

Тасу. Дац тхан герз!

Исраьил. ДIорачу малхор ду! Герз дерш багарбе ас хьуна? Ас хоьтту шуьга, хьанна тоха кечдо Дукин-некъаша герз? ХIай нах, кхетийша! Юьртахь цIий Iанахь, бехк боцурш а лазор бу. Шун стаг ву со, массарех дог а лозуш! Ца лаьа суна вайн юьртахь зулам эккхийла.

Воккха стаг. Цкъа хьайн куьпе дIадалийта ялта.

Исраьил. Сан тайпа а, сан куп а ялта дIалуш ю. Iедало кхо де делла. Герз хIокху сохьта дIадала деза!

Тасу. Дац тхоьгахь герз! Мотт-эладита ду иза!

Исраьил. Тасу. Хьаьнга дуьйцу ахь? Ас спискица дехча хIун ала воллу хьо?

Илес. ХIай нах! Вай массарна а хаьа хIокху Исраьила дуьйцург цIена бакъдуйла. ХIунда дуьйцу аш? Ялта а ду шуьгахь, герз а ду! Дукин-некъашкахь массаьргахь а ду герз.

Тасу *(оьгIазе)*. Хьайн гIуллакх доцург дита!

Илес *(гIантара хьала а иэккхаш)*. Сан хIунда дац? Юьртахь долчу гIуллакхийн дакъа ца кхочу суна?

Тасу. ДIо хьайн куьпа гIуо. Дита тхо!

Хасмохьмад *(хьалаиэккха)*. И хIунда ваха веза шен куьпа? Воних дахьаш веана тхойша?

Аз. Тасу! Илес вита ахь! Сан денвашас . дош ала хIунда ца мега кхузахь?

Тасу. Ткъа хьо мила ву? Дукин-некъий хIунда буьйцу цо?

Аьзнаш. ХIара ерриг юрт кегош бу-кх хьан Дукин-некъий. Куп гулъеллачу хIунда ца богIу уьш?

— Хьуна хIун бала бу?

— Дукин-некъийн цIераш хIунда йоху Илеса? Хьаькам ву иза? Цуьнан хIун гIуллакх ду нах багарба?

ГIовгIа гIотту. Шина декъе бекъало нах. Маьхьарий детта:
«Дукин-некъий муьлш бу? МаIи тIе маIа яьлла-м бац уьш?»
ТIевогIу Янарс, Моллин-Кад. ЛадогIу.

Тасу. ХIай нах, хIай! ЛадогIалаш! Ас хаттар дийр ду партин секретаре.

ГIовгIа дIатоь.

Хьажал, Исраьил, хIара куьйгаш гой хьуна? Белхан куьйгаш ду хIорш. БугIано санна, болх бо ас кхаьрца. Ткъа суна тIерачу бедаре хьажа. Пайда боццу кепекех соьгара ялта дIадоьху ахь. Ткъа цу ялтех луш долу товараш лой ахь суна кепекех? Суна туьха, шекар, мехкадаьтта, хьостамаш деза. ХIокху сохьта деза. Ткъа хьажал вайн кооперации чу. Мацделла мукадехкий ду цу чохь уьдуш. ХIокху куьйгашца ас кхиийнчу ялтех ахь

суна луш хIун ду? Колхозехь ялсамане хир ю бах ахь. Машинаш, тракторш лур ю. Маца? Сан бераш-м хIинца лелий дерзана. ХIинцца деза царна шекар, чай. Цунна бах ас: суна дала товар даций хьан, — вита со, суо воллучохь. Ас айса болх бийр бу, сайна сискал юур ю.

Исраьил. Стенца бан воллу хьо болх? Нох, марс, мангал хьан лур бу хьуна? Хьан берашна санна, белхалойн берашна а ма еза сискал. Мецачу белхалошка болх балур ма бац, ахь шайна хIинцца, хIокху сохьта, ялта ца делча. Оцу гуо юккъера муха вер ву?

Тасу *(вист ца хуьлуш, ойла йой)*. И-м бакъ ду. Мецачу белхалочуьнга болх балур бац.

Исраьил. Ахь бах, Тасу, кепекех хьайгара ялта дIаоьцу. Ткъа басмий, шекар, кхин товараш базаран мехехь ло хьуна?

Тасу. Ца ло... Амма туьканахь дан ма дац товараш.

Исраьил. И ша ду. Вайн кооперацино болх вон бар ду иза.

Аьзнаш. Бакъ лоь... Бакъ ду...

Кхин аьзнаш. Дера, дац и бакъ... ТIаьххьара ялта дIадоккху...

ГIовгIа гIотту.

Моллин-Кад. ХIай нах! Собар! Алийтал соьга дош... ЛадогIалаш... Цхьана стага аьлла нохчийн амалаш говрийнчех тера ю. Говраш вовшашна генахь хилча, терсаш саготта хуьлу, цхьана нисъелча мийраш бетта. Иштта ду вай. Машарца, бертахь, гIовгIанаш а ца еш, дийца деза. Iедало бах вайга — пачахьалкхана ялта оьшу. Iедална муьтIахь хила дезий? Деза. Дезаш хилча — гIовгIанаш хIунда йо? ДIадала деза-кх ялта.

Аз. Ца хилча хIун дийр ду ас?

Моллин-Кад. Цунна а дош аьлла баккхийчу наха. «Шарбал йоцчунна тIера ворхIанга яккха ца елла».

Бийлало нах.

ХIинца Янарсе ладогIа аш. Обкомера ванийтина воккха партийни хьаькам ву хIара.

Янарс. Накъостий! Вежарий! ЛадуьйгIира ас шуьга. Сурт хIоттадел шайна. Цхьа доьзал бу шайна даккхий цIенош деш. Кера еанчу кепеках аннаш, кибарчигаш, хьостамаш, дукъош оьцу цара. Доллу хIума цIен тIехь оьшуш хуьлу царна цу хенахь. Сихло уьш Iа долале цIенош дина дIахIотто. Ткъа цIеххьана цу доьзалехь цхьаммо олу: «Ца оьшу суна и цIенош». Болх а ца беш, юкъара дIаволу. ХIун эр ду аш иштачу стагана?

Вайн Советски Iедал а ду берриг вайн бахам керлачу новкъа хIотто гIерташ. Ткъа хIара Тасу санначу белхан стага, юккъера дIа а волий, олу: «Суна хала ду. Ца оьшу суна и фабрикаш, заводаш». Иза а олий юьстах волу. Нийса дуй иза?

А ь з н а ш. Дера, дац... Дац нийса...

Я н а р с. ХIинца. Iедало доьху шуьга ялта. Аш лур дац бах. Хьанна ца ло аш и ялта? Аш ца ло оьрсийн белхалочунна, вайна массарна а оьшуш йолу фабрикаш, заводаш еш воллучунна. Ойла ел аш. Оьрсийн белхало ца хилча дахалур дуй шу? Дац. Хьовсал шайн цIахь. Маса хIума ю шун оьрсечун куьйгаша йина? Белхалочун гIо доцуш дахалур дац шу. Партизанаш буй шуна юккъехь?

А ь з н а ш. Бу, дера... Со а ву...

Я н а р с. Партизанаш! Шуьга бах ас. ДагадогIий шуна, итт шо хьалха, цIоз санна, деникинцаш Нохч-ГIалгIайн чу баьржина? ГIаланаш дIалийцира. Мича бахара, деникинцаш иэшо ницкъ а ца кхаьчча, гIаланаш чуьра арабевлла оьрсийн белхалой чIагIбала?

И л е с. Вайн лаьмнашка бахара!

Я н а р с. Нийса ду. Вайн лаьмнех буьйлира уьш. ТIаккха, кера тоьпаш а иэцца, оьрсийн белхалой, муьжгий шайн шуьйрачу букъа тIехьа а лаьцца. Деникинна дуьхьал девлира шу. Дицделла шуна иза? Шайн тIаьхьара сискал йоькъура аш оьрсечуьнца. Маса эзар нохчий, гIалгIай майра вуьйжира цу тIамехь, оьрсийн белхалой деникинцашна дIа ца луш? Маса юрт ягийра шун, аш хьошалла деш, тIелаьцна белхалой, революционни гIалагIазкхий, гIебартой, хIирий, кхиберш мостагIчунна дIа ца луш. Хьошалла дира аш царна Ленина дайтина ЦIен Эскар тIекхаччалц. Кор ца баккхийтира аш Деникинан эскаре лам чу.

А ь з н а ш. Бакъ боху... Нийса ду.

Я н а р с. Ткъа хIинца оьрсашца долу вошалла а, дотагIалла а, цхьаьна цIий Iенадар а дицдина аш хьаьжкIан кани тIехь. Шуна дицделла вайн кешнашкахь дIабоьхкина оьрсийн цIен тIемлой хилар, дино ца магадешшехь, уьш шайн кIенташца дIабохкар. ХIунда Iалашбира аш хIетахь белхалой? Аш Iалашбира, генара, шуьйрачу оьрсийн аренаш, хиш, лаьмнаш тIехула а даьлла, фронтехь лаьттачу тIемлойн кортош тIехула а даьлла, снIлахьчу Ленинан дош шайна хазарна, шаьш и къобалдарна. Дашо лаьмнаш хIоттор ду ша ца бахара Ле-

нина. Кестта дика дехир ду а ца бахара цуо вайга. Хазачу дешнашца Іеха ца дора вай. Буьрсачу, халчу тІаме кхойкхура иза, дикачу кІентийн догІмаш доьхура цуо. Тийшира шу Ленинан дашах! Юха а ца хьуьйсуш дахара шу цунна тІаьхьа. Лийтира белхалой, ахархой. Туьйлира цу халчу тІамехь. Иштта ду иза я дац?

Аьзнаш. Иштта ду и, Янарс... Нийса ду...

Янарс. Ткъа хІинца. Партис кхойкху шуьга керлачу, халчу тІаме, вайн берийн духьа беш болчу. Шуна ца лаьа цу белхалочунна сискалан юьхиг яла. Іовдалаш! Хьердевлла шу? Цхар йоьлла тоьпаш иэцна, шайн вокхахволчу вешина дуьхьал довла дохку шу? Иэхь дац иза? Ницкъ бан ца гІерта тхо. Шаьш харжа шайн некъ. Партийний, Советан Іедалний тІаьхьахІотта лууш волчо, хьем ца беш, ялта дІахьур ду. Йолчар тоьпаш охьаяхка. Тхоьца ван ца луург, Дукин-некъаш тІаьхьа воьду. Цуьнца кхин къамел хир ду тхан. Дуьло шайна! Ма латта!

ГІовгІа гІотту. «Нийса ду», «бакъ боху».

Тасу. Нийса луьй хьо, хьаша. Дагах кхийти суна хьан дош. Хьуна тІаьхьа ву со, тахана дуьйна дІа. Ялта а дІалур ду, тоьпан чІижаргІа а охьаюьллур ю ас. Сайн гергарчаьрга а дІадолуьйтур ду. Бакъ луьй хьо...

Аьзнаш. Аса дІалур ду ялта. Кхо мазала хьаьжкІаш ю. Царех шиъ дІалур ю...

ДІасабекъабала буьйлало нах.

Хасмохьмад *(воккхачу шина стаге)*. Ткъа шу? ХІун деш ду шу?

Воккха стаг. ХІумма а...

Илес. ХьаьжкІаш лой аш?

ШоллагІниг. Ло, дера-кх.

Моллин-Кад. Ас бах... Массара а дІалур ю. Олуш ма ду... Лаца ма лаца дадин маж, лаьцча ма хеца дадин маж.

ЯЛХАЗЛАГІА СУРТ

Дукин-некъийн керт. Аьтту агІор цІийнан маьІиг ю гуш. Уча еллалуш неІ. Аьрру агІор аннийн ргІу. Цу кІел Іаббазан пхьалгІа. Лекха йоцуш аннийн керт. Ринжа. Гул тІе хиъна Іаш Бексолта. Ишкапана неІ югІуш воллу Іаббаз.

Іаббаз. ХІун вон дина хьуна цу комсомольцаша? Новкъа бу хьуна уьш? Товсолтица хьайн аьчган пхьола а деш, Іийчхьана ца волу хьо? Хасар, къена хилча, ишта хьекъал долуш хета хьуна? Вуьззина Іовдал ву и-х.

Бексолта. Девешина олу ишта?

Іаббаз. Волу дела бах. Дерриг вайн тайпа, са малхадала ца дуьтуш, кегориг иза ву. ТІаьххьара а вайн цІийнах мел верг таІІийна набахте воллийта воллу иза. Цу боьхачу гІуллакха юкъа хьо а теттина. Ахь Товсолта юкъаозийна. Кхоьа чӯвуллур ву шу цу гІуллакхана. Дика ду, и пен аш оьккхуьйтуш, цу чохь нах ца хилла. Шиъ лазийна. Цаьрца хІинца там бан беза. Цхьаъ вийнехь, кичча мостагІалла дара вайна тІехь.

Бексолта. Тхойша цхьанна а ца гина. Суьдехь тоьшалла деш цхьа а воллур вац.

Іаббаз. Цхьанна а ца вайна? Ерриг юрт-м ю и хууш. Гина я ца гина, и къестош мила воллур ву. Суьдо хан тІе юстур ю хьуна а, Товсолтина а.

Бексолта. Дийна кера-м гІур вац со.

Іаббаз. Ткъа хьанна оьшу хьо вийна охьавиллар?

Бексолта. Вахар ду хІара? Мегарг садаІан битац нах: хьаьжкІаш схьая, герз охьадилла, бохуш.

Іаббаз. Хьуна хІун оьшу ткъа? Хьоьга-х ца доьхий иза. Говрашна ленаш а детташ, ІаддаІийчахьана волу хьо-х. Гуота аха а, марс хьакха а ца деза хьан.

Бексолта. Иза а хьуо кхоьруш хиларна дуьйцу ахь.

Iаббаз. Дуьйцу. Ву хьуна со Iедалах кхоьруш. Iедалах кхерар иэхь ду?

Араволу цIа чуьра Хасар.

Хасар *(вехха хьоьжуш а лаьттий, оьгIазе)*. И зуда берийн гIутакхаш маццалц ловзо ойла ю хьан?

Iаббаз *(шен оьгIазвахар лачкъо гIерташ)*. ХIун гIутакхаш?

Хасар. ХIун... Эвлахь цIеяьлла лаьтта, хIара кIалкIовсарш ловзош лела.

Iаббаз. ХIун де бах ахь? Катохий, топ схьа а иэций, айхьа кхуза ялийначу милицина етта бахий ахь?

Хасар *(дар а велла)*. Ас ялийна иза? ЖIаьла!

Iаббаз. Ялийна. Ахь ялийна! Матарйоьлла хьаьжкIаш ор чохь яхкаеш, эвлахь кегарий латтош, дерриг вайн цIа дохийна леларг хьо вац?

Хасар.. Хьай-делан наьIалт хила оцу хьан юьхьигана! Зудабер! Куйн а лелабой... Ца го хьуна нахера дIадоху ялташ, буьртиг ца буьтуш?

Iаббаз. Ца го дера, я хьунаа-м. Ахь юхку бохуш, массо юьртахо лаьттах йоьхкина я лам чу, кIотаршка яьхьна ваьлла хьаьжкIаш.

Хасар. Юхку-кх, шайна тIера тIаьххьара шарбал йоккху дела.

Керта йогIу Сану. Ладоьгlу.

Iаббаз. Хьо стенах кхоьру? Мацалла валарна кхоьру хьо? ХIара куьйгаш гой хьуна? Советан Iедало делла суна хIорш. Ас волуьйтур вац хьо. Хьо санна, итт кхобур ву кхара.

Хасар. Хьайниг ца оьшу суна. Аха воьдуш, суо пачахь хета суна. ХIинца витац со сайн дакъа аха.

Iаббаз. Дера, вуьту. ХIара Iедал харцо воллу хьо? Баьшна корта бетташ, тарх харцо воллу хьо?

Керта вогIу олла а велла, макх а велла тIерло.

Шу шиъ сан шин деваша ву. ЛадогIалахь, тIерло. Хьайн делан а, пайхамаран а дуьхьа, Хасар, доьху ас хьоьга. Ма дайта вай хIаллак. ДIало ялта! ДIало топ! ГIуо Iедална тIе... Суд а яйта, Iедало хьайна яхь!

Хасар. Соьга бах ахь иза? Кера гIуо? Хьай-делан наьIалт оцу хьан чу! *(тIевоьдий бетах тIара туху.)* ЖIаьла!

Iаббаз. Тоха ахь, вашиний! ЧIоггIа!

тIейоду Сану.

Сану. ХIай, къонаха, хIай! Хьер-м ца ваьлла хьо? Къанвелла къукъа! Хьо хIун дан гIерта? *(Iаббаз керара схьавоккху. Вист ца хуьлуш, хьоьжуш лаьтта тIерло.)*

Хасар. Йоло кхузара, йовссар! Мосазза ала деза хьоьга: божарийн гІуллакхаш юкъа ма гІерта? Сайна лаахь, хІинцца садоккхур ду ас цуьнан.

Сану. ГІур яц со! Стенна етта ахь?

Хасар. ДІаяла кхузара, ца бах ас!

Сану. Хьерваьлла-кх хьо, стаг. Стенна етта ахь кху берана?

Хасар. ДІаяла когаш кІелхьара. *(Туху Сануна а. Йоьлхуш охьаюжу. Вист ца хуьлуш лаьтта ТІерло.)* Арадаьл, зуьдан кІеза, хІокху сан кертара. Деваша вац со хьан. Хьан цІий сан цІийнах волчо лохур дац. КІилло, боьха кІилло! Кхахьпа йоІ хили елира сан вешин, хьо воІ ӽуьлучул. Яхийта!

Сану *(хьала а гІоттий.)* ХІун дан гІерта хьо, къанвелларг. СадаІа ца вуьту-кх ахь цхьа а.

Хасар. ГІовгІа ма е,Іовдал! Йоло чугІуо, и хьайн корта ас атале!

Йоьлхуш чуйоьду Сану.

Іаббаз. ТІерло! Вист хІунда ца хуьлу хьо? Хьуна-х гой хІара гІуллакхаш. Вай массо а хІаллаквийр ву кхуо! Нийсачу новкъа ца уьйзу вай.

ТІерло. Ас хІун дийр ду кхунна? Селхана суьйлийн махкара охьавеана вайн молла АллахІал веза хета-кх кхунна. Цуьнан дош къорІанан дашал деза лору.

Іаббаз. Милици ма еана юьрта. Вай леца-м ца еана хир ю иза?

Хасар. Еанехь, вало. Моттоха хьайн девешина а. массо Дукин-некъашна а.

Іаббаз. ТІерло! Хьуна-х гой хІара. Алахьа дош! Нийса ма вац хІара.

ТІерло *(буьрса)*. Вац, дера. ХІун дийр ду ас? Со а тІаьхьа хІоьттина кхунна. Дийцарх кхетар вац хІара. Вешех ваьлла мича гІур ву? Хьонкан нІаьна хилахьара кху дуьненах! Нанас вина ваша милицига муха лоцуьйтур ву ас?

Іаббаз *(вехха лаьтта вист ца хуьлуш, ойланаш еш)*. Делахь, хьо а ву-кх, ТІерло, кхуьнца? *(Ойла йо.)* Хила а хилахьара кху дуьненах хьонка нІаьна! Дика ду, сан деваша. Дика ду сан девежарий! Со а хІутту шу шинна тІаьхьа! Бакъ гІуллакх дац ахь хьалха лаьцнарг, ваший. Ненах сте йойла вайшиннах кхералуволчо! Со а ву шуьца... *(Схьаоьцу еха гІаж йолу дечиган варзап. Ластайой туху ишкапах.)* ХІан, ваший! *(Туху.)* ХІан, сан деваша! Кхин дийр дац хьуна ас зудаберийн гІутакхаш! *(Туху.*

Юхий дIайолу ишкап.) Дагна хьаам хилин хьуна? Сан а яра цхьа топ. Дукин-некъийн сий Iалашда йитина яра иза. *(РагIу кIел воьду. Кеглучу аннийн татанаш хеза. Керахь топ, патармаш долуш гучуволу.)* ХIинца омра де ахь соьга, сан деваша! Амма хаалахь: цхьана меттехь суна хьо кхерâвелла гахь, хIокху Iуьргара арабаьллачу хIоьо вожор ву хьо. И ду хьуна... Диц ма делахь... *(цIийна тIехьа къайла волу.)*

Бексолта. ХIа! ХIинца кхералахь цунах, ваший. Моха еана цунна. Тохар тхо бераш долуш, дагадогIу суна, Iахар санна, эсала вара иза. Амма цунна моха йогIурий... Керахь ерг дIатухура. Цхьа са бу бах цуьнан коьрта чохь ира.

Хасар. ГIовгIа ма е, Iовдал! Хьан массо а са бу ира. ХIинца, хьо санна верг, пхиъ велча лур вацара ас Iаббаз. *(ТIерлога.)* Маса ву веана милцо?

Бексолта дIавоьду.

ТIерло. Ткъех хир ву.

Хасар. Дошлой бу?

ТIерло. Цхьа а вац.

Хасар. Ха чIагIда деза вай.

ТIерло. Хаа массарна а.

Керта вогIу Iаьнга.

Iаьнга. Де дика хилда хьан, Хасар!

Хасар. Диканца вехийла!

Iаьнга. И хIун ду, ва Хасар? Куьпахь шозза собрани хилла, шух цхьа дегI дац.

Хасар. ХIун дисина тхан собранехь?

Iаьнга. И бохург хIун ду? Хьан, ТIерлон юьртахь долчу гIуллакхийн дакъа дац. Хьаькамаш ма бу гIалара а, районера а баьхкина.

Хасар. Белахь, хьо волчохь котамаш а йиъна, къаьркъа а мелла, дIагIур бу-кх. Суна хIун бала кхаьчча церан?

Iаьнга. Э, Хасар. Вон базар ю ахь лелориг. Хьаькамаша муьтIахь хила бах хьоьга. Ма ве хьо хIаллак. ЦIийнан нах а ма бе.

ТIерло. ХIун де бах цара? Дац тхан ялта!

Iаьнга. Хьо а ву хIинца кхуьнца цхьаьна?

ТIерло. Ву. Дац ялта. Шайна лаахь, цIийнах а хьовса. Йокъа хилла кху шара.

Iаьнга. ТIерло! Хьанна дуьйцу ахь и. Суна-х хаьий хьан ницкъ мел бу. Осмас дIа ма делла тахана.

Хасар. И цуьнан гIуллакх ду.

Іаьнга. Хасар. Хьуна хетарг хир дац. Хьуна моьтту Теркал дехьара гІалгІазкхий гІовттур бу. ЧІогІа гІалат вуьйлу хьо цу тІехь. ТІаьхьа дохко вер ву хьо.

Хасар *(чуьра а ваьлла)*. Дац сан ялта! Кхин дуьйцур дац вай иза. Кхин дуй хьан соьга ала хІума?

Іаьнга. Ду. Іедалан цІарах веана со. Кхо де далале контрольни цифраца шайна хьедина дерриг ялта охьадилла. Сарле пхийтта топ ло схьа. Хьайн вешин шина кІантана йогІуш йолу суд яйта, тІеваийта ший а. Корах чу топ тохарний, гІуммагІ иэккхийтарний суд йогІу царна. Вен суд йийр яцар дІахоуьйту хьоьга. Кхетий хьо?

Хасар. Кхета. Тахана де шаьш дан сацийнарг. Герз а дац сан, ялта а дац!

Іаьнга. Ахь бах ТІерло, иштта?

ТІерло. Аса а бах.

Іаьнга. Дика ду. Амма дохко-м вер ву шу шиъ. *(ДІавоьду.)*

Хасар. Тахана тІегІорта мега уьш. Божарий кхуза гулба беза, зударш, бераш йиша-вашанаш долчу дахийтича бакъахьа ду.

ТІерло *(вехха лаьтта вист ца хуьлуш)*. Іай, ма хьашт доцург ду-кх вай лелориг!

Хасар. Массо а юьртахь, Іад санна, дуладелла гІуллакх. Вай доладелча, массо а юрт гІоттур ю, станицаш а Іийр яц.

ТІерло. Э, Хасар. Ерриг Росси-м йоккха яй. ТІома дедда олхазар чекх а далалур дац, цуьнан йоккхаллех.

Хасар. Росси йоккха ю. Амма и колхозаш, вайна санна, муьжгичунна а ца еза. ГІалгІазкхашна мухале а.

ТІерло. Мичара хаьа и хьуна? Осмас аларх бах ахь?

Хасар. ХІа! ХІинца а иза! Соьца хьуо вагІахь вуола, ца вагІахь хьайна луъург де.

Кертал дехьахь гучуваьллачу Исраьнла ринжа доьллу.

Исраьил. ЦІахь дуй шу?

Хасар. Хьо вара хІинца кхуза ваза. ДІавала гена, кху керта а ца гІерташ!

Исраьил. Ой, ма шога олу ахь. Машарна ма вогІу со.

Хасар. Хьан машар а, хьо а ца оьшу тхуна. Яхийта хьайн алаша!

Исраьил. Ой, ма ала иштта кІоршаме. Алийта соьга цхьа-ши дош. ТІерло. Хьо-х вай кхеташ.

Амхьад. Ас элира берашка тхан топ ю. Дукха патармаш ду элира. Хасаран а ю элира ас топ.

ТІерло. И хІунда элира ахь? Топ хьехо ма ца еза.

Амхьад. Муха ца еза? Цхьаннин ма яц топ. Берашна ца товра иза. Салтий а баьхкина, дадегара топ дІа а йоккхур ю, хьан дада чу а вуллур ву, бахара соьга бераша. *(ТІерло воьхна.)* Дада, ахь салташна воиг ца дахь, хьоьгара топ дІайоккхур яций цара?

ТІерло. Йоккхур яц.

Амхьад *(ехха ойла йо)*. Дада, топ дІаелча хІун дара-те вай? Стенна оьшу иза? Со кхоьру хьо лацарна...

ТІерло *(гуттар воьхна)*. КІентиг... хьуна... хьуна со дукха везий?

Амхьад. Веза.

ТІерло. Делахь, дІалур ю вай топ. ЛадогІалахь, Амхьад. Ас хьайга аьлларг дицдийр дацийца ахь?

Амхьад. Дицдийр дац.

ТІерло. Ас хьайга бохург гуттар дийр ду-кх ахь?

Амхьад. Гуттара а.

ТІерло *(гІийла азца)*. Школехь дика дешалахь.

Амхьад. Доьшур ду.

ТІерло. Хьехархошка ладогІалахь.

Амхьад. ЛадугІу аса-м.

ТІерло. Ленина бохург делахь. Дика дуй?

Амхьад. Дика ду. Ленина бохург дийр ду ас.

ТІерло. Хьада вало... Мацвелла хир ву. ДІагІуо хьайна. *(Водий цІийн тІехьа дІавоьду Амхьад. Вехха Іа ТІерло ойланаш еш.)* ОхІ-вай. Ма бала бу-кх сан кийрахь... Жимчу кІанта а бохийца: «Дада, топ дІаелча хІун дара-те вай. Стенна оьшу и вайна?» Бакъду... Стенна оьшу и? Амма хІинца тІаьхьа ду. Ша хирг хир кхунах...

Ведда вогІий схьаэккха Зайндин.

Зайндин. Ваший! Кхин а милици кхечи эвла. Пулемет йолуш...

ВОРХІАЗЛАГІА СУРТ

Хасар Іаш волу цІа. Аьрру агІорхьа маьнга. Сцени кІоргехь паднар ю, тІе кузаш а тесна. Стоьл тІехь йогуш лампа. Дезарш деш лела Сану. Чуволу Хасар, ТІерлой. Керахь тоьпаш ю.

Хасар. Хьаьжин хьо?

ТІерло. Массанхьа а.

Хасар. Же, Сану. Кечлол. ОсмагІаьрга гІуо тховсенна.

Сану. ХІара хІунда?

Хасар. ГІуой яла ца бах хьоь! Же! Тховса тІегІоьртар бу. Забарш ян ца еана милици. Тхо леца богІу уьш.

Сану. Везин дела, воккха дела! Элчий, асхьабаш, ларде тхо балех. Ва стаг, хІун ду ахь лелораг? Массо а хІаллакван воллу-кх хьо.

Хасар. Хьан бала бац цуьнан. Кечло сихха! Кертахь мел йолу зуда а, бер-кер дигалахь!

НаьІ туху. Аз: «Чуван мегар дуй»?.

ТІерло. Чувола.

Чуволу Янарс, Моллин-Кад. Царна тІаьххье Бексолтий, Товсолтий, Зайндин, Іаббаз, Габис.

Янарс. Оссолом Іалайкум!

Хасар *(бурсвелла)*. Ва Іалайкум салам, хьо бусалба велахь!

Янарса куьг кховдадо. Хасара и ца лоцу.

Янарс. И хІун ду. Хасар. ХьошалгІа чувеанчу мостагІчун а лоцуш ма хуьлу куьг, вайн Іедалехь.

Хасар. Вайн кица хезний хьуна: «Кхайкхаза веанарг — доттаза вахана?»

ГІар-тата йов чохь болчийн.

Моллин-Кад. ХІети-хІети... Амале ву хьо, Хасар. Ваша вийнехь лоцуш ма хуьлу хьешан куьг...

Хасар Бексолтица шабарш дан хІутту.

Янарс. ТІерло. Со волчу а веана, некъ лоьхуш ваца-ра хьо? Карина хьуна айхьа лехна некъ?

ТІерло. Уьш дІадевлла. Карийна...

Янарс. Ахь мукъане а ладогIа соьга. Ахь аларна веана со ккуза. ЦIий Iанийта ца лаьа. Зударш, бераш ма кхерадайта. Юьрто бехк буьллур бу шуна. ХIокху тоьпан хьокхийца Iедал харцо ма гIерта!

Бексолтас, Товсолтас, Моллин-Кад сений чу вуьгу.

Хасар. ХIай стаг, хIай! ХIунда гIерта хьо сан чу? Суна вовзац хьо. Я вовза са а гатлац. Самалха дала ца дуьту-кх аш тхо.

Янарс. Iедало бохург ахь дича, мила ву хьуна новкъа? Хьайна ма луъу вахахьа.

Хасар. Аш ваха вуьтий? Валар тоьла оцу комсомол бохучу къамкъаргашка хьийзавойтучул.

Янарс. ХIун до хьуна комсомольцаша? Ма де, дукхавахарг, зулам. Де Iедало бохург. Ас дош ло хьуна: пIелг тухур бац хьох.

Хасар. Ца теша со шух. Тахана герз дIалур ду ас, кхана, лаца а лаьцна, войур ву. Кху метте, сайн кертахь, велча тоьла суна!

Янарс. И тIаьххьара дош ду хьан?

Хасар. ТIаьххьара ду.

Янарс. ТIерло, хьо а ву цу ойлехь?

ТIерло. Ва кIант, соь хIун де бах ахьа?

Янарс. Хьайна тIехула юьртана зулам даьлча а хIума ца хета хьуна, Хасар?

Бексолтий, Товсолтий чувогIу.

Хасар. Хьовса шу со лаца! Дийна кера-м вогIур вац!..

Янарс *(оьгIазе)*. Делахь, хьуна ншттa сиха вала лаахь, лийр ву хьо хье ца луш.

Хасар *(дарлой тIекхоссало)*. Хьалха хьо лийр ву. ЖIаьли! Iаббаз! Бексолта! ДIалаца и!

Бексолтий, Товсолтий, Iаббаз, Зайндин, Габис тIебеттало Янарсина. Озайой шаьлта схьайоккху. Ницкъ маббу, дуьхьал лета Янарс.

Янарс. Тешнабехк! Шайн ненах сте е аш, хьакхарчий!

ЦIогIа а тухий, юкъатасало Сану. Янарс маравуллу.

Сану. Ма тохалаш! Сан чохь! Тухуьйтур яц!..

Хасар. ДIадала, къанделла зуд! *(Юьстах кхуссу Сану.)* ДIа вехка и!

Янарс охьатуху. Iаббаза дIадоьхку цуьнан ши куьг.

Янарс. Заддаш! Делан наьIалт шун вархIа а дена!

Сану *(мохь оьху)*. Дела вац шун? Воьйтур вац ас! *(Юха а тасало жIугана юккъе.)*

Хасар. Боьха салти!

Янарс. Ву хьуна со салти. Партин салти ву со, хьо хьакха ю!

Хасар. Бексолта! ДIа тее цуьнан къамкъарг!

Бексолтас юьхь тIе етта Янарсина.

Янарс. Заддаш! Шайн чохь етта аш?! *(Юьхь цIеша юьзна. Хасаре.)*

Хьайн зудчан шарбал ехка коьртах!

Бексолтас, Товсолтас, Зайндис етта. Юьстах а ваьлла, ши куьг некха тIе а диллина лаьтта ТIерло, вист ца хуьлуш.

Сану. Вай, хьо ма да адаме! *(Янарсех куьйгаш хьарчадо.)*

Зайндин. ДIаяла, нана! *(Мара а юлли, арайоккху Сану.)*

Габис. Мича хьо вай хIара?

Хасар. Калдовки чу кхосса!

Янарс. Кхахьпанаш! Шуна хIара иштта дуьсур ду моьтту? Сан цIийнан нах бац моьтту шуна?

Такхавой аравоккху когаш, куьйгаш дихкина Янарс. Бехьаш садоьIу кегийчу наха.

ТIерло. Яра гIуллакх товш вац со.

Хасар. Хьайна лерга юххе тапча тоьхча товш вуй хьо?

ТIерло. Суна вевзура Янарсин да. Бакъахьара стаг вара иза. Шен чохь вихкина Iуьллучунна еттарал доккха иэхь дац. Наха хIун эр ду вайна?

Габис. Къа ма хета, ТIерло. Кера веъ-веанчунна етта езара царна. ХIорш юкъа ца хьийзахьара. гIазакхаша вайнах буьтур бара.

Хасар. Вен веза и! Цхьа жIаьла дIадалар а гIоле ю.

ТIерло. Муха ваха воллу хьо адамаш юккъехь, хьайн чохь стаг а вийна? Тайпанна эхь ма ду иза!..

Хасар. МостагI ву и, мостагI! Кхана эскарна хьалха а ваьлла, вайца тIом бан вогIур ву.

ТIерло. Иштта тIом сийлахь бу.

Хасар. Сий ца сий муха дуьйцур ду дела харц вечу мунепикъца?

ТIерло. Милла велахь а, Iедалан да-х вай иза.

Габис. Вен веза и, ТIерло. Дукха зен дийр ду цо, дийна витича.

ТIерло *(дар а лой)*. Вихкина воллушеххьий? Хьайн хIусамеххьий? Ов-вай, и эхь!..

Габис. Новкъа а ваьккхина, топ тIеюстур ю-кх.

ТIерло. Даьдиса хьан! Тохара-м ма вара хьо, топ бIаьрга ма гарг еш.

Хасар. Нийса бах, Габиса. Вайн гIуллакхах хIун хуьлу а ца хаьа. ХIунда дала деза вай, ваьшна дуьхьал мостагI ца вуьйш?

ТIерло. Воьйтур вац ас! Котам яц иза! Адам ду...

Хасар. И хIун ду, воьйтур вац бохург? Со вац кхуза воккхахо? *(Хьалагlотту.)*

ТIерло. Хьо воккхахо велахь а, воьйтур вац. *(Хьалагlотту.)*

Хасар. Iаббаза дIайоккхур ю цуьнан жIов, ас омра ма диннехь.

ТIерло *(буьрса)*. Тохийтал, ша вахьахь!

Хасар *(ТIерлон белш а ластийна)*. Тухуьйтур яц ахь?

ТIерло. Яц! Ахь со верах-м.

Габис *(гIуллакх генадала доьлча)*. Хасар! ТIерло! Дехьа цIенош чохь Осма ву. Цуо хIун олу хьовсий вай?

ТIерло. Реза ву со. Осмас алахь, айса топ тухур ю ас цунна.

Хасар *(ойла а йина)*. Дика ду. *(Бексолтега.)* Схьа чу такхаве. Зайндин! Хьо сени чохь, неIарехь, латта. Цхьа дегI кху чу а ма даийта.

Зайндин. Дика ду, дада.

Кегий нах арабовлу. Дукха хан ялале чувохьу Янарс. Паднара тIе вуьллу.

Янарс. ДIаваста со, жIаьлеш! Биънар дуй бу сан, дохкодевр ма ду шу кхунах!

Товсолта. ГIар ма елахь! Ас, оцу гай тIе шаьлта Iоьттина, чуьйраш охьахоьцур ю хьан!

Массо а арабовлу.

Янарс *(узарш а деш)*. ДIабаха... Вен кхэл ян баха техьа?.. Воха ма вохалахь, Янарс!.. Кисанахь ши бомба ю... Куьг дасталахьара... *(Паднара тIехь тIекIел волу.)* Паднаран сонах хьаькхачи?.. Бахтарш ду. *(Когаш чу а хецца, паднаран сонах хьоькху дихкина куьйгаш.)* ЧIогIа ду... Ши бомба керахь елахьара, эрна лийр вацара... ХIан-хIа... Дасталур дац... Корта мукъане а тохий ас царна... *(ИрахIутту.)* БогIуш бу...

Чуволу Хасар, ТIерлой, Габис, Бексолтий, Iаббаз.

Хасар. ИрахIоьттина, гавур. Бексолта, дIаваста и! Вахийта шен да вахханчухула! Баркалла алийта, ша дийна витарна.

Янарс. Стенна? Хьайн хIусамехь сайна еттарна эр ду ас хьуна баркалла?

ДIавосту.

Хасар. Кэх ваккха и, Бексолта!

Янарс. ГIур ву со. Тхан наха кхэл йийр ю кху гIуллакхан. Схьая сан шаьлта!

Хасар. Лур яц шаьлта! Аравала чуьра!

Янарс. Схьая шаьлта! Со боьрша вац моьтту хьуна?

Хасар. ХIинца цIога айа гIерта хьо?

Янарс. Схьая шаьлта!

ТIерло. ДIалохьа, Хасар.

Хасар. Бексолта! Кэх ваккха и! КэтIахь дIалуо шаьлта.

Бексолта. Вало!

ДIабоьлху. Царна тIаьххье Товсолта а араволу.

Габис. Уггар вониг хир ву иза. Урамехь вожаве вай?

ТIерло. Вита. Вахийта.

Кертахь топ йолу. Цунна тIаьххье бомба иэккха.

Кхин ши топ йолу. Берриш аралелха. Цхьа хан яллалц цIа деса лаьтта. ЧувогIу ТIерло, Хасар, Габис.

ТIерло. Гой хьуна, Хасар. И вир Бексолта шена луъург бен деш дац. Милици яре хьежа веза-кх хIинца.

Хасар. Кисана ца хьаьвсира-кх вай цуьнан. Байттамал яI! Амма милици ягIахь... Дала гIо дийр ду вайна, милици ягIахь,

ТIерло. Э, Хасар. Патармаш дукха долчунна до дала гIо.

Кирхьа.

III АКТ
БОРХІАЗЛАГІА СУРТ

Кхоалгlачу суртан декораци Іуьйре. Гlанта тlехь ойланаш еш Іаш ву Султан. Чуволу Гlапура.

Г І а п у р а. Сил хьалхе хІун деш Іа хьо, цуьнга хьоьжуш? Сийсара иккхинчу гІуллакхан бала бац хьуна?

С у л т а н. Еза йоІ ган йиш яц?

Г І а п у р а. Заманан ойла ца йо ахь?

С у л т а н. Хьуна ца го Заза хІор денна?

Г І а п у р а. Го. Амма лаьррана тІаьхьа ваьлла-м ца лела со. Сельсовете вогІий хьо?

С у л т а н. Ах сахьт далале дІавогІу со.

Г І а п у р а. Дика ду. *(ДІавоьду.)*

С у л т а н *(ша шега)*. Юккъехула-м ду ас лелорш. ЙогІуш ю...

ТІейогІу Хадижа.

Іуьйре дика хуьлда хьан, Хадижа!

Х а д и ж а. Диканца вехийла. Селхана ас кхайкхира хьоьга. Тахана ахь кхойкху. ХІун хилла?

С у л т а н. ХІумма а ца хилла. Хьо ган лаьара-кх.

Х а д и ж а. Ян ца лаьара суна, Султан. Дукха ирча ду юьртахь. Сийсара тхан юккъехь тоьпаш йийлира. Қхоьру со. Дада лоцурх ваций техьа?

С у л т а н. Дика гІуллакхаш дац хьан дас дийраш, Хадижа.

Х а д и ж а. Бакъ дац. Цо хІумма а воиг ца до! ХІун даьлла цуьнгара?

С у л т а н. Дукин-некъийн кортош тилийна-кх.

Х а д и ж а. Бакъ дац. Дадас массаьрга а ма бах: дІало ялташ. Ша а делла.

С у л т а н. ХІан-хІа, Хадижа. Хьан дас цхьа дош аьлча, Дукин-некъаша а тІехь, массар дІалур дара.

Х а д и ж а. Ткъа хІинца лоцур ву дада? Султан, схьахьажал соьга.

Султан. Суна ца хаьа иза. Ас муха эр ду сайна ца хуург?

Хадижа. Милцой гина суна маьждиган майданахь. ТIом бийр бу-те цара?

Султан. Дукин-некъаша шайгара тоьпаш а, ялта а дIалахь, хIума хир дац.

Хадижа. Ма кхоьру со, Султан!

Султан. Юьртара ялий цхьанхьа дIагIуо.

ЧувогIу Зайндин.

Зайндин. Меттиг кIезиг ю хьуна юьртахь? Тхан куьпа иэха ма марзвелла хьо? Цу тIе, тхан зудаберашна пуьчуш а буьттуш. *(Хадижега.)* ДIаяло кхузара, шайтIанан ког!

Хадижа. ХIинцца. *(Сихдинна хи иэца хIутту кIудал чу.)*

Султан. ХIара хи хьан дендех дисина-м дац, со кхуза ца иэха?

Зайндин. Да, дера. Хьуна юьртасовет санна-м. Кхуза богIу некъ бицбел ахь!

Султан *(велало)*. Ой! Боьхкур бу ахь? Хьо ма майра ву! Хьалха а элира ахь, вовшахкхетар ву, аьлла.

Зайндин. Яхийта! Ас, къорIанор, моттуьйтур ду хьуна хIара дуьне гомаш хаьхкина доьду.

Султан. Хьуо ма дарра кхахьпа ду хьо!

Зайндин. А-а!..

Шаьлта а йоккхий чухьоду. Шен шаьлтанца юхатуху Султана Зайндис шена ластийна шаьлта. Аьрру куьйга куйнаш а лоций, аьтто лоьхуш, вовшашна гуонах хьаьвзу, шаьлтанаш а буйнахь. Мохь болий, кIудал охьа а йожош, юкъайэккха Хадижа. Зайндинан белшах шаьлта туху Султана. Зайндис шолгIа ластийна шаьлта, зевнаца охьайожайо. Шаьлта схьаиэца тIекхоссало Зайндин. Султана шаьлтан тIе ког боккху. Мохь оьху Хадижега.

Хадижа. Ва-а, бусалбанаш! ГIо дейша! *(Цкъа цхьанна, тIаккха вукхунна тIетиссало.)*

Султан. Вир! Ас потакаш схьадахий хьан?

Хадижа. Делан дуьхьа... Султан! Ма тохалахь! Ма тоха! ХIара-м сан вай. *(Мара вуллу Зайндин.)*

Султан. Ва котам! Ас и корта схьаиэций хьан?

Зайндин. Делан наьIалит хьан дена!

Султан юха а тIе гIоьрта.

Хадижа. Султан! Ма тохалахь, керахь герз доцчунна! Вайша къастор ду ахь! *(Шена тIехьа лоьцу Зайндин.)*

Султан *(когаца дIакхуссу Зайндинан шаьлта)*. ХIа! ДIаиэца хьайна шаьлта! Вир-р!

Хадижас катухий схьаоьцу Зайндинан шаьлта. ДIа ца ло Зайндига.

Зайндин. Схьало и! Кхахьпа! *(Схьаяккха гIерта.)*

Хадижа. Лур яц! ДIагIуо вайша, Зайндин? Хьо дика а вай... Делан дуьхьа!..

Чулелха Хасмохьмад, Илес.

Илес. ХIара хIун ду? *(ДIалоцу Султан.)*

Зайндин. Со зуда ю хьуна, ас хьо ца вехь!

Хасмохьмад *(Султане)*. Чов йин ахь цунна? *(ДIаийзаво Султан.)* Дика гIуллакх даьлла хьоьгара!

Илес *(Зайндин дIатекхаво)*. Ма леладе хьаштдоцург! Вало!

Хадижа. Делан дуьхьа, Илес! ДIавига хIара! *(Йоьлху.)*

Зайндин. Тахана аьтто белин жьан. Собарде ахь! Цхьа де хIуттур ду. Схьая шаьлта! Зуд!

Илес. Вало, вало... ДIало кхуьнан шаьлта а.

Хадижас дIало. Илеса пхьарс а лаьцца дIавуьгу
Зайндин. Йоьлхуш тIаьхьа йоьду Хадижа.

Хасмохьмад *(Султане)*. Чуйолла шаьлта! Вало, Дукин-некъий тIекхачале!

ВогIий схьаиэккха Моллин-Кад.

Султан. ЧIогIа кхоьру со царах.

Моллин-Кад. Лата кхиин хIара ши боргIал? Чов йина кхуо?

Хасмохьмад. Яйн чов йина белшах. ДIавуьгур вайшимма хIара.

Пхьаьрсаш а лоций дIаозаво.

Султан. Суо вогIу со. ДIахеца!

ДIабоьлху. Цхьана минотехь сцена еса лаьтта.
Чулелха Бексолтий, Товсолтий керахь тоьпаш а йолуш.

Бексолта. ДIаваха-кх и гавур!

Товсолта. Вер вац хьуна и вайгара.

Водий чувогIу Илес. Вукху агIорхьара Моллин-Кад а вогIу.

Илес. Же дIадовла кхузара. Вукху урамехь милици ю, шу кера тоьпаш а эцца лаьтта.

Бексолта. Маржа-яI! ДIаваха-кх и. Цаца бийр бара ас цунах.

Моллин-Кад. Ма хан карин хьуна стагах цаца бан! ДIавала кхузара ший а!

Кхузза ваьштта топ йолу.

Товсолта. Э! Хаам бо! Вайн куьпа милици еана. Вадалахь, Бексолта!

Ведда дIавоьду ший а.

Илес. Даьдиса хьо зама! Сельсовета чохь гIуммагIаш лоьлхуьйту. Корах чу тоьпаш етта. Керта бомба-

наш кхуьйсу. ХІара шиъ шаьлтанаш етта хІоьтти. Мича гІур ву миска стаг?

Моллин-Кад. ХІети-хІети. Ас ма бах и. Синкъераме хан ю вайна тІехІоьттинарг.

Тоьпаш юьйлу хеза. Пулемет йолу.

Илес. Же валолахь, Моллин-Кад. ХІокху бола юккъера дІавер ву вайша. Шаьш лехнарг карин Дукинекъашна! *(Ведда дІавоьду.)*

УЬССАЗЛАГІА СУРТ

Кхоьлина суьйре. Шовдана-Коьрта тІехь жима майда. Гуобаькккхина даккхий тІулгаш. Дитташ. Генахь лаьмнийн бахьаш. Цхьацца ког а боккхуш, майдана волу ТІерло. Керахь топ, юкъахйнхкина патармийн гІап. Лахара хеза юьйлучу тоьпийн татанаш. ТІулга тІе охьахоу ТІерло.

ТІерло. Гуобина баьлла-кх... ХІара дара-кх оха лехнарг. Дуьненахь хІокху майданан кІунзал бу-кх тхуна бисинарг. ЭхІ, кІант... Сан кІант! Сан жима кІант. Хьуна а хаара-кх тхуначул дика. *(Тоьпе хьоьжу.)* Элира ахь: «Дада, дІалуо вай и топ. Стенна оьшу и вайна?» Нийса ду. Стенна оьшу хІара суна? Делан кхэл хир ю-кх... Валар дац со кхоьрург... Ишта а, вуьшта а цкъа вала ма деза. Со кхоьру иштта Іовдал вала... Масала... гуонна юккъера дІавер ву со, хІун вахар хир ду? Иэккхийна лелочу барзах вахар. ТІехьарачу тешнабехках кхоьрур ву. Наха наьІалташ кхайкхор ду. ХІун вахар хир ду? ХІан-хІа! Бакъдерг цаьргахь ду. Тхоьгахь дац... Мел бала босси оха нахе? Сайн куьйга вен везаш хиллера ас нанас вина ваша Хасар. Цуьнца Осма а... Наха бехк буьллур бацара. Советски Іедал а къинхетаме хир дара... Харц новкъа вахана со... *(Са а даькккхина, ойланаш йо.)* ХІун дер ду хІета? Валар ду-кх дисинарг. Амма сан кІант хІуттур вац сан новкъа...

Гийзиг йина, хьалхи тІаьхьий майдана бовлу Хасар, Осмий, Габис, Іаббаз.

Хасар. Далла бу хастам... Девли вай... ХІара Шовданан-Коьртан дукъ ду. Буьйса йоллалц кхузахь Іер вай. ТІаккха кху майдана гІоьртар яц милици. Іаржъелча, гуо а хадийна, лам чу гІур ду вай.

Осма. Суна хетарехь, сирла йоллушехь, даха деза. Буса тІеІотталахь, вай массо а хІаллаквийр ву. Я цхьацца а девлла дІагІерта деза.

Тlерло *(оьгlазе)*. ХIинца цхьацца декъало бах ахь? Айхьа дина доьша тхоьца даа ца лаьа хьуна?

Хасар. Маса ву техьа вайх дийна висинарг?

Габис. Пхийтта варий вай? Кхоъ юьртахь вийна. Шиъ, чевнаш йина, ва ца луш висина. Бухахь дуьхьало еш пхиъ ву.

Хасар. Дала гIодина девлира вай юьртара ара. Хьай гавураш, шедалой! Дуола ма деллинехь, массо а веддийца. Хьалха хабарш дуьйцура «оха, тхо», бохуш.

Тlерло. Хьой, Осмий вара-кх «оха,тхо» бохург. Бехке шу шиъ ву. Нах бац. Варраш! Ерриг эвла шайна тlаьхьа хIуттур ю моттара шуна?

Хасар. ХIей, хIей! ГIар ма е!

Тlерло. ХIунда ца йо иза? Дисинарг валар бен дуй суна? Вист ца хуьлуш вала веза со? КIелхьарадовлахь а, гуттур лечкъаш лела веза-кх. ХIун вахар хир ду иза?

Осма. Довлийла яц-те вайна?

Iаббаз. Хьалха ян езара ахь цуьнан ойла.

Хасар. ХIей! жIалин кIеза! ГIовгIа ма е!

Iаббаз. ХIан-хIа! Дац со жIалин кIеза. ХIинца шуьга нисса ву со. Ткъа хIокху Iачо... *(ПIелг хьажабо Осмина.)* Дуо санна, и гэ а йина, нах хIаллакбо-кх. Ша вайца вала кхоьру.

Чехка йийла йолало тоьпаш.

Хасар. Къинхетам боцуш вац дела. Цунна тIе дуьллур вай вешан гIуллакх.

Осма. Дукъа тIера чудисса деза. ХIун деш Iийр ду вай кху майдана а хевшина? Гуо баре хьуьйсур ду?

Хасар. Буха буссуш ши некъ бу. Бердах чу акха цициг а доссалур дац, стаг хьовх. И ши некъ дIалальцна хир бу. Буьйса а йолийтина, некъ бостур бу вай.

Осма. Кхуза тIе бевр бу-кх уьш буьйса йолале.

Хасар. Лахахь Iачу вайн пхеа стага дийнна полк сацор ю.

Осма. Дера хаац-кх. Къеппига чохь ду-кх вай, дехкий санна.

Тlерло. Къеппига чохь ду вай, лахарниш хьалабовлахь.

Осма. ЯаллахI! Хьуо къобалвечарна гIо дехьа! ДIаса а даьржина, чудиссича толара вайна.

Тlерло. Ца тоьла. Лахь, цхьаьний лер вай.

Габис. Йисте а гIой, хьажий со?

Хасар. ГIуо. Сиха юха а вола.

Габис ведда дIавоьду.

Осма. Со а воьду цуьнца. *(Хьалагlотту.)*

Тlерло *(буьрса)*. Мича воьду хьо? Охьахаа!

Осма охьахуу. Уллохь юьйлу тоьпаш, пулемет сихло.

Хасар *(меттахъхьов)*. Лахарниш хьала ма ца бовла? Баккъалла а кху тlера чудиссича хlун дара техьа вай?

Тlерло. Эхl! Дlорачу лам тlехь вай делахьара ма кхерам бацара.

Богlий беснаш довй схьалелха Бексолтий, Товсолтий.

Бексолта. Милцой богlу. Салтий а бу цаьрца, гlабуц санна, дукха!

Хасар. Важ кхоъ мичхьа ву?

Товсолта. Кхоь а вийна. Лакхара а хадийна некъ. Нуьцкъаш чекхвелин тхойша.

Вукху агlорхьара Габис вогlу ведда.

Габис. Салтий богlу! Зингат санна!

Хасар *(хьалаэккха)*. Бексолта! Вадий, дlо агlор хьажа! Цигахь а салтий белахь, бердах чудисса хьовсур ду вай. Сиха воьллахь!

Дlаводу Бексолта. Цунна тlаьххье дlаиэккха Осма а.

Тlерло. Осма! Мича! Саца!

Iаббаза топ туху. Осма бертал вужу.

Габис. Я-а-аллахl!

Бексолта *(юха а воьрзий)*. Iаббаз! Вийн ахь иза?

Iаббаз. Хlун пайда бу цу кlиллох?

Хасар. Iаббаз! Ва делан мостагl! Хlун ду ахь динарг?

Iаббаз. Жlаьла, жlаьла санна, дала деза! Ахь, ваший, цхьа тlитl алахь, ас хlара топ оцу бага тухур ю хьуна а. «Зудаберийн гlутакхаш» ловзош дац вай!

Тlерло. Нийса бах, Iаббаз! *(Бексолтега.)* Хlун деш лаьтта хьо? Вало, хьажа! *(Хасарега.)* Хlа-хlан, сан нанас винарг. Хlара дара хьуна дезнарг. Охьавижа! Хlинцца лер ву вайша!

Охьадеанчу кирхьи тlехьа юьйлу тоьпаш, пулеметаш, маьхьарий хеза.

УЬТТАЗЛАГІА СУРТ

Кхоалгlачу суртан декораци. 1930-чу шеран февраль беттан юьхь. Іаьржа дуьйхина ю хи оьцуш йоллу Хадижа. Тlевогlу Султан.

С у л т а н. Хадижа!

Хадижа юхайоьрзу. Юьхьа тlе Іаьржа йовлакх узу. Йист ца хуьлу.

Хадижа!

Х а д и ж а. Хlун бах ахь?

С у л т а н. Иштта хlунда ю хьо соьца?

Х а д и ж а *(ойлане соцу)*. Кхин муха хир ю со? Сан да вийна аш...

С у л т а н. Хадижа! Бакъ ма дац и. Со ву цунна бехке? Ас вийна иза? Баккъал аьлча, ша ма ву и бехке, Іадда шен цІахь ца Іийна.

Х а д и ж а. Бакъ дац. Аш вийна иза, аш массáра а!

С у л т а н. Ткъа маса стаг вахара цунна тlе? Ма леладе й гlуллакхаш бохуш... Маса стагана бохам баьлла цуьнгара. Гlоьртана амал цуьнан хиларна...

Х а д и ж а. ДІагlуо! Хьо ган а ца лаьа суна...

С у л т а н. Хадижа. Ладогlахьа...

Х а д и ж а *(хи оьцу)*. Хьоьга ладогlа а ца лаьа суна.

С у л т а н. Хадижа! Сайн сил дукха ма еза суна хьо... Хlинца...

Х а д и ж а. Хlунда хьийзайо ахь со? ДІавала суна гучуьра! Да вийна шн бутт бац, хьоьца хабар дуьйцуш латта еза со? ДІагlуо! Ма хьийзае...

С у л т а н. «Ма хьийзае» бах-кх ахь. Делахь, веза-кх со хьуна? Цхьажимма...

Х а д и ж а *(йоьлху)*. Ца веза... Дерриг дІадаьлла... ДІагlуо...

С у л т а н. Иштта хилла-кх и. Сан керахь ма яц нехан Іожалла, Хадижа!..

Йист а ца хуьлуш йоьлху Хадижа.

Дика ду... Ца лаьа-кх хьуна? ДІагlур ву со-м, хlета... *(Меллаша дІаволало.)*

Хадижа *(ойла лесташ)*. Султан! Султан...

Султан юхавогIу. Хадижа йоьлху.

Султан. Суна хаьа хьоьгахь болу бала, Хадижа. Да доккха хIума ду. Ма евзина елара суна хьо. ХIун дийр ду ас? Хьан дена вон дош аьлла ас? Я хезна хьуна цхьаъ? Алал, хезнехь. Со везаш ма яра хьо. Вайн Iадат а дохош, соьга хаам бира ахь. ДагадогIий хьуна? Алал...

Хадижа. Хьо везан йиш яц сан... Ца лаьа суна... Ницкъ бац хьо веза. Да дIавоьллина ши бутт балале, кегийчу нахаца лаьтта йоI лорур яра ахь?

Султан. ЙоIана кIант чIогIа везаш хилча, хIунда ца лору ас? Ца лаьа хьайна веза бах ахь. И хьекъало бах. Ткъа даго кхин боху хьан. Иштта ца хилча, елха хIунда йоьлхура хьо? Даго елхайой хьо-м.

Хадижа *(мохь тоьхна йолху)*. ДIагIуо, Султан! Веза суна хьо! Хезий хьуна? Ца веза ницкъ бац...

Султан *(воккхавеш)*. Бакъдуй, Хадижа? Тоита. Ма елха! Ґеде хьайн дог. ХIинца парггIат дIагIур ву со. Сан дагна ма хаара хьуна со везийла. Марша Iойла, хьо. *(ДIа а волалой, юхавогIу.)* Хадижа. Воьхна со... Дош а ца карадо, ала... Ас цхьаъ алий хьоьга? Со деша воьду. Гена... Москох... Цхьана шарна. Со хьайна везахь, дош луохьа, соьга хьоьжуш Iен.

Хадижа. Вай... ДIавоьду хьо? Суна иштта хала долуш, дIавоьду хьо?

Султан. Йиш ма яц сан ца вахча. Комсомоло хьежаво со.

Хадижа. Комсомоло? Кхета со. Комсомол вайн лаамел лекха ю.

Султан. Дош луо суна, соьга хьоьжуш Iен.

Хадижа. Суо йинчу ненах дуй буу ас, хьоьга хьоьжуш Iен. Султан. Сан хьоме, Султан! ТIе ма воьллахь суна! Наха хIун эр ду юххехь гича? Хьажал! ХIара чIуг охьаюьллу ас. Хьо воцург кхин майра хир вац сан. ХIинца гой хьуна, суна хьо мел веза? *(ПIелгара схьа а йоккхий. дашо чIуг гIанта тIе юьллу.)* Шарахь, шина шарахь, суо яллалц а хьоьга хьоьжуш Iийр ю со...

Султан. Сан хьомсара Хадижа! Цкъа а, тахана санна, суо ирсе ца хетта суна! ГIуо... ХIара чIуг схьаоьцур ю ас. Цхьаьнгге гойтур яц. Сан нускал ду хьо хIинца! Цхьаммо вовшахдоккхур дац вайша.

Цхьана минотана юьхьа тIера Iаьржа йовлакх дIатосу Хадижас.

Хадижа. Хьо дIавахале гур дуй вайна?

Султан. Гур ду, дера-кх, мосуьттазза-м.

Хадижа. Дукхазза ган йиш яц. Наха аьндерг... Марша Iайла, хьоменига.

Хадижа дIайоьду. Водий тIе а воьдий чIуг схьаоьцу Султана. ЦIаза-пIелгах юллу.

Султан. ГIехь ю. ХIинца сан ю иза! ХIара чIуг санна. ЧIуг эца дуьххьара дагадеана кIант хьекъал долуш хилла. *(ДIавоьду.)*

Цхьана минотехь еса лаьтта сцена. Хасмохьмад, Моллин-Кад, Тасу, Исраьил кхочу схьа.

Моллин-Кад. Аса а боху-кх. Керла гIуллакх ду и колхоз, гуттар керла. Гомха мичхьа ю а, кIорга мичхьа ю а ца хаьа. ХIинца, Исраьил, хьо ву колхозан председатель. ХIун дан деза, тхуначул дика хаьа хьуна. Ас бах... И колхоз муха ян еза? Ламарой, чехкачу меттехь, Органах дехьа муха бовлу хаьий шуна? Деха дукъо, къовллий мара а дуллий, хи чу бовлу ламарой. Нагахь цхьаннан тIулгах ког тасало-кх. Охьа ца вужу иза. Дукъох таса а лой, когаш тIехь вуьсу, хIунда аьлча, вукхара дукъо чIогIа керахь латтадо. Дукъо а дехьа доккху, шаьш а бовлу. Иштта марайолла еза вай колхоз.

ГIанта ховшу.

Бакъ бахий ас, Исраьил?

Исраьил. ЦIена бакъду. Вовшашна гIо а деш, бертахь, шен-шена тIедиллина гIуллакх вай кхочушдахь, ялташ ден кхуьур ду вай. Советан Iедало а гIо дийр ду. Селхана ши трактор еана. Тахана ткъе итт заявлени делла, колхозе бовла. Машинаш хир ю аьлча ца тешара хьалха.

Тасу. Со а ца тешара. Ма дика ду ас Янарсе хIетахь ладоьгIна! Iовдал вара со. Шинара а доьхкина, бирдан-топ ийцира. ХIинца бригадир вина сох. Хьалха и дош хезна вацара со. Амма сох хIун бригадир хир ву? Йозанах элп ца хаьа суна.

Исраьил. Со нанас вешшехь председатель вина-м ца моьтту хьуна?

Тасу. Хьо-ша ду. Йоза хаьа хьуна. Со белхан 'стаг ву. Селхана гира суна, трактороо охуш. ХIун дан воллу хьо! Оьртхана-коьллаш орамашца бухйохура цо, бело картолагаш санна. Ницкъ бу иза! ТIаккха айса сайга элира ас: «Тасу, и аьчган говр — хьан говр ю». ДIавахийтахьа со, Исраьил, гIалитIа.

Исраьил. ХIара хIунда?

Тасу. Курсаш ю боху цигахь, трактор лело Iамош.

Исраьил. ДIавала! Воккха ву хьо.

Тасу. Айхьа ма элин ахь, нанас вешшехь председатель хьуо ца вина. Шераш дуккха а ду сан, амма болх бан къона ву.

Исраьил. Охана ма ду тIехIоьттина. Аха деза. Лама арадовлу вай.

Тасу. Со воцуш а дийр дара и-м.

Хасмохьмад. Исраьил, сайн балхара со а вакхахьара ахь кхечухьа.

Исраьил. Хьан хIун ду хIинца?

Хасмохьмад. Говраш кхаба хIоттийна ахь со. Дийнахь а, буса а самалха долийла яц сан.

Исраьил. И хIунда?

Хасмохьмад. Цхьана керта гулйина говраш. Сатоссуш керта богIий, буьйса юккъе йоьдуш бен дIа ца боьлху говрийн хьалхалера дай. Буьйсана юккъехь вогIу цхьаъ шен хиллачу говрана гIодамийн цIов бохьуш. Вукхо тIоьрмигахь хIоъ бохьу. БIаьрг тIера тилабелча, вукху говрийн хьаьвдеш чуьра хьаьжкIаш шен говрана хьалха юхку.

Исраьил. ДIалехка, ткъа.

Хасмохьмад. Йишхаьлла сан, царна довдеш. Керта а ховший Iа, шайн говраш ргI йоцуш балха ца кхийлийта. Наг-наггахь вовшахлета, и къуьйсуш. ГIовгIа лаьтта. Массара а суна дов до. Къа дац сан. ХIанхIа. Кхин болх ло ахь суна.

Исраьил. ХIума дац, Хасмохьмад. Лама оханаш долало. БIал кIел гIур ду дерриг хабар. Ткъа хьо, Тасу, ялташ дийна вай девлича, вохуьйтур ву гIалитIа.

Чуволу Илес.

Илес *(чуьраваьлла)*. Исраьил! Хьайн хьелий, шинарш дIаиэца соьгара, жIаьлеша даарш Лаьттах йохку юьхкаш ахка а хIоттаве. И атта хир ду кху балхал.

Исраьил. ХIун хилла?

Илес. Хетта а хоьттий ахь! Зударша вуьйш лаьтта со. Я хьеравер ву. Цкъа богIу зударий, хьелий деттачаьрца дов до. Тахана Селимина коьрта тIе ведар шура йоьттина. Базар ю даьхнакертахь лаьтташ! ТIаккха вовшахтасало. Ийзош вовшийн кIозарш йоху. ТIаккха, барт а бой, массо а суна тIетасало. Кхош, пхьаьжаш деттар ду шаьш боху. Зударша пхьаьжаш деттачу кхаьчча-кх хIинца со!

Моллин-Кад. Бакъ бах... Зударш цIоькъа-лоьмаш ду. Ас ма боху иза.

Исраьил. Илес, хьелашна тІе цхьаъ ца хІоттийча волий со?

Илес. Хьайна луъург хІоттаве. Зударшца тІом бан, ккхин ницкъ бац сан.

Исраьил. Янарсе хІун элира ахь? Вицвелла хьо? Собар. Зударш а гІуллакхех боьр бу. Колхоз — керла гІуллакх ду.

Моллин-Кад. Ду-те. Хэ ша доьдучухула меттиг йоккху шена. Сан а ма бу цхьа сингаттам. Тиша нахарш ду наха схьалурш. Диканиш базара доху. ИбраьхІим веара суна нох дохьуш. Хьалхара ши чкъург яц. «ХІара хІун ю ахь еанарг?» — бах ас, дар а велла. «Мича яхана ши чкъург?» — «ГІовгІа ма е, Моллин-Кад, боху соьга. Чкъургех ас сайна жима варда йийр ю, серий кхехьа». — Ткъа цхьа чкъург йоккхий, важа жимий, цунах хІун варда хир ю? Басахула лело-м ца воллу хьо иза?» — хаьтти ас. Дов а дина, схьаяьккхин ас ши чкъург. Нахарш доцуш, план кхочуш муха йийр ю вай?

Исраьил. Нахарш кІезиг ду. Бакъду.

Хасмохьмад. Колхозе язбалазчаьргара доьхур ду вай тІеоьшу нахарш.

Тасу. ХІун дуьйцу ахь? Царна корта беттий? Белаца охкур яра ас аре, вайца боцчаьрга нох ца деха. Колхозе со язвелла бохуш, дІаьвше дешнаш хІинца а кхуьйсу цара суна.

Исраьил. ХІумма а дац, Тасу. Иэшахь, цаьрга а доьхур ду вай.

Тасу. Нийса дац иза. Вайн гІуллакх вон хилча колхозе ца лаьа царна, туоделча дІаязбала хьолхур бу. И муха хета хьуна?

Чуволу Султан.

Исраьил. Вицвелла хьо, Тасу? Хьо а ма вара корта хьийзаш. Кхана язлур бай уьш-м.

Тасу. Язбелча ша ду. ХІетталц цхьа лол тоха беза.

Исраьил. Вайн шеф-завод ю. Цига кехат дахьийтина ас, гІо дахьара вайна нахаршца, аьлла. Цхьа гІо ца деш Іедало а дуьтур дац.

Илес. Маса нох оьшур ду-техьа?

Исраьил. Ткъех тоьар дара.

Султан. Нахарш ца тоахь, оха, комсомольцаша, кхаа сменехь болх бийр бу охуш.

Исраьил. Дукха сиха ву хьо, Султан. Говрашка балур бац кхаа сменехь болх.

Султан. Белашца аьхкина а, план кхочуш-м йийр ю.

Исраьил *(шок туху)*. Мичара! План маса гектар ю хаьий хьуна? Шарахь ахка дезар ду.

Тракторан тата хеза.

Ой! жIалин кIеза! Муьлха тракторист ву техьа, охуна а дитина, юьрта титталург? Хьадал, Султан, хьажал!

Илес. Вукху колхозашка дехча хIун дара техьа вай нахарш?

Исраьил. Массарна а оьшу уьш хIинца. Шайн оханаш кIел а дитина, муха лур ду цара?

Чехка схьавогIу Султан. ТIаьхьа вогIуш оьрси-белхало ву.

Султан. Кхаъ! Кхаъ богIу хьоьгара, Исраьил.

Моллин-Кад. ХIун хилла?

Гучуволу Султан, белхалой.

Белхало. Маршалла ду шуьга, накъостий!

Массара а. Маршалла хьуна а!

Белхало. Накъостий! Со ваийтина шун шеф-заводо. Шуна чIогIа нахарш оьшуш хиларна, колхозана совгIатана ткъе пхиъ нох доуьйту, субботникашкахь туодина. Аш ялташ дIаделац, трактор а яийтина шен нахаршца. Трактористаш шун бацарна, охана чекхдаллалц со хир ву трактор лелош.

Массара а. Ура!..

ТIебетталой белхало, схьа а лоций, ирхкхуьйсу.

Моллин-Кад. Декъала хуьлда оьрсийн белхалой!

Тасу. Декъала хуьлда вайн вошалла!

Моллин-Кад. Хьалаайа! Лакха кхосса. Стигала ваккха!

Кирхьа.





ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ.

Ахьмархьаьжа, юьртахо 45 шо.
Чоьнтиг, цуьнан доттагIа 40 шо.
Чопилг, гIалгIай 38 шо.
Бакарбика, Ахьмархьаьжин зуда 40 шо.
Завжан, Ахьмархьаьжин зуда 17 шо.
IбраьхIим, парторган гIоьнча 30 шо.
Ахта, 38 шо.
Ахьмархьаьжин мурд.
Муса, 35 шо.
Къосум, 30 шо.
Вадуд, комсомолец 20 шо.
Товсари, юьртара зуда 35 шо.

Кхо-виъ мурд, милицин участкан начальник. Ардам хуьлу нохчийнчохь, 1958-чу шарахь.

I АКТ
ХЬАЛХАРА СУРТ

Къен вехачу стеган цIа. Сцени дуьхьал пенаца дечиган маьнга бу, тIе истанг а тесна. Хиъна Ахьмархьаьжа. Керахь хьийзош суьлхьанаш ду. Хьалха лаьтта Бакарбика.

Бакарбика. Ва стаг, муха дайра хьуна и гIенаш? Сийсара чомахь йижа ца йитин-кх ахь со, хьалалелхаш?

Ахьмархьаьжа. Э... Уьш дукха тамаше гIенаш дара. Ваьштта кхузза дайн суна и гIенаш. Делан элча ваний, соллохIал селим, кIайн оба а юьйхина, коьртах кIайн чалба а хьарчийна. Делан элчано бахара соьга: «И Бакарбика дика стаг а ю, и бахьана долуш, ас хьоьга делла шайхаллин дакъа нахана гучудоккхуьйтур ду.

Бакарбика. Эсса... И шайхаллин дакъа хьоьга ца делча, кхин и дала дика стаг воцуш ду хIара дуьне?

Ахьмархьаьжа. Туоба остоперла, туоба остоперла, иштта ма алалахь, зуда! ЛадогIал ахь... элира цо: «И Бакарбика вайн лулахойн ЗелиматгIеран комар-дитта тIе ялийта, хьо юххе а воцуш. ТIаккха боьххьера чуэккхийта. Айса беллачу шайхаллин ницкъаца ас иза схьалоцуьйтур ю хьоьга».

Бакарбика. ХIахI? Комара тIера чуэккхийта? Хьер-м ца ваьлла хьо, къонаха?

Ахьмархьаьжа. Ой, дела яла хьо елла! Со шайх наха лерича, вайша мел дика Iийр ду ца хаьа хьуна? Деш-дуьтуш а доцуш, мерза юуш, шипонаш, дареш бен духар доцуш, Iийр дай вайшиъ-м. Хьажал хьо вайшиннан дахаре. ХIара истанган бIегIаг йоцург кIел-тIе йилла яц, духа дац вайн.

Бакарбика. Дера, хир дара ахь, наха санна, болх бахьара-м.

Ахьмархьаьжа. Болх бан ницкъ оьшу. Воккха хилла со.

Бакарбика. Хьеха а ма де! Яьхьар яц со цу комара тIера чуэккха. Я сан тIемаш дац, хIаваэхь лела.

Ахьмархьаьжа. Ва дукха яхарг! Ас-м вертан тIе йиллича санна, «палл» аьлла, чуйоссор яй хьо, кертарчу нахана а гуш. Амма ас хIара хьайга алар адаме ма дийцалахь.

Бакарбика. ДIаваьллахь,дIа! Ма дийцалахь!

Ахьмархьаьжа. Ой, со ца го хьуна? Iеса стаг вара со чIогIа. ХIинца массо ламаз до ас, туоба дина Буккузарчу хьаьжица. Сайна цаI гучудаьлла ца хилча, иштта со лелар вара аьлла хетий хьуна?

Бакарбика. И-м бакъ бах ахь. Ламазана гора воьдуш ма вацарий хьо хьалха.

Ахьмархьаьжа. ХIаа. Дукха яхарг, вайша-м дика Iийр дай. Ца го хьуна оцу шайхийн бераша хоьхку «Победанаш». Вайша оьшу цу нахал? Боьххье ялий, кертарчу нахана а гойтуш, чуэккхал хьо. Ас схьалоцур ю, элчано сайна беллачу ницкъаца.

Бакарбика. Iен ца воллу хьо, стаг. Оцу комаре хьажа мукъана а гIуо со.

Ахьмархьаьжа. ГIуо, диканиг, гIуо, хазаниг...

Бакарбика арайолу.

Яра Iовдал оцу дитта тIера чу иккхича, сан шайхалла нахалахь дIахIоьттина даьллера. Дуьйцийла йоцуш. Лакхара иэккха-м яьхьар яцара иза... *(Хьовзадо суьлхьанаш.)* Суьлхьанг. Суьлхьанг... Суьлхьанг... Суьлхьанг. Наззат, сукин сын!

Чуволу меллаша Чоьнтиг. Хьоьжуш лаьтта цец а ваьлла.

Суьлхьанг... Суьлхьанг... Суьлхьанг. Наззат. *(Духанехьа доху суьлхьанаш. Чоьнтиг гIадвоьдий велало.)*

Чоьнтиг. ЭхIе, дела балла ахь боккху мэл жIаьлин ги! И дара хIинца наха хьох суьпа стаг хилла бохург? Солом Iалайкум!

Ахьмархьаьжа *(воьхна)*. Ой! Чоьнтиг! Хьо вара хIара. Ва Iаликум солом! *(ХьалагIотту.)*

Чоьнтиг. Хьо иштта ламазаш деш, марханаш кхобуш, суьпа ваьлла бохуш, наха юьртахь жиргIанца, вотанца вуьйцу. Суна-м вевзиц хьо, хьайн ботт а тIехь! Же, лахал вайшинна къурд бан хIума.

Ахьмархьаьжа. ДIаваьллахь, Чоьнтиг! Туоба дина ас!

Чоьнтиг. ХІун туоба? Эшша! Ца малий? Мелехь дай малар-м, Ахьмархьаьжа. Кад моссаз ойу, деле хьала ма хьажабо ши бІаьрг!

Ахьмархьаьжа. И тохарлера, Казахстанера гІуллакхаш дитина ас. Цу къиношна гечдар деле доьхуш ву со. Цунна туоба а дина.

Чоьнтиг. ДІаваьл дІа! ВирчІимашца-м ца дина ахь туоба?

Ахьмархьаьжа. ВирчІимаш хІунда буьйцу ахь? Буккузарчу хьаьжица дина ас туоба.

Чоьнтиг. Ча тоьшийла хьайх-м! Ткъа, вайшимма гІалгІа Чопилгаца лэтийна къинош, вай мийлина къаьркъанаш!? Уьш иштанехьа а дуьсуш, хьо-ялсаманей, тхо жоьжахатей? И ду хьуна Ражин гэ! ВаллахІ, дера, асий Чопилгий цу ялсаманин неІарех, аьтта, дамар-дарц дийр ма ду.

Ахьмархьаьжа. Туоба остоперлахІ! Ма де, Чоьнтиг, гІийбаташ! Цул а соьца туоба де. Векал ма вина со Буккузарчу хьаьжас.

Чоьнтиг. ДІаваьл дІа! Туоба дан, со вала санийзош-х ваций!

Ахьмархьаьжа. Воккха ма хилла вайша.

Чоьнтиг. Хьо-м вевзара суна! Мича Інйр вара хьо, казонин цІен мухІар таІийна шишанан бертиг ца йостуш! Хабар а дитий, къаьркъа боху и замзан-хи лахий валал хьо! Мел туоба динехь а, и тхов кІел ца хилча, наб кхетар яцара хьуна.

Ахьмархьаьжа. Ой, ца теша хьо сох!?

Чоьнтиг. Тешар вацара, дера, малийкаша вадийна хьо хІаваэ воккхуш сайна гича-м! ЦаІ дагадеана хир ду хьуна. Тоьла хьуна хьайна дагадеанарг дийцича. Пайда хир болуш хІума делахь, со-м хьан гІоьнча вай.

Ахьмархьаьжа. Деллахьа, Чоьнтиг, ма хьуо мавара жинийн паччахь ву-кх хьо! Делахь, дуьйцур ас хьуна. Ас сайн вахаран ойла йина. Лелоза хІума ца дисина. Казахстанехь вай долуш, колхозехь болх бан вуьйлира со. Амма букъ лазош хІума хиллера болх. Мах болийра — логгец декхаршла а вахана, наха вен хьийзийра со. ТІе милици а лелара тІаьхьаяьлла. Къолашка кхевдира. Хьуна ма-хаъара, бакъйолчу набахте чу ханйра. Шадолчух кхийтира жим-жимма. ХІинца, цІавеъча, совхозах катоха вуьйлира. Цунах гІуллакх хир доцийла хиира суна. Ойла йира ас: ванах, юй техьа нох-

чийн ахархойл яан тамехь хIума, аьлла? Шайхалло вакхаво стаг нахах. ДIа ладоьгIча, цуьрриг со вайн шайхел оьшуш ца карийра суна...

Чоьнтиг. ХIа-а! Латтийта ахь, хIета Батин ргIу кIел! ХIинца со ккета ахь лелочух... ДIаязвел хьайна сомурд номер цаI, алий!

Ахьмархьаьжа. ХIай-хIай! Кхийти-кх хьо!

Чоьнтиг. ХIинца со виталахь! ХIинца аса цу стиглан Iаьрчашка воккхур ву хьо айана. Амма яьккхинарг, хаалахь — и юкъахь ю вайшиннан. Цхьаьна юур вай тодакхаш! Схьада хьайн биши! *(Куьг куьйгах туху.)* Ахь хьехамаш бо бохуш, юьртахь чIогIа гIарадаьлла. ХIинц цалц жинашца тайна ву олура хьуна. Кхин туоба дан реза нах буй хьан билгалбина?

Ахьмархьаьжа. Ткъа стаг ву соьца туоба дан лууш. Амма цхьамма юьхь ца йолийча, мурдаш бовла ца туьгу!

Чоьнтиг. Дика ду. Со хьалха а ваьлла, дIадолор ду вай. Кхин ас къамелаш дан бакъахьа хеташ нах буй хьан?

Ахьмархьаьжа. Ба, дера. ЦаI Ахта ву. Цхьацца хеттарш соьга деш ву иза. Делахь а, туоба дичи, дуккха а нах шена тIаьхьа озор бу цо. ТIаккха ву хьуна Мусий, КIожуммий. Вуно чомехь хила тамехь нах бу уьш.

Чоьнтиг. Дика ду. Воттал хьан олуш, шена кхоллуш!

Чуйогlу Бакарбика.

Бакарбика. Маршава хьо делаI, Чоьнтиг. Ма дукха хан яра, хьо ганза. Хьо цхьа ерстана жеро яло гIерташ ву ма бах. Дэхкашна цицигал башха, жерошна тебачуьра-м ца вели хьо, къанвелча а!

Чоьнтиг. ХIоруннан а ду дуьненах шен дакъа. Амма, къанвелла со, Бакарбика. Цхьа зама яра, аьлла барзо, цаьпцалгашна кхоссаелча, лекъ бага а догIуш. И дIаяьлла сан. БIаьца яррий, куьйган эшара сурт хIотторрий бен, жерошца бан кхин тIом бац сан карахь.

Бакарбика. Делахь, дера, деза ахь, хIокху тхайчо санна, Буккуза а вахана, хьаьжица туоба дан.

Чоьнтиг. Ой! ХIучIаьнчIалге а вахана, хьаьжица хIунда до и? Кху Ахьмархьаьжица туоба дан нигит дина ма веана со!

Бакарбика. Вай дела! Хьуна кхуьнгахь шайхаллин дакъа хиларх хIума гучу-м ца даьлла?

Чоьнтиг. Ой! И хIунда хоьтту ахь? Даьлла, дера-кх, Чолин кIунзал санна, къегина-м!

Ахьмархьаьжа. Чоьнтиг! Хьокху сохьта аравалий, Ахтий, Мусий, КIожуммий — уьш схьабалабел. Хьо а волуш, дан къамел ду сан цаьрца.

Чоьнтиг. Бир-минот ялале, уьш балош, схьавогIу со. *(Аравелу.)*

Ахьмархьаьжа. Гой хьуна? ВогIуш воцчу Чоьнтига веана соьца туоба дин. Соьгахь шайхаллин дакъа хилар гучудаьлла веана-кхи иза.

Бакарбика. Вай-й! цу комаре хьажа яханера со. Лекха ю. Со-м яьхьар яц цу тIера чуэккха!

Ахьмархьаьжа. Ой, еллаяла хьо, Iовдал! Ас схьалоцур яй хьо-м. Кхокханан пелаг санна, яй охьайоссор ю. И кIайн чалба а хьарчийна, пес а тиллина, учахь хир ву. Со тергалве ахь. Юха хIара неI йиллина со чу вер ву. ТIаккха бисмалла а багахь чуиэккха. Лахарчу генаш тIера мукъана а.

Бакарбика. Вай! Со мегарг хьала а ца айалуш волчу хьоьга, дитта тIера чуйогIуш, со муха сацалур яра!

Ахьмархьаьжа. Дала сайна беллачу ницкъаца, цу комара тIера чуйогIу гомаш а сацалур яй соьга-м.

Бакарбика. Со кхоьру-кх!

Ахьмархьаьжа. Ма кхера, Iовдал! Сийсара ваьштта кхузза ма дайна суна и гIан. Цунах бен нахана гучудер дац дала соьга делла шайхаллин дакъа!

Бакрбика. Со ца яьхьа!

Ахьмархьаьжа. Ой, хьо ма яха еха! Хьажал вайшиннан бахаме. Совхозехь ас бечу балхах вайна кхочуш бIаьрга иэккхал хIума дац. Хьо-м дареш дуьйхина лэлар яй! Ваьшна «Победа» оьцур ю.

Бакарбика. Вай-й! цу «Победи» тIехь со дадаьрга йохуьйтур юй ахь?

Ахьмархьаьжа. ДIаяла! хIун дуьйцу цо? Оцу оьрнаш, чхаьрнаш юккъехула муха гIур яра «Победа»?

Бакарбика. Аса-м хьуо а вогIуш бахарий.

Ахьмархьаьжа. ХIан! Соьца ян мегар ду. Комарш яа тIе яла. Учара со чувогIу а тергал вай, охьаэккха хьо, бисмилла а алий. Ма кхера! Яло, диканиг! Вайша-м, элий санна, Iпйр дай.

Бакарбика. Дика ду, хIета. Уггар хьалха, бутт болу кортали иэцалахь суна?

Ахьмархьаьжа. Дера, оьцур ду, хьуна лаахь, бутт берг, хьуна лаахь, хIуьрцIилдиг дерг-м.

Бакарбика. Говрийн пираьнгаш иэцалахь. Дукха еза суна уьш.

Ахьмархьаьжа. Галий дуьззина говрийн пираьнгаш, бугIанийн пираьнгаш-м оьцур ю.

Бакарбика. Вуьззина, бакъонца шайх хилла ваьлча, доллу хIума хууш хир ду-кх хьуна?

Ахьмархьаьжа. Ду, дера-кх.

Бакарбика. Лулахойн йоIана, Кесиртана, къайлах захалу хьаьнца дуьйцу хоуьйтур дуй ахь соьга?

Ахьмархьаьжа. ГIовгIа ма е, еха ма яхарг! И дIа Iаш болу нах ца го хьуна? Хьуо Iовдал юйла ма хаийта царна!

Бакарбика. Ю теша со Iовдал?

Ахьмархьаьжа. Ялло!

Бакарбика арайолу.

ХIокху стигалин боги кIел ваха хаа деза. ЭхI... Цхьаъ чувогIу...

Катухий суьлхьанаш схьа а оьций, охьахоу Ахьмархьаьжа багахь шабарш деш. ЧувогIу Ахта.

Ахта. Де дика хийла хьан, Ахьмархьаьжа!

Ахьмархьаьжа. Диканца вахийла! Схьавола Ахта. Охьалахло. Ойла йирий ахь, аса хьайна бинчу хьехаман, Ахта? Соьца туоба дан реза вуй хьо?

Ахта. Ойла-м йира аса, Ахьмархьаьжа. Амма цхьана хIуманах вогуш ву-кх со.

Ахьмархьаьжа. Стенах?

Ахта. Веллачул тIаьхьа, туьран диттал ирачу суьртан тIех дехьа ваха деза бах-кх ахь сан?

Ахьмархьаьжа. Бах-те, бах-те.

Ахта. Да хьакхийца воллийла сан, цу тIехула вайнехан дехьа бийла дезахь, — и ялсаманен чоьнаш мохо лоькхуш-м лаьттир яцахь!

Ахьмархьаьжа. Ой, хIунда бах ахь?

Ахта. Ой, дIаваьллахь! Тхайн керта юххехула догIучу татолан дукъо тIехула а ца вахало со-м, бIагор хьийзаш. Со пелхьо-м вац туьран дитта тIехула лела!

Ахьмархьаьжа. Делан къинхетам боккха бу, Ахта... Ас хIокху яьIница, нузарица тIелоцу хьо цу тIех дехьа ваккха!

Ахта. Сан дегI хIуттур дац я хьан а, я кхечуьнан а коьшкала а хиъна, цу тIех вала. Ша элп-лам кеманца ахь дехьа ца ваккхахь. Ахьмархьаьжа, ахь дийцарехь,

цхьа пелхьонаш боцург ялсамане чохь бусулба дегI хуьлийла дац-кх. Кхин а бах молланаша; цу тIе тIехула итт шарахь некъ бан беза. Бакъ дуй иза?

Ахьмархьаьжа. Ду дера-кх. Жайни тIехь ду иштта.

Ахта. Делахь, ялсаманега догдохийла яц сан-м. Оцу тIе юьххье бун тоьхна, Iен вуьтур вуй цара? ТIехула вала-м къемата а гIертар вац со.

Ахьмархьаьжа. Ялсаманехь а, жоьжахатахь а воцуш муха вуьтур ву хьо?

Ахта. Ткъа оцу суьртан тIай кIел хи доьду я, екъа меттиг ю. Я цIе йогу?

Ахьмархьаьжа. И делан къайле хир ю. Оццул кIорга дешна вац со.

Ахта. Екъа меттиг цу тIе кIелхула елахь, хьан-сан десара, нохчий, гIалгIай шайна цхьа некъ ца лохуш-м Iийр бац. Амма цIе, я хи цу кIел делахь, гIуллакх ледара хир ду.

Ахьмархьаьжа. Цу гIуллакхийн ойланаш ма е ахь. Делан къинхетам боккха бу.

Ахта. Ой, хIара коьртан туьта соций, ткъа, ойла ца еш? Кхин цхьа хIума а дара сан хьоьга хатта.

Ахьмархьаьжа. Хаттал.

Ахта. Ялсаманехь хаза хьожа йогIу хIума бен хир яц бах-кх ахь?

Ахьмархьаьжа. Бах.

Ахта. Саьрамсекхаш хир буй ялсаманахь?

Ахьмархьаьжа. Ой, хир бац, дера-кх. Хох а, саьрмасекх а, я хьонкаа-м.

Ахта. Ткъа, жижиг-галнаш стенца дуур ду?

Ахьмархьаьжа. Стоьмаш хир бай цу чохь-м, стоьмаш. Хьуна беззарш: туьркаш, хьаьмцаш, шапталш, кемсаш...

Ахта. Остопераллах! Якхлур ву-кх со цу чохь, гуттара стоьмаш Iийшича! ХIурлIанан мехкаршца ловза хьенан догдогIур ду?

Ахьмархьаьжа. Тиларчу гIур ву хьо. Ма е цу гIуллакхийн ойланаш. Чохь Iелахь, Ахта, со схьавалац. Хье ца ло хьуна со.

Ахта. Дика ду.

Ахьмархьаьжа араволу.

Кхуо дуьйцучу жайно бахарехь-м велчий бен болалуш а ца хилла гIайгIанийн пал. Дерриг ламазаш дина, мар-

ханаш кхаьбба хьо веллачу буса, Мункар, Некир — ши малик догIур ду бах, барт хатта, коьртах етта варзапаш буйнахь. ТIаккха, барт-хаттам чекхбаьлча, туьран дитт санначу суьртан тIе тIехула пелхьо вийла веза итт шарахь, юха Iарчамайданахь къинош-мэлаш узу мийзан терзанца. ХIан, и дерриг дина а ваьлла, ялсамана вахча, абадиабделац стоьмаш бууш муха Iийр ву цу чохь? Сан, иттех хьач кхоллушехь, чоь ма качлой! Ялсаманахь шортта хIурлаIанан мехкарий хилча, цаьрга хьежа догдогIур дуй, жижиг-галнийн чам ца боккхуш, якхвеллачу стеган? Ахьмархьаьжин хьехамийн ойла йича, валале хIокху дуьненах шена йогIург яккха еза стага.... Амма, мурд хила а веза со цуьнан. Сан йоцчу тароне хьаьжча, ца дича дер дац и. Зукарей, мовладей воьхур ву наха со, стаг веллачу а кхойкхур бу. Ялсаманахь дацахь а, шортта сарамасекхан берамца даа жижиг хир ду!

ЧубогIу Чоьнтиг, КIожум, Мусий.

М у с а. Де дика хийла хьан, Ахта?

А х ь м а р х ь а ь ж а. Диканца вехийла, Муса!

Ч о ь н т и г. ХIа-хIан, къонахий! Ас кхайкхина шуьга. Шуна ма-хаъара, асчул дукха къинош летийна, сол Iеса стаг вац кху юьртахь. Суна Ахьмархьаьжех цхьацца хIуманаш гучудевлла. ХIокху сохьта дийца бакъо йоцуш. Ас Ахьмархьаьжица туоба дина. Шу реза дуй, КIожум, туобанаш дан?

К I о ж у м. Дикачу хIуманна реза хIунда ца хуьлу? Амма цхьана зIенца...

Ч о ь н т и г. ЗIен хIунда юьйцу ахь? ЗIен Ахьмархьаьжега Буккузарчу хьаьжера кхаьчна.

А х т а. И кхачар бакъду. Суна а дийлина цунах цхьацца хIуманаш гучу. Айхьа летийначу къиношна дохко а ваьлла, Ахьмархьаьжа устаз а лаьцна, тIевоьрзуш хьо велахь, со а ву цуьнца туоба дан реза.

ЧувогIу Ахьмархьаьжа. Массо а хьалагIовтту.

А х ь м а р х ь а ь ж а. Охьаховша, охьаховша.

Ч о ь н т и г. ЛадогIалаш. Со хIара волчу, кху тIаьхьарчу шерашкахь вогIуш вацара. Цхьацца хIуманаш, хIара дика стаг хиларх, гучудийлина суна. Наха а вуьйцу хIара...

А х ь м а р х ь а ь ж а. И ма дийцалахь... Хьовсал шу. Дала аьлла дош ду: хIара дуьне шена чуьркан тIоммал бен ца хета. Йо-аллахI! Йо-аллахI! *(Ахьмархьаьжа, куьйгаш хьалха а кховдош, сиха хьалаиэккха.)* ЭхI, ца кхии-кх со! Ели-кх и!.. Ели-кх и!.. ОллохIу!..

КІожум. ХІун хили?

Муса. Мила ели?

Ахта. Мила ели?

Ахьмархьаьжа. Кхучуьрниг, Сан зуда Бакарбика, ЗелиматагІераӈ комара тІера чукхийти-кх! Ца кхии со и схьалаца... Шу чохь Іелаш... *(Араэккха.)*

КІожум. Ваша ма дека кху гІуллакхан! И хІун ду?

Ахта. И бакъ делахь, цІена шайх ву-кх Ахьмархьаьжа!

Чоьнтиг. Цуьнан шеко яц. Сайна цхьа хІуманаш хиъчи бен ца дина ас цуьнца туоба.

Муса. И бакъ делахь, тахана дуьйна сол муьтІахь мурд вац-кх Ахьмархьаьжин!

Ахта. ГІуо вай цига, хІета?

Иннаилла, ма доккха хІума ду хьо, бакъ делахь!

Чоьнтиг. Махоркахьаьжас дешначу жайнор, сан дог тешна ма ду и бакъ хиларх.

КІожум. Аса а до-кх цуьнца туоба, и бакъ делахь!

Ахта хьаланэккха.

Ахта. Керта йохьу Бакарбика.

Муса. ОстоперлахІ! Ван а ву Ахьмархьаьжа бакъ шайх!

Мусий, КІожум, Ахтий аралелха.

Чоьнтиг. Вататта хІелига! ХІара хІун бозбуанчалла ду, Ахьмархьаьжас лелориг? *(Араволу.)*

Массар лаьцна чуеана Бакарбика паднара тІе охьаюьллу.

Бакарбика. А-хІ! А-хІ!

Муса. Бакарбика, хІун до ахьа?

Ахта. ХІун хилла хьуна, Бакарбика?

Бакарбика. Кху дала ма нисваро... Кху дала эшаваро...

Ахьмархьаьжас катухий батт дІакъовлу Бакарбикин.

Ахьмархьаьжа. Же арадовлалаш! Жинаша тилийна хІара. Цара комар тІе а яьккхина, чутоьхна хІара...

Бакарбика. ГІу... *(Бета тІера куьг дІадаккха гІерта, Ахьмархьаьжас батт къуьйлу.)*

Ахьмархьаьжа. Хьо чохь Іелахь, Чоьнтиг!

Мусий, Ахтий, КІожум арабовлу. Ахьмархьаьжас куьг бетера дІадоккху.

Бакарбика. Ва делан мостагІ! Дела хьийза хьан лерга сагал, хьо валлалц! Дела эккха хьо йоккха топ хилла!

Ахьмархьаьжа. Собар, собар, Бакарбика!

Бакарбика. Чоьнтиг! Со жинаша тилийна бохийца кхуо! И со тилийна жин хIара ду хьуна! Делан элча гIенах вайнарг хуьлуш, схьалоцур ю ша аьлла, Iехийна комара тIера чу а эккхийтина, гIогI дой-кх кхуо сан. Ва делан мостагI!

Чоьнтиг. АхIу-хIай! Дела эккха кхунна баккъалла а йоккха топ! И хIунда дира ахь, Ахьмархьаьжа? Ялан ма магара хIара чу а кхетта.

Ахьмархьаьжа. Шера ма хаара суна, и лакхара чуэккхар йоцийла.

Чоьнтиг. Амма сих ма луо, Бакарбика. *(Настаре хьоьжу.)* Хьан гIогI ца дойна. Ког чуьра баьлла. Кхунах-м ахь хьайн бага сацаяхь, шайх хилла ваьлла!

Бакарбика. Багий?! Дера сацор яцара-кх, мисаран мехаца мохийн тай доккхуш, дIа ца тегча-м! Бохьа тIера чуэккхалахь бахарийца кхуо, со ялийта! Ца яьхьира со лакхаяла. Цхьадика...

Чоьнтиг. Собар, Бакарбика, собар! Вайна-м кху гIуллакхах пайда бер бай! Хьан ког кIеззиг лазийна. ГIара ма ваккха Ахьмархьаьжа. Каракхаьчча даьлла дакъа довр ду!

Бакарбика. Кхуьнан да валла нелца! Говрийн пираьнгийн галий оьцур ду бахарийца ахь? Собар! Цкъа со таялийта ахь! Ас Iад дулур ду хьан? Ас базарахь кхайкхор ву хьо!

Ахьмархьаьжа. Сих ма луо, Бакарбика! Сих ма луо!

Бакарбика. Воллу хир вара хьо, со дIа а йоьллина, жимчу нускалца бук-машаре дIакхехьа! ЧIийчI!..

Ахьмархьаьжа. ХIан-хIа, Чоьнтиг! Кхунна юххе рогI-рогIана ха дер вайшимма. Стаг тIе ца вита. Хаьттинчуьнга, жинаш дуьйцур ду вайшимма. Нах баьхкина керта. Гергарнаш схьахьалха а сахьт дац. Хьо Iелахь кхуьнца, къамелаш а деш. *(Араволу.)*

Кирхьа

ШОЗЛАГІА СУРТ

Ахьмархьаьжин керла дина цІеношн. Чохь пенах диттина кузаш, гІанташ, стол тІехь самар, доккха куьзгий, маьнгеш тІе доьттина гІайбеш, юргІанаш. Цхьана маьнги тІехь ерстана лела ца луш, агІоръяьлла Бакарбика. Чохь гІуллакхаш деш Ахьмархьаьжин жима зуда Завжан.

Бакарбика. Вай дела! Хало ю-кх цамгийла а. Схьакховдаел суна пирянг, Завжан!

Завжан пирянг дІало.

Вай! *(Ца догІучу дагца пирянг Іовшу.)*

Завжан. Беша хІунда ца йолу хьо, Бакарбика? Хаза мох бу арахь.

Бакарбика. Ас сайн цІе ма яха ца аьлла хьоь? И хІун ду? Еана ши кІира а далале!

Завжан. Валалай! Эмгарх мар-нана а хилла, охьахууш ца яйна-кх суна, хьо йоцург.

Бакарбика. Ас дуьхьал ма ле ца аьлла хьоь? Айса бох-бохург дайта ялаяйтани аса-м хьо цуьнга. Вай! Букъ лозу сан. ХІун кхоллур яра техьа! Лол суна, Завжан, цхьа ворони чуйиллина кампет!

Завжан. ХІа!

Чуволу ИбраьхІим.

Бакарбика. И ма я! ЦІен кехат хьарчийнарг. *(Юу.)* ЭхІ! Же, Завжан. Ност кІамло сан! Схьаиэцал, тум хьакхал суна кху метте.

Завжана тум хьокху.

И ма хьакха. Ца го хьуна, и яаелла!

Завжан. Дера яц хІара-м яаелла. Цхьа варда тамарийн ма еана хьуна Мусас, керл-керланиг хьакхийта.

ИбраьхІим. Тум хьекха ца езара ахь, Завжан. Цхьа шеддаш долу пхонан гІаж дика етталур яра цу лаьжгах.

Бакарбика *(дарлой)*. Хьо мила ву? Хьо мичара ваьлла?

Ибраьхlим. Сан цlе Мулкулмот ю. Бригадиро балха дуьйла боху шуьга.

Бакарбика. Ахь хlун алий бригадире: сой, кхучуьрниг инвалидаш ду. Ткъа Завжан тхо lалашдеш ю.

Ибраьхlим. Завжан хьо а ца йогlу балха?

Завжан. Хьуна го-кх, ИбрахIим. Кхар яийтхьара, хаза а хеташ-м йогlур ма яра со.

Ибраьхlим. Дика ду, хlета. *(Араволу.)*

Бакарбика. Яха йоллурий хьо и ченаш кего!

Завжан. Дера, йоллура.

Чувогlу Ахьмархьаьжа.

Бакарбика. ДIабахан МартантIара мурдаш?

Ахьмархьаьжа. Баха, дера.

Бакарбика *(хьалагlотту)*. ХIун дели цара?

Ахьмархьаьжа. Цхьа иттех туьма.

Бакарбика. Схьалол соьга!

Ахьмархьаьжа. Дела дуьхьа, ма айми чу тесна ду-кх хьоьга делларг!

Бакарбика. Схьалол ахь, хабар дах ца деш!

Ахьмархьаьжас дIало. Бакарбикас тIорказа дуьллу ахча. Араялал, Завжан.

Завжан арайолу.

Буха хIумма а дитаний ахь?

Ахьмархьаьжа. Ца дитина, кепек-м.

Бакарбика. Айми чу тесна хIунда бахара ахь суна? Айхьа сан лазийна гIогI суна дицделла моьтту хьуна? Собарде ахь, ас кхайкхор ву хьо, ма-варра! Цкъа «Победа» эцца ялийта ахь со...

Ахьмархьаьжа. Кхайкха ве, хьайна цунах пайда балахь.

Бакарбика. Пайда балахь а, ца балахь а, цкъа оцу хьан шайхаллех чим база Iийр яц со. Собарде ахь!

Чуволу жимма кеп хилла Чоьнтиг.

Чоьнтиг. Эйт, лай-ла я-ла-лай! Ва вайна елира бос хаза ва гавур!

Ахьмархьаьжа. ГIовгIа ма е! ГIовгIа! Мурдаш бай кертахь-м.

Чоьнтиг. Уьш-м Iовдал тодакхаш яра!

Ахьмархьаьжа. ХIинца а веана хьо кад тоьхна? Хьарцхьа ма лелахьа, Чоьнтиг. Сан гIуллакх талхийна волуш воллу-кх хьо.

Чоьнтиг. Ой! Аса дийнахь молчу сто граммо хьан шайхаллa дохош делахь, ворхIа а лаьтта буха гIойла и! Сов вуьйлу хьуна со...

Ахьмархьаьжа. ХІан-хІа, иштта дац, Чоьнтиг.

Чоьнтиг. Кураваьлла хьо, Ахьмархьаьжа, хьайн гІуллакх таделча. Оцу Іовдалшка хІара цІеношдайтин ахь. Аса ца айанехь, жиргІан тІе хиъна моза санна, Іийр вара хьо.

Бакарбика. Дукха тІех ваьлла хьо!

Чоьнтиг. Даьккхинарг юкъахь долуш барт бацара вайн! Схьадал ахь, Бакарбика, керла зорбатоьхна кхо сом!

Бакарбика. Ой, аса селхана ца делира хьуна?

Чоьнтиг. Селхана деллярг... *(логах пІелг тухий, гай тІе куьг хьокху.)* Суда пошел!

Бакарбика. Сица да хьуна и!

Чоьнтиг. Сардамаш ца дуьхкуш, кхо сом схьалоцахь. «Хабар хьечІо, хьалтІам коьни!» Суна-м, хьан ца дойна гІогІ а кхайкхош, кхуьнан шайхалла, уьн тІе хаьхкина кхоьш санна, даржийна, дохо а даций хала!

Бакарбика *(дІало ахча)*. ХІан! Талу хуьлийла хьуна кхунах.

ЧувогІу Муса, йитина маж ю, мурдийн кепехь.
Тиллина кІайн куй, карахь Іаса.

Муса. КетІахь болчу мурдаша жимма зуькар дан мегар дарий бах?

Ахьмархьаьжа. Шайна лаахь, дайта.

Чоьнтиг. ЖиргІа а етташ де, боху ала! Мэл а, синкъерам а хир бу.

Муса араволу.

Ахьмархьаьжа. Сан уггар дикачу мурдана, Ахтина, мала Іамийна ма бах ахь, Чоьнтиг.

Чоьнтиг. ЭхІ! Шен да валла кхуьнан нелца! ВатІаза ца Іийна-кх иза!

Кертара «ІуллахІ», «ІулилахІ» хеза. ТІараш а детта.

Ахьмархьаьжа. Муха ватІаза?

Чоьнтиг. Тхойша сакъера охьахууш элира цо: Ахьмархьаьжина хуур дуй те хІара? Аса элира: хуур дац, жайнор, хьайн багара жижган кусок ахь меттах ца хьеяхь-м. Жимма бен ца мелира оха шимма...

Бакарбика. ДІовш хийла шуна цунах!

Чоьнтиг. Говурлар, Бакарбика!.. Кхуьнга шайхаллин дакъа кхаьччахьана ма махьарш гулъелла хьан! Эйт, лайла-ялалай! Вай вайца елара, гІогІ дойна ва гавур!

Бакарбика. Аравала хІокху чуьра, ва делан мостагІ! *(Ахьмархьаьжега.)* ХІай, мунда! Хьо хІун деш

лаьтта? Хезий хьуна цо гIогI дойна гавур суна бохуш, ца дойннашехь? *(ТIе а кхетий, аратотту Чоьнтиг.)*

Чоьнтиг *(йиш лоькху)*. Хьан десара, Бакарбика, ма бале дели-кх суна хьо езар. Ли-ла-ла-ла!.. *(Араволу.)*

Бакарбика. Ва делан мостагI!

Бакарбикий, Ахьмархьаьжий долу ара.
Жимма хан яьлча чуйогIу Завжан, елха а йоьлхуш.

Завжан. Вай, везин дела, соьгара бала! *(ГIанта тIе охьахоу.)* ХIун де те ас, хIун де те? Айса хIоттин-кх ас хIара Iазап сайга! *(Йоьлху.)*

Чуволу Чоньтиг. Цецволу.

Чоьнтиг. Ой. Остопятьдесят! ХIара хIун ду, деана ши кIира а далале, нускал берам боккхуш ма Iа? ХIун хилла хьуна, Завжан?

Завжан йист ца хуьлу.

Йист хIунда ца хуьлу хьо? *(Йиш йолайо.)*

Ма мари дац хьо, кIур хьийзо марий,
Ма мари дац хьо, лулахошка кад кхийдо марий...

Дийцахьа, Завжан, хIун хилла хьуна? Бакарбикас хьийзайо хьо?

Завжана корта таIабо.

Хьо яха, хьийзор яцара, хьо хьайн цIахь Iийнехь-м. Ахьмархьаьжа-х хьан ден-ден хеннара ву. Ма еанехь. Юьртахь жима стаг вацара хьуна?

Завжан гIагI олий йоьлху.

ТIаьхьуо-м хетало. Делахь а...

Завжан. Сан да мурд ву, кху воккхачу стеган... Дас, нанас аьлларг ца дохо еара-кх.

Чоьнтиг. Махоркахьаьжас дешначу жайнор йогIур яцара, хIара захало хуьлуш суна хиънехь-м! Ас дохор дара, гIажарийн ламаз санна. Хьо хьера-х ца яьллерий?

Завжан. ХIун дийр дара ас? Цомгаш хиллера со... Тхан дас кхайкхана тIевалийра суна хIара воккха стаг. Настаран пхьидашка хьажа деза шен элира. Сайна чIогIа эхь хетташехь, гайтира ас настарш. Уьш дIаса а карчийна элира хьаьжас: ма кхуьъу сиха зIенаш иэца еза кхунна.

Чоьнтиг. Ватта-пхьид! И хьун ду?

Завжан. Со джинаша иэгIийнарг йира хьаьжас.

Чоьнтиг. Хьай кхуьнан да валла нелца. ТIаккха?

Завжан. ТIаккха сан дас вахийтинера кхунна тIе стаг. Деа молха хир дацара те суна лело, аьлла. Хьаьжас аьллера: жинийн гIуллакх девзачуьнга маре яла еза.

Чоьнтиг. Эхlий-хlай.

Завжан. Юха, хьаьжас тхан дена тlе къайллах стаг ваийтинера, со шена йоьхуш. Хьаьжа ша реза воцчух вара. Тхан дас дах ца дира гlуллакх. Иштта хилла сан марий... *(Ахlи деш йоьлху.)*

Чоьнтиг. Завжан! Ма елха! Хьокху гlуллакха тlехь ас цхьа хьехам бийр бу хьуна...

Завжан. Хlун хьехам бу иза?

Чоьнтиг. Ма кхуьъу сиха, хьайн истангах топ яй, цlехьа цlингаш, байтlа майраш бе ахь! Хьо Бакарбикица а, Ахьмархьаьжица а lийна ер яц.

Завжан. Ой, ма дийцалахь, Чоьнтиг. Тхайн дена халахетар дан луур дац суна.

Чоьнтиг. Хьан дас цхьа дош эр дац. Со юкъара ву хьуна цунна. Же! яхийта, Завжан, цlехьа! Хlа со дlаволу. *(Араволу.)*

Завжан. Вай, ас хlун де-те? Ма йоьхна-кх сан ойла! *(Йоьлху.)* Чоьнтига бохург тоьла. Дас бохург ца дийриг хир ю нахана гергахь...

Кирхьа.

АКТ II
КХОЗЛАГІА СУРТ

Свеклаш йийна аре. Генахь гуш лаьмнаш. Аьтту агІор хьокхашна тІе тоьхна четар ду. Цу кІел, ков а хьоькхуш, метиг иръеш Іа ИбраьхІим. Схьаэккха Вадуд.

В а д у д. ИбраьхІим, цхьаболу белхалой балхара дІабаха гІерта вайн?

И б р а ь х І и м *(хьалаэккха)*. ДІабаха? Муьлш бу уьш?

В а д у д. Муьлш хир бара уьш? Гуттара дІаоьхуш берш бу-кх. Ахьмархьаьжин мурдаш.

И б р а ь х І и м. Ой, дела эккха кхарна муьста берам бІаьрга. ХІокху цхьана-шина дийнахь нилха ца яьхча, мегар ма яц свеклаш, къацахетарийн хиларш! Мича боьлху хІорш?

В а д у д. Мича гІур бара уьш? Цхьанхьа шайн чІагаре боьлху-кх, зуькарш дан. ИбраьхІим! Оцу газанан маж йолчу Ахьмархьаьжех паччахьалкхана доккха зулам долу. Мел садеттар ду вай! Аш партин организаце хІотто деза цара лелориг. Ас сайн комсомолашца дуьйцур ду.

И б р а ь х І и м. Хьадал, со кхойкху алал Чоьнтига.

В а д у д. ХІокху сохьта. *(ДІавоьду.)*

И б р а ь х І и м *(ша шега)*. ХІара хІун ду кхар лелориг? Мацах дубинэвлахочо хаьттина боху: «Деладуьхьа мовладан де маца ду техьа вайна?» Вукхо аьлла бах: — «Сийна бІарг цІе йолу вайн юьртахо ца гина де, массо а мовладан де ду». Цунний дайна, массо а де хили-кх кхеран мовладан. И мажош йитина, Іасанаш тІаьхьа уьдуш...

ЧувогІу Чоьнтиг.

ХІа, хІинца хьо а гІерта царна тІаьххье дІаваха? Хьо-х ламазана башха гора оьхуш а вац.

Ч о ь н т и г. Со бахий ахь? Цу тентагашний? Ца воьдура, Махоркахьаьжас дешначу жайнор, ког баькккхина-м!

Ибраьхlим. Ткъа хьо вац церан зукуран чlагарехь?

Чоьнтиг. Со хьера-х ца ваьллий, и хlач баха!

Ибраьхlим. Дика ду. Хьо вац оцу Ахьмархьаьжин гlуллакх айанарг?

Чоьнтиг. Дера, бакъдерг аьлча, ван ма ву.

Ибраьхlим. Чоьнтиг. Хьо-х кхеташ стаг ву. Казахстанехь гlараваьлла тракторист вара хьо. Хlинца ахь лелориг хlун ду? Хьо ву-кх цу Ахьмархьаьжега нах lехабойтург.

Чоьнтиг. Ас дуьйцур ду хьуна, Ибраьхlим. Стохка цlа веара со генара. Болх лехира ас сайна. Карош бацара, суна ма хетта. Со тракторист ву. Болх хета суна, сан бlаьрго ма лоццу аха аре схьаелча. Сила йоккха аре айса тlекlел а тоьхна, трактора тlехь воьдуш, со паччахь хета суна. Цу тlе, комбайн хаьа суна.

Ибраьхlим. Ахьмархьаьжа вийцал ахь.

Чоьнтиг. Вуьйцуш воллу. Деш а дацара сан, дуьтуш а дацара. Ша шайх хила валлар хаийти соь Ахьмархьаьжас. Сайна ахлитр яккха, шай-кай хилийта, Ахьмархьаьжина гlо дан вуьйлира со. Цуьнан гlуллакх иштта гена дер ду моьттуш вацара. Шо далале, даккхий цlенош дlахlитти цуьнан. Ткъа ши кlира хьалха, Завжан бохуш, цхьа жима йоl ялийна цо.

Ибраьхlим. Ахь гlо а деш ца ялийра цо иза?

Чоьнтиг. Ца ялийра Махоркахьаьжас дешначу жайнор-кх!И цо ялийча элира ас сайга: хье-йом, Чоьнтиг! Гена даьлла хlинца. Доккха lазап ду Бакарбикас цу йоlехь латториг.

Ибраьхlим. И суна шера хаьа. Ткъа оцу нахана хlун пайда болу Ахьмархьаьжех? Хlунда хlиттина уьш цунна тlаьхьа?

Чоьнтиг. Мусий, Кlожум ву цуьнан уггар чlогlа ши мурд. И шиъ баккъал теша цунах. Ахта, со санна, тlетайна стаг ву. Ахьмархьаьжица стаг веллачу а, мовладашка а оьху уьш, шайн якхъелла ге-тlингарш жижгах lабо. Кхин хlума дац оцу наха лелориг.

Ибраьхlим. Ткъа хlинца иштта цунна тlаьхьахlоьттина лела воллу хьо?

Чоьнтиг. Коьман дума охьабожаре сатуьйсуш тlаьхьа лелла цхьогал санна, цунна тlаьхьа хlоьттина болх бацаро лелаво со...

Ибраьхlим. Болх лур бу хьуна.

Чоьнтиг. ХIун болх? ХIара свеклийн яраш цестар суна сайн болх ца хета.

ИбраьхIим. Тракторни бригадир хьайх вича?

Чоьнтиг. Хьакхо санна, лаьттаца болх бийр бу-кх ас.

ИбраьхIим. Гой хьуна, бен болх дIа а тесна баха гIертарш. Ахьмархьаьжина тIаьхьара баха беза ахь уьш.

Чоьнтиг. И-м ахь ца аьлча а, со дан воллуш вара.

ИбраьхIим. Хьажал хьо, Чоьнтиг. Вайн пачхьалкхехь цхьана а къома юкъахь доцург ду цу мурдаша лелориг. Вота етташ, ирахъкхийсалуш. Цхьамма аьлла бах: «белахь ма боккха мэл бу хьо, бацахь ма боккха къинхьегам бу хьо». Буьйсанна и къа а хьоьгий, дийнахь болх ца бо цара. Суо парторган гIоьнча хиларе терра, бах ас. ГIо де тхуна кху тIехь. ДIахадабе Ахьмархьаьжех и нах.

Чоьнтиг. Гой хьуна, ИбраьхIим. Цхьа стаг хилла бах забарш езаш! Говза забарш йиначунна шен нана йоьхкина цо. Иштта, забарх сайн нана а юхкур йолуш ву со. Ахьмархьаьжас шен гIуллакх долош, и забар хетара суна. ХIинца оцу гаьн тIера дIадаьлла хIара. Ас сайн хирг дийр ду оцу гIуллакха тIехь. Шек ма хилалахь.

ИбраьхIим. Дика ду, хIета...

ЧубогIу Ахтий, Мусий, КIожуммий. Кхаанийн еха мажош, техкина кIайн куйнаш ду. Мусагахь, КIожумехь Iасанаш ю. Кхин кхо-виъ мурд ву цаьрца.

Берзалой! И хIун ду аш лелориг? Пачхьалкхан болх битина, юккъехула цIа даха гIертар хIун ду?

Ахта. Делкъе ю. Ламазана корта тоха даха дохку тхо.

ИбраьхIим. Ой. ХIара аре яц шуна шортта лаьтташ, ламазана корта а, когаш а бетта?

КIожум. Делкъанна хIума кхалла а ма деза...

ИбраьхIим. Ваша ма дека ахь дуьйцучуьнан! ХIинцца ца девлла шу жижигах буьззина боккха яй дIатоьхна?

Муса. ЦIа даха деза тхан... Жимма гIуллакхаш ду...

ИбраьхIим. Оцу стиглор дац. Ахьмархьаьжа волчу а дахана, ирхлелха, зуькарш дан дохку-кх. Ткъа, пачхьалкхан болх?

Муса. Советан Iедало тхешан дин лело бакъо ца ло тхуна?

ИбраьхIим. И ма дийца ахь. Ло. Амма болх дIатаса бакъо лац. Iедало бах: болх ца бечо — ца юу. Тоьх-

на, жижиган яй чоьхьа а баькккхина, шу цIа даха гIерта. Мега ишта?

Муса. Малх а чIогIа бохбелла. Делкъал тIаьхьа юхадогIур тхо...

ИбраьхIим. ХIан-хIа. Ма гIуо. Ма е пачхьалкхана хьарамло.

Ахта. ХIара свеклаш нилха яхарх тхуна хуьлаш хIумма а пайда бац...

ИбраьхIим. ХIа-а, и ша ду. ХIунда бац пайда? ХIинцца схьалуш ахча ду шуна. Гурахь шортта шекар кхочу.

Муса. Кхуьнан хабар хедар дац. Вай гIой? Дуьло...

ИбраьхIим. Собар, собар, дукхадахарш! Юккъехула шу дIадахча тоьий? Нилха ца яьхча, хIокху шина-кхаа дийнахь гуттар телхар ю свеклаш. Муса! Iедална дуьхьал ду шу?

Муса. Дера, дац тхо-м Iедална дуьхьал.

ИбраьхIим. Дера, ду. Пачхьалкхан план йохош ма дохку шу! Ахта, хьо-х кхеташ стаг ву. Хьо хIунда возу кхарна тIаьхьа?

Ахта. ХIорш массо цIа ваха тохавелча, со а ваьллера-кх...

ИбраьхIим. Же! Ма латтал! Юхадерзал! Доккха зулам ду шу ледечу Ахьмархьаьжас дийриг. Шуна а, пачхьалкхана а.

КIожум. И миска Ахьмархьаьажа ма новкъа веана-кх шуна.

Чоьнтиг. Ву миска, Ражин гэ! Шу дац цунна, гIаланаш санна, цIенош динарш! Шу дац цунна сал-пала гулъяйтинарш? Шу Iовдалш яц и кхобурш?

Муса. Ткъа хьо вац цуьнан гIуллакх уггар хьалха айинарг?

Чоьнтиг. Ву, хьан бIаьрга дайначу тишчу лаьжгор! Шайх ма вац и, сол башха. Шуна ца хууш ду, цо Бакарбика комара тIера чуиэккхийтар? Шуна ца хууш ду цо денна уьйу къаьркъа?

Муса. ХIинца тхох дIакъаста воллу хьо?

Чоьнтиг. Ца воллу-те. Шу сайгахьа схьакъасто воллу-кх! ХIа-хIан, нах! Ахьмархьаьжин гIуллакхана «гIайра-а-кх» алий вай?

Ахта. Дера, ала.

Муса. Ма ала. Хьайна кад тоха цо луш йолу шайнаш совцийча, цунах дIакъаста воллу хьо?

Чоьнтиг. Марчо доцуш велларг ца висина, ботта кад боцуш доттагIа а ца висина. Iалур ву хьуна со, Ахьмархьаьжица йолу юкъ йохарх...

ИбраьхIим. Же, Ахта! ХIара нах иэцнй, дIахIоттал балха.

Ахта. Мохьмад! Ахьмад! Дуьло, юхагIо вай?

Муса. Қог дIа ма баккхалаш!

ГIовгIа йолу: «Дуьло! ЮхагIур ду вай. Дера гIур дац...
Тхо Ахьмархьаьжина декъна кхаьчча-м дац?
Пачхьалкхан болх бац вай юкъах буьтург?

Ахта. ХIай нах! Ма е гIовгIанаш! Дуьло, Ахьмад! *(Ши мурд оьций, юханехьа волало.)*

Вож ши мурд КIожумний, Мусанай тIаьхьа хIуьтту.
Чувогlу Вадуд.

КIожум. ВаллахIи ду, Ахта, ахьий, Чоьнтигий лелориг ас хьаьжега дIадуьйцур.

Ахта. Ой. Шайх вац и? Ахь ца дийцичи а хаа ца деза и цунна? Яхийта аш!

Мусий, КIожуммий, ши мурддий дIавоьду. Ахтас а вуьгу шена тIаьхьахIоьттина ши мурд дIа.

Чоьнтиг. Шек ма вала хьо, ИбраьхIим. Қхана шаберш балхахь хир бу хьуна уьш.

ИбраьхIим. ХIинца хIун де вай, Вадуд? Церан меттиг юьсур ма ю.

Вадуд. Юьсур яц. Сайн звенох накъостий, комсомольцаш, хIитти ас дIабаханчийн декъа тIе.

ИбраьхIим. Ларалур буй техьа шиннахьа а?

Вадуд. Ларалур бу.

Чоьнтиг. Со а воьду царна тIе. *(Хьала а гIоттий, дIаволало.)*

ИбраьхIим. Дика ду, Чоьнтиг. И мур дIабаккхийталахь.

Чоьнтиг. Са ма гатде ахь, ИбраьхIим. *(ДIавоьду.)*

ИбраьхIим. ХIан-хIа, Вадуд. Сарахь комсомольцаш гулбе ахь. ЦаI ца дахь, девр дац вай. Вай, иштта Iахь, оцу газанан можо белхалой боцуш дуьтур ду.

Вадуд. Гулбийр бу ас. Цуьнан садоллу меттиг евзу суна. ТIаккха и шега еана Завжан хьийзайо бохуш хезна суна цо.

ИбраьхIим.Бакъду иза. Қхана гIур ву со лаьррана Завжанах дагавала. Хьо а вуола веза цу юккъе. ЦIа яхан еза иза.

Вадуд. Дика ду. ГIуо вайша белхалошна тIе?

ИбраьхIим. ГIуо дера...

ИбраьхIима метиг схьа а оьций, дIавоьду и шиъ.

ДОЬАЗЛАГІА СУРТ

Ахьмархьаьжин керт. Аьрру агІор цІенойн пен бу, цхьа кор кертахьа а долуш. Дуьххьал — лекха йоцуш керт, ринжа а долуш. Аьтту агІор беш дІакъастош лоха керт ю. Юххе дина деха гІант. тІедеана а дитт долуш. ЦІийнан маьІехула схьаэккха Завжан. Цунна тІаьххье Бакарбика.

Завжан. Вай дела, ахь соьга хІун де бах теша, ва зуда? Са легашка кхачийна-кх ахь сан.

Бакарбика. Зуьдеха даьлла зуд! Ас и чІепалгаш ма хьаде ца аьллера хьоьга?

Завжан. Делан воккхалор ца тоьхна ас царех мотт!

Бакарбика. Цициго диъна уьш? Хьо йилла уьн тІе! Хьан диъна уьш!

Завжан. Суна хІун хаьа? Хьаьжас диъна хир ду-кх. Ас и хедар меттах ца хьадина. Лойла со, хьадинехь!

Керта вогІу Ахьмархьаьжа.

Ахьмархьаьжа. И хІун гІовгІа ю ашшимма яьккхинарг! ЧІепалгаш къийсахь, ас диъна уьш. Ас!

Бакарбика. Ой. ГІоза ма хийла хьуна уьш! Ахь хІунда диъна, ас сайна дитинарш?

Ахьмархьаьжа. ХІай, зуда, хІай. Мацвелча, хьох ца кхоьруш, чІепилгаш даа даьллий суна-м хІара мекх?

Бакарбика. Эш-шай. Мекх-м цицигана а долура... Ма мекх ду!

Ахьмархьаьжа *(Завжане)*. Хьада, йоло чугІо.

Завжан чуйоьду.

Бакарбика. и йоІ хІунда хьийзайо ахь? И-м, хьо санна, сан зуда яй.

Бакарбика. ЭхІ! ЧІии-чІ! Хьан зуда...

Ахьмархьаьжа. ОллохІоккубар! Ткъа хьенан зуда ю иза?

Бакарбика. Сан ю-кх... Ас сайн гІуллакхаш дайта ма ялийна иза.

Ахьмархьаьжа. СупхьоналлахI! Ой, сан цIе яц цунна тIехь ерг?

Бакарбика. Хилча хIун ду, хьан цIе. ЦIе хьан ю, зуда сан ю.

Ахьмархьаьжа. Делан дуьхьа, ма шайтIа нарражим ду-кх хьо! Хьоьца къийса волахь-м, Iонжар иккхина вуьсур ву. *(Чувоьду.)*

Бакарбика. Ма къийса ахь соьца! Iедало зудчуьнга пергIато елла хIинца. *(Майрчунна тIаьххье чуйоьду.)*

Завжан, елха а ийзош, чехка арайолу.

Завжан. Везин дела, соьгара бала! *(Дитта кIел а хIуттий йоьлху.)*

ЧувогIу ИбраьхIим.

ИбраьхIим. Завжан! Хьуна хIун хилла?

Завжан йист ца хуьлу.

ХIун хилла хьуна, Завжан? Бакарбикас хьийзайо хьо?

Завжана корта теIабо.

Ткъа хьо хIун деш Iа, дуьхьало ца еш?

Завжан. Ас хIун дийр ду цунна?

ИбраьхIим. Ткъа Ахьмархьаьжас муха могуьйту иза?

Завжан. ЭхI! Бакарбикас Iад дуьйлина цуьнан.

ИбраьхIим. Ткъа хьо хIун деш Iа? Беа ког гIортабай, дуьхьалъяла Бакарбикина. Заявлени ло, хьо хьийзор дуьйцуш. Юьртахь комсомол ю, партини организаци а тIехь.

Завжан. Товр-м яра хьуна со и лелош. Ахьмархьаьжа сан майра ма ву. Дадас юьйр яра со и дичи.

ИбраьхIим. Байттамал яI! Хьо ялорна суьде велира оха Ахьмархьаьжа. Ши зуда ю, аьлла. Бакарбикица регистраци ца хилла, велара и кIелхьара. Завжан, ахь хIун дей? Меллаша ялий хьайн цIа гIо. Iен йоллу хьо хьайн ден хеннарчу цуьнца?

Завжан. О, дIаваьллахь! Дадас могуьйтур дац.

ИбраьхIим. Могуьйтур ду. Ма кхера хьо цхьаний а хIуманах! Парти а, Iедал а хьоьгахьа ду! Оха, лаахь, гIалитIа зударийн школе деша йохуьйтур ю хьо.

Завжан *(ладоьгIна, ела а къежна)*. ЭхI, баркалла хила хьуна, ИбраьхIим. Жимма са метта далин ахь-м сан. Ойла йийр ю ас, ахь бохучуьнан.

ИбраьхIим. Ахьмархьаьажа вуй чохь?

Завжан. Ву, дера.

ИбаьхIим. Хьадал, схьакхайкхал цуьнга.

Завжан. ХIокху сохьта. *(Чуйоьду.)*

Ибраьхlим. Валла хlара хьаьжа жlаьлица!

Араволу Ахьмархьаьжа.

Солом Iалайкум, Ахьмархьаьжа!

Ахьмархьаьжа. Ва Iалайкум солом. Ахь хlун леладо, ИбраьхIим? Лаа, тара?

Ибраьхlим. Со дера веанера хьоьга цхьацца хlума хатта. Кхета ца воллу хьо хlинца а, Ахьмархьаьжа?

Ахьмархьаьжа. Стенах?

Ибраьхlим. И нах Iехор маца дуьтур ду ахь? Нах бацор хуьлу иза-х.

Ахьмархьаьжа *(оьгlазе)*. Хlун нах буьйцу ахь? Мила Iехаво ас?

Ибраьхlим. И вайн юьртана а хууш ду. Хьайн вирд а кхоьллина, и нах тlаьхьабазош, шайх ву бохуш, ма лела хьо.

Ахьмархьаьжа. Хьан боху и? Советан законо бакъо ца ло суна, сайна ма тов, сайн дин лело?

Ибраьхlим. Дин хаац суна. Амма, кху кертахь «жунт-жунт» деш, ирхкхийсалуш, балха а ца бохкуьйтуш нах Iехориг-м хьо ву. И Iедалой, совхозой леладойтур дац хьоьга. Хаалахь.

Ахьмархьаьжа. И эладита ду. Ас со шайх ву ца аьлла. Шена хеззачо къарве со. Къола де бах, къаьркъа мала бах ас нахе? Ма хьийзавейша со?

Ибраьхlим. Хlара цIеношхьан дина хьуна? Наха ца дина хlорш?

Ахьмархьаьжа. И сан гIуллакх ду. Наха суна, шайн дикалла, гIо дича хьенан, хlун дара суна ала? Белхаш а беш, кхечара а ца дойту цIеношх? Ахь хlун дей, хьуо и дийца веанехь. Яхийта!

Ибраьхlим. Дика ду. Ас йохуьйтур ю. Амма ахь нахера мел йоху хоьсканаш юьйцуш, денна газета тIе-м веттар ву хьо. Iодика йойла хьан. *(ДIаваха тохало. Ахьмархьаьжа жимма вуху.)*

Ахьмархьаьжа. Собар делахь, ИбраьхIим. Мича бахьанина воккхур ву ахь со газета тIе?

Ибраьхlим. Газета тIе ваькхина вуьтур ву моьттий хьуна? Массо а нохчочун, гIалгIачун цIа чу кхочуш ю радио. Цуьнца кхайкхор ву оха хьо. Собранешкахь валхор ву.

Ахьмархьаьжа *(гуттар вуху)*. Ткъа хlун де бах ахь соьга?

Ибраьхlим. Доккха хlума дац хьоьга бохург. И кlайн куйнаш техкина, мажош йитина, москалан тlилдиг санна, зlакарш хьаьвзина, Iасанаш луьйзуш, зуькаршка хlуьтту нах тlаьхьа ма базабе, вотанаш етташ, уьш ирах ма лелхийта... Хьажал хьайга. Қазахстанехь комбайнан прицепщик вара хьо-х. Болх хlунда ца бо ахь? Хьо санна, нахах векхарг суьде вала бакъо ма ю.

Ахьмархьаьжа. Ой, ас Iедална дуьхьал деш хlума ма дац. Наггахь нах ламазе богlу-кх со волчу.

Ибраьхlим. Ой, вотанашца «Iайт-Iуьйт» деш, хелхаршца до ламазаш? Го суна, цкъа хьайн гlуллакх дийца ца даькхича хьо Iен ца воллу. Iодика йойла хьан! *(Дlавоьду.)*

Ахьмархьаьжа. Ов-вай, и дара соьга даза. Хьо ваха, хета суна сайн стерча-варда сацийча тоьла аьлла. Iедало бурч йохкале. Ткъа ас Iедална деш хlун зен ду?

Ахьмархьаьжа. (кех волу. Чуьра арайолу Завжан, цунна тlаьххье Бакарбика а.)

Бакарбика. Хьо ма яха еха! И хlун ду цо дуьйцург? ЧIегIардиго санна, хIетIал-битIал, хIетIал-битIал деш, дуьхьал луьш! Сан коч юьттур яц бохург хlун ду! Ас хьайга и йитта елча, баркалла ала дезара ахь!

Завжан. ХIэ-кх! Ас и ца йиттича-м, охьа а кхетта, когаш хьаькхна, леш елира хьо!

Бакарбика *(мохь хьокху)*. ХIахI! хlун бахара ахь? Хьанна бахара ахь леш елира, ва моьлкъа?

Завжан. Хьуна бахара, хьуна! Ва ешап!

Бакарбика. Ва бусалбанаш! Вай эвлаяаш! Хезий шуна? Йий кхуо со! Йий! Хезий шуна, бусалбанаш! Ас и садаккха хьан, легаш Iовдий?

Завжан. Маржа яI! Ас корта ата хьо ешапан!

Катухий боккха хьокха а оьций тlаьхьайолу.

Бакарбика. Вай, бусалбанаш! *(Уьду Завжанна хьалхара.)* Ва-а орца дала! Ва-а нана, бусалбанаш, хIокхо со йоь шуна, йоь шуна... Iай... *(ЦIеххьана са а хедий, соне таьIа.)* Ма тохалахь, Завжан, ма тохалахь... Хьо хаза а яй, хьо дика а яй... Ма тохалахь...

Завжан *(хьокха а айана)*. Хьийзор юй ахь со кхин?

Бакарбика. Дукха яха хьо... Хьийзор яц. Хьийзор яц... Ма тохалахь.

Завжан. Къурд ала суна!

Бакарбика. Къурд, къурд!..

Завжан. Ека нана котамах...

Бакарбика. Қіа-кіакІ-кіакІ, кіа-кіакІ-кіакІ...

Завжан. Ас стигалор ю хьан и тІамарш дІатуьйсуьйтур, қъанделла зуд, зуд... *(ДІайолало, чу яха дагахь.)*

Бакарбика. ВаллахІ, яьлла и йоІ хьер...

Завжан *(хьокха а ойуш, юхайоьрзу.)* ХІахІ?

Бакарбика. Хьан десара, Завжан. Хьо дика а яй...

Завжан. Қхин ахь кІамъеллачу тум хьакха соьга алахь, ас къохкан гІаж хьокхур ю хьуна, гавур. *(ДІайоьду.)*

Бакарбика. Вай, хьо ма да адаме! Қхерийна чохь мел долу садаькхи-кх сан цу цІодаро. Хьан сан десара, хета суна, юха ца озийча ер аьлла! Жинаша иэгІийна хир ю хІара. *(Чуйоьду.)*

Жимма хан яьлча Чоьнтиг вогІу керта. ДІасахьоьжу. Қор дІаделлало.

Завжан *(йоьлуш)*. Чоьнтиг! Ва Чоьнтиг! Ахь хІун леладо!?

Чоьнтиг. Завжан. Маршалла хила хьуна. Чохь вуй «старик»?

Завжан. Вац, дера. ХІинцца схьавогІург хир ву иза.

Чоьнтиг. Муха ду гІуллакхаш? Хьийзайой хьо?

Завжан. Хьийзий? ХІан-хІа. И дІадолуш ду хІинца. Юхадоьрзуш...

Чоьнтиг. И хІун ду? Иман доьсси-те Бакарбикига?

Завжан. Ца доьссанера, хьаха-кх. И дІо Іуьллу хьокха гой хьуна? ХІара керт мел ю тІаьхьа уьдуш цо досси-кх. Қхин молха ца хиллера цунна.

Чоьнтиг. Ахь баккъал бах? *(Воьлу.)*

Завжан. Даьтта хьаькхча санна ю хІинца.

Чоьнтиг. Хьай, жолам! Ас хьайга аьлларг дицделла хьуна! Бакарбика масмалик делахь а, Іойла хир ма дац хьан воккхачу стагаца.

Завжан. Дац-те. И хаьа суна.

Чоьнтиг. Хаахь, хьайн цІа гІо. ХІун деш Іа хьо?

Завжан. Дадех кхоьру со.

Чоьнтиг. Дада ас сайна тІелоцу хьуна. Ахьмархьаьжас хьо ялаяллац, айса лелочух забар таръеллера суна. Советан заманахь мага ца тарлуш ду ас лелориг а. Ахьмархьаьжас лелориг а. И шайх воцийла-м хаьа хьуна?

Завжан *(йоьлу)*. Дера, хаьа, со еачхьана дуьйна схьа-м.

Чоьнтиг. Же! хьайн истангах топ е, хIета. ЦIехьа йогIа.

Завжан. Ойла леста сан. Ца яьхьа дадех. ГIалитIа деша гIур яра. Цигахь ца Iийна хиларна инзаре хета. Зударийн школа ю бах цигахь.

Керта улло йогIу Товсари.

Товсари. Чохь вуй хьаьжа?

Чоьнтиг. Чуяла. СхьавогIур ву хьаьжа. Хьо мила ю?

Кор дIакъовлу Завжана.

Товсари. Со-м дIа ИсмаьIалгIеран яра.

Чоьнтиг. ХIан. Товсари ю хьо?

Товсари. Я-те.

Чоьнтиг. Охьахаа хIоккхуза.

Ши а охьахоу.

Хьаьжица хIун гIуллакх дара хьан? Хьаьжин воцуш цаторун Чоьнтиг вай со-м.

Товсари. Со-м жайна даккхийта еанера хьаьжига.

Чоьнтиг *(меттахъхьов)*. Жайна бах ахь? Иза-м аса а доккхур дара хьуна. Стенна деза хьуна жайна?

Товсари. Деллахьа, Чоьнтиг, хуур дуй-те хьуна?

Чоьнтиг. Ой. ХIунда? «Текха-Iэлам» дешна ас-м. «Седжайна» хаьа. «Коньяк» — хьаьжин Iилма суна дагахь хаьа. Перцовкий, Наливкий уьш-м хьеха а ма де хьайна.

Товсари. Ас буьйцур бу хьуна сайгахь болу бала. Майра ву сан... ЦIе яккха йиш ма яций... Дийнахь а, буса а дов до суна...

Чоьнтиг. ЦIенна дола дой кхуо?

Товсари. Дера, харц дерг эр дац ас... Етта ма ца етта.

Чоьнтиг. ЦIенна дола дой кхуо?

Товсари. Дера, до. Зингато санна, доллу хIума чу ма кхоьхьу. Вуьшта, дов деш, чехош ца юьту-кх. Тхан луларчу зударша бах, шайтIа хир ду тхойшинна юккъе доьлла.

Чоьнтиг. Бакъ бах лулахоша. ШайтIа ду цуьнга бага лейойтург. Делахь, ас хIинцца жайна яздо хьуна. *(Кисанара книжкий, къолам схьа а доккхий, Товсаре-гахьа букъ а берзабой, жайна язда хоу. Цхьа хан яьлча, деакIов дуьллий, кехат дIало тIехула тай а хьарчош.)* ХIа! ХIоккхул дика жайна доккхур дац хьуна Ахьмархьаьжас а. Амма цаI дан деза ахь. ХIара жайна даста мегар дац. Духур ду шайтIанан бIаьрг кхетахь. Майра

хьайга лен ма ваьллинехь, хIара жайна цергаш юккъе лаца, чIогIа а латтадеш. Къулха хаьий хьуна?

Товсари. Дера, ца хаьа.

Чоьнтиг. Ошшада?

Товсари. Мичара.

Чоьнтиг. Бисмалла?

Товсари. И-м хаьара цхьажимма.

Чоьнтиг. Дешал.

Товсари. БисмиллахIил-рахьманил-рахьим. Элхьамдулиллахи-раббил Iаламин. Аррохьманир-рохьим, маленький йовмиддин...

Чоьнтиг. ХIаа... «Маленький йовмиддин». Хьо юьзина бусалба ю. Вевзий хьуна «Маленький йовмиддин»?

Товсари. ХIан-хIа...

Чоьнтиг. Ялсаманин неIарш ларъен хехо ву. Айхьа дешнарг ма дишшинехь, «пажаласта», — аьлла, неIарш дIа а йиллина, ялсамане чу йохуьйтур ю хьо. Варе. Майра лен ваьлча, цергаш юккъе жайна а диллий, дагахь бисмилла деша.

Товсари. Вай дела, хьо боккха болх! И дерриг оцу ялсаманахь хиндерг хууш веца хьо?

Чоьнтиг. Пхи пIелг санна, шера и гIуллакх девзаш ву со.

Товсари. Делан белхаш бу-кх уьш. Делахь, ахь ма-аллара, цергаш юккъе лоцур ду-кх ас хIара жайна?

Чоьнтиг. Даста ма дасталахь. Дерриг, хIушт хилла, духур ду хьуна тIаккха.

Товсари. Дика ду, хIета. Иштта дийр ду ас. Баркалла. Со дIагIуо?

Чоьнтиг. ДIагIуо...

Товсари дIайоьду. Арайолу Бакарбика.

Де дика хийла шун, Ахьмархьаьжа!

Бакарбика. ХIан! Хьо вара и суна оьшург! Эладита санна, схьакари, цхьа-дика.

Чоьнтиг. Ой, хIун хилла хьуна?

Бакарбика. Хьо ву хIара дерриг лелориг! Нус дуьхьалъяьккхина вели хьо суна.

Чоьнтиг. Ваша ма дека ахь дуьйцучун! Нус хуьлу эмгарх?

Бакарбика. Нус, эмгар хIун бен ю? Хьо ву дерриг лелориг.

Чоьнтиг. Ой, хIун хилла хIинца?

Бакарбика. ХIун хилла бохург хIун ду? ХIинцца цуо юьйчуьра, далий, маликаший гIо а дина, ели со. Дика ду цуьнгахь йоккха топ ца хилла. Горров, аьлла, тIе юстур яра цо суна и.

Чоьнтиг. Со хIунда ву цунна бехке ткъа?

Бакарбика. Суна хIумма а ца хаьа моьтта хьуна? Ахь цхьацца дуьйцу цуьнга. Сайна гIуллакхаш дайта ялаяйтинера ас иза.

Чоьнтиг. Хьо хьуо ю, Бакарбика, Завжан оччайохург. Ахь садаIа ца юьту, тIаккха и хьуна дуьхьалъюьйлу.

ЧубогIу ринжех Ахьмархьаьжий, Ахтий, керла
хIуттуш волу мурд.

Де дика хийла шун, Ахьмархьаьжа!

Ахьмархьаьжа. Далла воьзийла... ХIокху метте охьаховшур вай... *(Керлачу мурдехьа а воьрзий.)* ГIийбаташ дар къилахь ду. Дала пурба ца ло парзах хьаьрк иэшо.

Мурд. Делан дуьхьа, хьаьжа, и жоьжахате стиглахь ю я лаьтта бухахь ю?

Ахьмархьаьжа. Жайно боху, вайна бухахь вархI латта ду. Цу вархI латта кIел ю жоьжахате.

Мурд. Ялсамане стиглахь ю?

Ахьмархьаьжа *(ойлайой)*. Ялсамане бахий ахь? ВархI стигална тIехь ю. И йийцина вер вац. Йист йоцуш йоккха беш ю иза, чохь шийла, хаза шовданаш а долуш. Мерза мох хьоькхуш, IатIаран хьожа йогIуш. Хьуна беза стоьмаш хир бу ялсаманахь: даватIа, и дIарниг кхоллур бара аьлла, дагадеъча, бета буьхьье схьабогIу.

Ахта. Дависа, жижиг-галнаш, кIон берам хуьлийла йоцу куц ду-кх цигахь?

Мурд. Хир дац жижиг-галнаш?

Ахьмархьаьжа *(бехк билларе)*. КIон берам хьожа йогIуш бу. Хир бац иза. ТIаккха... ХIоранна дашо маьнга ло даточу чкъургаш тIехь. Хьаьллига велира хетчи, цигахь хуьлу хьо.

Ахта. И маьнгеш лелош шоферш хир бу?

Ахьмархьаьжа. ХIун юьйцу цо? Маьнгеш шашах лела хир ма ду.

Чоьнтиг. ХIете а, ялсаманахь дашо маьнга хоьхкучул, хIокху дуьненахь цхьа Iаьржа «Волга» хуьлуьйтур яра ас-м. Шоферална айса лелор дара.

Ахьмархьаьжа *(оьгIазвоьдий)*. ХIинца и ялсаманара маьнгеш дош дац аьлла, хета хьуна? Сох ца теша хьо?

Чоьнтиг. Хьох-м тешара, хьо тешачух ца теша-кх.

Ахьмархьаьжа. И бохург хIун ду? Жайнех ца теша хьо?

Чоьнтиг. Теша-м тешара со. Амма цхьацца хIуманаш ду-кх сан ойла йохош.

Ахьмархьаьжа *(ирх а иэккхий)*. Керста ву хьо. ДIавала сан кертара, мунепикъ!

Ахта. Хьаьжа, собар делахь. Уьш ду хьуна со дагаза вохурш а.

Чоьнтиг. Ма ваккха со кех. Сан хеттаршна жоп луо ахь.

Ахьмархьаьжа. ХIун ду хьан ойла йохош, Ахта?

Чоьнтиг. Ахь бехк ма биллалахь, хьаьжа. Вайн вархIе а латта стен тIехь лаьтташ ду? ХIун боху цунах жайно?

Мурд. Хьаьжа, суна а лаьара хьуна и хаа.

Ахьмархьаьжа. Латта бахий ахь? Латта стеран маIаш тIехь лоттуьйту жайно.

Ахьта. Жоьжахате бухарчу дуьненахь ма юй. Делахь жоьжахате а ю-кх оцу стеран маIаш тIехь.

Ахьмархьаьжа. Хила тарло.

Ахта. Мохк хIунда бегабо техьа?

Ахьмархьаьжа. Дуьне стеран маIаш тIехь ду. Оцу старо ша мозано хьовзийча, корта ластабо. ТIаккха мохк бегабо. Иштта хьоьху жайнаша.

Чоьнтиг. Ва Ахьмархьаьжа, нагахь шена бута йолахь, дуьне дохор дац оцу старо?

Мурд а, Ахта а велало.

Ахьмархьаьжа. Остоперла, остоперла! Ма дийца, гавур, Iеса хабарш. ДIавала кху кертара.

Ахта. Ва хьаьжа, и сту стенна тIехь лаьтта?

Ахьмархьаьжа. Сту чIера тIехь лаьтта. ЧIара хIорда чохь Iуьллу.

Ахта. АхIи-хIай! ХIорд юха а лаьтта тIехь хила ца беза?

Ахьмархьаьжа. Баккъал аьлча, и цхьадерш ца хетта а мегар дара. ХIорд делан ницкъа тIехь лаьтта.

Мурд. Хьаьжа, суна а лаьара хьуна оцу шиммо дечу хеттаршна луш долчу жоьпе ладогIа.

Чоьнтиг *(велало)*. Никкиз яI, хьаьжа! Дуьне стеран маIаш тIехь лаьтта. Сту чIеран букъа тIехь бу. ЧIара хIорда тIехь, хIорд-делан ницкъа тIехь! И тIекIел йилбизан гIаланаш юттучул, атта дацара, дуьне оцу ницкъа тIехь латтийча, сту мозашкий, горанашкий ца хьийзабойтуш? Мохк бегор бацара, старна бутайоларна кхерам хир бацара.

Ахьмархьаьжа. Жайнахь ду-кх иштта. Жайнаш харц хила йиш юй?

Чоьнтиг. Дера, ца хаьа. Цу тайпана делахь, хьербевллачу нахана яздина жайнеш ду уьш, я яздинарш хьербевлла хилла.

Ахьмархьаьжа. ХIа-хIан! Ахьа а, Ахтас а букъ берзабел кху кертара. Ашшимма воккхур ву хьер-м. *(Мурде.)* Хьо а цIа гIо. ТIаккхахула дийр ду вайшимма къамел. ХIокху шиммо хьехам бан вуьтур вац.

Кхоь а, Ахьмархьаьжега маршаллаш лой, дIавоьду. Арайолу Завжан. Чуваха волавелла Ахьмархьаьжа сацаво.

Завжан. ХIай, стаг, хIай! Сацал. Хьоьца гIуллакх ду сан.

Ахьмархьаьжа. ХIун ала йоллу хьо, Завжан?

Завжан. Суо дIаяха йоллу. ХIокху сохьта цIе тасал сан.

Ахьмархьаьжа. Остопуьрла, остопуьрла. И хIун ду? ХIунда таса еза ас хьан цIе?

Завжан. Тоьар ду, ас Бакарбикица хьегна бала а, цунна хьалхара сан яцар а.

Ахьмархьаьжа. ХIун бахьана ду, хьан сел цIа яхан карзахъяларан?

Завжан. Бахьаний? Сайн ден хенарчу хьоьга со лууш ца еана. Тоьар ду. Хьо я шайх а, я эвлаяъ а вац.

Ахьмархьаьжа *(оьгIазе)*. Мила ву со ткъа?

Завжан. Нах Iехориг.

Ахьмархьаьжа. Хьай, дуй гIуо оцу хьан бетах! Хьан Iамийна хьуна и хабарш?

Завжан. ХIара дуьне доьхча а, со хьоьца Iеш яц. Кхетий хьо?

Ахьмархьаьжа. Ас ца йитича?

Завжан. Дала хьеха дацарий.

Ахьмархьаьжа. Дас, уппада а яьккхина, юха хьажор ю-кх хьо.

Завжан. Яккхахь дер ву ас шуьшиъ газета тIе воккхур. Со-м, чохь са а долуш, адам дай! Хьуна хIун

моьтту? ХІара парти а, Іедал а, комсомол а соьгахьа ю.

Ахьмархьаьжа *(кхералой)*. Газета тІе? И хьан Іамийна хьуна, ва шайтІа? *(ТІе гІоьрта, тоха дагахь.)*

Завжан *(дуьхьал а йоьрзуш)*. Ахь пІелг схьахьакхабалийтахь, ас комсомольцашна хьалхха охьавагарвийра ву хьо. Схьатохал, хьо вахьахь.

Ахьмархьаьжа *(чІогІа кхералой, Завжан хьаста вулу)*. Сел оьгІаз ма гІуохьа, Завжан. Со вон хилла хьоьца? Хьажал, дуккаяхарг, ас Бакарбика йистхуьлуьйтур ма яц хьоьга.

Завжан. Цуьнан кхимар меттах ца хьойту молха карийна суна. Ша ма-дарра, мимша дина ас цунах.

Ахьмархьаьжа. ХІан? Молханаш-м ца лелийна ахь цунна?

Завжан. ХІан-хІа. До ахь, ца до ахь ас бохург?

Ахьмархьаьжа. Хьадал, чугІол! ДІадала суна гучуьра, шайтІа! Ойла йийр ю ас.

Завжан. Чу-м гІура ю. Амма хьуний, Бакарбикиний моьттачунна тІе нитташ баьлла хІинца. *(Чуйоьду.)*

Ахьмархьаьжа. СупхьоналлахІ! Нитташ баьлла тов. Ванах, хІара хІун ду? Бага боьллича пІелг Іовшур боцу хІара ма очча яьлла цІеххьана! Цхьамма ира-кара хІотти-те? Чоьнтигна вац со реза. Бакарбика-м сацо еза. Дукха тІехъяьлла.

Арайолу Бакарбика.

Бакарбика. ХІай, муката! ХІун деш лаьтта хьо, хьокха санна, вогІа а велла?

Ахьмархьаьжа. ХІун хилла? ХІун дан деза ас?

Бакарбика. Хьо дала ма нисварг, хІумма а ца хилла. И Завжан боху зуд шен цІа дахийтал!

Ахьмархьаьжа *(ша шега)*. Вататта хІеллига! Барт-х ца биний теша кхара? *(Бакарбикега.)* И хІунда йохуьйту цІа? И пал хІуттуш, седа-м ца байна хьуна?

Бакарбика. Дах ца деш, хьайга бохург де ахь! Соьца Іийр яц и кхин. Аьлларг-м муххале а ца дора цуо... Со цуо тоьхна ен сахьт ца дели.

Ахьмархьаьжа. Ой, хІинцца яцара хьо, сан цІе тІехь елахь а, Завжан хьайн зуда ю бохуш?

Бакарбика. И ма дийца! Юьту ахь, я ца юьту?

Завжан арайолу.

Ахьмархьаьжа. Ца юьту, ва ца юьту. Цул хьо къанделла Іаспар дитар ца тоьла суна?

Бакарбика *(дарлой, тIегIоьрта)*. ХьахI? Ва Маждада! Ва муката! ХIун бахара ахь? Йитал со, хьуо боьрша велахь. ХIичIийчI!..

Завжан. ХIай стаг! Шуьша вовшашна хьакъ ду. Йита ахь со, ас хьуо юьхьIаьржа хIоттавале. ГIуллакх гена далале...

Ахьмархьаьжа. Оллооккубар! Мел хала адамаш ду-кх зударий, бакъонца тIетаьIча! Вайн десара хета сына, зудабераш дешна довлахь-м, божарий аганашна «олилой», «болилой», бохуш Iер, аьлла. Собардел шимме а. Цхьа де ло, юьтур ю ас Завжан а, лаахь хьо, Бакарбика а...

Кирхьа

АКТ III

ПРОСЦЕНИУМ

Лаьтташ деха гІаит. Аьтту агІорхьара схьавогІучу ІІбраьхІимана дуьхьал Іоттало Вадуд.

И б р а ь х І и м. Ахь хІун до, Вадуд?

В а д у д. Завжан ган вахана вогІу-кх.

И б р а ь х І и м. Гин хьуна?

В а д у д. Гира, дера. Ахьмархьаьжехь Іийр яц ша аьлла, чІагІо йин цо. Тахханехь цІа йоьду, ша бах.

И б р а ь х І и м. Ахьмархьаьжас ша ца йитахь?

В а д у д. Цуьнга хьоьжур яц ша, бах.

И б р а ь х І и м. Дика ду. Сийсара собранп хилин шун?

В а д у д. Хилира. Хьаьжин мурдаша болх ца бар чІогІа дийци оха. Пенгазета тІе туху уьш. ТІаккха сацийна оха, массо а вайн балхахь болчу мурдашца шец-шеца къамел дар. Тховса радиохула кхайкхабо уьш.

И б р а ь х І и м. Сов дика ду. Тховса оха а гулйо партсобрани. Хьайна хет-хета комсомолец эций воьллахь цига. Вай оцу Ахьмархьаьжин гІуллакх айаре терра бен, и мурдаш боху нах цунна тІаьхьара бевр бац. Вало, балха вогІий хьо?

В а д у д. ЦІа а вахана, дІавогІу со.

И б р а ь х І и м. Дика ду, хІета.

И шиъ дІасавоьду. Чоьнтиггий, Ахьмархьаьжий чувогІу.

А х ь м а р х ь а ь ж а. Цхьажимма къамел дара сан хьоьца, Чоьнтиг. Охьахаий вайша кхуза?

Ч о ь н т и г. Хаа, дера.

Охьаховшу.

А х ь м а р х ь а ь ж а. Деладуьхьа, Чоьнтиг, сан бакъ мурд Ахта-м талхийна ваьллера хьо. Ши де хьалха ахь арахь лелийнарг хезна суна, хІинца важа мурдаш тилош воллу-кх хьо?

Чоьнтиг. Вот тебе раз! Со ву уьш тилориг я хьо ву?

Ахьмархьаьжа. И Завжан ахь цхьацца хабарш йийцина цIа яха гIерта. Хьуна хIун бала бу сан вирдан а, зудчан а.

Чоьнтиг *(оьгIазвоьду)*. ХIай, къонаха, хIай! Иштта бах ахь соьга?

Ахьмархьаьжа. Бах, дера.

Чоьнтиг. Делахь, дика ду. Стохка хьан шайхалла дIадолош, хIара иштта гена даьр моьттуш вацара со. Юьртахь «IуьллахI» баха Iовдалш шортта хиллера. Долош забар хетара суна, ишта ца хиллера. Завжан бохий ахь? Хьо къанделлачу къукъе йогIучул, шен маре динехь тоьллера цунна.

Ахьмархьаьжа *(хьалаэккха)*. Ой! Со вац къонаха? Соьга ца ян и хIун яра?

Чоьнтиг. Къонаха-м вара хьо, жимма кетаран кач тилла ву-кх.

Ахьмархьаьжа *(дарвелла)*. Ой! Ишта эр дара ахь суна?

Чоьнтиг. Собар, собар. Хьо сох лата валлахь, тоьлар дац хьан гIуллакх. Ас хьоьга хIун бохий: и хьайна тIаьхьара Iовдалш дIаяха. Хьуо нисло. И ца хуьлий...

Ахьмархьаьжа. ХIун хир ду?

Чоьнтиг. Ас хIуп аьлла вохор ву-кх хьо. Хьуна хаа а хаьа.

Ахьмархьаьжа *(ца вешаш)*. Эшша! И хьаха ду ца хуьлу. Мурдаш сох тешна бевлла.

Чоьнтиг. Бевлла Ражин гэ! Хьуна хIун моьтту? Массара а, цхьа Муса воцчар къаьркъа молу, цигаьрка узу цара, ахьа а тIехь. IадIе, тоийта. Суна ма вевзу хьо, хьайн бот тIехь. ЦIенош дин сал-пал гулъели хьуна. Iедале хьайн бат ма дуръяйта. Хьо-м, хьуо ма-варра, законо вуьйцу тунеядец вай!

Ахьмархьаьжа *(кхерало)*. И хIун ду?

Чоьнтиг. И дера ду «жуккар» вайн маттахь. Хьо ойуш дина велла-ваккха кхин ца дерриг нисдийр ду ас.

Ахьмархьаьжа. ХIинца соьца тIаме волу хьо? Хьайн леринарг духа ма озаделахь! *(дIавоьду.)*

Чоьнтиг *(тIаьхьа мохь туху)*. Яхийта ахь, хьайн цIога тилла алаша.

ЧувогIу Чопилг.

Чопилг. Iаь! Чоьнтиг вац из? Солом Iалайкум!

Чоьнтиг, хьала а эккхий, мара кхета.

Чоьнтиг. Чопилг! Ва Iалайкум солом! Хьо мичара вели?

Чопилг. Дер, веав Наьсарера. Эй, ма дукха ха яр сона хьо ганза.

Чоьнтиг. Ши шо-м ду. ТIаккха. Массо а цIеранаш могуш буй шун?

Чопилг. Дика доахк. Сингаттам вIаьлла бац. Ай. Воккха хьаькам ма ва со: швейни фабрикин экспедитор. Укхазара шун совхоз спецовкаш яйтай оха. Цхьа кIезиг ахча-бохча да тхан, совхозагара схьаэца дезаш. Хьаьжа бIаьргагур аьнна, венав со. Могаш вуй Ахьмархьаьжа? Тхоьвр мо пиеланг тухий аш шимма?

Чоьнтиг. Э, дIаваьллахь. Ахьмархьаьжин цIога ирх дахана.

Чопилг. ХIан? Из фуд?

Чоьнтиг. Шейх хилла Ахьмархьаьжех!

Чопилг. Iаь! Шайх хилла яхар фуд? Вашина вир хилар, сона ма вовз и ше ма варра. Мишт хирвара цунах шайх?

Чоьнтиг. Нахе тобанаш дойту цо. Боккха «IалагIожа» бу цо кху юьртахь лелориг. Зукарш деш дийнахь а, буса а йоккха чалх ю цо латториг. Нах балхара а юкъах буьйлу.

Чопилг. Ай, вашина вир хилла кхунна! Iаьдало мишта могит из?

Чоьнтиг. ХIинццалц ойла ца йора цхьамма а цо лелочун.

Чопилг. Доккха зулам ма да из. Дуца деза и Ахьмархьаьжега.

Чоьнтиг. Кхетац дийцича а. Ахчано Iехийна иза.

Чопилг. Со ма ва из волча водаш. Аз дувцаргда из цуьнца. Тха гIалгIашта юкъа ма ба из мо шайхаш. Дукха ха йоацаш Алхастахь цхьа кIаьнк, шайх ва аьнна, хаьлаайваь. Со вIаьлла шайх вац яхаш цIогI детташ хиннад кIаьнка. ХIете а тха гIалгIай Iо тIехьа а хIитта, карт йизза машинаш а латтош, и базар оттаяь ба нах. Амма шу нохчушкара веанар мар я молла а, я мозгIар а вIаьнна Iо тIе лоацаш бац тха гIалгIай. Селий веле а, нохчо вале а къевлла-морхI вуллар ва.

Чоьнтиг. ХIинца воьду хьо Ахьмархьаьжа волчу?

Чопилг. Вод.

Чоьнтиг. Бакъахьа ду. ХIокха юххе ву хьуна со. Хьо ваьлча вай цига дIавоьллахь. Жимма пиеланг ца тоьхча дер дац вайшимма.

Чопилг. Мегад.

Шиш а дIавоьду.

ПХОЬАЗЛАГIА СУРТ

Шозлагlчу суртан декорацеш. Чуволу Чопилг, Мусий.

Чопилг *(цIачухула дIаса а хьожий)*. ЭхI! Баккъал тоа деннад укхунна гIуллакх! ЦIагIа вий Ахьмархьаьжа?

Муса. Хьаьжа цIахь ву. ХIинцца чукхойкху ас. Мила ву ала ас веънарг?

Чопилг. Цунца Казахстане дув бина доттагI, гIалгIа Чопилг ва ала. Дукха ха йиий цо ера цIенош даь?

Муса. ХIан-хIа. Оцу агIор букъ ма берзабелахь.

Чопилг. Ань! Из фуд?

Муса. Хьаьжа ву оцу чохь, дала къайле цIанъярг.

Чопилг вукху агIор воьрзу.

И агIо ларъелахь. Зуда ю хьаьжин цу чохь.

Чопилг. Аьъ! Бакарбикий? Ай из-х сона дика йовзаш ма йиий? Мича берзаба беза аз яра сай букъ? Делагахьа берзалург мичаб ера. *(ДогдетIий, цигаьрка схьайоккху гIутакх чуьра.)*

Муса. Э, дIаваьллахь! Кху кертахь цигаьрка оза мегар дац. Хьаьжина хуур ду! Ас хIинцца схьакхойкху цуьнга. *(Араволу.)*

Чопилг. Аьй, вашина вирр! Сона-м вовзий ера ше ма варра! *(Кисана юьллу цигаьрка.)* Iа дийшача къорIанора даллац цунах шайхал-яхачу хIамах, зунгата мухь биллал хIама! Дохо дез аз оккуна гIуллакх.

Чуйогlу Завжан. Леррина хьожу Чопилге и ца вевзуш.

Завжан. ХIей стаг, бусулба вуй хьо?

Чопилг. Вац дера! ГIалгIа ва со.

Завжан. Марша вогIийла хьо, хьаша?

Чопилг. Маршалла хила хьуна а, йиIиг.

Завжан. Хьаьжа веза хир ву хьуна? Ас хIинцца чувопйту иза.

Завжан арайолу. Чуволу Ахьмархьаьжа.

Чопилг. Солом Iалойкум, Ахьмархьаьжа!

Ахьмархьаьжа. Ва Iалайкум салам. Марша вогIийла хьо, Чопилг! Ма дукха хан яра хьо бIаьрга газа.

Казахстанера цIа веана бохуш хезнера суна. ХIун хьал ду? Массо а могуш дуй шу?

Чопилг. Дика доахк, зе зулам дац хIанз укх сахьата. Ай! Яра фу базар ю Iа лелаер. Суьлхьангаш хьувзош! Шайх хиннав йохаш ма дуьций наха-хьох. Из фуд?

Ахьмархьаьжа. И наха дуьйцур ду. Нахе дика хила, во ма лела бах ас.

Чопилг. Мегад, мегад.

Ахьмархьаьжа. Дукха къинош летийна вайшимма, Чопилг. ХIинца и дитина ас. Вон хIуманаш дита деза ахь. Малар а дита. Цигаьрка а йита. Ламаз-марха де. Хьо дохковалахь, дала гечдийр ду хьуна. Со гой хьуна?..

Чопилг. Э, дIаваьллахь, дIа, и хьанна дувца Iа? Вай шиннена бIаьрга мича гургъяр елсамале наьIараш?

Ахьмархьаьжа. Делан къинхетам боккха бу, Чопилг. Туоба дан деза ахь соьца.

Чопилг. Тоба йохар — из а мегад. Амма из ламаз яхар лоацург доацаш да Чопилга дегI!

Ахьмархьаьжа. И парз ма ду. И тIе хIунда ца лоцу ахь?

Чопилг. Ламаз яхарг валлалц тIера ярг йолаш хIама яц. Марха шера цкъа мара дагIац. Кхо марха лоацарг ду аз.

Ахьмархьаьжа. Остоперла ала! Иштта ма ала! Мунапикъ хилар кхерам ма бу хьох, Чопилг.

Чуйогlу Завжан.

Чопилг. Ер шун йиIиг я, Ахьмархьаьжа?

Ахьмархьаьжа. Хьада йоккхачуьнга чуйола ала!

Завжан арайолу.

ХIара вай керла ялийна зуда ю!

Чопилг. Аьъ! Бер ма дий из! И фуд! Iа лелорг! ГIуллакх геттара тоаденнад хьа, Ахьмархьаьжа!

Чуйогlу Бакарбика.

Бакарбика. Марша ва хьо, Чопилг. Хьо вара хьуна хIинца оьшург.

Чопилг. Хьанна ях Iа?

Бакарбика. ХIинцца, хьо санна, цхьа Чопилг араваьккхина яьллера со хIокху чуьра.

Чопилг. Аь! Аз фу даьд хьуна?

Бакарбика. ХIун дина бохург хIун ду? Къолаш дитина, малар дитина ваьллера сайниг. Нахе туобанаша дойтура. ХIинцца хьой, Чоьнтиг тIетаьIча, сайниг аша лар тIера ваккхарна кхоьру со.

Чопилг *(ша шега)*. Вашина вир. *(Чlогlа.)* Новкъа ва со?

Бакарбика. Новкъа-м хетац. Тохарлера малар гlуллакхаш долорна кхоьру-кх.

Ахьмархьаьжа. Дlаяла! Хlун дуьйцу цо?

Чопилг *(жимма оьгlазвахана)*. Фусум нанна новкъа хеташ дале дlагlоргва со. Ахьмархьаьжех дика стаг хинна, яхаш, дувцаш ма дарий тха ГIалгIайчохь. Цхьа гIа а дайна, из кхунга дувца веана вар со... набрхIа... Шун Iодика йойла!

Ахьмархьаьжа. Хlун гIан дара и, Чопилг?

Чопилг. Иштта къемат ди а этта, цу Iарч-майда тIе берриге мохк а гулбаь, неха къинош а, маьлаш а узаш мизан-тираз Iо а оттадаь, ера Ахьмархьаьжа...

Ахьмархьаьжа. Сацийта! Сацийта! Хьада Бакарбика, кертара шаболу мурдаш схьачубалабе!

Бакарбика арайолу.

Массо гул а бина, дийца бакъахьа ду и гIан. Тховса вайгахь буьйса яккха еза ахь.

Чопилг. Э, мичара! Хьо мо саг волча, бийса миштa йоаккхарг яр, со мо Iаьса саго?

Схьа чубогIу Мусий, Ахтий, КIожум, кхиболу мурдаш.

Ахта. Чопилг вац и? Марша вогIийла, Чопилг.

Чопилг. Маршалла вахалва, Ахта.

Ахьмархьаьжа. Хlара... Чопилг веана вайна ГIалгIайчуьра. Вайн гIуллакх чIогIа дийцаре а диллина, вайца туобанаш дан лууш бу бах гIалгIай. ГIан дайна кхунна тамашена. И тидийта веана хlара. Хlун гIан дара и, Чопилг. Дийцал хьайна.

Чопилг. Э, из тайпа гIа бIаьрга дайна хург дац вай наьха сага. Со вала а венна, коша Iо чу вилла бийса яр. Согара допрос схьаиэца ши малик денадар. Хаьттар сога малайко: «Как фамел?» — Чопилг Артаганович Галаев, аьнна жоп делара аз. — «Хlай, жуьлик», — аьлар докха малайко. ТIаккха хаьттар: — «Какой народ». — Ингушский, аьнна жоп делар аз. — «Ай, сукин сын! Твой адин раз бухIмалиц нету», — аьнна кертах гIадж техар сона. ТIаккха а хаьттар сога: — «Какой вера?» — Махьамедански, аьнна жоп делар аз. — «Бирешиш, сабак. Ингушский народ никакой бусулбански вера нету!» — олаш, кертах хIама техар. Аьлар: — Пойдом на «Iарч-майдан».

Аутоматаш ийца, милиции ши малайко дIавигар со, цу Iарч-майда тIа.

Ахта. Мича виги бахара ахь?

Чопцлг. Цу Iаьрч-майдане. Къиймат ди дара, оцу Iарч-майдахь, дIаоьтта дергиш адам долаш. Яр Ахьмархьаьжа, ше баьццара аба а дуьйха, цIе пез тилла, кIайчу IайгIар тIе вагIаш вара.

Ахта. Адам дукха дарий?

Чопилг. Аь! Фу дувца Iа? Топ, потром кхеллача даьлора дар, ерриг и Iарча — майда юьзза-м. ДIа оттадаь мийзан тарз дар, юххе цхьа босса истолаш оттадаь. Iоховшдаь бухгалтер-малайкаш долаш. Истолаш тIе къиной-мелаш дIатIе яздаь бухгалтери книгаш дар. Iоховшабаь чоташца четовод-малайкаш дар.

КIожум. Вайн Ахьмархьаьжин мурдаш ца гира хьуна?

Чопилг. Аьъ! Бар даьра-кх, ше бераш-м. Массава а, тераза тIа «биз очирд» чугIерташ-м вар. ТIаккха укха Ахьмархьаьжас, кIай IайгIар тIе вагIашехь, неха кертех ший Iаса йитта, йитта, никъ баькккха, шортта мийзан тирза датIе а ваха, дела элчанегара, ший мурдийн къиной оза, «биз очирд» моттиг яькккхар.

КIожум. Суна ма хара и ишттa хир дуйла!

Чопилг. ТIаккха ше вола мурд тIе валош, къиной, маьлаш тирза Iо тIадуллуш, озаш, вагIара яра хьаьжа. Къиной сов даьлча, мийзан-тараза, маьлаш болча аркхилга чу, ший гIажилг тосаш къинош долу аркхилг урагIа долуш. Бухалтер-малайкаша елсамала «пропуск» дIаязъеш элчас казонни мухIар IотIетохаш, массавар а ший мурд «биз очирд» елсамала Iочу-вахийта ваьлар, ер Ахьмархьаьжа.

Ахта. Хьайн доттагI, Чоьнтиг вайрий хьуна?

Чопилг. Ай! Мишт вайна ваг! Цу елсамала къаракъ деце «гIорг» ваг ша аьнна, «атказ» даь, «хулиган» ва аьнна — «арестовать» а даь, милицин-малайкаша аутоматашца юхха а даьнна, жоьжIате Iочувигар и. Къаракъ доцуш Iо чу ма вола, солаллахь, яхьаш цу чура сога детташ цIогIа дара цуьна.

Муса. Кху хьаьжи къиной уьйзарий?

Чопилг. Дувцаш воллу со... Вай хьаьжин къиной оаркхилга чу Iочудехкара. Мэлаш вокха оаркхилга чу дехкар. Тараз меттах хьанзар. Хьажас ший гIажалг Iо чу йиллир. Тараз меттах даланзар. ТIаккха хьаьжа оар-

кхилга чу ше чуваьлар. Тараз латташ дар. Къинош дукха хинна дар хьаьжин. Цхьан мурдо ка а теха, цу Іайгіара цІог схьа а даьккха, тараз оаркхилга чу Іочутесира. КІел бомба иккхача мо, аркхилг урах хьал дедар.

Ахта. Ой! И хІун ду?

Цкъа мурдаш цецбовлу. ТІаккха, массо а хьалалелха, гІожмаш а оьций.

Муса. Ой, хьан дена хила наьІалт!

Чопилг дІавоьду. «Вешина вир хиларг. Хьан да валла нелца», — бохуш, тІаьхьа детта маьхьарий хеза. Массо а аралелха, цхьа Ахта воцург.

Ахта *(гІадъоьхуш воьлу)*. Ваша ма дека хьо гІуллакх! ВатІийча Іелур вацара со хІара нахана ца дийцича!

ЯЛХАЗЛАГІА СУРТ

Просценнум. ГІанта тІехь Іаш ву Чоьнтиг. Чуйогlу Товсари.

Товсари. Хьо ву хІара Чоьнтиг?

Чоьнтиг. Ву вайн нелор со-м. Марша йогІийла. Товсари. Ахь хІун леладо?

Товсари. Маршалла хила хьуна. Со, дера, йогІура лаьррина хьуна баркалла ала. Іай, ма дика жайна хиллера хІара ахь суна даькккхинарг! Ас и цергаш юккъе ма диллинехь, тап олий, соцу тхайниг дов дечуьра. ХІара. дика яцахь а, цхьа котам еанера ас хьуна.

Чоьнтиг. Делахь, оцу жайно дарба дин-кх хьуна?

Товсари. Дин жайнор-кх.

Чоьнтиг. Делахь, хІара котам, дІа а хьой, хьайн берашна яае ахь. Котам юуш вац со.

Товсари. Ватта! ХІара хІунда ца юу?

Чоьнтиг. Лоьраша котам ца магийна суна. И ас яздина жайна дуй хьоь?

Товсари. Да, дера. Гуттар леладо ас хІара сайца.

Чоьнтиг. Схьайтал.

Товсарис кехат дІакховдадо. Чоьнтига, тай а достий, кехат даржадо.

Делахь, хІокху жайнех дика пайда баьлла-кх хьуна?

Товсари. Цуьнан дуьйцийла яц. Хи чу гІаж тоьхча. пхьидаш санна, тап олий соцу чуьрниг дов дечуьра, ас хІара цергаш юккъе Іаьвдича.

Чоьнтиг. Хьажал, Товсари. Хьокху тІе ас цхьа къолам ца Іоьттана. Йоза ма дац кху тІехь!

Товсари. Ватта! ХІумма а дац?

Чоьнтиг. Хьажал хьо. Ахь вийцарехь, хьан майра сиха стаг ву. Хьо йист ма хила. Шена кІордийчахьана соцур ву хьуна. Эриг кІеда-мерза ала. ТІаккха жайна хьашт дац.

Товсари. Делахь а, и карахь хилча, тоьлаш хета. Схьалохьа...

Чоьнтиг велало.

Чоьнтиг. Дера, лур ду. *(ДІало кехат.)*

Товсари. Баркалла. ХІара котам дІа а ца ийци-кх ахь?

Чоьнтиг. Дикка ерстана ца хилча, лоьраша ца магайо суна иза. ДІагІо хьо, Товсари.

Товсари. Марша Іайла хьо. *(ДІайоьду.)*

КИРХЬА ДЕЛЛАЛО

Ахьмархьаьжа. Кхийран бога а сан коьртах кхетаза ца дуьсу-кх. Дела валла кхуьнан да нелца. Чопилг... Хьаьжахьа. Юккъехула схьа а иккхина, хІокху юьртана белам баькккхи-кх цо сох.

ЧуйогІу Завжан.

Завжан. ХІан! Со дІайоьду стаг. Хьайна лаахь юьтур ахь со, ца лаахь ма йита.

Ахьмархьаьжа. Ма гІуо, дукхаяхарг, ма гІуо! Аса-м Бакарбика сацор яй.

Завжан. Ас тохара а элира хьоьга. И хьуна хьакъ ю. Іе хьо цуьнца. Со йоьду.

Ахьмархьаьжа. ГІуо. Дас, йиттина, хьо юхахьажийча, тила ма луолахь.

Завжан. И хьаха ду хьуний, дадиний цахуьлу. Сан гІоьнчий дукха бу.

Ахьмархьаьжа. Хьай, дуй гІуо хьох. Муьлш бу хьан гІоьнчий?

Завжан. Комсомольцаш.

Ахьмархьаьжа. А... дика ду, хІета... ДІаяло. Хьовсур вай...

Завжан дІайоьду.

Ахьмархьаьжа. ЭхІ! Бакарбикас куьг ца тухуьйтуш, нанас дена ма-ярра, дІаяха-кх Завжан! Цинц кхетта догІу гІуллакх. *(ДІаса а хьожий, ишкапа чуьра шиша схьаоьцу. Ластадо.)* Делла ма дала хьо! *(ТІус дІа а боккхий, стакана дутту.)* Везан дела, ма иэша де ахь хІара бусалбанна а, керстанна а. *(ДІамолу.)* Іаьхь. *(Шиша дІахІоттадо. Хьожа а йоккхий, бепиг кхоллу.)* Шайхаллех хІушт хили. Зуда, яшацаре дІаяха. Инвалидалла а дІадели. Мурдаш а, цхьа миска Муса воцург, дІабевли. Шу а девли гІуллакх дина... *(Хададо суьлхьанаш.)* Шу диса шайн да велла! *(ЦІенкъа даржадо.)*

Чуволу вехна Муса. Цунна тІаьххье Бакарбика.

Муса. Эйт, лайла-яла-лай!.. Ва вайца елара... ГIогI дойна и гавур!..

Бакарбика. Дела ма ваха хьо веха! Хьажал, ва стаг! Хезий хьуна цо суна тIехдеттарг!

Ахьмархьаьжа. ТIех мичара детта цо? Мелхо а хьо шайца елара боху цо-м! Муса, хьо вара сан деган йовхо. Ахь-м тхо массарна тIе вов дилли.

Муса. ТIаккха. Ахь леллориг ду ас дийриг. Сийсара кад тоьхна вацара хьо?

Ахьмархьаьжа. Вацара Буккузара хьаьжас дешначу жайнор-кх.

Муса. И суна хаьа. Хьуна хаза хетийта, газета деана ас. *(Схьадоккху кисанара газета.)* Хьажал, хьажал, хIара, кевстиг санна, вакъавелларг хьо ву. ХIара махьарш егош лаьттарг Бакарбика ю. ХIара. «Победа» чохь йолу, Бакарбикин тIорказ ду.

Бакарбика. Вай дела! Цкъа а газета тIе тохаза яра хьуна со! Хьажийтал ма дика ду хIара...

Ахьмархьаьжа. Ду дика! Хьана ветIанчусара!

Бакарбика. ХIунда дац! Массарна евзар ю-кх!

Ахьмархьаьжа. Хьо Iовдал-гIарх буйла-м, газета тIе ца тоьхча а, хаара массарна а. Схьайтал хIун дуьйцу техьа кху тIехь?

Муса. Дера, дуьйцу ахь нах лебар. Ахьий, Бакарбикас Завжан хьийзор. И дIаяханийла ца хаьа кхарна...

Бакарбика. ДIаяхна иза? Ватта хIеллига! Букъ кIамбелча суна тум хьан хьоккур ю?

Ахьмархьаьжа *(дарлой)*. Ас хьоькхур ю! Ас! Къохка гIаж хьоккур ю ас хьан букъах!

Бакарбика. Хьо ма да адаме! Ма карзахваьлла хьо тахана!

Ахьмархьаьжа. Делан мостагI яI! Мила ву техьа и яздинарг?

Муса. Вадуд ву хIара яздинарг.

Ахьмархьаьжа. Дела еттало кхунна кIудалан гаьргаш! И ву-кх, хIета, сан гIуллакх дохийнарг.

Муса араволу.

Бакарбика. Сан «Победа» иэца ахча кхочуш хуьллуш ма доллура.

Ахьмархьаьжа. Зуда! Чоьнтигний дайна, махоркахьаьжас дешначу жайнор, хьайн дегI «Победи» тIе-м дуьллур дац ахь! Вайшиннан бозбуанчалла доьхна! Кхин доьхнарг ца хуьлуш дисахьара. Кхин ца хилча, Чопилга дийцинарг тоьар ду, юрт йоьлуш лаьтта.

Чуволу участкови начальник, милицин хорма а тIехь милиционерца.

Начальник. Де дика хийла. Ахьмархьаьжа вуй хьо?

Ахьмархьаьжа. Ва, дера.

Начальник. Хьоьга хаам бан ваийтина со сельсовето. Хьо нах Iиэхош, царех векхаш тунеядец лерина. Тунеядец хIун ду хаьий хьуна?

Ахьмархьаьжа. Вайн веччанна къемата ма хаийла и хIун ду. Суна-м Iеми.

Начальник. Хьо махках ваккха сацийнера.

Бакарбика. Вай-й, хIеллига...

Начальник. Собар! Амма, хьо воккха стаг хиларна, махках ца воккхуш вуьту. Инвалидалла дIадаьлла хьан. Лоьраша, бугIа санна, могаш лерина хьо. Хьуна наха дина хIара цIенош пачхьалкхе доху, чу детсад юьллуш. Сарле хьайн кертарчу ширачу цIенош чу кхалха. И боху хьоьга сельсовето. ХIинца дуьйна балха ца волалахь, кIира далале махках воккхур ву хьо. Хаалахь.

Бакарбика. Вай дела! И дан шун хIун бакъо ю?

Начальник. Зуда! гIовгIа ма ел! Шун хIара тIорказ пачхьалкхе долу. *(Милиционере.)* Сургуч лаладай, хIара мухIар таIадел кхунна.

Милиционера сургуч лаладо.

Бакарбика. Вай... вай... Дара, таIор дац сан тIорказна-м.

Начальник. ДIаяьл зуда!..

Бакарбика. Хьо ма да адаме! ХIун бакъо ю шун хIара ницкъ бан?

Ахьмархьаьжа. Зуда! Доьхна даьлла тевна ду хIара. Вайшиннан гIуллакх цIога хьаьвззина, цIоган тIе даьлла.

Начальник *(милиционере)*. ТаIийн ахь мухIар?

Милиционер. ТаIин.

Н а ч а л ь н и к. Схьаиэца тIорказ. Шун Iодика хуьлда!

Начальник, милиционер дIавоьду.

А х ь м а р.х ь а ь ж а. Вотта-пхьид! Вотта-пхьид!

Б а к а р б и к а. ХIети-хIети! ХIети-хIети!..

К и р х ь а.



мах 45 кеп.

ТРОПЫ ВРЕМЕНИ

(на чеченском языке)